# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ
ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**май 3 июнь**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ
IуэхущIапIэм къыдегъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис,
Гъут Iэдэм, Къэрмокъуэ Хьэмид, Кхъуэlуфэ Хьэчим,
ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь)

НАЛШЫК
2019

# Псалъащхьэхэр


*ТекIуэнычгъэ Иныр илъэс 74-рэ ирокъу*

**КIыщокъуэ Алим.** Телъхьэ уанэр си шым. Си фочым IэплIэ есшэкIауэ. *Усэхэр* ..... 3
**Тхьэгъэзит Зубер.** МафIэ мыужьых. *Усэ* ..... 4
**Гъубжокъуэ Лиуан.** Автобус къэувыIэпIэм деж. *Усэ* ..... 5
**Ацкъан Руслан.** «Аргуэру нэгум къысфIыщIохьэ зауэр...» *Усэ* ..... 6
**Мыкъуэжь Анатолэ.** «Хуейщ дыгъэр бзийкIэ гуэшэну...» *Усэ* ..... 6
Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм яуса адыгэ уэрэдхэр ..... 8
**Хьэмыз Руслан.** МафIэ лыгъэри къапэлъэщакъым ..... 14

## Публицистикэ

*Майм и 21-р Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъ махуэщ*

**Багъэтыр Луизэ.** Гуауэ мыухыж ..... 25
**Дзидзарие Георгий.** ИстамбылакIуэ ..... 28
**Къумахуэ Аслъэн.** Хэкум къафIинахэр ..... 32

## ЖьантIэ

*ТхакIуэ Акъсырэ Залымхъан къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу*

**ЩакIуэ Марьянэ.** Лъэпкъ драматургием и классик ..... 39
**Акъсырэ Залымхъан.** Iэдииху. *Пьесэ* ..... 42

*Литературэдж, филологие щIэныгъэхэм я доктор Бэчыжь Лейлэ илъэс 90 ирокъу*

**НэщIэпыджэ Замирэ.** ЩIыхь зыхуэфащэ ..... 109

## Прозэ

**Мэкъуауэ Амир.** Масирэт и жыг хадэхэр. *Повесть* ..... 115

## Усыгъэ

**Хьэту Пётр.** *Усэхэр* ..... 139

## Литературэ щIэныгъэ. Критикэ

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Лъэпкъыпсэ зыIут усыгъэ ..... 149

## Усыгъэ

**Бемырзэ Зураб.** *Усэхэр* ..... 155

## IуэрыIуатэ

Дыгулыпхъу и псэлъыхъуэхэр ..... 163

---

Псалъэзэблэдз ..... 166

*Усэхэр*

КIЫЩОКЪУЭ Алим

## ТЕЛЪХЬЭ УАНЭР СИ ШЫМ

Телъхьэ уанэр си шым,
Уэ си шынэхъыщIэ.
Зауэм кIуэ жаIауэ,
ТэрчкIэ соукъуэдий.
Сэ уанэгу сыкъихурэ
Губгъуэм сыкъинами,
Сызыпылъ хъыджэбзым
И гум сумыгъэху.

Телъхьэ уанэр си шым,
Уэ си шынэхъыщIэ,
Дахэм гу щызмыхуэу
Нобэ шы сошэс.
Сэ уанэгу сыкъихуу
Губгъуэм сыкъинами,
Си уэрэдыр жепIэурэ
Дахэм игу сигъэлъ.

Сянэр къысщIэупщIэм,
Къэзгъэзэжу жыIэ.
Сядэр къоупщIамэ,
Пэжыр умыбзыщI.
Сэ уанэгу сыкъихуу
Губгъуэм сыкъинами,
Си хъыбарыр жепIэурэ
Дахэм игу сигъэлъ.

## СИ ФОЧЫМ IЭПЛIЭ ЕСШЭКIАУЭ

Си фочым IэплIэ есшэкIауэ,
Окоп блын щIыIэм зызогъэщI,
Гупсысэ хьэлъэр къыстеуауэ,
Абы сэ си гур ныхегъэщI.

Мэгубжь сигу Iэлыр, зешхыхьыж, —
Ди адэжь и унэм бийр щIыхьащ.
Лейзехьэр и щхьэм ныщотхъуж,
Си анэжьым гуауэр жьэхихьащ.

Нэмыцэр хуэму бжьэпэм докI,
Къурш щхъуантIэ дахэм щыту йоплъ,
ЩIыгу сыщапIами тетын лъокI,
Ар сыту хьэлъэ. Си гур къоплъ.

Ар бийм хуэздэнкъым, щIы уи фIэщ,
Абы и щIапIэм сынэсынщ,
Ди щIыгу къарукIэ сэ сылъэщщ,
А бийм сэ мащэр лъызгъэсынщ.

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер



## МАФIЭ МЫУЖЬЫХ

МафIэ мыужьых,
МафIэ мыужьых,
ЖаIэ лIахэм псори я зэхуэдэу,
Ауэ дыноплъыху,
Ауэ дыноплъыху,
Ди лIыхъужьхэм я макъ зэхыдохыр:

«Дэ къытхуэкIуэ псоми лъагъунлъагъу,
Дэ дымылъэгъуахэр фрелъагъу.
Дэ тхулъэмыкIахэр зылъэвгъэкI.
Зауэ лыгъэ къэвмыгъэхъу афIэкI.
Ди щIыналъэр къэвгъэщIэрэщIэж.
Дэ дымыгъэщIахэр — къэвгъэщIэж».

ТекIуэныгъэ ин,
ТекIуэныгъэ ин
Зауэ гъуэгум тету ахэр хуэплъэт.
Я псэм пащIыр зыт,
Я псэм пащIыр зыт:
Ди сэлэтхэм я гур Хэкум хуэблэт.

МафIэ мыужьых,
МафIэ мыужьых,
Уэ къыпхуэкIуэм нэпсыр къыфIыщIохур.
ЩIыр щытыхукIэ блэ,
ЩIыр щытыхукIэ блэ, –
Хэку лIыхъужьхэр ди гум иумыгъэхуу.

Пхуэдэ абы фIэкI,
Пхуэдэ абы фIэкI
ТфIэфIщ дэ щIылъэм щызэщIамыгъанэм,
Мамырыгъэм дэ,
Мамырыгъэм дэ
Гурэ псэкIэ арщ дыщIыхуэбанэр.

ГЪУБЖОКЪУЭ Лиуан

## АВТОБУС КЪЭУВЫIЭПIЭМ ДЕЖ

Магъыр щIалэ цIыкIур зэгуэуду,
Джэшым хуэдэу къолъэлъэх и нэпс,
Автобусым блишащи и адэр
КъыкIэлъыкIуэ къэувыIэпIэм нэс.

Магъыр сабийр, зыми хуэмыудэIуу,
«Папэ» фIэкI и макъым къимыкIыж...
Иджыпсту абы и гузэвэкIэм
ПлIыщIрэ зы гъэр сэ сигу къегъэкIыж...

Дыкъыкъуанэу анэм и кIэ къуагъым,
МафIэгужьхэм мащIэм дыхана?!
ПсыхэкIуадэу сабийм ди гъы макъыр,
Дэ адэншэу дапщэ дыкъэна?!

Абы щыгъуэ мафIэгухэм я Iугъуэу
Ди адэхэм я нэкIухэр зыгъэпщкIуар
Нобэм къэскIи хэлъкъэ атIэ тхъугъэу
Фызабэхэм я щхьэм къыхэнау!..

О, шоферхэ, мафIэгузехуэу щыIэ!..
Фи гулъэфым, маржэ, фыхуэсакъ,

ФытемыплъэкъукIыу фыкъэувыIэ,
КъэмыIу щIыкIэ сабийм я гъы макъ!

ЩIэблэр топ уэ макъым зыкIи хуейкъым,
Къыхэмыщту ахэр ирежей...
ЩIыми, псыми, уэгуми фыщызекIуэ,
Зауэ гъуэгур къыхэвмых къудей!

АЦКЪАН Руслан

* * *

Аргуэру нэгум къысфIыщIохьэ зауэр,
щIы щхьэфэм Iугъуэ тхышэр къыщотэдж.
ЙоувыкIыр топхэр, гъащIэм тегъэпсауэ,
вуужу шэ икIахэр зэподжэж.

Къежэх лъы хуабэм нитIыр фIыщIихъумэу,
зауэлIыр зэ ныбжьэгъухэм яхоплъэж.
ЩыхэкIым и псэр, къэса бийм щихъумэу,
зытелъ щIы кIапэр бгъэгум щIекъузэж.

... Сурэтым щабэу делъэ анэм и Iэр,
абы фытоткIуэ и нэпс пщтыр къекIуар.
Сабийр мэжей, бгъэм щIэлъу адэ пыIэр,
щхьэгъубжэм Iутщ нысащIэ зигу бэгар.

КъысфIэщIу сэ жэуап зым хуемытыну,
мы упщIэм къунтхыу си псэм зыщегъэш:
нэхъ тынш лъы бгъажэу зауэм уIутыныр
е упэплъэныр зауэм кIуам нэхъ тынш?..

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

* * *

Хуейщ дыгъэр бзийкIэ гуэшэну,
ЩIым гуапэу къедэхэщIэну.
Зауэм и Iугъуэм щIиуфэм —
Дыгъэм и лажьэр сыт?

Хуейщ бзухэр уэгум итыну,
Хуиту уэрэд кърашыну.
Шэм и фий макъым игъащтэм —
Бзухэм я лажьэр сыт?

Удз дахэр хуейщ къэгъэгъэну,
Еплъ псоми ягу хигъэхъуэну.
Ем къыщIэхутэм и лъэгум —
Гъэгъам и лажьэр сыт?

Хуейщ сабий цIыкIухэр джэгуну,
ЩIым гуфIэу къыщажыхьыну.
Балигъхэр зэгурымыIуэм,
Сабийм я лажьэр сыт?

# ХЭКУ ЗАУЭШХУЭМ И ИЛЪЭСХЭМ ЯУСА АДЫГЭ УЭРЭДХЭР

## ПАРТИЗАН УЭРЭД

Кремль дахэу Москва дэтым
Унафэ къыщатыр, уей,
Къыттеуащ фашистхэр, уей дуней,
Зэхэдвгъэкъутэ, уей.

Къэралышхуэр къэтэджащи, уей дуней,
ЗылI и быну щытщ, уей.
Къыттеуащи дэ ажалыр, уей дуней,
Мащэ кIыфIыр къахудотIыр, уей.

Партизану ди шууейхэр, уей дуней,
Ди аузхэм ныщопэкIур, уей,
Фашист хьэIуцыдзхэм, уей дуней,
Щыблэшэу къахоуэ, уей.



Дэ дыадыгэлIхэщ, уей дуней жи,
Бийхэм дапикIуэткъым, уей.
Дэ СосрыкъуапцIэм, уей дуней,
ЛъыкIэ дрикъуэшхэщ, уей.

Совет оборонэм, уей дуней жи,
Дэ приказ къыдетыр, уей,
Ди псэ IэфIыр ттами, уей дуней,
Дэ Кавказыр ттынкъым, уей.

## УIЭГЪЭПХЫМ И УЭРЭД

Си бостей цIыкIур уи кIэ къуэлэнщ.
Умыгузавэ, си Нэкъуэлэн,
Зауэр увыIэмэ, сыкъэкIуэжынщ.

Си кIэ къуэлэн гущэр сэ зыщызохыр,
ЦIыхухъу гъуэншэджыр зыщызотIагъэ,
ЦIыхухъу щыгъынкIэ сэ фронтым сокIуэ.

Си туфлъэ цIыкIур лъэдакъэ лъагэщ,
ПщIэгъуалэ лъагэм сынэшэсауэ,
Сэ уIэгъэпхыу зауэшхуэм сокIуэ.

Си жыр тажыщхъуэм си щхьэр къехъумэ —
Дэ цIыхубз лъэпкъыр дыхъумэгъуейми,
Сэ си хэку лъапIэр бийм щысхъумэнщ.

Дэ фашистыдзэм удын идотыр,
Щхьэхуит хуэзауэр сыту гуащIащэ!
Сэ зауэ гуащIэм лIыгъэ щызощIэ.

Дэ совет цIыхухэм хэкур дохъумэ,
ЦIыхубз Iэслъэсу сэ сыкъалъхуами,
Си хэкум и цIэр IейкIэ згъэIункъым.

## ЖАНДУЗ И ЩIАЛИЩЫМ ЯХУИУСА ГЪЫБЗЭ



Шэрэдж псыхьэ сэ сынокIуэ,
Шэрэдж бжьэпэ сытоувэ,
ЩIалэ дэтхэм саныхоплъэ,
Си щIалищым яз хэмыт мыгъуэ, уей.

Языхэзи щахэмыткIэ,
ПэгунитIыр щIызогъалъэ,
Си нэпситIыр къелъэлъэхыу,
ПщIантIэ нэщIым согъэзэж мыгъуэ, уей.

СыкъыщIокIри, вагъуэм соплъыр,
СыщIохьэжри, нысэм соплъыр,
И хьэпшыпыр зэкIуэцIелъхьэ —
ПIэщхьагъыншэщ, сыт ищIэн мыгъуэ, уей.

Жэщыр хъуамэ, сымыжей,
Нэхур щамэ, сымылъагъу,
Си щIалищым я гуIэгъуэм,
Мы си нитIыр ятеслъхьа мыгъуэщ, уей.

Пшынэ фIыцIэр магъ-мэусэ,
Мы уэрэдыр зыхуэзусыр

ФIыуэ слъагъуу си щIалищырщ,
Зауэ бзаджэм сIэщIиха мыгъуэщ, уей.

## ЗАУЭМ ХЭКIУЭДАМ И ГЪЫБЗЭ

Сэ биишэм сызэрихьрэ,
Дыгъэр зэи къыщIэмыкI,
Зы слъэмыкIыурэ сэ тхьэмыщкIэр
Губгъуэ нэщIым сыкъинаи.

Си анэкъилъхуу КIулэ дахэм
Унэ лъэгур къыреикI,
Сэ окопэурэ сызэрылъыр
Лы пцIэжакIэрэ къизъикIаи.

Ныбжьэгъу пэжурэ пщIэгъуалэжьыр
Окопащхьэм къыщогыз.
Бий гъэгызурэ сэ си Iэщэр
Мащэм илъурэ мэулъий.

Си анэкъилъхуу Хьэжмуратым
Удын бзаджэр биймибодз,
Сыздэщылъыр уэ къэпщIатэм,
ЩIыгулъ къабзэ къыстебдзэнт.

Си шыпхъу закъуэу КIулэ дахэ,
Си кIуэдыкIэр уигу игъэлъ,
Ди къуажэкхъэм сыщIэлъатэм,
Си сын джафэм Iэ дэплъэнт.

Си анэжьурэ си гу махэ,
Си кIуэдыкIэм зумыгъэхь,
Уэ сыбгъейуэрэ уи гур бгъэткIукIэ,
Сыт си Iуэху мыгъуэм хэхъуэжын?

Си щхьэгъусэу си ФатIимэ,
Сэ уэ фIыщэу услъэгъуат,
Лъагъуныгъэри кIэм нэмысурэ,
Си гур мафIэм ныхисхьащ.

Си щхьэгъусэу си ФатIимэ,
УдэмыкIуэу ущымыс,
ДэнкIэ укIуэми, си Алёшэр
Си фэеплъурэ къыздешэкI.

Си Алёшэурэ си бын закъуэ,
Уэ уи адэр шэм ихьащ,
Уи Iэ цIыкIухэри къыщыпшийкIэ,
Уэ хэт мыгъуэми укъиштэн?

Си Алёшэурэ си бын закъуэ,
Уи гуауэшхуэр уигу игъэлъ,
Уи лъэр быдэу укъэтэджмэ,
Сигу мамыру сыщылъынщ.

## СИ ТХЬЭУСЫХЭР ФЭ ЗЭХЭФХ!

Гардеробым сыкъыдадзыр,
Машинэжьым сынырадзэ,
Комендантым сыжьэхадзэ мыгъуэ, уей.

Пшынэ фIыцIэр IэкIэ зесшэрт,
Зэрызешэу шалоныжьым
Ди Кавказым сынырeш мыгъуэ, уей.

Ди хъыджэбзхэм ягу сыкъэкIмэ,
Я ныбжьэгъум и фэеплъу
Кавказ къуршхэр къызогъанэ мыгъуэ, уей.

Шалоныжьым сыкъырашыр,
Машинэжьым срашалIэ,
Город Берлин сынычашэ мыгъуэ, уей.

Фашистыжьхэр залымзехьэщ,
ЗалымыгъэкIэ комендантым
Город Берлин сыкъихьа мыгъуэщ, уей.

Си адэ-си анэм сэ сагъафIэрт,
Сэ сфIэмыфIу фашистыжьым,
Къезгъэгъыхыу, лей къызех мыгъуэ, уей.

ШхыIэн кIапэр къызоIэтыр,
Комендантыр къыщыщIыхьэм,
Си щхьэфэцым зиIэта мыгъуэщ, уей.

Си щхьэцыгъуэр зэгузохыр,
Мы си гущхьэр зэгуэпхами,
Хамэ хабзэ сымыщIэну мыгъуэ, уей.

КъуанщIэ фIыцIэхэр зэрызохьэ,
Си адэ-анэр си гум къихьэм,
Город Берлин сыщопыхьэ мыгъуэ, уей.

Жэщ уэздыгъэр къызэщIонэ,
Лыгъэ мафIэу зэщIэнам
Хисхьэн къомым сахокIуадэ мыгъуэ, уей.



*Хьэмыз Руслан Хьэжсет и къуэр химие щIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ, Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием Геохимиемрэ аналитикэ химиемкIэ и институтым, Вернадский В. И. и цIэр зезыхьэм, и лабораторэм и унафэщIщ икIи абы и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьщ. «Радий» щIэныгъэ-производственнэ IуэхущIапIэ» АО-м и унафэщIхэм я советым хэтщ.*

*Хьэмызыр КъБАССР-м хыхьэ Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыщ Къармэхьэблэ къуажэм 1955 гъэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр 1972 гъэм дыщэ медалкIэ, Ломоносов М. В. и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым и химие факультетыр 1977 гъэм диплом плъыжькIэ къиухащ.*

*Хьэмыз Р. Хь. ящыщщ физическэ химие щIэныгъэмкIэ дунейм щынэхъ цIэрыIуэ IэщIагъэлIхэм. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэ 200-м щIигъу, монографиеу 6 США-м къыщыдигъэкIащ. ЮНЕСКО-м «ПсэукIэр къызэзыгъэпэщ Iэмалхэр» и махуэгъэпсыр щагъэхъэзырым Хьэмызыр ирагъэблагъэри, абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ а лэжьыгъэр зэпэщу дунейм къытехьэным. Къыхилъхьа IуэхугъуэщIэхэм папщIэ, патент 50 къратащ, абыхэм США-м, Японием, Израилым, апхуэдэуи Европэм щыщ къэрал зыбжанэм ейуэ 15 яхэту. Хьэмызым иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэ купщIафIэхэм кърикIуахэм Iэмал къат химие технологием IэмалыщIэхэр къыщызэIуахынымкIэ, псалъэм папщIэ, XXI лIэщIыгъуэм къэув къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зым – щIыуэпсым емыгуауэ икIи хэщIыныгъэ къэзымыт лэжьэкIэр и лъабжьэу зэтеухуауэ, тенджызыпсыр гъэкъэбзэным, псы къабзэрэ цIыхум къигъэсэбэп хъуну нэгъуэщI пкъыгъуэ лъапIэхэмрэ абы къыхэхыным – хуэунэтIа лэжьыгъэхэр зэтеублэнымкIэ. ЩIэныгъэлIым и къэхутэныгъэхэр я тегъэщIапIэу Урысейм мы зэманым щаухуэ ткIуэпс зырызурэ псыр къэкIыгъэхэм щыщIагъэхьэкIэ къагъэсэбэп хъуну, фейдэшхуэ къэзыт щIыгъэпшэрхэр къыщIэзыгъэкIыну япэ заводыр. Апхуэдэ щIыгъэпшэрхэр иджыпстукIэ Европэ зэгухьэныгъэм хыхьэ къэралхэм кърашу аращ.*

*Хьэмыз Р. Хь. къэралым и аттестационнэ комиссэ нэхъыщхьэм (ВАК) химие технологиемкIэ и къэпщытакIуэ советым, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием аналитикэ химиемкIэ и ЩIэныгъэ Советым хэтщ, РАН-м и ЩIэныгъэ советым физическэ химиемкIэ и унафэщIым и къуэдзэщ, РАН-мрэ Ломоносов М. В. и цIэр зезыхьэ МКъУ-мрэ я щIэныгъэ, диссертацэ советхэми щIэныгъэ журнал зыбжанэми я редколлегиехэм ядолажьэ. Абы «Eureka» Европей щIэныгъэ зэгухьэныгъэм и дыщэ медалыр къахуагъэфэщащ.*

*Иджыблагъэ Руслан ди журналым зыкъыпищIащ. ЗыкъыщIыпищIа Iуэхугъуэри дымыгъэщIагъуэу къэнакъым. Абы адыгэбзэм къригъэтIэсащ Хэку зауэшхуэм и зэманым яуса урыс уэрэд цIэрыIуэхэм ящыщ зыбжанэ. Ди гуапэу ахэр фи пащхьэ идолъхьэ, езым и псалъапэ кIэщI и гъусэу.*

# МАФIЭ ЛЫГЪЭРИ КЪАПЭЛЪЭЩАКЪЫМ

Ныбжьэгъу лъапIэхэ! Мы тхыгъэр теухуащ Хэку зауэшхуэм и зэманым яуса уэрэдхэм, абыхэм я адыгэбзэ зэдзэкIыгъэхэм. А уэрэдхэр ди къэралым и мызакъуэу, нэгъуэщI щIыпIэхэми щыцIэрыIуэщ. Нэмыцэ фашизмэм кIэ езыта Совет къэралыгъуэм щыпсэуахэмрэ абыхэм я щIэблэхэмрэ я гъащIэм къыпхухэмыхыну хэтщ ахэр. Тхыдэм нэхъ гущIэгъуншэ дыдэу къыхэщыж а зауаем и фэбжь зылъэмыIэса зы унагъуи щыIэу къыщIэкIынкъым: хэт и адэр, хэти и адэшхуэр е и Iыхьлы хэкIуэдащ лъыпсрэ нэпскIэ гъэнщIауэ щыта а мафIэ лыгъэм. ПхужымыIэн хуэдизщ Хэку зауэшхуэм насыпыншагъэу къихьамрэ ди ТекIуэныгъэм къыдэкIуа насыпымрэ я инагъыр. Аращ зи гугъу тщIы уэрэдхэм я пщIэр ноби щIэлъагэр. Ахэр, уэрэджыIакIуэхэм нэмыщI, цIыху псоми псэкIэ къызэдащтащ, зэуапIэ IэнатIэхэм и мызакъуэу, къэралым и дэнэ щIыпIи щыжаIэу къекIуэкIащ, иджырей щIэблэхэми яфIэфIу ягъэзащIэ. А уэрэдхэр зэхуэдэкъым: гъыбзэм ещхьи, лъагъуныгъэм теухуаи, гушыIэ уэрэди яхэтщ. Ауэ а псори зэзышалIэ, зэзыпх щыIэщ. Ар пцIы, фэрыщIыгъэ зэрахэмытырщ, гумащIагърэ фIэщхъуныгъэкIэ ахэр зэрыгъэнщIарщ.

Апхуэдиз пщIэ зиIэ уэрэдхэр нэгъуэщIыбзэкIэ зэридзэкIын хуей хъумэ, усэ зэдзэкIыныгъэм е филологием фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлIри зэрыпIейтеинум шэч хэлъкъым. «Сыт-тIэ уэ а «мыл цIэнтхъуэрыгъуэм» ущIытелъэдар?» – жиIэу зыгуэр къызэупщIмэ, си жэуапыр мыпхуэдэщ: сэ апхуэдизкIэ сыпэжыжьэщ а IэщIагъэхэми (физикэ, химие щIэныгъэхэм сытелажьэу аращ) япэхункIэ сщIэххакъым зи ужь сихьа Iуэхум и кууагъыр, абы бэлыхьу пыщIар зыхуэдизыр. Псори къыщежьар ди зэдауэрщ: Москва дэс адыгэ зэныбжьэгъухэр, зэлэжьэгъухэр дызэхуэза нэужь, Iуэхугъуэ куэдым я щхьэфэ дыщиIэби, зыгуэрхэм щхьэкIэ дыщызэдауи къохъу. Апхуэдэ Iуэхухэм, нэхъ дызыгъэпIейтей дыдэхэм ящыщщ ди анэдэлъхубзэр дызэрыхуейм хуэдэу къызэрыдмыгъэсэбэпыр, ди щIалэгъуалэм ар хуэм-хуэмурэ IэщIыб ящIынкIэ зэрыхъунур. Ди бзэр къулейсыз тфIэмыхъуу пIэрэ, тфIэмыкIуэду пIэрэ, сыт нобэ къэдгъэсэбэп адыгэбзэм и къарур?

Ди зэдауэм мыпхуэдэ гупсысэм дыхуишащ: тхыгъэ гугъухэр, псалъэм папщIэ, усэ купщIафIэхэр адыгэбзэм къыдгъэтIэсэныр тхузэфIэкIыну, абы щыгъуэми, я щIагъщIэлъ гупсысэхэр, мытхауэ япкърылъ гурыщIэр, псантхуэр дымыгъэкIуэду? Сэ сщIэркъым зи ужь сихьа Iуэхур къызэрызэхъулIар, абы уасэ хуэзыщIыфынур журналым еджэхэрщ, ауэ егъэлеяуэ сыгуфIэнт, зызэспщыта уэрэдхэр, зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми, къызэхъулIатэмэ. Абы щыгъуэ мы си зэдзэкIыгъэхэр куэдым яхуэщхьэпэнт: урысыбзэр дахэ-дахэу зымыщIэ ди нэхъыжьхэми, нэгъуэщI щIыпIэхэм къыщалъхуа ди лъэпкъэгъухэми я анэдэлъхубзэкIэ а уэрэд цIэрыIуэхэр зэхахынт.

**ХЬЭМЫЗ Руслан**

## КАТЮШЭ

*(«Катюша»,*
*слова Михаила Исаковского,*
*музыка Матвея Блантера, 1938 г.)*

Къэгъэгъахэщ мыIэрыси кхъужьи,
Пшагъуэ Iувхэр псым къыщхьэщыхьащ.
Пщащэ закъуэ къыпхуолъагъуэр жыжьэу:
Ар Катюшэ бжьэпэм къытехьащ.

Къытехьащи, щIедзэ и уэрэдым,
ЩIалэ хахуэм щхьэкIэ иусам, —
Зи письмохэр хуэсакъыу ихъумэу,
Гурэ псэкIэ фIыуэ илъэгъуам.

Лъатэ, лъатэ, си уэрэдыр лъатэ,
Дыгъэ гъуэгукIэ си псэр схунэхьэс,
Ди къэрал гъунапкъэхэр здахъумэм,
ЗауэлI щIалэм мыр схулъэгъэIэс:

Къыппежьэнщ Катюшэ, къэбгъэзэжмэ,
И гурылъхэр уэ къыбжиIэжынщ.
Уи IэнатIэр быдэу пхуэгъэпэжмэ,
Псалъэ ттахэр сэ схуэгъэпэжынщ.
Уи IэнатIэр быдэу пхуэгъэпэжмэ,
Псалъэ ттахэр сэ схуэгъэпэжынщ.

Къэгъэгъахэщ мыIэрыси кхъужьи,
Пшагъуэ Iувхэр псым къыщхьэщыхьащ.
Хэт мо нэпкъым къыщылъагъуэр жыжьэу?
Ар Катюшэ бжьэпэм къытехьащ.
Хэт мо нэпкъым къыщылъагъуэр жыжьэу?
Ар Катюшэ бжьэпэм къытехьащ.

## IЭЛЪЭЩI ЩIЫХУ ЦIЫКIУ

*(«Синий платочек»,*
*слова Якова Гольденберга (Галицкого),*
*музыка Ежи Петерсбурского, 1940 г.)*

Си гум къокIыж: сыщебгъажьэм
ПлIэм дэлъ Iэлъэщiыр пфIехуэхт.
Псалъэ къызэптырт Iэлъэщi щIыху цIыкIур
Пхъумэну къэзгъэзэжыху.
Иджы, си нэху,
Ар сымылъагъуми, къэпщтэху.
Абы си гъащIэр,
Зэрыдза тIуащIэу,
КъыпкIэрипхащ, сыбэуэху.

А уи пощт-щимэр къыщыкIуэм,
СигукIэ уи макъ зэхызох,
Хьэрф зэкIэлъыкIуэм
Iэлъэщi щIыху цIыкIур,
ЩIыхуу хэтхауэ, къызох.
Си пщIыхь ухэтщ,
ЖэщкIэ солъагъу уи сурэт,
Жэщ зызыуфэм,
Уи нитI щIыхуфэр
Нэхуу сэ си нэм къыщIэтщ.

Iэлъэщi цIыкIу дапщэ, фэеплъу,
Зауэм щыдэкIхэм ята?
Ахэм я щIыхькIэ
Шэхэр мэлъалъэ,
Нэдгъэзэжынщ дытекIуау.
Дэ дилъ тщIэжынщ,
Ди лъапIэхэ, дынэкIуэжынщ.
Iэлъэщi щIыху цIыкIуу
Щэхуу схуэпхъумэр
Сэ си IэкIэ уэ птеслъхьэжынщ.

ӀэлъэщӀ щӀыху цӀыкӀуу
Щэхуу схуэпхъумэр
Сэ си ӀэкӀэ уэ птеслъхьэжынщ.

## ЩӀЫУНЭМ

*(«В землянке»,*
*слова Алексея Суркова,*
*музыка Константина Листова, 1942 г.)*

Пэшхьэку цӀыкӀуу жьэражьэр ди жьэгущ,
Сагъыз ткӀуэпсхэр уи нэпсу къысфӀощӀ.
Сэлэт пшынэр щӀыунэм щоджэгу,
Си гупсысэм макъамэр къыдощӀ.
Сэтей жьыбгъэм кӀэщӀэтщ уэ уи макъ,
Мэзкуу уэсым уи нэгур къыхощ,
Къыстеуащи уи зэшыр — сигу хощӀ,
Ди уэрэдым и макъыр хуит дощӀ.
Къыстеуащи уи зэшыр — сигу хощӀ,
Ди уэрэдым и макъыр хуит дощӀ.



Ди зэхуакур уэс кӀэншэм есей,
Борэн макъщ щызэхэпхыр мыбдей.
Сынэсыну уи деж — ар гъуэгу кӀыхьщ,
СыкӀуэдынум — лъэбакъуэ къудейщ.
ЗегъэшэщӀи уи пшынэм, си къуэш,
Си насып щхьэрыуар къысхуеджэж.
Ди щӀыунэр щхьэ щӀыӀэу къэнэн,
Си гум илъ лъагъуныгъэм къегъэплъ.
Ди щӀыунэр щхьэ щӀыӀэу къэнэн,
Си гум илъ лъагъуныгъэм къегъэплъ.

Пэшхьэку цӀыкӀуу жьэражьэр ди жьэгущ,
Сагъыз ткӀуэпсхэр уи нэпсу къысфӀощӀ.
Сэлэт пшынэр щӀыунэм щоджэгу,
Си гупсысэм макъамэр къыдощӀ.
Сэтей жьыбгъэм кӀэщӀэтщ уэ уи макъ,
Мэзкуу уэсым уи нэгур къыхощ,
Къыстеуаши уи зэшыр — сигу хощӀ,

Ди уэрэдым и макъыр хуит дощI.
Къыстеуащи уи зэшыр — сигу хощI,
Ди уэрэдым и макъыр хуит дощI.

## ЛИЗАВЕТЭ

*(«Лизавета»,*
*слова Евгения Долматовского,*
*музыка Никиты Богословского, 1942 г.)*

ЗыIыгъ, Лизаветэ,
ЩIым сызэрытетыр,
Сызэрылъэрытетыр,
Уэ уи фIэщ щIы къудей.
Бий бзаджэм дытекIуэм,
Сытесу шы къекIум,
СынэкIуэжынщ сэ уи дей.
Бий бзаджэм дытекIуэм,
Сытесу шы къекIум,
СынэкIуэжынщ сэ уи дей.



Къыспэплъэ, си дахэ,
Плъагъунщ гъатхэ махуэу:
Фи куэбжэшхуэр схуIуахыу,
Шы къэплъар ирапхынщ.
Мы уэсыр текIыжмэ,
Ди щIыгу сынэсыжмэ,
ИгъащIэкIи дызэщIыгъунщ.
Мы уэсыр текIыжмэ,
Ди щIыгу сынэсыжмэ,
ИгъащIэкIи дызэщIыгъунщ.

Уэракъэ, си плъапIэ,
Зэпхар си гугъапIэр,
УгуфIэу укъыспежьэнщ.
Къеуэнкъэ пшынауэр,
Къэфэнкъэ-тIэ щауэр, —
Дэ а гуфIэгъуэм дежьэнщ.

Къеуэнкъэ пшынауэр,
Къэфэнкъэ-тIэ щауэр,
Дэ а гуфIэгъуэм дежьэнщ.

Уэращ, Лизаветэ,
Дунейм сыщIытетыр,
Сызэрылъэрытетыр,
Уэ уи фIэщ щIы къудей.
Бий бзаджэм дытекIуэм,
Сытесу шы къекIум,
СынэкIуэжынщ сэ уи дей!
Бий бзаджэм дытекIуэм,
Сытесу шы къекIум,
СынэкIуэжынщ сэ уи дей!

## МЕСЫР, МО ДЖАБЭМ ЗЫГУЭР КЪОХЫР

*(«Вот кто-то с горочки спустился», Народная песня довоенного периода. Использован первый официальный вариант, исполнявшийся Государственным академическим хором под управлением А. В. Свешникова в 1944-1945 г.г.)*



Месыр, мо джабэм зыгуэр къохыр,
Аракъэ си псэр зыхьэхуар?
Абы и джанэр джэдгыныфэщ, —
Аращ сэ си лъэр щIыщIэхуар.

И дамэтелъхэр дыщэу маблэ,
Мэлыд и орден бгъэм хэIуар.
Сыщыхуэзат абы ди хьэблэм,
Сыт ар ди къуажэм къыщIэкIуар?

Щхьэ ди колхозым къыщыхутэу,
Си жей мамырыр стыриха?
Сыт мыупщIэжрэ-мыусэжу,
Си гъащIэм ар къыщIыхыхьар?

ГуфIэу щыблэкIкIэ, сфIощI сымэхыу,
И Iэр къишиймэ — сыкъолыд.
Псэм фIэфIт слъагъуну ар щIэх-щIэхыу,
Щхьэм сегъэIущыр: зыубыд.

Месыр мо джабэм зыгуэр къохыр,
Аракъэ си псэр зыхьэхуар?
Абы и джанэр джэдгыныфэщ, —
Аращ сэ си лъэр щIыщIэхуар.
Абы и джанэр джэдгыныфэщ,
Аращ сэ си лъэр щIыщIэхуар.

## БИЙМ ИГЪЭСАЩ И АДЭЖЬ УНЭР

*(«Враги сожгли родную хату»,*
*слова Михаила Исаковского,*
*музыка Матвея Блантера, 1945 г.)*



Бийм игъэсащ и адэжь унэр,
Зэрыунагъуэу иукIащ.
Иджы ар дэнэ здэкIуэжынур? —
Сэлэтыр зауэм къикIыжащ.
КIуащ гъуэгущхьитIыр щызэхэкIым,
Гуауэшхуэр хыхьэпауэ игу,
Къыщигъуэтащ абы губгъуэшхуэм
ЗэщIэкIэжауэ Iуащхьэ цIыкIу.

Щхьэщытщ щхьэгъусэм и кхъэ мащэм,
Лы нэпс IэщIэкIри, къежэхащ.
ЖеIэр: — КъыщIэкI, си унэгуащэ,
Плъагъурэ, уи деж сыкъэкIуэжащ.
Къэбгъэхьэзыркъэ хьэщIэшхыныр,
Iэнэшхуэр псынщIэу къэузэд.
Ди адэ-анэм къехъуэхъуну,
КъэкIуэнкъэ нобэ хьэщIэ куэд.

Зыри сэлэтым къепсэлъэжкъым,
Кхъащхьэ удз сысым фIэкI нэгъуэщI.

Къыхощ гухэщIыр жьыбгъэ макъым,
Нэр здынэплъысыр губгъуэ нэщIщ.
ХитIащ пIэщхьагъым деж сэх мывэ,
ЗэрыхъукIэ, кхъэр зэлъыIуихащ.
Сэлэт къэлътмакъыр игъэуври,
Шагъыр хужь гуащIэр къырихащ.

Сумыгъэкъуаншэ уэ, Прасковье,
Фысхуэхъумакъым, си дуней.
Псэууэ къэнахэм фыщыдахым,
Сыкъэсыфакъым сэ фи дей.
ГуфIэгъуэ махуэу мы фадэбжьэр
КъыздэтIэтыну сэ сыхуейт.
Ажалым схуIуихат ди куэбжэр,
Си къэсыжыгъуэр си махуейт.

Ар жиIэу, йофэ фадэ гуащIэм
Урыс сэлэтыр, бийм текIуар,
Нэрыгъыу, щымысхьыжу гъащIэм,
Лъэс защIэу илъэсиплIкIэ кIуар.
ИмыщIэ зэрылIыхъужь дыдэр,
Нэпс ткIуэпсхэр тоткIуэ и къэптал.
И бгъэгум хэлъщ, пэлыду дыгъэм,
Будапешт къалэм и медаль.
И бгъэгум хэлъщ, пэлыду дыгъэм,
Будапешт къалэм и медаль.



## ФРОНТЫБГЪУ МЭЗЫМ

*(«В лесу прифронтовом»,*
*слова Михаила Исаковского,*
*музыка Матвея Блантера, 1943 г.)*

Къегъафэ щэхуу жьым пхъэхуейр,
Тхьэмпэгъуэхэр къыпех.
«Бжьыхьэ пщIыхьэпIэ» вальс ижьрейр
Пшынауэм гум кърех.
Мэлъатэ макъыр, мэщэтэж,

ДокIуей, къохыжыр щIым.
ЗауэлI ныбжькъэгъухэр мыпсэлъэж,
ЙодаIуэ, хъуауэ щым.

ДыгуфIэу гъатхэ етхьэкIар
Дигу вальсым къегъэкIыж.
Дыкъыздэфар, фIыуэ тлъэгъуар
Ди нэгум щIэмыкIыж.
Гъатхищ ипэIуэкIэ утыку
Дыкъафэу дыздитащ.
Нэщхъей дыкъэхъут, Iэпэгъу тхуэхъуар
Мыбдеж щыдмыгъуэтам.

Иджы аргуэру къоIур ар,
Макъамэр мэзым щIэзщ.
ЕдаIуэ къэскIэ гугъэ IэфI
ИщIащи, псэр мэплъыз.
ФIыуэ тлъэгъуахэр щIэтщ ди нэгу,
Iыхьлыхэр ди гум къокI.
Дызышэж гъуэгур ахэм деж
Лыгъэ курыкупсэм пхокI.

Дытехьэм гъатхэм сыту фIыт,
Абы дыщыгугъынщ.
Ажалым дыкъыхихмэ, сыт,
Зы бжьыхьэ уэших тхуэгъынщ.
Мы зыр ди фIэщщ: сыт къэмыхъуам,
Къытхэткъым икIуэтын,
IэнатIэ бзаджэ къыттехъуам
Нэрыгъыу Iумытын.

Аращ, ныбжьэгъухэ, и чэзум
Ди Iэщэр быдэу тлъащ!
ДыкъигъэскIэжкъым дэ гъущI зум,
Топышэ фийм десащ.
Дэ дощIэр бийр зыгъэгужьейр,
Iэпщэрызауэр къос.

Къытхэткъым шынэу къикIуэта, —
Ажал ялъыдогъэс.

Къегъафэ щэхуу жьым пхъэхуейр,
Тхьэмпэгъуэхэр къыпех.
«Бжьыхьэ пщIыхьэпIэ» вальс ижьрейр
Пшынауэм гум кърех.
Мэлъатэ макъыр, мэщэтэж,
ДокIуей, къохыжыр щIым.
ЗауэлI ныбжьэгъухэр мыпсэлъэж,
ЙодаIуэ, хъуауэ щым.

ЗАУЭ ГЪУЭГУХЭР
*(«Эх, дороги»,*
*слова Льва Ошанина,*
*музыка Анатолия Новикова, 1945 г.)*

Зауэ гъуэгухэр...
Сабэ лъэужь,
Пшагъуэбэ кIэншэ,
ЗэщIэкIа ежьужь.
Пхуэхъуэжынкъым
НатIэм къритхар.
Щыдухынур тщIэркъым
Гъуэгу къытхуиухар.

Къегъэхъей шырыкъум сабэр —
Зэм тафэщ, зэм губгъуэщ,
Есыр мафIэм удз къэдабэр,
Шэ цIывхэр мэфий.

Зауэ гъуэгухэр...
Сабэ лъэужь,
Пшагъуэбэ кIэншэ,
ЗэщIэкIа ежьужь.
Фочхэр мауэ,
Вындхэр къытхуоплъых.

Ди ныбжьэгъур псэншэу
Къургъакъ гъурым хэлъщ...

Псэухэр гъуэгум тету макIуэ,
МахуакIуэу, жэщакIуэу,
И щIыналъэм дитщ теуакIуэм –
Ар дищI итхужащ.

Зауэ гъуэгухэр...
Сабэ лъэужь,
Пшагъуэбэ кIэншэ,
ЗэщIэкIа ежьужь.
Уэздыгъей лъахэм
Дыгъэр щхьэщытщ.
Анэр и къуэм пэплъэу,
Я куэбжэпэм Iутщ.



КъэткIуа гъуэгухэр
Ди гум къокIыж.
ТфIэкIуэдахэм я нэр
Нэгум щIэмыкIыж.

*ЗэзыдзэкIар* **ХЬЭМЫЗ Русланщ**

*Майм и 21-р Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм*
*я фэеплъ махуэщ*

# ГУАУЭ МЫУХЫЖ

ЦIыхум и Iэпкълъэпкъ пщыкIутIыр зэрызэрыIыгъым хуэдэу, зэгуэр адыгэ лъэпкъым и лIакъуэ 12-ри зэнэзэпсэу псэуащ. Урыс пащтыхьыгъуэм къарищIэкIа зауэм ахэр илъэси 101-кIэ (1763-1864) пэщIэтащ, тхыдэджхэм къызэралъытэмкIи, апхуэдиз хьэзаб зышэчыфа нэгъуэщI лъэпкъ щыIэкъым. Зауэм лъэпкъыр зэбгридзри, дунейм трикъухьыжащ. Абыи емылъытауэ, нобэ, илъэси 155-рэ дэкIыжа нэужьи, адыгэм и щIэблэр дунейм дытетщ. «ШэрджэскIэ» зэджэу щыIа къэралыгъуэшхуэр ди нэгу къыщIыдогъэхьэ, ди лъэпкъ уардэм и фэеплъу.

Майм и 21-р Адыгэхэм я фэеплъ махуэщ. Ди япэ итахэм я лIыгъэмрэ зэфIэкIымрэ ирипагэми, а махуэм адыгэу дуней псом тетыр нэщхъейщ. Илъэс къэс Налшык къалэми республикэм и районхэми дауэдапщэхэр щокIуэкI, Кавказ зауэр гузэвэгъуэшхуэкIэ зэриухам теухуауэ. Мы гъэми Налшык и уэрам нэхъыщхьэм шууей 200-м нэблагъэ ирикIуащ. Абыхэм я ужьым адыгэ фащэхэр къащылыдыкIыу итащ, лъэпкъ ныпымрэ «Адыгэ Хэку», «Черкесия» псалъэхэр зытет щэкIхэмрэ яукъуэдияуэ зыIыгъа щIалэгъуалэр.





ЦIыкIури инри зэгъусэу екIуэлIащ Псэ жыг фэеплъым. Къызэгъэпэщак Iуэхэм къызэрыхагъэщамкIэ, абдеж щекIуэкIа пэкIум цIыху мини 3-м нэблагъэ хэтащ. Мы Iуэхум зыкърагъэхьэлIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек, КъБР-м и Правительствэм хэтхэм, КъБР-м и Парламентым и депутатхэм, жылагъуэ лэжьакIуэхэм, лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэм я лэжьакIуэхэм.

ПэкIур иригъэкIуэкIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий къызэхуэсахэм защыхуигъазэм жиIащ адыгэу дунейм тетыр а махуэм зэгъусэу зэрыщыгъуэр.

– Нобэ илъэси 155-рэ мэхъу Кавказ зауэр зэриухрэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, тхыдэм и мащIэкъым цIыхубэр зыгъэгулэза зауэхэр. Ауэ Кавказ зауэр нэхъ кIыхь дыдэхэм ящыщщ, абы лъыуэ щагъэжар уи нэгу къыщIэбгъэхьэну шынагъуэщ, – жиIащ Сэхъурокъуэм. – Зэманыр кIуэми, лъэпкъым и блэкIар зэи щыгъупщэнукъым. Нобэ адыгэхэр щыхэхэс хамэ къэралхэми мы Iуэхум теухуа дауэдапщэхэр щокIуэкI. А зэхуэсхэм нэгъуэщI лъэпкъхэм щыщхэри йокIуалIэ, ди Iуэхур къыддаIыгъыу. Кавказ зауэм цIыхуи 10-м щыщу 9-р е хэкIуэдащ, е лъахэм ирагъэкIауэ щытащ. Адыгэ жылэ щэ бжыгъэхэр нобэ щыIэжкъым. Урысей Федерацэм адыгэу мин 700-м нэблагъэ фIэкIа щымыпсэуми, къэрал зэмылIэужьыгъуэ куэдым ди лъэпкъэгъу мелуани 6-м щIигъу щыIэщ. Абыхэм я щхьэм кърикIуар ящIэж, арщхьэкIэ мыдзыхэу а здэщыIэ щIыпIэхэм ехъулIэныгъэхэр къыщагъэлъагъуэ, жыджэру жылагъуэ-политикэ Iуэхухэм хэтщ. Ауэ нэхъыщхьэр ди бзэмрэ щэнхабзэмрэ тхъумэныр зыщыдмыгъэгъупщэнырщ.

Иужьрей илъэсхэм я Хэкум къагъэзэжащ ди лъэпкъэгъу мини 3-м щIигъум. ЗэрытхузэфIэкIкIэ щIэгъэкъуэн дахуохъу Сирием къикIыжахэм. Ди еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIалэгъуалэр щIыдогъэтIысхьэ, Тыркум, Иорданием, Сирием щыпсэу адыгэхэм я бынхэр гъэ къэс къатшэурэ Хэкум зыщагъэпсэху. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэр нэхъри едгъэфIэкIуэн хуейуэ къызолъытэ. Сыт хуэдэ зауэми и кIэр хьэдагъэщ. Лъэпкъхэмрэ абыхэм я пашэхэмрэ я Iущагъыр зыхэлъыпхъэр цIыхум и псэм гузэвэгъуэ тезылъхьэ апхуэдэ зэныкъуэкъухэр зэи къэмыгъэхъунырщ. Ди тхыдэм дерс къыхэтхын хуейщ, щIалэгъуалэм захузогъазэ я блэкIар зыщамыгъэгъупщэну, ижь-ижьыж лъандэрэ къыддэгъуэгурыкIуэ ди хабзэхэр яхъумэну.




Сыхьэт 12.00-м дунейм адыгэу тетыр дакъикъэкIэ щыгъуащ, Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъу. Удз гъэгъахэр Псэ жыгым тралъ-

хьа нэужь, пэкIум къыщыпсэлъащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэ Аттаев Жэмал. Нэхъыжьым къыхигъэщащ Кавказ зауэм адыгэм хэщIыныгъэшхуэ зэрыхихар. «Уи гур мыузу укъеджэфыркъым а зэманым лъэпкъым илъэгъуа гузэвэгъуэр къыщаIуэтэжа тхыгъэхэм, укъагъаскIэ а илъэсхэм яуса уэрэдыжьхэр щызэхэпхкIэ. БлэкIам сыт щыгъуи уегъэIущ. Нобэ мы Iуэхум къыддыхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщхэри. Абы къигъэлъагъуэу къысщохъу лъэпкъхэр дызэрызэкъуэтыр. Сыхуейт адэкIи зы унагъуэм хуэдэу, ди гугъуехьри гуфIэгъуэри зэдэдгуэшу дызэдекIуэкIыну», – жиIащ Аттаевым.



– Адыгэхэр, балъкъэрхэр, урысхэр куэд щIауэ къызэдогъуэгурыкIуэ, зым адрейм пщIэ хуищIу. Ди япэ итахэм я фэеплъыр нэхъ лъапIэ дыдэ щыхъунур ди щIыналъэр едгъэфIакIуэу, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэмрэ абы щытхъумэу дызэдэпсэумэщ. Ди щхьэр яхудогъэщхъ Кавказ зауэм хэкIуэдахэм, – жиIащ республикэм и муниципальэ щIыналъэхэм я советым и зэгухьэныгъэм и унафэщI Маслов Николай.

Илъэси 101-кIэ екIуэкIа Кавказ зауэм Хэкум иса адыгэхэм я нэхъыбапIэр хэкIуэдащ. ЦIыху мин 500-м щIигъу къыщыхутащ Уэсмэн къэралыгъуэм. Тхыдэр тщымыгъупщэу, ди нобэмрэ пщэдеймрэ дытелажьэу, едгъэфIакIуэу дыпсэумэщ къэтпсэлъми тщIэми мыхьэнэ щаIэнур.

**БАГЪЭТЫР *Луизэ***

# ИСТАМБЫЛАКIУЭ

Ермоловым и зэман лъандэрэ хабзэ яхуэхъуауэ, урыс пащтыхьым и дзэпщхэр кавказ бгырысхэм я ужь къызэритар мафIэрэ джатэрэщ.

МафIэмрэ джатэмрэ къела бгырысхэр я хэкум ирамыхуауэ, Кавказыр я IэмыщIэ зэрырамыубыдэфынур щIэх дыдэ къагурыIуащ урыс дзэпщхэм. Кавказым и дзэпщ фельдмаршал Барятинский Александр 1861 гъэм пащтыхьым хуитхауэ щытащ «шэрджэсхэр бгым къихуауэ Псыжь Iуфэ IугъэтIысхьэн е Тыркум гъэIэпхъуэн зэрыхуейр». «Шэрджэс щIыналъэр нэщI хъумэщ зауэм кIэ щигъуэтынур», – итхыгъащ Барятинскэм. Ардыдэращ зыпылъар Псыжь ис урысыдзэм и Iэтащхьэ генерал Евдокимов Николаи: «Бгырысхэр Тыркум дгъэIэпхъуэным мыхьэнэшхуэ иIэщ. ИтIанэщ зауэр духауэ плъытэ щыхъунур». Тыркухэми лъэкI къагъэнакъым кавказ бгырысхэр хэкум ирагъэIэпхъукIынымкIэ: тIасхъэщIэх къыхаутIыпщхьэурэ, бгырысхэр Iэджэм щагъэгугъырт, я хэкур ямыбгынэмэ, «джаурхэм» я IэмыщIэ зэрихуэнум, езыхэри «джаур зэрыхъунум» щагъащтэрт.

Бгырысхэр я хэкум икIамэ, Урысейми Тыркуми я фейдэ хэлът. Барятинскэм зэритхыгъащи, «бгырысхэм къызэранэкI щIыналъэ дахэр Урысейм ей хъунут игъащIэкIэ, хы Iуфэри къыIэрыхьэнут». Тыркур шэрджэсхэм зэращыгугъыр зауэлIкIэт: ахэр къигъэсэбэпурэ, зэфIигъэувэжын мурад иIэт зи лъабжьэр тIасхъэ хъуа империер – Балканым къыщыщIэдзауэ хьэрып хэкухэм нэс. Тыркум бгырысхэм къахиутIыпщхьэ тIасхъэщIэххэм зэрагъэIумкIэ, тырку сулътIанымрэ урыс пащтыхьымрэ «зэгурыIуат Iэпхъуэн мурад зиIэм зыри пэрымыуэну, ар дэнэ къэна, къэралитIри гъуэгупщIэкIи кхъухькIи къадэIэпыкъуну». Бгырысхэм я нэхъыбапIэм я фIэщ хъуакъым апхуэдэ псалъэмакъхэр, залымыгъэкIэ  ирамыхулIатэмэ, я хэкур ябгынэн муради яIэтэкъым.

1860 гъэм Тыркум Iэпхъуауэ щытащ абазэ унагъуэ мин зыбжанэ, хьэжыщI ежьауэ жаIэри. Абыхэм ящыщ куэд щIегъуэжри, хэкум къагъэзэжын мурад щащIым, гъуэгур зэхуащIауэ щытащ; ахэр «езыхэм я жэрдэмкIэ» хэкум икIауэ ягъэIуами, къыкIэлъыкIуэ илъэсым, 1861 гъэм, «къэзакъхэм даIимауэ къеныкъуэкъу» абазэ миниплI зэщIакъуэри Уарп псыхъуэ ирахулIауэ щытащ, абыхэм я нэхъыбэр иужьыIуэкIэ Тыркум ягъэIэпхъуащ. А зэманым хэкур ирагъэбгынащ къэбэрдей минипщIым щIигъум.

Псыжь ис адыгэхэр (натхъуэджхэр, шапсыгъхэр, абазэхэхэр, н.) хэкум икIын хуейуэ нэхъ хагъэзыхь щыхъуар 1862 гъэрщ – а гъэм урыс пащтыхьыр арэзы техъуауэ щытащ Кавказым ис дзэпщхэмрэ къулыкъущIэхэмрэ абы и лъэныкъуэкIэ ящIа унафэм. Псом япэ зи ужь ихьар абазэхэхэмрэ шапсыгъхэмрэщ – а лъэпкъхэрат урысыдзэм нэхъ ткIийуэ пэщIэтыр. Кавказым и тет къулыкъур пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Орбелиани зэритхамкIэ, «дзэм зэрырахулIам къыхэкIкIэ, ахэр (шапсыгъхэмрэ абазэхэхэмрэ) кIуэ пэтми нэхъ тегушхуэ хъуащ Тыркум зэрыIэпхъуэным». Кавказ армэм и штаб нэхъыщхьэм и Iэтащхьэ генерал Карцовым къызэрилъытэмкIэ, «хэкум икI бгырысхэм дапэрымыуэмэ, зауэр 1864 гъэм и гъэмахуэм» увыIэнут.

Кавказым и тетым Истамбыл дэс урыс лIыкIуэм деж итхауэ щытащ тыркухэр а IуэхухэмкIэ пэрыуэгъу мыхъун щхьэкIэ хузэфIэкI къимыгъэнэн хуейуэ.

А IуэхумкIэ пэрыуэгъу хъун мурад иIэххэтэкъым Тыркум; урысхэм къапиубыдыр зыт: Тыркум Iэпхъуэ бгырысхэр здигъэтIысынумкIэ хуитыр езыращ, Урысейм едэIуэнукъым абыкIэ. А Iуэхум зэдауэ къыщIикIам щхьэусыгъуэ иIэт: Бгырысхэр къэрал гъунапкъэм къытрагъэтIысхьэн мурад яIэт тыркухэм, урыс дзэпщхэр зыхуейр бгырысхэр нэхъ жыжьэ Iуашынырт къэралитIым я гъунапкъэм къытрамыгъэтIысхьэу («хэкум икIами, дагъэтыншынукъым» жыхуаIэт).

Дапщэ Iэпхъуа Тыркум, дапщэ ирахуа я хэкум – абы и бжыгъэр зыми белджылыуэ ищIэркъым. Берже Адольф къызэрилъытэмкIэ, 1858 гъэм къыщыщIэдзауэ 1865 гъэ пщIондэ Тыркум ягъэIэпхъуащ бгырыс мин щиплIрэ плIыщIым нэс, ауэ а бжыгъэр уи фIэщ пщIыщэ хъунукъым. Япэрауэ, мухьэжырхэм я бжыгъэр тэмэму къыпхуэлъытэнкIэ Iэмал иIакъым, ар зи пщэ дэлъахэм ямыщIэу хэкум икIар мащIэкъым. ЕтIуанэрауэ, бгырысхэр хэкум исыху, урыс дзэпщхэм а бжыгъэм и пэжыпIэр зэрабзыщIам шэч хэлъкъым, абыхэм ираха лейр щIауфэн щхьэкIэ. Тотоев М. С. зэритхымкIэ, 1858-1864 гъэхэм хэкур ирагъэбгынащ бгырыс мин 700-750-м. Апхуэдэ бжыгъэ къагъэлъагъуэ Убичини А., Павэ де Куртейль сыми. Касумов Алий нэхъыбэж къегъэлъагъуэ, абы акъылэгъу дэхъупхъэуи къыщIэкIынщ: XIX лIэщIыгъуэм икухэм деж кIахэ адыгэхэм я бжыгъэр мелуаным щIигъуу щытащ, Кавказ зауэм и ужькIэ хэкум къинэжар мини 100 нэхърэ нэхъ мащIэщ, апхуэдэу щыщыткIэ, хэкур ирагъэбгынащ цIыху мин 900-м щIигъум.

КIахэ адыгэхэм я хэкур нэщI хъуа нэужь (минищэ нэхъыбэ къыщызэтенакъым Псыжь адрыщI), а насыпыншагъэр къалъэIэсащ къэбэрдейхэм, шэшэнхэм, дагъыстанхэм, осетинхэм, къэрэшейхэм, балъкъэрхэм.

1865 гъэм Тэрч иIэпхъукIауэ щытащ унагъуэ минитхум нэблагъэ; абыхэм я нэхъыбапIэр шэшэнрэ ингушрэт. Хэкур ирагъэбгынащ («езыхэр арэзыуэ») къэбэрдей куэдым – ар Кавказ зауэр увыIа нэужь! ИстамбылакIуэ узыр зылъэмыIэса лъэпкъ къинэжакъым Кавказ Ищхъэрэм. Убичини А., Павэ де Куртейль сымэ зэратхымкIэ, Кавказыр зрагъэбгына бгырысхэм я бжыгъэр 1866 гъэм мелуаным нэсауэ щытащ.

Апхуэдиз цIыхур хым зэпрышыгъуафIэтэкъым, дауи. Хы Iуфэм щызэтрихьауэ, цIыхур мазэ бжыгъэкIэ пэплъэн хуей хъурт кхъухьхэм, мин бжыгъэкIэ зэтелIэрт. «Хы Iуфэр хьэдэм исеящ, – итхыжащ ар зи нэгу щIэкIахэм ящыщ гуэрым. – Хьэдэм яхэсхэм я щхьэр къаIэтыфыркъым, лIар щIалъхьэжыфыркъым». Берже итхащ: «Шхын щхьэкIэ зэтолIэ хы Iуфэм щызэтрихьа насыпыншэхэр, уз зэрыцIалэм лъэрыщIыкI зэтрещIэ. Зы бзылъхугъэ щIалэ и хьэдэр игъащIэкIэ си нэгу щIэкIыжынкъым: пшахъуэ псыфым хэлъ хьэдэм зы сабий бгъурылъщ, щIыIэм иукIауэ; нэгъуэщI зы сабий, и псэр пыт къудейуэ, цIыхубзым и бгъэм щIэлъщ...». Апхуэдэ дыдэ ирихьэлIащ Дроздов И.: «Уи гур егъэуз гъуэгум щыплъагъум: сабийхэм, лIыжьфызыжьхэм я хьэдэр гъуэгум тезщ, хьэм зэхафыщIауэ; цIыху ныбаджэхэм я лъэр зэблахыф къудейщ, узым хигъэщIауэ гъуэгум теджалэр куэдщ; я псэр пыт щIыкIэ хьэр йожэ насыпыншэхэм... Я щхьэр я

лажьэщи, гъуэгум теджалэм зыри дэӀэпыкъужыфыркъым... Хы Іуфэм нэсахэми къащӀэлъыр нэхъ щӀагъуэкъым: кхъуафэхэм ирагуэри, хым трашэ, уз зыпкърыт ялъэгъуамэ, ягу щӀэгъуркъым: хым хадзэ я псэр пыт щӀыкӀэ... Анэдолэм и хы Іуфэр хьэдэхэм ясеящ, толъкъуным къридзылӀэурэ. Тырку кхъуафэхэмкӀэ хым техьа адыгэ насыпыншэхэм я зэхуэдитӀи нэсагъэнкъым адрей Іуфэм. Апхуэдэ тхьэмыщкӀагъэ цӀыху цӀыкӀум я нэгу щыщӀэкӀа къэхъуагъэнкъым.

Я гъави я Іэщи къызэранэкӀын хуей хъурт хы Іуфэм Іуахуэ бгырыс насыпыншэхэм, гъуэмылэ тӀэкӀу фӀэкӀа къыздащтэнӀауэ хуиттэкъым – апхуэдэ унафэ ящӀат «жэнэт унапӀэкӀэ» зыщыгугъ Тырку къэралым и лӀыщхьэхэм. Ямыдэххэр Іэщэ-фащэрт: къами, сэшхуи, фочи хы Іуфэм щащэн хуей хъуащ, ари пудыбзэу. Шырэ былымрэ здепхужьэн жыхуэпӀэр уигу къэбгъэкӀ хъуххэнутэкъым; а псор къызэранэкӀын хуей хъуащ, хэкур пӀэщӀэгъуэкӀэ щрагъэбгынэм».

Кхъухьхэмрэ кхъуафэхэмрэ ирагуэурэ хым траша нэужьи нэхъ мащӀэ хъуакъым бгырысхэм ятелъ хьэзабыр. «Тыркухэр апхуэдизкӀэ нэпсейт, гущӀэгъуншэти, цӀыху тхущӀ-хыщӀ фӀэкӀа зэрымыхуэ кхъуафэхэм цӀыху щищ-щиплӀ щрагуэ къэхъурт, нэхъыбэ къыщӀахын щхьэкӀэ, – итхыгъащ Кавказ зауэм и иужьрей илъэсым адыгэхэм яхэта франджы журналист Фонвилль А. – Шэрджэсхэм здрахьэжьэну зыхуитыр хугу ІэбжьыбитӀ-щырэ псы фэнд зыбжанэрэт. Хым тхьэмахуэкӀэ щытет щыӀэт, гъуэмылэу афӀэкӀа щамыӀыгъкӀэ, насыпыншэхэм я фэм дэкӀар нэгум къыщӀэгъэхьэгъуейкъым. Хыр къэукъубеймэ, кхъуафэм псыр къиуэрти, къаруушнэ зэтехъуа тхьэмыщкӀэхэр ирилъэсыкӀырт. Адыгэхэр зрагуа кхъуафэ куэд щӀилъэфащ хым; хым тетыху лӀэр куэдыкӀейти, кхъухьхэм итӀысхьам я зэхуэдитӀырт Трапезунд нэсыр».

Езы Фонвилль хым зэрызэпрыкӀыжа кхъухьым ирагуа шэрджэс 600-м щыщу Тыркум нэсар цӀыху 370-рэщ, адрейхэм я хьэдэхэр хым хадзащ. Новороссийск щежьа «Нусред-Бахры» кхъухьыр борэным хиубыдэри, нэпкъым щридзылӀэм, абы иса цӀыху 470-м щыщу 300-р хым хэкӀуэдауэ щытащ.

Зауэмрэ хымрэ къела бгырысхэм я Іуэхур зыкӀи нэхъ щӀагъуэ хъуакъым Тыркум нэса нэужьи. 1863 гъэми абы и пэкӀи хым зэпрыкӀар нэхъ хуэкъулейхэрат, куэд дыди хъуртэкъыми, я пӀэ нэхъ изэгъауэ жыпӀэ хъунущ, адэ-мыдэкӀэ хагуашэри. 1864-1865 гъэхэм хэкум зэрихар минищэ зыбжанэ (нэхъыбэр щыхьэт зэрытехъуэмкӀэ, мелуаным нэс!) хъурт. Апхуэдизым тыркухэр, дауи, пэплъатэкъым. Абы щыгъуэ Тыркум щитӀысыкӀар зауэм къулейсыз хэхъухьа, мылъку къызыхуэмынэжа бгырыс тхьэмыщкӀэхэрт. Апхуэдиз цӀыху щыӀэпхъуэм, тырку къулыкъущӀэхэр гужьеящ, къэралым и щӀыб къахуигъазэри, бгырыс екӀуэлӀапӀэншэхэр хы Іуфэм къыӀунащ, губгъуэ нэщӀым къинащ, зыхыхьахэри къащымэхъашэ хъуащ, «уз къытхахьэнурэ дыкъацӀэлэнущ» жари.

Кавказым икӀа хьэжрэтхэм я нэхъыбэр Трапезунд, Истамбыл, Самсун деж щетӀысэхащ, Балкан лъэныкъуэмкӀи куэдым ирагъэунэтӀащ. Тырку унафэщӀхэр егупсысащ, дауи: апхуэдиз цӀыхур зы щӀыпӀэ деж щызэтрихьи щыбгъэтӀыси хъунукъым, къэрал псом хэгуэшэн хуейщ, арыншамэ, пхузэтеӀыгъэнукъым, уи ІэмыщӀэ пхуиубыдэнукъым. Ар

я щхьэусыгъуэу, Кавказ бгырысхэр зэкIэщIачри, империе псом хагуэшащ, нэхъ жыIэдаIуэ, IумпIафIэ ящIын щхьэкIэ. Тырку пащтыхьыгъуэр лъэлъэжа нэужь, бгырысхэм ящыщ куэд нэгъуэщI къэралхэм (Сирием, Иорданием, Иракым, Балкан къэралхэм, н.) Iэпхъуащ.

«Бгырысхэр зыпагъэплъа «жэнэтыр» ирагъуэтакъым Тыркум. ЯщIэу пIэрэ абыхэм (кавказ бгырысхэм) я щхьэр здахьыр? – итхыгъащ Къаныкъуэ Инал. – Хьэуэ, ящIэркъым. ЯщIэр ИстамбылкIэ зэджэ щIыналъэ гуэр дунейм зэрытетырщ... Абы зэрохь бгырысхэр, шэч къытрахьэркъым насыпрэ фIыгъуэрэ къазэрыщыпэплъэм – Iэджэм ирагъэдаIуэ бгырыс гу пцIанэхэр, езыхэми я фIэщ мэхъу. АрщхьэкIэ... Сыт хуэдиз насыпыншагъэм Iууа ахэр! КъызэрагъэпцIар я нэкIэ ялъагъужа нэужьщ абыхэм зыкъыщащIэжар; иджыщ къащыгурыIуар кIуэдыпэ зэрырашар. КIуэдыпIэ изышахэр дэнэ кърахыжын: я гыбзэр тракъутэн фIэкIа, нэгъуэщI къахуэнэжыркъым». (Къаныкъуэ Инал осетин тхакIуэщ, ари ягъэщхьэрыуэри Тыркум Iэпхъуауэ щытащ. Хэкум къигъэзэжын хузэфIэкIащ иужькIэ).

НэгъуэщI куэди щыхьэт тохъуэ, Тыркум нэса нэужь, бгырысхэр зыхэхуа хьэзабымрэ тхьэмыщкIагъэмрэ гъуни нэзи зэрамыIам: Трапезунд дэса урыс консул Мошнин А. Н. итхыгъащ: «Жьыр щызэприху шэтыр гъуанэпщIанэхэм щIакIутэ хым къызэпрыкI адыгэхэр, ятIэм лъакъуащхьэкIэ хэтщ. Аращ щIызэтелIэр: махуэм цIыху 40-60 малIэ, хуабэ узыр етащи, цIыхур лъэрыщIыкI зэтрещIэ. Узыр гъатхэм нэхъри етэнущ, лIар зэрыхуэфащэкIэ щIалъхьэфыркъыми». Мошнин зэритхымкIэ, Трапезунд деж 1864 гъэм и гъатхэм щызэтрихьауэ щытащ адыгэ мин 40, абы и зэхуэдитIыр узым ихьащ, щIыIэм иукIащ.

Бгырысхэм я Iуэхур щынэхъ щIагъуэтэкъым Синоп, Самсун, Варнэ къалэхэм я Iэшэлъашэми. Франджы дохутыр Бароцци 1864 гъэм и накъыгъэ мазэм яхыхьауэ щытащ Самсун деж щитIысыкIа бгырысхэм. «Махуих и пэкIэ сыщыIащ Самсун, – итхыжащ абы. – Си нэгу щIэкIар IуэтэжыгъуафIэкъым. Лъэбакъуэ пчыху, уарохьэлIэ зи псэр зыфIэмыIэфIыж цIыху сымаджэхэм, хьэдэхэр уэрамхэм дэзщ, гъуэгу Iуфэхэм щызэтелъщ... Узым зэщIицIэлауэ, жыг щIагъхэм, шэтыр зэхэчэтхъахэм щIэсщ бгырысхэр. ЦIыху мин 40-50 хуэдиз къыщитIысыкIащ абдежым, я нэхъыбэр е сымаджэщ, е ныкъуэлIэщ; сабий тхьэмыщкIэхэр ныбаджэщи, щызэщIэгъуагэкIэ, уи гур ягъэуз... Варнэ нэхъыбэж щызэтрихьащ – мин 70-80. Абыхэм я нэхъыбапIэр узым, мэжэщIалIагъэм, щIыIэм зэрахьынум шэч хэлъкъым».

Урыс консулым генерал Карцовым хъыбар къызэрыригъэщIамкIэ, Трапезундрэ Самсунрэ я закъуэ щитIысыкIауэ щытащ бгырыс мин 350-рэ; мин 19 щылIащ Трапезунд деж. «Махуэм цIыху 200 малIэ», – итхыгъащ консулым.

Профессор Смирнов Н. А. зэритхымкIэ, хэкур зрагъэбгына бгырысхэм я процент 50-р е гъуэгум телIыхьащ, е хы Iуфэм щызэтелIащ; псэууэ къэнам я процент 15-м нэхърэ мынэхъ мащIэр (цIыхубз щIалэрэ сабийуэ) гъэр хъуауэ щытащ, тыркухэм ящэхуурэ.

**ДЗИДЗАРИЕ Георгий**
*1982*

# ХЭКУМ КЪАФIИНАХЭР

Куэдым къалъытэ Кавказ зауэр 1864 гъэм майм и 21-м иухауэ. Ауэ дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкIэ, щхьэхуитыныгъэм щIэзэуа адыгэхэм яхэтащ я щIыгу къихьахэм зэман кIыхьым къриубыдэу еныкъуэкъуа, уеблэмэ, XIX лIэщIыгъуэм и кIэхэм нэсыху, Урысей къэралыгъуэжьым щыщу зыкъэзымылъыта, унагъуэ-унагъуэкIэрэ бгыхэм зыдэзыгуэша. Зи гугъу тщIыр хьэкIувхэрщ (кIахэ адыгэхэм «хьэкIуцу», урысхэм «хакучи» хужаIэрт). Ахэр шапсыгъхэм халъытэрт, зэрыпсалъэу щытари абыхэм я бзэрщ, тIэкIу зэхъуэкIа хуэдэу къыпщыхьункIэ хъунуми.

1864 гъэм Кавказ зауэр и кIэм нэблэгъауэ къалъытами, урысыдзэр иджыри 1865 илъэсым и гъатхэ, бжьыхьэ лъэхъэнэхэми, абы къыкIэлъыкIуа 1867 гъэм хиубыда мазэ бжыгъэхэми, зи щхьэхуитыныгъэм къахутемыкI, хы ФIыцIэ IуфэмкIэ укъыщеплъмэ, Шахэрэ Ашэрэ я зэхуаку дэлъ мэз гуэрэн Iувыжьхэм къафIыщIэна адыгэхэм теуэ зыбжанэ иращIылIауэ щытащ. Къэдгъэлъагъуэмэ, ПсыфIыпс (Псезуапсе) и псыхъуащхьэхэм, ХьэкIувыпс (ХьэкIуцыпс, Хакучипсе), Хьэджыкъуэ (Ходжоко, Хаджико), Тэчей (Татай), Кхъуэпс (Копсе), Енэбэплъ (тхьэрыкъуэф теплъэ иIэу а щIыпIэм къыщыкI къэкIыгъэ плъыжьым зэреджэ «енэб» псалъэм къытехъукIащ) псы бгъунжхэм къагъэщIа къуэладжэ дыхьэнейхэмрэ абыхэм я щхьэжкIэ узыщрихьэлIэ щIыпIэ дэгу пхыплъыгъуейхэмрэ зэпэщIэувэныгъэ гуащIэхэр щекIуэкIащ.





Адыгэ-абазэ-убых лъэпкъ зэрыбыным я нэхъыбапIэм лъапсэрыхыр къащыхуэкIуэм, алъандэрэ нэхъ лъэныкъуэ егъэзарэ хэгъэгу щхьэхуэу псэуа хьэкIувхэми гузэвэгъуэ иныр къакIэщIэзэрыхьащ икIи 1864-1866 илъэс зытIущым къриубыдэу, абыхэм ящыщ куэдыр зэрыса щIыналъэм ирашащ. АрщхьэкIэ, нэхъ ерыщ дыдэхэм, зыщагъэбыдар зэрыщIэпщытыкIыгъуейм къыхэкIкIэ, яхузэфIэкIащ пащтыхьыдзэхэм кърашIылIа теуэхэм зрамыгъэхьу, фIыщэу ялъагъу я хэкум къафIинэн. Тыркум ягъэIэпхъуэным и мызакъуэу, абыхэм ядакъым урысхэм къыхуагъэлъагъуэу жаIа Псыжьрэ Лабэрэ я псыпцIалъэ Iуфэхэми IутIысхьэн.

Апхуэдэу щыхъум, зэрыпхъуакIуэхэм, нэгъуэщI зыри къахуэмынэжу къалъытэри, я дзэ пакIэу зэхашахэмкIэ хэкупсэ жыIэмыдаIуэхэм аргуэрыжьу ятеуащ. Абы щыгъуэми пащтыхьыдзэм къигъэсэбэпар Iэмалыжьу зэсагъэжьхэрщ: къуажэхэр игъэсэхэжыныр, гъавэ хьэсэхэр зэхэутэныр, ерыскъы гъэтIылъыгъэхэр зэтегъэсхьэныр, нэгъуэщIхэри.

1864 гъэм августым и 18-м, къытезыгъэзэж теуэхэм я зэхэублакIуэ генерал-майор Гейман Кубань областыр зи хэщIапIэу къэзылъытэжа пащтыхьыдзэхэм я Iэтащхьэм мыпхуэдэу хуитхауэ щытащ: «ХьэкIувхэр зэи лъэпкъ щхьэхуэу щытакъым. Абазэхэхэм, шапсыгъхэм къащынэмыщIа, абыхэм куэду яхэтщ бгыхэм зи щхьэ изыхьэжа ди къэзакъхэмрэ сэлэтхэмрэ. Лъэпкъ зэщымыщу зэхэухуэна хьэкIувхэм зыщагъэбыдащ ПсыфIыпс хэлъадэ псыежэххэр къыщежьэ жьанэхэм, абыхэм я лъабжьэкIэ щыIэ джабэщI задэхэм пхыгъэмба бгъуэнщIагъхэм, мэзхэм щIауфэжа къуэнэфхэм, къуацэ-чыцэхэм къахэмыщ мывэ духэм».

Тхыдэр ипэжыпIэкIэ щыхьэт зытехъуэр араци, щхьэхуитыныгъэр фIыщэу зылъагъу бгырыс хъыжьэхэм а лъэхъэнэм «яхузэфIэкIащ» зыми щымыгугъ икIи пымыщIа, я щхьэ хущытыж гъащIэ щхьэхуэ мэз абрагъуэхэмрэ къурш дурэшхэмрэ щаухуэну. Ар хуэбгъадэ хъунущ «цIыху цIыкIур» здынэмыплъыс бгыщхьэ аранэхэм къуршыбгъэхэм абгъуэ зэрыщаухуэм.

Къыпагъэзурэ, бгым кърахухыу Тыркум ираша я лъахэгъухэм я пIэкIэ, куэд дыди дамыгъэкIыу, хьэкIувхэм къахыхьащ адрей адыгэ-абазэ-убых лIакъуэхэм къахэкIа, щалъхуа щIыналъэм икIыну хуэмей хэкупсэхэр.

ЯпэщIыкIэ, бысымхэр «хьэщIэхэм» тIэкIуи яхуэщтэIэщтаблэрэ дзыхьи хуамыщIыщэу щытами, Iэмалыншагъэм зэришэлIахэр, пIалъэ кIэщIым къриубыдэу, зы IэмыщIэ-Iэрамэу зэрыубыдыжащ. Къахыхьахэм ящыщу, иныкъуэр хьэкIувхэм яхэзэрыхьыжащ, мыдрейхэм а щIыпIэм къегъэщIылIа Ашэ, Шахэ и псыхъуащхьэхэм щыпэрыхьэт къинэмыщI къуэнэф-къуэдэгухэм зыдагуэшащ.

ИкIи, Кавказ зауэр иухауэ щагъэIуа 1864 гъэм и май мазэми иужь ита илъэсхэми, апхуэдэ щIыкIэм тету зэхэджэжа хъуат хэкупсэ нэсхэм я лъахэу къалъытэ хьэкIув хэгъэгу цIыкIум щызэрихьэлIэжахэр. Арати, бгырыс щхьэхуитхэм, Кавказыр Ищхъэрэрэ Ипщэу «зыгуэш» къурш тхыцIэ екIуэкIым къыщыщIэдзауэ, хы ФIыцIэмкIэ езыгъэзых псыкъуэпсхэр зыдэт къуэладжэ дыхьэнейхэм жылагъуэ щхьэхуит къыщызэрагъэпэщыжащ. Абы и курыхыр ХьэкIувыпс ПсыфIыпс щыхэхуэжырат.



3 Заказ №120

ЯпэщIыкIэ, генерал-майор Гейман хьэкIувхэм фIырыфIкIэ ягурыIуэну и гугъащ. Абы къыхэкIыуи, бгым зыщызыгъэбыдахэм убыххэмрэ шапсыгъхэмрэ ящыщу пщIэшхуэ зыхуащI тхьэмадэ зыбжанэ яхуиIуэхуащ. АрщхьэкIэ, зи щхьэ хущытыж хьэкIувхэр урысхэм къыхуагъэкIуа лIыкIуэхэм я жыIэ едэIуакъым икIи еувэлIакъым. Апхуэдэу щыхъум, зэрытIысхьа абгъуэм кърашын папщIэ, пащтыхь дзэзешэхэм абыхэм ираутIыпщащ кIуэрыкIуэм тету гъуэгу бгъузэ кусэхэр мэзхэм пхызыупщIыкI, бгылъэ-мэзылъэхэм лъэныкъуищкIэ къакIуэцIрыкI дзэ пакIэхэр.

Езы урысхэми зэрыжаIауэ, дапхуэдизу ахэр а гъуэгуанэм гугъу щемыхьами, бгырысхэр гуащIэу къапэувами, «хьэщхьэрыIуэ» теуэм хэтахэм яхузэфIэкIащ къудамищу бгым драшея дзэхэр щхьэхуитыныгъэм щIэзэу хьэкIувхэм я абгъуэм ирашэн.

АрщхьэкIэ, телъыджэр аращи, абыи къигъэсабыракъым хэкупсэ нэсхэр. Ахэр зэбгрыкIри, мэз Iувыжьхэм хэкIуэсэжащ. ЯкIэлъыпхъэрыну темыгушхуа пащтыхь зауэлIхэр къикIуэтыжри, щIыпIэ ягъэнэхуахэм деж къэрэгъул щхьэхуэхэр щагъэуващ. ИкIи абыхэм зауэ Iуэхухэр, къыкIэлъыкIуэ мазищым къриубыдэу, пIалъэкIэ ягъэбэяуащ.

АрщхьэкIэ, жэпуэгъуэр къызэрихьэу, генерал-майор Гейман и къыкIэлъыкIуэ теуэр иублащ. Аргуэрыжьти, гъуэгу мыгъуэ техьэжа урысхэм хьэкIувхэм тIысыпIэ ящIыжа къуажэ цIыкIу зыбжанэр ирагъэсэхэжащ, зэрахабзэуи, я ерыскъы гъэтIылъыгъэхэр Iисраф зэтращIащ. Ауэ, нэхъ гъэщIэгъуэныжыр аращи, апхуэдиз хьэкIэкхъуэкIагъэ къытрагъэзэжурэ зыкIэлъызэрахьа хьэкIувхэм затын Iуэху итIани зэрахуакъым. Абы ипIэкIэ, абыхэм бийм и топышэхэр къащылъэмыIэсыну къалъытэ къуэнэф нэхъ дэгужхэм зыщагъэпщкIуащ.

«Лъэхъэнэ кIыхь къызэщIэзыубыда Кавказ зауэжьым сызыщрихьэлIа зэрызехьэ псоми мы иужьрей зекIуэм нэхъ хьэлъэрэ мыхьэнэ гуэри зимыIэрэ  яхэтауэ къысхуэщIэжыркъым, – зыщиумысыжащ и тхыгъэхэм ящыщ зым Гейман. – Сэ шэч лъэпкъ къытесхьэркъым, кавказыщIыр къэзэуным хуэгъэзауэ урысыдзэр нэхъ гугъу дыдэ езыгъэхьа Iуэхухэм ящыщу хьэкIувхэм ядедгъэкIуэкIа теуэхэр ди тхыдэм къызэрыхэнэнум!»...

# Лъапсэмрэ псэмрэ

Кубань областым и унафэщIхэм къащыхъурт, генерал Гейман гъэмахуэми бжьыхьэми иригъэкIуэкIа хьэщхьэрыIуэ теуэхэм иужькIэ, шэрджэсхэм ящыщу бгым къина тIэкIури, 1864-1865 гъэхэм я зэхуаку дэт щIымахуэм къуэладжэ цIынэжьхэм щIыIэм къыдихуну, армырмэ ахэр мэжэщIалIагъэм ирищIыкIыну. Ауэ къызэрыщIидзар нэгъуэщIущ...

Абыи нэгъуэщIхэми щытетхыхьыжащ Васильев Евгений «ХьэкIувхэм я щIыналъэм иращIэкIа теуэ» («Экспедиция в землю Хакучей») зыфIища и тхыгъэм. Ар 1872 гъэм къыдэкIа «Военный сборник» журналым къытехуауэ щытащ. Дэ къызэрытлъытэмкIэ, дэфтэр хъужа а тхыгъэ закъуэм фIэкIа  Кавказ зауэжьым теухуауэ нэгъуэщI зыми щыгъуазэ зыхуэдмыщIими къыдгурыIуэнущ, «зэрыса щIыналъэр ябгынэри, кIахэ адыгэхэр езыхэм яфIэфIу Тыркум икIыжащ, къэна

мащIэри Псыжь и Iуфэ IуагъэтIысхьащ» псалъэ къызэрыгуэкIхэр, ахэр хэт къыбгъэдэмыкIами, шыпсэ зэфэзэщу зэрыщытыр.

«ХьэкIувхэм я щIыналъэм иращIэкIа теуэ» тхыгъэм дэ щыгъуазэ дыхуещI зауэр щиухауэ къалъытэ 1864 гъэм и ужькIи, зи щхьэхуитыныгъэм щIэзэуа хьэкIувхэм нэгъуэщI лIакъуэхэм къахэкIахэри зэрахэтар. Къэдгъэлъагъуэмэ, адыгэ лIакъуэхэм ящыщу щалъхуа щIыналъэр зыбгынэну хуэмейхэмрэ зэман зэхуэмыдэхэм къриубыдэу пащтыхьыдзэм къыхэкIуэсыкIыжа урысхэмрэ хьэкIувхэм куэду къахыхьат.



Куэдым зыхуагъэныкъуами, хуитыныгъэм пащIын зимыIэ хэкупсэхэм щIымахуэ уэтIпсытIыр бгылъэ щIыпIэхэм щрахащ. Гу лъытапхъэщ ахэр зи къару илъыгъуэ цIыхухъу защIэу зэрыщымытам, атIэ, зэрыжаIэу, я ини цIыкIуи, жьыи щIэи, зэрыунагъуэурэ мэзхэм зэрызэдыщIэсам. ЩIэблэмрэ зи ныбжь нэхъ хэкIуэтахэмрэ зыхуей хуэгъэзэн зэрыхуеййм иригузавэ пэтми, здыдахуа къуэладжэхэм къыдэплъ ямыIэу щIымахуэ псом дагъэса хэкупсэхэм я фэ дэкIар зыхуэдэр къэIуэтэгъуейщ.

Бжьыхьэ кIуам зи гъавэр Iисраф зэтращIа, зи гъэтIылъыгъэхэр ирагъэсхэжа, асыхьэтым япщэфIа шхын хуабэ тIэкIу нэгъунэ я жьэ хуахьыну хунамыгъэсу бгы пхъуантэхэм дахуэжа, мэз щIыIалъэпсыIалъэхэм щIахуэжа хьэкIувхэм а мазэ зыщыплIым къриубыдэу я джий ехар сыт жыпIэмэ, абы и жэуапми дэфтэрхэм уащрохьэлIэ. «ЩтапIэ ихьэжа бгырысхэм, нэгъуэщI хэкIыпIэ щамыгъуэтыжым, къэкIыгъэ лъабжьэхэмрэ жыглыц зэгъхэмрэ яшхыу щIадзащ». Дауи, дэ дызэреплъымкIэ, нэгъуэщI-къинэмыщI мылIэIус хуэдэхэм къадэкIуэу, абыхэм мэзхэм щэхуу къыщацэкIуа гуэрхэри зыIуагъэхуагъэнущ.

Адыгэм къращIам теухуауэ дэфтэрхэм дызыщрихьэлIэжхэр гум темыгъэхуэгъуафIэми, нэхъыбэу дгъэщIагъуэр аракъым. АтIэ, дунейр къызэригъэщIрэ я IэмыщIэм имылъа щIыгур къэзызэуа пащтыхьыдзэм зэхащIыхьа псом тхыдэтххэм кIэлъатхыжахэрщ. КъызэрымыкIуэ лIыгъэ къагъэлъагъуэу, гъэм и зэман нэхъ гугъу дыдэм пхыпсэукIыфа

бгырысхэм, «хъункъэ иджы ар!» жраІэу, гущІэгъуи гулъыти хуащІыжыным и пІэкІэ, ауан хэлъу мы сатырхэмкІэ зэрагъэкъуаншэрщ: «Гъатхэр къызэрихьэу хьэкІувхэр къызэрехьэжьэри, зэтедгъэсхьауэ щыта къуажэхэм жылапхъэ-Іусыпхъэ хуэдэхэр къыщаулъэпхъэщащ. Жылэу къаугъуея тІэкІур я щІыгу нэщІхэм трасэри, хы Іуфэм къедгъэтІысэкІа станицэхэми къедыгъуэн щІадзащ».

Зэрагъэмысэм дызригъэгупсысар мыращ: «мыдэ шэрджэсхэм дахъунщІэрт» жаІэ, бгым дахуэжа цІыхухэм нэгъуэщІ хэкІыпІэ къыхуагъэнэжа хуэдэ?! Апхуэдэу къащІэнакІэ езыхэм сыту пІэрэт ящІэнур, хьэкІувхэр зрагъэувa щытыкІэм хуэдэ ахэр иту, яшх щІагъуи щымыІэу, мэжэщІалІагъэм зэрихуэ сабийхэмрэ жьы хъуа цІыхухэмрэ я гъусэу, бгы пхъуантэхэм дахуэжауэ щытыгъамэ?! Унагъуэхьэ нэгъунэ умыгъашхэу куэд дэбгъэкІмэ, ныбаджагъэм щІехуэри, щакІуэхьэм нэхърэ нэхъ Іейуэ Іэгъуэблагъэр къызэхежыхь. КъимыдэкІэ, урысхэр хьэкІувхэм едыгъуа къудейкъым, атІэ я гъавэр зэтрагъасхьэри, я лъапсэми псы ирагъэжыхьыжащ, зэхэзехуэн ящІри, я щхьэри щІрагъэхьащ.

Урыс пащтыхьым кІэ имыІэу щІыналъэхэр къыхуэзызэу зэрыпхъуакІуэхэм къалъытагъэнщ бгым ныбаджэ дэхъухьа цІыхухэр мыпхуэдэу егупсысын хуеяуэ: «ДымэжэлІэщами, къыдэмыупщІыххэу ди хэкум къитІысхьахэм дедыгъуэжынкІэ Іэмал зимыІэщ, къытщІагъэкІуэнукъым» жаІэу. АрщхьэкІэ, зэрыгурыІуэгъуэщи, бгырысхэр зрагъэува щытыкІэм хуэдэ уиту, апхуэдэ егупсысыкІэм ухуэкІуэфынутэкъым.

Ауэ щыхъукІи, Іуэхур абы нэзыгъэса езы урысхэри сыт щІемыгупсысар: «Мыхэр бгы цІынэжьхэм гугъу дыдэ щедгъэхьащи, дяпэкІэ къыдэмызэуэжмэ, къытлъэмыІэсыж закъуэмэ, я гугъу афІэкІа тщІыжынкъым, дапхуэдэу щытми, псэ яІутщ, дагурыІуэнщи, фІыщэу ялъагъу я хэкужьым къиднэжынщ, гущІэгъуншэ дыдэу дазэрыхущымытар щІэблэу къэунэхунухэми зыхащІэнщ», – жаІэу. Я щхьэ мыгъуагъэ хуахьыжыным нагъэса шэрджэсхэм зыхуагъазэ хъунутэкъэ: «Къэна тІэкІур бгым фикъытхуимыкІми, фиш дяпэкІэ къыфІурыттхъыжынкъым, фикъыдэмызауэ, фикъыдэмыдыгъуэ закъуэ», – жраІэу. Сыту пІэрэ атІэ зэрыпхъуакІуэхэм апхуэдэу щІамыщІар? Абы и жэуапри нэрылъагъуу ди гугъэщ: а лъэхъэнэм ахэр зыхуеяр адыгэ имысыжу адыгэщІыр къэгъэнэнырт.

«Абы къыхэкІкІэ, дэ, урысхэр, хьэкІувхэм аргуэру датеуэн хуей хъуащ, – щитхыжащ зытепсэлъыхь Іуэхухэр зи нэгу щІэкІа Орехов Иван 1870 гъэм дунейм къытригъэхьа «КъухьэпІэ Кавказым ищхъэрэкІэ гъэза и бгы нэкІухэмкІэ» и тхыгъэм. – Дэ, Гуэгуэпс къыщыщІэж мывэ жьанэхэм дынэблэгъащ (зи гугъу ищІыр Кавказ тхыщІэм ищхъэрэкІэ къыщыщІэж Пщыхьэ псышхуэм сэмэгумкІэ къыщыхэлъадэ псыежэххэм ящыщ зыщ). Шытх нэхъыщхьэм узэрытеувэу, уи нэгу къыщІоувэ, Гуэгуэпс Пщыхьэ щыхэхуэжым деж къыщылъ щІыналъэмрэ зи гупэр хы ФІыцІэм хуэгъэза джабэху лъабжьэхэм къыщыщІэж ХьэкІувыпсрэ (ПсыфІыпс холъэдэж) Ашэрэ я псыщхьэхэр а щІыпІэм гъунэгъу зэрыщызэхуэхъури, ахэр тынш дыдэу зэлъэзыгъэІэс-зэлъэзыщІыс лъагъуэ щэху цІыкІухэр адэкІэ-мыдэкІэ къызэрыщыунэхухэри. Къэзыухъуреихь Іэгъуэблагъэм ерагъыу пхыплъагъукІ а щэхурыкІуэ гъуэгу цІыкІухэр къагъэсэбэпурэ, зи зэгуэзыпІэр тенджызым хуэгъэза къуэладжэхэм

зыдэзыгъэпщкIухьа бгырысхэр шытхышхуэм къытфIыщхьэдэхырти, Псыжь хуэплъэ мэзышхуэхэм я лъапэм щидгъэтIысыкIагъащIэ урыс къуажэхэм къатеуэрт».

Апхуэдэ «хьэгъэщагъэ» къакIэлъызезыхьэ шэрджэсхэм «зыкърагъэщIэжу» ахэр бгы гъуанэхэм кърахун папщIэ, 1865 гъэм и март мазэм урысхэм аргуэру дзэ гуп зэхашащ. Абыхэм я унафэщIу ягъэуващ Ставрополь лъэсырыкIуэ полкым и дзэзешэ полковник Кузьминскэр. ХьэкIувхэм къыкIэлъыкIуэ теуэ езыщIылIэн хуейхэм хагъэхьащ Ставрополь, Кубань лъэсырыкIуэ полкхэм я фочауэ ротэу плIырыплI, 19-нэ фочауэ батальоным и ротэу 2, къэзакъхэм я 7-нэ лъэсырыкIуэ батальоным къыхаша «ныбэрыпщ» (пластуны) гупыр, гъунапкъэхъумэ къэзакъхэм ящыщу цIыхуи 100.



Теуэр здекIуэкIым наIуэ къэхъуащ, урысхэм «закъезымыт» шэрджэсхэм я бжыгъэр унагъуэ мин зытIущым зэрынэблагъэр. Абыхэм зыщагъэбыдар Ашэрэ ПсыфIыпсрэ я тIуащIащхьэхэм къегъэщIылIа щIыпIэ дэгухэрат.

1865 гъэм апрелым и кIэхэм полковник Кузьминскэм и дзэр Нэужьий Ин, Нэужьий ЦIыкIу къуэладжэхэм дэзэрыгуащ. Езы зэрыпхъуакIуэхэр щыхьэт зэрытехъуэжамкIэ, Ашэ и ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ щыIэ тIуащIэ зэщыкъузахэм урысыдзэр абы ипэ зэи дыхьатэкъым.

ХьэщхьэрыIуэ теуэр зэхэзыублэжахэм а Iэхэлъахэм къызэрыщаущыхьа махуи 8-м къриубыдэу къуажэ цIыкIу зыбжанэ зэтрагъэсхьащ, абыхэм дэса цIыхухэм ящыщу 147-р гъэр ящIащ, Iэщрэ мэлу куэд дыдэ зыIэщIагъэхьащ. Ар зигу темыхуэу къапэщIэува шэрджэсхэм хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтащ: хэти яукIащ, хэти уIэгъэ хъуащ. ИтIани,

апхуэдиз гукъутэгъуэ зэрырагъэлъэгъуауэ, мэз дэгужьхэр зи хэщIапIэ хэкупсэхэр урысхэм я жыIэ къеувэлIатэкъым.

«Апхуэдэу щыхъум, – итщ Васильев Евгений и «ХьэкIувхэм иращIэкIа теуэ» тхыгъэм, – полковник Кузьминскэм езым дзыхь къыхуащIа дзэ пакIэмрэ нэгъуэщI псынщIэрыкIуэ гуп цIыкIухэмкIэ нэхъ пхъашэжу щIищыкIын щIидзащ зыкъэзытыну хуэмей бгырыс-хэм я щIыналъэр». Абы щхьэкIэ урысхэм къагъэсэбэпари Iэмалу зэса-гъэжьхэрщ: гъавэхэр зэтегъэсхьэнымрэ къуажэхэр игъэсэхэжынымрэщ.

ЗэпэщIэувэныгъэ гуащIэхэр щекIуэкIар езы хьэкIувхэр зэрыса щIыпIэм и закъуэкъым, атIэ лъэныкъуитIымкIэ абы и Iэгъуэблагъэхэри мафIэ лыгъейм зэщIрагъэщтауэ щытащ.

Кавказ зауэжьыр иухауэ щагъэIуа 1864 гъэм иужькIи, шапсыгъхэм ящыщу Ашэрэ ПсыфIыпсрэ я тIуащIэхэм къыдэнауэ щыта Нэужьий, Бэчыщей, Зэхэлъашэ лIакъуэхэри, зи гугъу тщIы мы лъапсэрых теуэ-хэм я Iэужьу, Тыркум икIыжыну арэзы зэрыхъуамкIэ урысхэм хъыбар ирагъэщIащ. А Iуэхур абыхэм 1865 гъэм и август мазэм ягъэзэщIащ.

А псом яужьыжкIи, пащтыхьыдзэу къебгъэрыкIуэхэм я жыIэ емыувалIэу лъэпкъ хуэдэу къэплъытэну къызэтенар ХьэкIувыпс, Хьэджыкъуэ, Тэтей, Кхъуэпс, Енэбэплъ псыхъуэ кIэщI цIыкIухэр зи хэщIапIэ езы хьэкIувхэм я закъуэт.

Бжьыхьэр къэмысауэ абыхэм я щIыналъэм уихьэ хъунутэкъым. Абы къищынэмыщIауэ, полковник Кузьминскэм и дзэм хэта сэлэтхэм фащэрэ щыIутелъу ящыгъахэри мазищым и кIуэцIым ящылэжьыкIат, езыхэри гугъуехь мыухыжхэм иригъэзэшат. А щхьэусыгъуэхэм къахэкIкIэ, 1865 гъэм и гъатхэпэм урысхэм зэхашауэ щыта дзэр июным и 31-м зэбграутIыпщыкIыжат.

Щхьэхуитыныгъэм пэхъун щымыIэу къэзылъытэ хьэкIувхэм бжьыхьэ зыхуэкIуэм аргуэрыжьу ягъэвын хуейуэ къапэщылът зи гущIэгъуншагъэкIэ адрейхэм зыкIи къакIэрымыху къыкIэлъыкIуэ те-уэр.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн**

*ТхакIуэ Акъсырэ Залымхъан къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу*

# ЛЪЭПКЪ ДРАМАТУРГИЕМ И КЛАССИК



Дуней псом щыцIэрыIуэ урыс драматург Островский А. Н. папщIэ урыс тхакIуэшхуэ Гончаров И. А. жиIэгъауэ щытащ мыпхуэдэу: «Литературэм уэ ухуэупсащ библиотекэ псокIэ. Сценэм уэ къыхуэбгъэщIащ зыми емыщхь дуней телъыджэ. Уэ пхузэфIэкIащ Фонвизин, Грибоедов, Гоголь сымэ зи лъабжьэр ягъэтIылъа Театр унэр и кIэм нэбгъэсын. Ауэ уэ зы закъуэращ зи фIыщIэр дэ, урысхэм, ди лъэпкъ театр диIэ зэрыхъуар. Абы «Островскэм и театр» фIэщын зэрыхуейр хьэкъщ». Ардыдэр хужыпIэ хъунущ ди лъэпкъым къыхэкIа, дызэрыгушхуэ Акъсырэ Залымхъан. ПхуэмыIуэтэным хуэдизщ абы ди лъэпкъ гъуазджэм хуищIа хэлъхьэныгъэр.

Акъсырэ Залымхъан Алий и къуэр 1919 гъэм майм и 15-м Жанхъуэтхьэблэ (Псыгуэнсу) адыгэ къуажэжьым къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къиуха нэужь, ар щIэтIысхьащ Налшык дэт медицинэ училищэм, ауэ зы гъэ еджэгъуэ нэхъ дэмыкIауэ къыщIэкIыжри, зы илъэскIэ педучилищэм щеджащ. НатIэм кърихэр лъэм и гъуэгу мэхъу жыхуаIэу, щIалэщIэм и гур зыхуэпабгъэр нэгъуэщIти, ар щIэтIысхьащ Налшык къыщызэрагъэпэща театр студием, зыщIэхъуэпс артист IэщIагъэм зыхуигъэсэну. ИлъэсипщIым щIигъукIэ Залымхъан Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал драмэ театрым и адыгэ гупым джэгуакIуэу хэтащ. Театрым нэмыщI, абы нэгъуэщI IэнатIэхэми къулыкъу щигъэзэщIащ. Ар щытащ «Къэбэрдей пэж» газетым и литературэ лэжьакIуэу, «Ленин нур» шэрджэс газетым и корреспонденту, Къэбэрдей-Балъкъэр радиомрэ телевиденэмрэ я мэкъумэш редакцэм и корреспонденту, музыкэ редакцэм и режиссёру. Сыт хуэдэ Iуэху пщэрылъ щамыщIами, Акъсырэм игурэ и псэрэ етауэ зэфIигъэкIащ. Псом я щхьэращи, дунейм тетыху, Залымхъан зэи тхэныр IэщIыб ищIакъым. 1947 гъэм къыщыщIэдзауэ ар хэтащ СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым.

1940 - 1970 гъэхэм ди республикэм и тхакIуэхэм ящыщу пьесэ тхыным нэхъ хуэIэкIуэлъакIуэр Акъсырэ Залымхъант. Абы адыгэ лъэпкъым и тхыдэр ищIэрт, зэрыт зэманым декIурт, къэкIуэну лъэхъэнэм егупсысырт. ГъащIэм къыщыхъу-къыщыщIэхэм нэ жанкIэ пхрыплъыф драматургыу зэрыщытам и щыхьэтщ абы и Iэдакъэ къыщIэкIа пьесэ хьэлэмэтхэр. Ахэр лъабжьэ зыхуэхъуа спектаклхэр Къэбэрдей дра-

мэ театрым и репертуарым и джэлэсу илъэс щэ ныкъуэм щӀигъукӀэ екӀуэкӀащ.

Лъэпкъ тхыдэмрэ ӀуэрыӀуатэмрэ фӀы дыдэу зыщӀэ драматургым ар сыт щыгъуи и щӀэгъэкъуэн лъэщт. Абы и щапхъэщ «Дахэнагъуэ», «Лашын», «Къызбрун», «ИстамбылакӀуэ», «Ӏэдииху», «Андемыркъан», «Гуащэм и чэщанэ», «Щхьэхуеуэ пшынэ», «Хъымсад» пьесэхэр. Я цӀэ къудеймкӀэ абыхэм къыуагъащӀэ зытеухуар, къыщаӀэт Ӏуэхугъуэхэр, гупсысэ нэхъыщхьэу къаӀуатэхэр. Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм къадекӀуэкӀа таурыхъхэм, псысэхэм, хъыбарыжьхэм, драматургием хуэӀэижь тхакӀуэм и фӀыщӀэкӀэ, литературэ фащэ дахэр ягъуэтри, театр утыкум къихьат.

Ди нобэрей зэманым и нэщэнэхэр зыхэплъагъуэ пьесэхэри иӀэщ Акъсырэм. Апхуэдэхэщ «Гъавэ», «Дыгъэр къыщыщӀэкӀым», «Дахэлинэ и пщӀыхьэпӀэ», «ФӀыгъуэрэ мыгъуэрэ», «Зэран хъуакъым», «Хэт зи ягъэр?», «КъэхутакӀуэ», «МафӀэм хисхьа лъагъуныгъэ», «Нысашэр жыг хадэм», нэгъуэщӀхэри. Художественнэ къару лъэщкӀэ гъэнщӀат, адыгэ усыгъэ нэсым и жыпхъэм итт Акъсырэм и пьесэхэр.

Адыгэ драматургием и фӀыпӀэхэм ящыщщ «Дахэнагъуэ» пьесэр. СССР-м и ТхакӀуэхэм я союзым и драмэ къудамэм и жэрдэмкӀэ ар урысыбзэкӀэ зэридзэкӀауэ щытащ усакӀуэ Апушкиным (сатырхэр урысыбзэ зыщӀар КӀэрашэ Темботт). 1948 гъэм «Дахэнагъуэр» урысыбзэкӀэ дунейм къызэрытехьэу, Залымхъан и цӀэр къэрал псом щыӀуащ. Пьесэр апхуэдизкӀэ цӀэрыӀуэ хъуати, лъэпкъ куэдым я бзэкӀэ зэрадзэкӀри, я театрхэм щагъэуват. Ди хэкум къыщымынэу, «Дахэнагъуэр» щагъэуващ Инджылызым, Болгарием, нэгъуэщӀ хамэ къэрал зыбжанэм. Езы Акъсырэри и пьесэм и фӀыгъэкӀэ Горький Максим и цӀэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтым щӀэтӀысхьауэ щытащ. 1957 гъэм Москва къыщыдэкӀа тхылъым и пэублэ псалъэр зытхауэ щыта урыс тхакӀуэ Либединский Юрий зэрыжиӀащи, «дауи, художник нэгъэсам и Ӏэзагъэ уиӀэн хуейт, лъэпкъ псом и хъыбарыжь дыдэр, уафэр щымыджэмыпцӀэу щӀылъэр щызэпцӀагъащӀэм къежьэу иджы къэхьэса хъуа мифыр сюжетым ибгъэзагъэу, апхуэдэ усэ жанкӀэ, усэ дахэкӀэ къэпӀуэтэжын, ӀэдакъэщӀэкӀ телъыджэр зыӀэтыфын хуэдэ дамэ тету птхын папщӀэ». Таурыхъымрэ шыпсэмрэ къигъэсэбэпурэ, Залымхъан итхащ пэжыр, цӀыхугъэр, лӀыгъэр зыгъафӀэ, зыгъэдахэ, зыгъэлъапӀэ пьесэ гъуэзэджэ. Адыгэ театрми нэгъуэщӀ утыкухэми «Дахэнагъуэр» щызылъэгъуауэ ар гуимыхуж зыщымыхъуа гъуэтыгъуейщ. Си щхьэкӀэ, япэ дыдэу ди лъэпкъ театрым си дэлъху Лъостэнбэч сыщишам, сызэплъауэ щытар «Дахэнагъуэрт». Псы Ӏэджэ ежэхащ абы лъандэрэ, ауэ нобэр къыздэсым си сабиигъуэм и таурыхъ лъахэу къэнащ а махуэ телъыджэр. Иджыпсту слъагъу хуэдэу къысщохъу Дахэнагъуэрэ Джэримэсрэ я ролхэр ягъэзащӀэу Сибэч Быхуэрэ Токъуий Хъусенрэ утыкум зэритар. А тӀур апхуэдизкӀэ зэкӀужт, дахэт, щэныфӀэт, щыпкъэти, я теплъэмрэ я зыӀыгъыкӀэмрэ удамыхьэхынкӀэ Ӏэмал иӀэтэкъым. Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъуар 1957 гъэм гуфӀэгъуэкӀэ щагъэлъапӀэ махуэхэм, ди гъуазджэм и фӀыпӀэр Москва щыщагъэлъагъуэм, ди лъэпкъ театрыр цӀэрыӀуэ зыщӀахэм ящыщт «Дахэнагъуэ» спектаклыр.

Акъсырэ Залымхъан IуэрыIуатэр IэкIуэлъакIуэу къэзыгъэсэбэп драматургыу зэрыщытыр «Къызбрун» пьесэми къыщигъэнэIуащ. IуэрыIуатэм ди зэманым къихьэса хъыбар гуузыр тхакIуэм и гупсысэкIэ, и гурыщIэкIэ иубзыхури, гум щIыхьэу къигъэлъэгъуащ лажьи хъати зимыIэ бзылъхугъэ хейр шэрихьэт судкIэ Къызбрун щадзу зэраукIар. Зи гугъу тщIы хъыбарыжьыр лъабжьэ хуэхъуауэ щытащ Радожицкий И. и «Кызбурун» повестым (1827 гъ.), ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къызбрун» трагедием (1940 гъ.).

Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм я тхыдэр къогъуэгурыкIуэ нэпсрэ лъыпскIэ гъэнщIауэ. ИстамбылакIуэм нэхърэ нэхъ гуIэгъуэшхуэрэ нэхъ зэман бзаджэрэ адыгэхэм яIакъым. Бэлыхь Iэджэми къела лъэпкъым и нэхъыбэр абы ихьыжащ. Лъэпкъ псом и мыгъуагъэ ИстамбылакIуэр – лъэпкъ гуIэгъуэщ, абы и гъыбзэщ, Урыс-Кавказ зауэм и Iэужь бзаджэщ. Аращ Акъсырэ Залымхъан и «ИстамбылакIуэ» драмэм купщIэ хуищIари. Мы Iуэхугъуэ «ябзыщIыр» къэбэрдей литературэм япэ дыдэу къыщызыIэтахэм ящыщ зыщ Акъсырэр. Драматургым гущIыхьэу ди нэгу къыщIигъэувэжащ адыгэ тхыдэм гуауэшхуэу къыхэна ИстамбылакIуэр.

Пьесэхэм къадэкIуэу, тхакIуэм и къалэмыпэм къыщIэкIащ нэгъуэщI тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэри. СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат КIэрашэ Тембот щIыгъуу Акъсырэ Залымхъан адыгэ IуэрыIуатэр зэхуэхьэсынымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ икIи Къэбэрдей тхылъ тедзапIэм къыщыдигъэкIауэ щытащ адыгэ таурыхъхэр зэрыт тхылъ хьэлэмэтыр. Егъэлеяуэ цIэрыIуэу, цIыхубэ уэрэд хъужауэ, щIэхщIэхыурэ радиокIэ къату щытащ абы и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр.

Акъсырэ Залымхъан къызэринэкIа гъуэгуанэм уриплъэжмэ, нэрылъагъу мэхъу ар гъащIэр зэдэхэщIа, игъэфIа цIыхуу зэрыщымытар. АтIэми, Залымхъан, гузэрыдзэ ищIу, зэи къэдзыхакъым. КъызыхэкIа лъэпкъым и пщIэмрэ и нэмысымрэ зыIыгъа адыгэлI нэсу дунейм тетащ, анэдэлъхубзэр усэ къару мыкIуэщIкIэ игъэбзэрабзэу. Ди лъэпкъ щэнхабзэм, театр гъуазджэм, литературэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ Акъсырэ Залымхъан. Абы и цIэр дунейпсо тхакIуэ цIэрыIуэхэм ябгъэдэбгъэувэныр егъэлеяуэ къэплъытэ хъунукъым. Абы и щыхьэтщ Залымхъан и литературэ щIэиныр.

**ЩАКIУЭ Марьянэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

АКЪСЫРЭ Залымхъан

# ӀЭДИИХУ

*Едзыгъуищрэ теплъэгъуихыу зэхэлъ пьесэ*

## ХЭТХЭР:

І э д и и х у — Мыщыркъанхэ я унэӀут хъыджэбзщ.
І э м ы р б и й — ПщылӀ щӀалэщ, Ӏэдииху и фӀылъагъуныгъэщ.
П а к ъ э — Ӏэмырбий и адэшхуэщ, къамылапщэщ.
Х ь э м ы з э — Мыщыркъанхэ я гъуощ, шыкӀэпшынауэ лӀыжьщ.
Х ь э ш ы р — ПщӀантӀэдэтщ, шхынзехьэщ, лӀыку ныбжьым нэмыса щӀалэщ.
К ъ е с ы н — ПщылӀ щӀалэщ.
К ъ а р э м ы з э — Шэрджэсым къикӀа гъуэгурыкӀуэщ, лӀыжькъым.
Н а щ х ъ у э — УнэӀутщ, фызыкущ.
Ц а ц э — Ӏэдииху и ныбжьэгъу хъыджэбзщ.
А д э м е й — Мыщыркъаныпщырщ, лӀыкущ, аращ мэз адакъэкӀэ зэджэр.
А ф э ш у — Уэркъщ, Адэмей и ныбжьэгъущ.
Г у а щ э — Адэмей и щхьэгъусэщ.
Ч э р и м — Иджырей щӀалэщ, Ӏуэтэжакӏуэщ.



ӀупхъуэрзэӀуамых щӀыкӀэ Х ь э м ы з э гъуо джэурэ блокӀ.

## ЯПЭ ЕДЗЫГЪУЭ

ӀупхъуэрзэӀуах.

### Х ь э м ы з э

Уэй, жылэ махуэ! Ди зиусхьэным
ЩӀалэ хуалъхуати, лъэпкъыр гуфӀащ,
Вындыб мэз лъапэу псыӀуфэ дахэм
КхъуейплъыжькӀэрыщӀэ щызэфӀащӀащ.

Х ь э м ы з э йокӀ, Ч э р и м къохьэ.

### Ч э р и м

Мис мы махуэрщ Ӏэдиихуми
И хъыбархэр къыщежьар,
ЩӀыдгъужынщ пщащэ нэхум
ХуамыӀуатэу къагъэнар.
Дэ жыхуэтӀэр Шэрджэс гуащэу
Зи чэщанэ хъума хъуркъым,

Зи хъыбархэр ягъэдахэу
Тепщэ куэдым зэIахаркъым.
Зи гугъу тщIынур унэIуту
Зэман бзаджэм хэкIуэдарщ,
Гъыбзэ гуауэр зыхуаусу
Гупсэм хэлъу яхъумарщ.

Ч э р и м йокI, Х ь э м ы з э гъуо джэурэ зэпрокIыж.

Х ь э м ы з э

Уэй, жылэ махуэ! Зи лъэкIэ зекIуэр
ГуфIэгъуэм папщIэ фыкъызэхуэс,
Шхын IэфIу фиIэр, фи фадэ пIащIэр
Фыщымысхьыжу къызэхуэфхьэс!

Х ь э м ы з э йокI, Iупхъуэр зэIуах. КхъуейплъыжькIэрыщIэр хьэпшып зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ гъэщIэрэщIащ, абы зэрыдэкIуеину кIапсэ закъуэм I э м ы р б и й дагъэ щехуэ, I э д и и х у иджыри зыгуэрхэр егъэхьэзыр.

I э м ы р б и й

ПщIэжрэ, дахэ, гуащэнысэ
И дэлъхуитIыр къыщыкIуар?
Уэрэ сэрэ япэ дыдэ
Джэгу утыкум дыщихьар?

I э д и и х у

Ислъэмейуэ дыкъэфати,
Гуащэр тIуми къытщытхъуати.

I э м ы р б и й

Пэжу, гуащэр къытщытхъуат,
Ауэ ди пщыр къэгубжьат.
А зэманым гу лъыптакъэ
Гъуамэм и гур зэрыфIейм?
Нэхъ иужькIи уи фIэщ хъуакъэ —
ПщыфI темыту мы дунейм.

I э д и и х у

Сыт апхуэдэу уэ щIыжыпIэр?

И э м ы р б и й

Мэз адакъэр уэ къощакIуэ.

И э д и и х у

Зиусхьэным сыт хужыпIэр?

И э м ы р б и й

Афэшуи уэрщ зэплъакIуэр.

И э д и и х у

Умышынэ абы щхьэкIэ,
Си лъыр сщIэту сыулъииинкъым.
Уигу гъэбыдэ, си псэ, сэркIэ,
Сэ уи напэр згъэукIытэнкъым.



И э м ы р б и й

ЛIы гъэшхахэм зэкъуэхуауэ
УапэщIэхуэм, сыт плъэкIын?

И э д и и х у

Уэ уи щIыхьыр згъэлъэпIауэ
СыкIуэдыжкIэ ягъэ кIын?

И э м ы р б и й

Къэхъун хуейкъым а щIэпхъаджэр.

И э д и и х у

ПщIэну щыткъым зэрыхъун.

И э м ы р б и й

Абы щыгъуэ а мэхъаджэр
Сымытхьэлэу къызэлын?

И э д и и х у

*(мастэ-Iуданэхэр зэщIекъуэж)*

Абы фIэкIым зэхэзекIуэ
Къытхуэзэнщи, емыкIу хъунщ,
Гуащэныси си деж джакIуэ
КъимыщI щIыкIэ сыкIуэжынщ.

I э м ы р б и й

Ди нэ щызу дызэплъыну
Иджы хуэдэу хуит дыхъуакъым,
Гурылъ IэфIхэр зэжетIэну
Дэ зэгуэри тхулъэкIакъым.
Мы дакъикъэр къытлъысащи,
УмыпIащIэ, Iэдиихуу,
Махуэ кIыхьым гугъу уехьащи,
Иджы тIэкIурэ зыгъэпсэху.

I э д и и х у

Сэ сешакъым. Гурылъ IэфIри
Дэ куэд Iейрэ къэтпсэлъащ.
Лъагъуныгъэу зи гугъу пщIыри
Сабиигъуэм къыщежьащ.

I э м ы р б и й

Ауэ, дахэ, сэ зызгъэнщIу
Уэ зы махуэ сопсэлъакъым,
Си гур къабзэу къэзунэщIу,
Си мурадхэр бжесIэфакъым.
Моуэ, Iуэхум сытегушхуэу
Зэзэмызи къысщохъуж,
Уэ уи нэгум сызэриплъэу,
Си гум зэуэ зебзыщIыж.

I э д и и х у

Апхуэдизрэ угупсысэм
ЖыпIэн куэду къэбгъуэтынущ,
Хьэзыр уиIэм жыIэ, си псэ,
Абы фIэкIым сыгувэнущ.

I э м ы р б и й

Мазэ пIалъэ хэтыжынкъым,
Дгъэпэжынур дэ ди псалъэщ,

ЩIегъуэж Iуэхум къыхэкIынкъым.
Куэд си гугъэщ зэпэIэщIэу
Балигъ ныбжьыр зэрытхьар...
Иджы, кIуэжи, гуащэм жеIэ
Хьэзыр псори зэрыхъуар.

I э д и и х у икIыну йожьэ. А ф э ш у абы къыхуозэ.

А ф э ш у

Си Iэдиихууэ дахащэ,
Си гущIэр зыхуэбзэрабзэ,
ФIыхэм ефIэкIыу хур пщащэ,
Чэщейхэм нэхърэ нэхъ къабзэ,
КъызжеIэт, къысхуэбгъэфащэу,
КхъуейплъыжькIэрыщIэм пыпщIар?
Уэ пщIауэ уи фэеплъ фащэу,
Сыт нобэ саугъэт схуэпщIар?

I э д и и х у

*(IэпэкIэ иригъэлъагъуу)*

Бащлъыкъ хужьыр сэ пысщIащи,
УлъэIэсым, къепхьэхынщ,
Ар плъэмыкIым, укъэнащи,
Ауан псоми укъащIынщ.

Афэшу

*(тегушхуауэ)*

КхъуейплъыжькIэрыщIэм пащIахэм
Бащлъыкъ хужьыр къесхьэхынщ,
Зэпеуэ щауэ къуданхэм
ТхьэIухудыр къахэсхынщ.

I э д и и х у

*(ауан хэлъу)*

УнэIутхэм запыпщIэну
Уэ уэркъ щауэм къыуагъэкIункъым,
ЗэштеупIэ сыкъэпщIыну
Мурад пщIами — къохъулIэнкъым.

А ф э ш у

Ар жумыIэ, Iэдиихууэ
Дуней нэхум сэ щызиIэ,
Уэ дахащэр унэIутуэ
Мыщыркъаным уримыIэ.

I э д и и х у

*(хъурджауэу)*

Пщыхэр пщыуэ къигъэщIащи,
УнэIутхэм ар я тепщэщ,
Уэ жыпIами седэIуащи,
Сэ къысщохъур ар нэщыпхъуэу.

*(ИкIыжыну йожьэ.)*

А ф э ш у

Зэ къэувыIэт!

I э д и и х у

Сэ сопIащIэ.

А ф э ш у

Ягъэ кIынкъым, тIэкIу зыIэжьэ,
Си хьэтыркIэ умыпIащIэ.

I э д и и х у

Хьэуэ, гуащэр сэ къызожьэ.

ИкIыну йожьэ, А ф э ш у абы къыпоув.

А ф э ш у

Хэт къэувыIэ сэ жыхуэсIэр?!

I э м ы р б и й

*(екIуэталIэурэ)*

Уэркъыу щыӀэр щхьэ мэхъаджэ?
УтӀыпщ, хуэмыху, хъыджэбзыӀэр!
Мы бгъэгувэм гуащэр къоджэ.

ӀэщӀехри еутӀыпщ, І э д и и х у йокӀ.

А ф э ш у

*(зэгуэуду)*

Сыт, жызоӀэ, уэ гъуамэжьыр
Уи пщылӀыпӀэм ущӀикӀар?!
Уэ хьэпшырым уи адэжьыр
Сэра пфӀэщӀрэ зыукӀар?!

І э м ы р б и й

*(къэуІэбжьауэ)*

Пэжкъым жыпӀэр, хьэщхьэрыӀуэ!
Сэ си адэр яукӀакъым.

А ф э ш у

БжесӀэр пэжкӀэ тхьэ пхузоӀуэ!
Сэ си гъащӀэм пцӀы сыупсакъым.

*(Йожьэри къоувыӀэж.)*

БжесӀа Ӏуэхур уи фӀэщ мыхъум,
Уи адэшхуэм еупщӀыж,
Укъэгубжьрэ къанлы ухъум,
ЧэнджэщакӀуэ къысхуэкӀуэж.

*(ЙокӀ.)*

І э м ы р б и й

*(хуабжьу хэплъэу)*

Пэжу пӀэрэ бзаджэм жиӀэр?
Сыт алъандэм ар щӀабзыщӀыр?
Сыт сэ адэ щӀызимыӀэр?
Хэт мы си гур хэзыгъэщӀыр?

Си адэшхуэм ищIэу щытым,
Пэжу щыIэр къызжиIэнщ,
СылIыгъэншэу сыщымытым,
Адэм и лъыр сэ сщIэжынщ.

П а к ъ э р э Х ь э м ы з э р э къохьэ, I э м ы р б и й абыхэм ябгъэдолъадэ.

Дадэ, сэркIэ гущIэгъу уиIэм,
Сщхьэщых нобэ си гу бампIэр,
ЖыIэ пэжу – уи къуэ дыдэм,
Сэ си адэм и кIуэдыпIэр?

П а к ъ э

Мурад мыгъуэ умыщIауэ
КъыщIэкIарэт уэ, си щIалэ.
ЦIыху Iей гуэрым уедэIуауэ,
Уи Iэр лъыкIэ умыщIалэ.

I э м ы р б и й

Ади ани щызимыIэм
Дауэ ухъут сыкъалъхункIэ?
Уащхъуэ, пэжыр къызжумыIэм,
Си псэр си Iэм хихыжынкIэ!

П а к ъ э

*(гупсысэ куум иIыгъыу)*

Ирехъу ар дэхэм тхуэмахуэн!
ЩхьэкIуэ хъуами хуэмыгъуэн!
УмыщIэ, щIалэ, умыщIэн.
Си псалъэм къыхэх акъыл хъун.
Хэтакъым набдзэ зытелъхэм
Уи анэ нэхърэ нэхъ дахэ,
Хэтакъым гъащIэ зиIахэм
Уи адэм нэхърэ нэхъ гуащIэ.
Пщыр щIалэт, дахэм щехъуапсэм,
Псэгъум и гум ар техуакъым,
Пщыр пщыти, дахэм щырикум,
Уи адэм шынэн идакъым.
Iэщэншэр Iэщэ зыIыгъым
Поуври, щIадзэ зэзауэр,



4 Заказ №120

ФокIэщIу ябгэр щыкъугъым,
Мэджалэ хахуэу IэпцIанэр.
А псори и нэгу щIэкIауэ,
Уи анэр мэгъуэлъ махуаем,
Уэндэгъути, мазибгъу дэкIауэ
Ухалъхуэ зэман бзаджаем.
Си жьыгъэм къеплъи, си щIалэ,
ГъэзащIэ лъэIуу пхузиIэр,
Сыхуейкъым къыпыжу лъы къуалэ
Слъагъуну зэгуэр уэ уи Iэм.

Iэмырбий

Дадэ дыщэу сэркIэ лъапIэ,
СыпсэуххукIэ содэIуэнщ,
Сихуэ хъумэ зэгуэр лIапIэ,
Абы щыгъуи силъ сщIэжынщ.

Пакъэ

ТэмакъкIэщIыр насыпыншэу
ЖаIэ, щIалэ, ди нэхъыжьхэм,
Укъэгубжьу акъылыншэу
ЗапумыщIэ зиусхьэнхэм.

Хьэмызэ

*(Пакъэ жриIэу)*

Iэуэлъауэ зэхызохри,
Ди пшыналъэ зэфIэдгъащIэ.

*(Iэмырбий жриIэу.)*

Уэ щIалэщIэм мурад пщIари,
ФIыуэ щытым, тхьэм къыпхуищIэ!

ЛIыжьхэр IуокIри, я тIысыпIэ яубыдыж.

Iэмырбий

*(макъым зримыгъэIэту)*

Пщыхэр пщыуэ къигъэщIами,
Сыт джэгупIэ дыкъыщIащIыр?

Унэ Iутхэр ягъэулъийми,
Сыт ар динкIэ дурыс щIащIыр?
Iэдиихууэ псэм и щIасэ:
Зы дыхъуным сыхуопIащIэ,
СхузэфIэкIыу пщым и лъапсэ
Зы къизнэнкъым уи щIыхь папщIэ.

Iэдиихуи уэрэд макъыр ин мэхъу, абы сабийр иIыгъыу, Гуащэмрэ нэгъуэщIхэмрэ и ужь иту къохьэ.

### Iэдиихуи

### *(уэрэду)*

Хъуэхъу хужаIэр зи щхьэм лъысу,
ЩIыхуузэ щыIэм я гунэсу
Къэхъун щIалэ, щIалэфI хъун,
Жей-жей-жей, тепщэфI тхуэхъун!

ЩIыхуузэ щыIэр зэхуигъадэу,
Лей зэрахьэу зигу имыдэу
Къэхъун щIалэ, щIалэфIи хъун!
Жей-жей-жей, тепщэфI тхуэхъун!

Дадэр, нанэр и псэм хуэдэу,
Унэ Iутхэм яхэмыдэу
Къэхъун щIалэ, щIалэфIи хъун!
Жей-жей-жей, жей, тепщэфI тхуэхъун!

Насыпышхуэр къытхуэзыхьу,
Ди щIыхь сыткIи зымыкъутэу
Къэхъун щIалэ, щIалэфIи хъун!
Жей-жей-жей, жей, тепщэфI тхуэхъун!

Нэпсеягъэр зытемыкIуэу,
Ди гущIыIуми щыземыкIуэу
Къэхъун щIалэ, щIалэфIи хъун!
Жей-жей-жей, жей, тепщэфI тхуэхъун!

ПщылI сатукIи мыерыщу,
Саугъэтуи димыгуэшу
Къэхъун щIалэ, щIалэфIи хъун!
Жей-жей-жей, жей, тепщэфI тхуэхъун!

А ф э ш у р э Х ь э ш ы р р э пожьэри, А д э м е й кърашэ, ягъэтIыс, къахьри Iэнэ ухуа къыбгъэдагъэувэ, А ф э ш у и мэтIыс, Х ь э ш ы р фадэ зэрыт кхъуэщыныр къещтэри ящхьэщоувэ, яхурегъахъуэ.

А ф э ш у

*(фIыщIэ щIэнэцIу)*

ИIэт, лIыжьхэ, фи пшыналъэ
Вгъэбзэрабзи девгъэдаIуэт,
Гурылъ IэфIхэр гуащэнысэ
Зыхуэвгъэази къыхуэфIуатэт.

П а к ъ э

*(уэрэду къыхедзэ, псори йожьу)*

Пылым и хьэлъэу къэзыгъэхыщIэр
КIэнуанэ зыщIу пелуан тхуэхъун!..

Едзыгъуэ къэс псори йожьу.

КхъуейплъыжькIэрыщIэу щIалэм пхухатIар
Жыгей пхъэбыдэщ, псэ быдэ хъун!..
Джатэу игъабзэм хуэIэкIуэлъакIуэу
ЗекIуэлI шуейхэм пашэу яIэн!..

Зи уэлиигъуэу, хэкур зэдаIуэу,
Ди пщыщхьэ лъапIэ зыхужаIэн!..
IэщэкIэ къеуэм гъуазэм къимыщтэу,
Шэм епсынщIэкIыу къыIэщIэкIын!..
Хэку имыхъунщIэу, щIэин мылъыхъуэу,
Пщым и къуэ хахуэ зыхужаIэн!..

А д э м е й

*(къэбэмпIауэ)*

«ИмыхъунщIэу» зэрыжиIэ!
ГъэувыIэт а кхъуэжьакIэр!

А ф э ш у

*(щолъэтри, щIыкIейуэ)*

Ей, щIыбыкъуэ, жьэр зэщIэкъуэ!
Дигу нэсакъым уи хъуэхъуэкIэр!

Псори мэувыIэ, I э м ы р б и й  къолъадэри, пщым бгъэдохьэ.

I э м ы р б и й

Чэу и щIыбкIэ щепсыхауэ
ХьэщIэ диIэщ, зиусхьэн,
Хуарэ къарэр илъэхъауэ
Хабзэ поплъэ, сыт жесIэн?

А д э м е й

Ар хэт хъуну?

I э м ы р б и й

И нэмысрэ и хьэл-щэнкIэ щыпкъэ хуэдэщ,
Мыщэм хуэдэ лIы бэлацэщ,
Зэрыпсалъэр адыгэбзэщ.

А д э м е й

Къегъэблагъэ.

I э м ы р б и й  йокI.

А ф э ш у

Ди зэманыр
Лъейуэ, макIуэ, зиусхьэнхэ,
ЖыIэ мыдэ нэхъ уи фIэфIыр,
Сыт пшыналъэ езгъэуэн?

А д э м е й

*(фалъэр къещтэри)*

Уи унафэ пхуэщIыжакъым
Уэ уи гъащIэм, Афэшу,
Уэркъыу щыIэм къахэкIакъым
Уэ зым нэхърэ нэхъ мышыу!

*(Йофэ.)*

А ф э ш у

*(мэтэджри и бгъэм щIекъузэ)*

Къафи, уджи, ислъэмеи
Зэуэ хабзэ псоми феуэ!
ЩIали пщащи фыкъыдэкIи,
ФлъэкI къэмынэу фызэпеуэ!

Псоми загъэхьэзыр. I э м ы р б и й р э К ъ а р э м ы з э р э къохьэ.

К ъ а р э м ы з э

*(пщым щхьэщэ хуещIри)*

Си къыфхыхьэ угъурлыуэ,
Фи тхьэлъэIури тхуэмахуэну!
Мыщыркъанхэ сыфхуохъуахъуэ,
Къыфхалъхуари псэ быдэну!
Гъуэгу сытету, гъуом и макъыр
Зэхэсхати, сепсыхащ,
Хуит сыкъэфщIым, фи гуфIэгъуэр
ВдэсIэтыну себлэгъащ.

А д э м е й

Умыущэхум жыIэт, хьэщIэ,
Уи мураду ущIызекIуэр?

К ъ а р э м ы з э

Си гум илъыр тхьэм къыздищIэу
Насып лъыхъуэ къызокIухьыр.

А д э м е й

Уи унэцIэр...

К ъ а р э м ы з э

Ар щагуэшым
УнагъуэцIэ къыслъысакъым.

А д э м е й

Адэ уиIэ?

К ъ а р э м ы з э

Хъыбар иIэщ,
ЩIэнэкIалъи яхуэщIакъым.

А д э м е й

ГушыIэнкIэ сыт уи лIыгъэ?

К ъ а р э м ы з э

Шурылъэси соджэгуф,
СатекIуэнкIэ сыщыгугъэм,
Хьэжыгъафи зызощIыф.

А д э м е й

Iейкъым ахэр, яхэт цIыхухэм,
ЗэрыплъэкIкIи нэжэгужэ,
ЛIы и хабзэ зэбгъэщIэнум,
Сэ си щIыгум зыщыIэжьэ.

К ъ а р э м ы з э щхьэщэ ещIри, I э м ы р б и й бгъэдохьэж.

I э м ы р б и й

Нобэ хуэдэу зиусхьэныр
ЦIыху фIэрафIэу зэи щытакъым.
Сэ си гуапэщ усцIыхуныр.
Уи цIэр жыпIэу зэхэсхакъым.

К ъ а р э м ы з э

Къарэмызэщ.

I э м ы р б и й

Зэныбжьэгъуу
Дыщытыну уарэзыкъэ?

К ъ а р э м ы з э

Дыщытакъым зэжагъуэгъуу.
Арыншами дызэкъуэшкъэ?

I э м ы р б и й

Ирехъу быдэ зэкъуэшыгъэр.

К ъ а р э м ы з э

Iэмин!

I э м ы р б и й

Iэмин, Къарэмызэ!

ФIы зигу илъыр залымыгъэм,
Ем и бзаджэм хуремызэ!
МурадыфIкIэ укъежьащи,
Сыпхуохъуахъуэр къохъулIэну!
Тхьэ пхузоIуэ сытым дежи
Сэри гъусэ сыпхуэхъуну!..
Иджы накIуи, узикъуэшым,
Си ныбжьэгъухэр зэгъэцIыху,
Мыр зэфIэкIым, гъуэмбырэщым
ДыкIуэжынщи, зыгъэпсэху.

I э м ы р б и й р э К ъ а р э м ы з э р э цIыхухэм яхохьэ.

А ф э ш у

*(мэхъаджэу, щIыкIейуэ)*

Си унафэр бацэ пхырхэм
Якъутэжу хабзэ хъуа?
Сэ жысIакъэ фи пшыналъэм
КъивгъэкIыну иту хъуар?

ЗамыщIэжу пшынауэхэр къафэ йоуэ, К ъ е с ы н р э Ц а ц э р э къытохьэри къофэ, кIэщIу яухри токIыж.

Ислъэмейуэ!

Пшынауэхэм зэрадзэкIри, ислъэмей кърагъэкI, I э м ы р б и й р э I э д и и х у р э къытохьэри, хуабжьу ислъэмей ящI, токIыж.

Удж евгъажьэ.
ТIурытIыххэу фыкъытехьэ!..

Удж йоуэ.

Зэхэфхакъэ? Хэт фызэжьэр?

Хъыджэбзхэр тIурытIу утыкум къохьэ, щIалэхэр хыхьэурэ зэIэпах, I э д и и х у р э I э м ы р б и й р э къызэдоудж. А ф э ш у мэтIысыж.

Iэщым хуэдэу зэрызохьэ...
УнэIутыр пщIантIэдэтым
ЗыIэщIелъхьэ, зиусхьэн,
И дахагъкIэ Iэдиихум
Зы псэущхьэ къыщIыхьэн?..
СщIэркъым уэри жьы ухъуауэ
Армырамэ къыпщыщIар,
Тхьэ пхузоIуэ а зырауэ
Си гум мафIэ щIэзыщIар.



А д э м е й

*(къемыплъу)*

НэхъыфI сфIощIыр жьэр зэщIэпкъуэм,
ПхузэфIэкIым, тIэкIу зышыIэ!
Шурылъэсу джэгуф щыIэм,
КъыдэгъэкIи гъэгушыIэ.

*(Къещтэри йофэ.)*

А ф э ш у

*(Iужажэу)*

Хьэжыгъафи зищIыфыну
ЩIалэ хьэщIэм къыбжиIакъэ?
Умыгубжьми, узэплъынур
Сэ къызжепIэм зэфIэкIакъэ?
Тхьэ пхузоIуэ уэ уи псалъэр
Сэ си гъащIэм тIу сымыщIу,

КъасщIэм сфIэфIу уи гум илъыр
Сытым щыгъуи сэ щIыхь пхуэсщIу!
ЕмыкIу дыдэ сымыхъунум,
Iэдиихур сфIэфIт си псэгъум,
А дахащэу сысей хъуныр
IэщIокIуадэ уи жагъуэгъум.

А д э м е й

*(зримыгъэIэту)*

Гуащэм зыри иумыгъащIэу
Уи дей нашэ Iэдииху,
Iэщэ къащти, дыкъамыщIэу,
Сыкъэхъумэ нэхур щыху.

*(Къыщолъэтри, тIэу-щэ щIыкIейуэ мэкIэрахъуэ, къэуджхэм яхолъадэри, ину мэкIий.)*



ВгъэувыIэ къэуджыныр!..
ВгъэувыIэ нывжесIакъэ?!..

*(Iэмырбий бгъэдохьэ.)*

Йогъэлейри уэ хьэпшырым!
Iущэщэнкlэ урикъуакъэ?

*(ЙоIэдэкъауэри хыфIехуэ.)*

I э м ы р б и й

*(лъэчу мэувыжри)*

Удын хьэлъэ къызэбдзащи,
ЩIэтынщ куэдрэ ар си нэгум,
Зилъ мыщIэжу къэнар сэрщи,
Дызогъахуэ ари си гум.

А ф э ш у

Лъы зыщIэтырщ лъы зыщIэжыр!
Фи лъы фIыцIэр лъым хабжакъым.

Iэмырбий

Ар сыт щхьэкIэ?

Афэшу

Лъыр щагуэшым
Фэ лъы къабзэ къывитакъым!
Зиусхьэным зэхэпхакъэ
Мы хьэ щылъхум къызжиIар?
Гу лъыптакъэ, уэ къэпщIакъэ
Силъ мыщIэжу щIыжиIар?

Пакъэ

*(гузавэу утыкум къохьэ)*

Зиусхьэнхэ, жьы сыхъуакъэ?
Сэ си гуапэ къэфщI сымылIэу,
Илъэсищэ къэзгъэщIакъэ
Мыщыркъанхэ сывипщылIу?
Си фэ дэхуэр фхуэзлэжьащи,
Зиусхьэнхэр фыгупсысэ,
Мы зы щIалэр къысхуэнащи,
СылIэхункIэ сивгъэгъусэ.

Адэмей

*(мэтэджри, мэхъаджэу)*

Уэ лIыжь ябгэм уи шэрэзым
Зэман гуэрым сиуIэнущ,
Ауэ Iуэхур згъэджэрэзым,
А шэрэзыр къыбжьдэсчынущ.
Уэ щхьэгъавэм уи къуэм и къуэр
Сыт щIыхуэпщIыр уи къуэм телъхьэ?!

Пакъэ

*(щхьэмыIэту)*

Иджыргуэрым хьэзаб иныр
Си лIыжьыпIэм къытумылъхьэ,
Зы хьэдагъэр сымыухыу,

ЕтIуанэм сыхыумыдзэ.
Си пщIэнтIэпсым и хьэтыркIэ,
СынолъэIури, тIэкIу схуэдзыхэ.

А д э м е й

Уэ тхьэ пIуати ди Iуэху щэхур
УмыIуатэу зыпIыгъыну,
КъыпщIэхъуэнум пщы унафэр
ТIу имыщIу тхуэбгъэсэну.

П а к ъ э

Зиусхьэну ди пщы лъапIэ!
Ар сэракъым зыIуэтар,
ЦIыхуүэ щыIэм я нэхъ цIапIэщ,
Ещ зылъыхъуэр бзэгу зыхьар.

А ф э ш у

Уэр нэмыщIкIэ бзэгу ихьыну
Зы цIыху диIэм тхьэр согъэпцI!
Зиусхьэныр ебгъэукIыну
ТхузэIуощэ уэ Iуэху нэпцI.

А д э м е й

Умышынэ абы щхьэкIэ,
Афэшуүэ лIым я лей,
КъытехьэнкъымIэщэр уэхукIэ
Мыщыркъаным зым и лей.

П а к ъ э

Зиусхьэну...

I э м ы р б и й

УмылъэIуэ,
Дадэ дыщэу дадэ лъапIэ...

*(Пщым жриIэу.)*

СымыщIакIэ тхьэ пхузоIуэ
Сэ си адэм и кIуэдыпIэр!

А Iуэху щэхум IуэтэжакIуэ
Хуэхъуа лIыфIым и гугъу тщIынкъым,
Ем и бзаджэм и къежьапIэм
Нобэ хъуари дыбзыщIынкъым.

А ф э ш у

*(япэ зрегъэщри)*

Еплъыт, еплъыт а тхьэгъэпцIым,
И жьэпафэр пцIым досыс,
Мурад фIейхэр зи гурылъым
Iэмал бзаджэ къегупсыс.

I э м ы р б и й

*(хэгупсысыхьу)*

Къуаншэм хуэзэм, хьэр мэбанэ,
Лей къытехьэм, хьэр мэкъугъ,
А тIум щыгъуи хьэуэ къонэ,
ЗыпIым фIыкIэ ар щогугъ.
Сэ сиIэжккъым а гугъапIэр,
Адэр, анэр е псэупIэ.
Сыт сфIэкIуэдыр сыхэкIуадэм,
Ирезагъэ игу си адэм!
Ауэ пэжыр нывжесIэнщи,
Хъыбарзехьэр мис мы лIыфIырщ,
А щэху бзаджэр щIиIуэтари
ЩIэгубжьари Iэдиихурщ.

А д э м е й

*(къэлыбауэ)*

УнэIутым зыпыпщIэну
Хэт хуит гъуамэр узыщIар?
Уэ зи лъэпкъыр кIуэдыжыным
Куэд си гугъэщ къэбгъэщIар!

Къамэ Iэпщэр ирешэхри бгъэдокIуатэ, I э м ы р б и й абы къыпожьэ, щытхэр Iэжьэгъу мэхъу, мэлъаIуэ.

П а к ъ э

Зиусхьэну сэ си дотэ!..

Х ь э ш ы р

Умыгубжьыт, зиусхьэн...

К ъ е с ы н

Нобэризэм къыумых джатэ,
Уи гуфIэгъуэр зэIыхьэнщ.
Уи гуфIэгъуэр зэIыхьэнщ.

I э м ы р б и й

*(псори тригъэкIуэту)*

Зэ щывгъэтыт, къыдэкIункъым
Апхуэдизрэ дылъэIуэну.
Фи мыгугъэ пщылI и Iэщэм
ИукIари къэхъужыну.

Г у а щ э

*(гъуэгу иратурэ хуэм дыдэурэ къахохьэ)*

Сыт сэрмахуэм пщыми пщылIми
Хьэргъэшыргъэ къыщIэфIэтыр?
Си унафэр Iейми фIыми
Зэи фIэкIынкъым унэIутыр.

*(Пщым хуэгъэзауэ.)*

Уэ уи пщылIхэр къомыдаIуэм —
Абы щыгъуэ уэ ядаIуэ!
Ауэ нобэ хуэдэ махуэм —
УлIым, псори зэгъэдаIуэ!

А д э м е й

*(хъумпIырэр итIатэурэ йокIуэт)*

Сыхуеякъым си гуфIэгъуэр
Си зэранкIэ зэIысщIэну!
Сыхуеякъым мо хьэм папщIэ
Си фокIэщIыр сунэщIыну!

*(ФокIэщIыр кърех.)*

Iэмырбий

*(йокIуэтри, къэптал щIагъым фокIэщI къыщIех)*

Зиусхьэныр зэ къыIуплъэ
Си фокIэщIыр зэрылыдым,
Сыхуэмыхуу сыкъэлъытэ,
Япэ уэгъуэр сымыубыдым.

Афэшу

*(фокIэщIыр къреххри)*

Абы щхьэкIэ къыумыгъанэу
Еуэ адэ! Сэ сыщыIэщ!

Къарэмызэ

*(и фокIэщIыр хьэзырыпсу)*

Уэркъым щхьэкIэ умышынэу
Еуэ адэ! Уэ къуэш уиIэщ!

Гуащэ

ЩIыхубз щыту напэ зиIэм
Iэщэ къищтэу щыIэ хабзэ?!
ВгъэтIылъ адэ!.. Лыгъэ зиIэм
Сэ си псалъэм къевгъэгъазэт!

Псоми Iэщэр ягъэтIылъ, Iэмырбий утыкум къохьэ.

Iэмырбий

Фи тхьэлъэIур си зэранкIэ
Зэпыуащи, къысхуэвгъэгъу,
Гуащэнысэ щылъэIуакIэ,
Сыфхуэхъункъым сэ жагъуэгъу.

Адэмей

Мыр зэфIэкIым си дей накIуэ,
ПлъэкIынIауи къыумыгъанэ!

Жагъуэгъу мыгъуэр уэзгъэщIынкIэ
Тхьэ пхузоIуэр, хьэ кIуэцI гуанэ!

І э м ы р б и й

*(пщым хуэгъэзауэ)*

ЗыщIифакъэ Мыщыркъанхэ
Фи щIыналъэм лъыдзэ хъун?
Илъэдакъэ фи лъы пщалъэм
Уэ псыдыуэм пхурикъун?!
Фи хьэпIацIэм, хьэмбылухэм
ЦIыху хьэдэмэ къакIэрех!
Егъэф щIыгур хьэдэ дагъэм,
Уэ аргуэру Іэщэ къох!..
Сядэу дыщэр уэ букIами,
Сэ уи Іэщэм сыкъелынщ,
Сянэр бампIэм ебгъэхьами,
Лъы щIэжыпIэ зэ сихуэнщ!
СыдокI нобэ уи пщIантIэжьу
Лъыпсри нэпсри щыракIутым,
Мурад бзаджэ къысхуэзыщIу
НыскIэлъыкIуэр къэкIуэжынкъым!

К ъ а р э м ы з э

*(утыкум йохьэри)*

Зиусхьэнхэ, мурадыфIкIэ
Себлэгъами, сыщIогъуэж,
Си нэгу щIэкIыр гуауэщ сэркIэ.
Си гур хэщIу сыфхокIыж.
Хьэргъэшыргъэр си хьэщIэгъуэм
Къытехъуащи, сыкIуэжынщ.
Мыщыркъанхэ фи гуфIэгъуэм
И хъыбари сIуэтэжынщ.

І э м ы р б и й гъусэ зыхуещI, тIури йокI, псори нэщхъейщ.

А ф э ш у

*(пщым хуэгъэзауэ)*

Дыгъужьым и кIэр пыбупщIу
Мэзыжьым щIэбутIыпщхьэну?

Мо слъагъухэм ауан укъащIу
Уэ дауэ упсэужыну?

*(Гуащэм хуэгъэзауэ.)*

Сэ си тхьэр наIуэу согъэпцIыр,
Псэ пыту зы цIыху сутIыпщым?
Гум дауэ техуэн мо хьитIыр
Къепсалъэу Мыщыркъаныпщым.
Псом ящхьэр а хьэщIэ щIалэрщ,
Шэрэзщ а гъуамэм Iурылъыр.
Ди зиусхьэным къыдэщIырщ
ПщылI пэжу зи гум фIы илъыр.

А ф э ш у щIопхъуэри Iуэк1, А д э м е й ежьэну Iэщэр егъэхьэзыр.

Г у а щ э

*(Адэмей поуври)*



Си дотэ, пшэрыхь цIыхубзым
Зэрыхущанэр уэ уощIэ,
Сыгуащэу гуащэм сащыщым,
СолъэIури, хьэтыр къысхуэщIэ.
Къыумых уэ нобэ уи Iэщэ.
Нэгъази унэм нэкIуэж.

А д э м е й

ЛъаIуэ сэ сфIэфIкъым, си гуащэ!

Г у а щ э

Сабий бгъуэтащи — хъумэж.

А д э м е й

ЦIыхубзым жиIэм седаIуэу
Нобэм къэскIэ сыпщакъым.
Си пщыгъэр уэркъым IэщIэслъхьэу
Сышынэу сыкъикIуэтакъым.

*(Псоми яжриIэу.)*

КхъуейплъыжькIэрыщIэр фкъутэжи,
Фи гушыIэнри къэвгъанэ!

*(Пакъэ жриIэу.)*

Уэ лIыжьми хьэдэр щIэтIэжи,
Ныжэбэ хэкур къэбгынэ!

*(А д э м е й Iэщэхэр къигъэIэгъуэурэ йокI, П а к ъ э гъыуэрэ хуэм дыдэу абы кIэлъокIуэ.)*

Г у а щ э

*(Iэдиихy зыхуегъазэри)*

Къаугъэ бзаджэр уэ куэпэчым
Уи зэранкIэ къаIэтащ,
КIуэдыкIейуэ кIуэдыжыным
Си гуфIэгъуэр къэпкъутащ!

*(Къесын зыхуегъазэри.)*

Уэ нэхъыщIэм зэхэкъутэ
Щхьэпылъапiэу къэнэн пкъохэр!
Къелъэфэхи, зэхэутэ
Мо куэпэчым кIэрищIахэр!

*(Iэдиихy бгъэдохьэри, сабийр къыIэщIех.)*

Си унафэ нэхъ хэмыту
Уисынщ хьэпсым улIэжыху!
Сэ сыгуащэу си псэр пыту
Уэ плъагъункъым дуней нэху!

Г у а щ э р йожьэ, адрейхэри кIэлъыкIуатэурэ йокIхэр, I э д и и х у р э К ъ е с ы н р э имыкIыу къоувыIэ.

I э д и и х у

*(гъыным хуэдэу жэуап едз)*

Ар зи нэхур зиусхьэнхэрщ,
Фэ фи нэхур дэркIэ кIыфIщ,

Дэ ди Iыхьэр фэ фи хьэпсырщ,
Дэ ди нэпсыр фэркIэ IэфIщ.

К ъ е с ы н кхъуейплъыжькIэрыщIэр икъутэжын щIедзэ, I э д и и ху абы бгъэдохьэри, тIури нэщхъейуэ зэман мащIэкIэ щымхэщ.

Зиусхьэнхэм я щIэпхъаджэм
СхулъэмыкIыу сегъэгухэ,
Блащхъуэжьейхэм я нэхъ бзаджэм
И шэрэзым сегъэдзыхэ.
Iэмырбийуэ дуней нэхум
Зыхуэгъази мыр схужеIэ...

К ъ е с ы н

СылIыгъэншэщ, щIыгум итым,
Къэзгъуэтынщи, пхужезмыIэм.

I э д и и х у

*(гъыуэрэ уэрэду жеIэ)*

Дыгъэм, мазэм пшэ гуэрэныр,
Уэр, си Iэмырбий,
КIэлъежьащи Iуэху шынагъуэщ,
Фи лъэр фукъуэдий.
Насып жыгыу къыпхуэгъагъэм,
Уэр, си Iэмырбий,
Насып пщIащэр пылъэлъащи,
Фи лъэр фукъуэдий.
Вагъуэ закъуэу уигу щынэхур,
Уэр, си Iэмырбий.
Хьэпсыжь кIыфIым щыункIыфIынущ,
Фи лъэр фукъуэдий.
Илъэс пIалъэу, мазэ пIалъэу,
Уэр, си Iэмырбий,
Уэ къуатахэм фыпэмыплъэу,
Фи лъэр фукъуэдий.
Фукъуэдий, фукъуэдий...

IупхъуэР зэхуащI.

# ЕТIУАНЭ ЕДЗЫГЪУЭ ЯПЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Iупхъуэм и гупэкIэ Ч э р и м къохьэ.

Ч э р и м

Махуэр кIуэуэ жэщыр хъуами,
Мэзым щыуэрт фокIэщIыжь,
Пщыжь-уэркъыжьхэр зы хъужами,
Ягъуэтакъым зы лъэужь.
Зиусхьэнхэр нэхур щауэ
Мыщыркъанхэ къокIуэлIэж,
Ефэ Iэнэр зэIуахауэ
Зыр зым щытхъуу загъэтхъэж.
Дыгъэр уэгум къиувами,
Къесын щIалэр къэсыжакъым,
Ди щIалитIым я хъыбари
Мыдырейхэм зэхахакъым.
Хьэдэ щIэлъхьэ ежьа Пакъэ
Куэд имыкIуу къегъэзэж,
А тхьэмыщкIэр щэм щIигъуакъэ?
Нэпс щIигъэкIыу мэтIысыж.
Гуащэ ябгэм и унафэр
Мыкъутэжу зэкIэ хъуакъым,
Я хьэпс кIыфIым Iэдиихур
Ирадзэныр пщым идакъым.
Сыту пIэрэ унэIутым
Пщы залымыр къыщIыдэщIыр?
Игу щIэузыр пэжу щытым,
НасыпыфIэ сыт щIимыщIыр?



Ч э р и м йокI, Iупхъуэр зэIуах. Пщым и пщIантIэрщ, ехьэжьауэ инщ, къабзэ дыдэу зэлъыIухащ, зы лъэныкъуэмкIэ банэ сэрей лъагэ Iутщ.

А д э м е й

*(гуащэм еIущащэу)*

Мо ефахэм жаIэ псори
Уи фIэщ мэхъури, согъэбампIэ,
Уэркъ напэншэм къыбжиIари
ПцIыкIэ, гуащэ, тхьэ пхузоIуэ!

ЩIэпхъуэжахэм яхуэзауэ,
Зылъэгъуауэ зыри тхэткъым,
Къэгубжьахэм заузэдауэ
Къагъэзэным шэчи хэлъкъым.
Iэдиихур хьэпсым ису
КърихьэлIэжым сыкъэпщIэнщ,
Зы псэлъэгъуи плъамыгъэсу
Уи щхьэр зэуэ паупщIынщ.

Г у а щ э

*(ауаныщIу)*

Пщыуэ щыIэр мо пщылIитIым
Фащышынэм, сэ хуит сыфщI,
Зефлъэфэну унэIутым
Фехъуэпсами фымыбзыщI.

I э д и и х у р э Х ь э ш ы р р э шхын, фадэ куэду яIыгъыу блокI.

Модэ еплъыт, Iейкъым, пэжкъэ?

А д э м е й

*(къэгубжь нэпцIу)*

Жьы хъуа цIыхум ар жумыIэ!

Г у а щ э

*(ауан хэлъу)*

Жьыращ хъуапсэр, ар сэ сщIэркъэ.

А д э м е й

Уи гум илъми, тIэкIу зышыIэ!
Сэри сощIэ гуащэу щыIэм
Пщыхэр ежьэм нэхъ къыщIащтэр.
ПщылIуэ щытми, теплъэ зиIэм
Жани гуащи зэрехъуапсэр.

А ф э ш у

*(чэфыфI иIэу къокIуэ)*

Пщы Елмызэ чэф Iей хъуащи,
Пхуэмыфащэу къыпщIонакIэ,
Уи мызакъуэу, Жани гуащи,
ХэкI щымыIэу, фегъэикIэ.

А д э м е й

*(дзэлашхэу)*

ИкIэ мыгъуэр езмыгъэщIым,
Мыщыркъанкъым сэ сызикъуэр!
ЗимыщIэжу щыкIа сфIощIыр
Тумэ щылъхуу а щIыбыкъуэр!

Зричу щежьэкIэ, абы П а к ъ э къыIуощIэ.

П а к ъ э

*(щхьэщэ ищIу)*



Зиусхьэну дотэ лъапIэ,
Си хьэдащхьэ згъуэтыжакъым,
И псэупIэ е и лIапIэ
ЗыщIэ гуэри сыхуэзакъым.

А д э м е й

*(зэтоувыIэри)*

Жьы ухъуамэ, уи пIэ иси,
Хьэдэ лъыхъуи къыумыкIухь,
УнэIутхэм захуэгъази,
Фадэ-пIастэ нытхуегъэхь!

А д э м е й йокI, К ъ е с ы н къыкъуокIри егъэзэж.

А ф э ш у

*(Iущащэу, сакъыу)*

Тхьэ пхузоIуэ зиусхьэныр,
Жьы хъуа пэтми, тIэкIу нэпсейкIэ,
ЩызоIуэжыр Iэдиихур
Нобэ хьэпсым идзэн хуейкIэ!

Г у а щ э

Сыт нэпсейуэ зиусхьэным
ИмыщIапхъэу ищIа пфIэщIыр?
Гуащэнысэр фIыуэ плъагъум
Сыт уэ пэжыр щIыщубзыщIыр?

А ф э ш у

Тумэ жылэ тырасэну
Тхьэ яIуамэ ягъэпэж,
Гуащэ лъапIэр я ауану —
УнэIутхэм йохъуэпсэж.

Г у а щ э

*(зишхыхьыжу)*

Сэ сыгуащэу си псэр спытым,
Си унафэр якъутэнкъым!
Iэдиихур си хьэпс кIыфIым
Фэ ивмыдзи, фхуэзгъэгъункъым!

*(ЗегъэкIэрахъуэри йокI.)*

А ф э ш у

*(и нэщхъыдзэм щIэгуфIыкIыу)*

Мэхъу си Iуэхур, си нэхейкIэ
Хьэпс кIыфI зэвым ирырес!
Уэркъым лIыуэ щыхуэмейкIэ,
Пщыми пщылIми лъыремыс!

*(ЙокI.)*

К ъ е с ы н

*(икIам кIэлъыплъу къохьэ)*

Ем хуалъхуауэ Iуэху зэIыщIэр,
Благъуэ нэщIу, IукIэ маджэ.
Iей нэмыщIкIэ фIы зымыщIэр
ЦIыхууэ щыIэм яхущIоджэ...

Си псэр спытым къохъулIэнкъым
Уэ гъуамэжьым пщIа мурадыр,
Тхьэр захуащIэм — пхуэкъутэнкъым
ЗэгуэкIуахэм я насыпыр!

Х ь э ш ы р

*(щыкъу нэщIхэр иIыгъыу къохьэ)*

Нэху щыхункIэ дыпэплъауэ
Дыгузавэрт... сыту фIыт...

К ъ е с ы н

Сэри куэдрэ къэскIухьауэ,
Сешыпауэ сыкъэкIуэжырт,
Бланэ хуейкIэ сыкъыщикIым —
«Къесын» жиIэу зэхэсхащ,
Сыкъэщтауэ сыщеплъэкIым —
Iэмырбийуэ къыщIэкIащ.

Х ь э ш ы р

ЩIалэ хьэщIэр игъусэжкъэ?

К ъ е с ы н

Игъусэнущ ар псэуху.

Х ь э ш ы р

Я унафэр къыбжаIакъэ?

К ъ е с ы н

Дэнэ щыIэ Iэдииху?
ДепIэщIэкIыу къедмыгъэлым,
А тхьэмыщкIэр гъэр ящIынущ,
Гъэр ямыщIми, зиусхьэным
И уэншэкуу къэнэжынущ.

Х ь э ш ы р

Мэз адакъэ! Ирикъуакъым

Насыпыншэ ищIа къомым,
Зы анэщIи IэщIэкIакъым
ИмыфыщIу – кIуэдыжыным!

К ъ е с ы н

*(лъэныкъуэкIэ плъэуэрэ)*

Месыр, Цаци, гъуо Хьэмызи,
Къеджэ, тIуми дыхуеинущ,
Ди дзыхьщIэгъухэр зэхуэвгъэси,
КъызжаIахэр вжесIэжынущ.

Х ь э ш ы р

*(нэгъуэщIыпIэкIэ плъэуэрэ)*

Плъагъурэ, Къесын, модрей къакIуэр?

К ъ е с ы н

ХъуакIуэщакIуэ къежьа хъунщ.



Н а щ х ъ у э

*(нэщхъейуэ къохьэ)*

Фэ щэху фиIэм – сыт мы гъуамэр
КъыщIытхуэкIуэр жыфIэ хъунщ.
Ауэ ари ягъэ кIынкъым,
Си зэрани фэзгъэкIынкъым.
Фэ фымыщIэ нывжесIэнущ,
Дзыхь къысхуэфщIым нэхъ къэсщтэнущ.
Жан схужаIэу сыуэркъ гуащэу
Зэрыщытыр фэхэм фощIэ.
Ауэ фщIэркъым мылъкукIэ сащэу
ЩIэзгъэкIауэ сэ нэпс гуащIэ.

Къесын

*(хъурджауэу)*

Уэркъхэм, жанхэм, гъыкIэ ящIэу,
Нэпс къащIэкIыу си фIэщ хъуркъым.

Н а щ х ъ у э

Гурэ псэкIэ зыхимыщIэм,
ЩIыхум гъыбзэ хуэусынкъым,
Гъыбзэу щыIэм я нэхъыбэр
ЩIаусари пщы щыкIахэрщ,
Пщыгъэм щIэкъуу зэрытхьэлэр
ЗытекIуадэр я делагъэрщ.
Сэ щэху дыдэ зэхэсхащи,
ВжесIэжынущ, — лIыгъэ зефхьэ.
Гуащэнысэ къэгубжьащи,
Iэдиихум пцIыхэр трелъхьэ,
Ар и тIуанэу, пщым и щIасэу
Зэхуэсахэм тхьэ яхуеIуэ,
Хьэпсым нобэ ар ирадзэу
ЛIэху исыну ящI унафэ.

Х ь э ш ы р

*(хэгупсысыхьу)*

АтIэ, Нащхъуэ, сыт дэ тщIэнур?

Н а щ х ъ у э

Дэнэ щыIэ Iэмырбий?

К ъ е с ы н

Сыт ар нобэ зэрыпщIынур?
Абы уэри урибий?

Н а щ х ъ у э

Хьэуэ, си псэ, сигу щIоузыр
Iэдииху насыпыншэм,
Сыт лъэныкъуэ щIевмыгъэзыр
А тхьэмыщкIэр фэ щIалэфIхэм?

Х ь э ш ы р

Бжьэ къэпщIауэ, пщы зэщIэвэм
Хъыджэбзышхуэр хэтхыфын?

Щыблэм и шэм пэщIэувэм,
ПщылI Iэщэншэм сыт лъэкIын?

Н а щ х ъ у э

Iэмалищэ зэхэслъхьэнщи,
Пщым я ефэр скъутэжынщ,
Iэдиихур гъусэ сщIынщи,
Мо дэкIыпIэм несшэлIэнщ.

К ъ е с ы н

*(шэч къытрихьэу)*

Нащхъуэ, уи тхьэм и хьэтыркIэ
Пэжу жыIэт, — уи фIэщ дыдэ?

Н а щ х ъ у э

*(ткIийуэ)*

Си фIэщ дыдэщ! ПцIы сыупсынкIэ
Умышынэ, си псэм хуэдэ!

*(ЙокI.)*

К ъ е с ы н

*(дзыхь имыщIу, зэгуэпу)*

Псалъэ дахэщ абы жиIэр,
Ауэ, Хьэшыр, ари гуащэщ.
Дэнэ пэжыр зыдэщыIэр.
ПцIымрэ бзэмрэ тепщэ фащэщ!
А уэркъ гуащэр нэсыжынщи,
Зиусхьэным бзэгу хуихьынщ,
Пщы ефахэр къэгубжьынщи,
Дэ Iисрафыр къытхалъхьэнщ.

Х ь э ш ы р

Нащхъуэщ псори зэхэзышэр,
Бзэгу ихьыжу сыт жиIэнур?

К ъ е с ы н

Нащхъуэщ жоIэ зэхэзышэр...
Уэри пщIэркъым нобэ тщIэнур...

Х ь э ш ы р

ФIыуэ сощIэ зы емынэ
Дэ ди нэгум зэрыщIэлъыр,
Ауэ сщIэркъым а емынэм
Къытхуихьыну ди щхьэ илъыр.

К ъ е с ы н

Iэмырбийуэ щхьэмыгъазэр
ХьэщIэр щIыгъуу къыдыхьэнущ,
ШыплIэм дэлъу — Iэдиихур —
Зиусхьэнхэм IэщIахынущ.
Зыгуэр къэхъум, уэрэ сэрэщ
КъадэщIынкIэ зыщыгугъыр,
Вындыб мэзым и лъагапIэрщ
Я псэупIэр щаухуэнур.



I э д и и х у

*(гуфIапэу)*

Зы гуфIэгъуэ солъагъужри,
Тхьэм и фIыщIэщ, укIуэдакъым.
Уезгъэжьами, сыщIегъуэжри,
Нэху щыхункIэ сыжеякъым.

К ъ е с ы н

Уэ иджыри угуфIэнущ.

I э д и и х у

Сыт гуфIэгъуэ сэ къыспэплъэр?

Х ь э ш ы р

*(епIэщIэкIыу, гуфIэу)*

Удахынущ, удахынущ,
Насыпышхуэщ уэ къыппэплъэр.

К ъ е с ы н

Догуэт, догуэт... Зэхызохыр...

Х ь э ш ы р

Сыт зэхэпхыр?

К ъ е с ы н

Шы лъэ макъхэр...

Псори мэдаIуэ.

Псыхъуэ гъуэгурщ къызэрехыр...

*(МэдаIуэ.)*

УвыIахэщ — ди шууейхэр.

I э д и и х у

СщIэркъым, сщIэркъым сызэрыхъур,
Си гур си бгъэм къолъэтыкI,
Iуэху шынагъуэу къыфщымыхъум,
Сыкъэвгъанэу фыIумыкI.

Iэуэлъауэ, псалъэмакъ куэд къоIу.

К ъ е с ы н

Зиусхьэнхэр зэрофыщI,
КъуэгъэнапIэ зэкIэ зыфщI.

Лъэныкъуэ зрагъэз, яхукъуоплъ.

Х ь э ш ы р

Сыту пIэрэ къащыщIар?
Зэрызехьэу щIыщIэпхъуар?

Іэмырбий

*(къыпыгуфІыкІыу, уэрэд жиІэу къохьэ)*

Дыгъэр, мазэр пшэ гуэрэным,
Уэр си Іэдииху,
ЩІилъэфэну хулъэкІакъым,
Уэр си дуней нэху!

*(ЩІалэхэм я Іэр еубыд.)*

Сыт фыхуэдэ, си къуэшыжьхэ?

Хьэшыр

Губгъуэм уитми, дыпхуохъуапсэ.
Пэж къызжеІи, сигу гъэзагъэ,
ХьэщІэ щІалэр уэ уи гъусэ?

Іэмырбий

Мес ар, Хьэшыр, иІыгъщ шыхэр.
Къарэмызэ си къуэш дыдэщ.
Згъэпэжыну зэкъуэшыгъэр
Си тхьэрыІуэр икъукІэ быдэщ.

Нащхъуэ

*(кІийуэрэ къожэ)*

ЩІэхыу фежьэ! ФыкъищІауэ,
Зиусхьэныр зэгуоуд,
ФиукІыну тхьэ иІуауэ,
И фочыжьыр еузэд.

Хьэшыр

Маржэ хъунхэ! ФеужьэрэкІи,
Мэзыжь быдэр зэвгъэгъуэт!
Лъапсэ бзаджэр зывонэкІри,
Насыпышхуэр тхьэм къывит!

И э м ы р б и й

*(щIалэхэм захуегъазэри)*

Си адэшхуэр анэмэту
МызыгъуэгукIэ фэ къыфхуонэ,
Нэлат псори ди пщым телъу
МылIэ-мытхъэу тхьэм къигъанэ!

*(Гупсысэу.)*

Тхьэусыхафэ куэдрэ зыщIым,
Гъынэ-гъыдзэм лIыгъэ хэлъкъым.
ЩIэлъщ си адэр мы дэ ди щIым,
Лъыр сэ згъэгъум — сэ лъы сщIэткъым!..
Хъункъэ дежьэ?

Н а щ х ъ у э

Фежьэ, си псэ.

К ъ е с ы н

НакIуэ, накIуэ, Iэдииху.

Х ь э ш ы р

ФыкIуэ, фежьэ. Сыфхуохъуахъуэ
Дахэ хъуну фэ фи Iуэху!

Псори йокI, А д э м е й р э А ф э ш у р э къолъадэ, тIуми Iэщэ яIыгъщ.

А д э м е й

*(зэтоувыIэ)*

Уи къэбыфэм зедзи, щIэпхъуэ!

А ф э ш у

СыщIэмыхьэм, сыт сэ сщIэнур?

А д э м е й

Я увыIэпIэр уэ къэлъыхъуэ!

А ф э ш у

Сымыгъуэтым, сыт уэ пщIэнур?

А д э м е й

Жэи, мэз гъуэгум кьащыпэплъэ!

А ф э ш у

СыхагъащIэм, дауэ хъуну?

А д э м е й

Сэ сыщыIэщ, хьэщхьэвылъэ!



А ф э ш у

Тхьэ пхузоIуэ уз естыну!

ТIури зы лъэныкъуэкIэ йокI.
Iупхъуэр зэхуащI.

ЕТIУАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Iупхъуэм и гупэкIэ Ч э р и м къохьэ.

Ч э р и м

IэдиихурэIэмырбийрэ
ЗэшэкIауэ пшэм хохьэж,
ЗэпсэгъуитIыр щысабийрэ
Ягу илъахэр яIуэтэж.
Вындыб задэ и щыгу лъагэм
ХуэкIуэ лъагъуэр мэзым пхаш,
Зиусхьэнхэр тетщ а лъагъуэм,
Шыр IумпIашэу абы даш.
Къарэмызэ къапотIысри,
Пхъэр щIэпхъуахэм шэр къахедзэ,
Хуарэ къарэм зэ зредзыжри,

И нэпкъыжьэ биййм ятредзэ.
Фочхэр псоми щаунэщIым
Хахуэр джатэ Iэпщэм хуокIуэ,
Афэшууэ уэркъ мэхъаджэм
И гущIыIум ар щызокIуэ.
Адэмейуэ мэз адакъэр
А зэманым бгыщхьэм докI,
Зеужьыжри, бейгуэл бзаджэр
Хьэчэ-хьэпсэу кIэлъыдокI.
Джэду щакIуэм хуэдэу сакъыу
Iэбжьэ-Iэбжьэу щIащыкI мэзыр,
Ауэ ахэр зэбгъурыкIыу
Ищкъым япэ а тIум языр.

Ч э р и м йокI, Iупхъуэр зэIуах, Выңдыбыщхьэ мэзырщ.

I э м ы р б и й

*(зэплъэкIыурэ мэзым къыпхокI)*

Махуэр хуабэщ, уэмщ мэзыжьыр,
ИкIи дахэщ, Iэдииху...
Хъун си гугъэщ мы хуей цIыкIур
ТщIы псэупIэ, зыгъэпсэху.

*(ЩIакIуэр едз.)*

I э д и и х у

Сэ сешакъым. Ауэ сщIэркъым...
Си гур хуабжьу мэпIейтей,
Къарэмызэ къызэрытым
Си псэр Iейуэ донэщхъей.

I э м ы р б и й

Къарэмызэ мэзхэм я тхьэщ,
Бгыхэм я бгъэщ, Iэдииху,
А лIыхъужьыр ди хъумакIуэщ,
Епсыхынкъым къытхуэзэху.
Дуней гъащIэм и лъэбакъуэр
Уэрэ сэрэ нобэ доч,
ФIым хуежьауэ дэ ди лъакъуэм
Лъэбакъуэшхуэ ирыреч!



6 Заказ №120

І э д и и х у

Пщы димыІэу дыпсэуну?

І э м ы р б и й

Дыпсэунущ, Іэдииху!
Дэ пщылІыпІэ дихуэжыну
Уимыгугъэ дылІэжыху.

І э д и и х у

Пщыншэ гъащІэр дауэ хъуну?

І э м ы р б и й

«Іуэху мыублэ блэ хэсщ!» — жаІэ,
Сэ си гугъэщ нэхъыфІ хъуну.
Тепщэ щыІэм псэ лей яІэ?
Псэ лей зиІэу зы яхэткъым,
Ауэ яІэщ куэду пщылІ,
Ди тхьэ лъапІэм къигъэщІакъым
ЦІэ яфІищу пщыуэ зылІ,
Лей зезыхьэр, лъы изыфыр,
Пщыгъэ щІэкъур тепщэ мэхъу,
Хейм и телъхьэр, фІы зигу илъыр,
Іей зымыщІэр — мэунэхъу.
Ауэ, дахэ, уэрэ сэрэ
Дыхъуащ нобэ пщылІ щхьэхуит,
ДиІэщ куэду бгырэ мэзрэ,
Насыпышхуэ тхьэм къыдит!

І э д и и х у

Іэмин, си псэ. Зы дыхъуащи,
Бгыри мэзри жэнэт хуэдэщ,
Гуащэ бзаджэм сыкъелащи,
Лыхэм хуэдэу си гур быдэщ.

І э м ы р б и й

Къарэмызэ къытщІыхьэху,
ДыгъэтІысыт, Іэдииху.

ӀэдиихуⅡ

Къарэмызэ зэрыжыпӀэу
Си гур къоуэ темыпыӀэу.

ТӀури щӀакӀуэ кӀапэ зырызым тотӀысхьэ.

Ӏэмырбий

Умышынэ абы щхьэкӀэ.

Ӏэдиихху

Абы пщыхэр щхьэ и бий?
Пэжу пӀэрэ гурэ псэкӀэ
Ар уи къуэшыр, Ӏэмырбий?

Ӏэмырбий

Къарэмызэ и къуэш дыдэр
Тепщэ гуэрым къиукӀащ,
ЛӀыфӀым и псэм ар имыдэу,
КӀуэри тепщэр иукӀыжащ.
Ябгэ лъэпкъыр бий щыхуэхъум
Хъуакъым хэкур имыбгынэу,
И Ӏыхьлыхэр, и ныбжьэгъухэр
Зэман гуэркӀэ къимыгъанэу.
И тхьэрыӀуэщ гъащӀэу иӀэм
Лейзехьэжьхэм я биину,
И тхьэрыӀуэщ пщылӀу щыӀэм
ЗэрылъэкӀкӀэ ядэщӀыну.
Ар си фӀэщ мэхъу.

Ӏэдиихху

Куэдым жаӀэр
Си фӀэщ мыхъуу сыкъэнащ.
Бзэгу зезыхьэм я щӀэпхъаджэр
Дыркъуэу си гум къытенащ.

Ӏэмырбий

Ар хэт сымэ?

Iэдиихy

Мэхъу зыбжанэ,
Ауэ псори бейгуэл защIэщ.
ЯлъэкIIауи къамыгъанэ,
Бзэгуу яхьри яфIэмащIэщ,
Псори щIокъур тепщэ хъуну,
Псори тепщэм, хэт пщылIынур?

Iэмырбий

А цIыху Iейхэрщ пщылI пэрыту,
Унэхъуауэ къэнэжынур...
Сыт зэманыр щIэдгъэкIуэдыр?
ЖыIэ мыдэ уи мурадыр.
Дитын губгъуэм зы дымыщIэу?
ТщIын чэщанэ унэ папщIэу?

Iэдиихy



Iуэхум япэр ахэракъым,
Дадэщ, дадэщ гупсысапIэр.
А тхьэмыщкIэм хуэщIын хуейкъым
КIуэдыжыпIэ пщым и щIапIэр.

Iэмырбий

Зы псэупIэ зэдгъэпэщым,
Си дадэшхуэр къэтхьыжынщ,
АпщIондэхукIэ гъуэмбырэщым
Си ныбжьэгъухэм щахъумэнщ.
Дэ иджыри къалэнышхуэ
ЗэрыдиIэр фIыуэ сощIэ,
ИкIи хуабжьу сытогушхуэ,
ГуфIэгъуэшхуэр зыхызощIэ,
Дышхэн папщIэ дэ тщIэн хуейхэм
Егупсысыт, Iэдиихy,
Ди Iэ-ди лъэ тIэкIу зекIуэххэм
Iей хъун хуейкъым дэ ди Iуэху.
Ди дей дадэ къэтхьыжынщи,
ПщыIэ хъумэу ар диIэнщ,
Уэри, сэри, Къарэмызи
ЩIыгум, гъавэм делэжьынщ.

I э д и и х у

Зэ слъэгъуарэт пщыIэ тщIауэ,
ЛэгъупыIэмпIэ зэфIэддзауэ.

I э м ы р б и й

Уэ щэнджатэ дадэ пхуищIым,
Бозхэр, цейхэр тхузэIупщэм,
Дыгъужьыфэр ди джэдыгуу,
Мыщэм и фэр лъэгурыдзу,
Ди бын цIыкIухэр щывгъэджэгуу,
Гуартэу диIэр тхьэ и хъудзу,
Тепщэ лъэпкъи димыIэжу
ГъащIэр IэфIу дэ дгъэпсынщ,
Сытым дежи къуэмыхьэжу,
Дыгъэр гуапэу къытхуепсынщ.

I э д и и х у

Псалъэ IэфIхэм, хуэшым хуэдэу,
Си Iэпкълъэпкъыр ягъэдий,
Си фIэщ хъуркъым уэ нэхъ дахэу
Псэлъэф щыIэу, Iэмырбий.
КъысфIощI гъащIэр, жэнэт хуэдэ,
Дэ ди пащхьэм щыщIэращIэу,
Къуалэбзухэм уэредадэ
КъыщIыджаIэр тхуэгумащIэу.

I э м ы р б и й

КъуанщIэ фIыцIэ яхэмытым,
Къэна псори дэ ди телъхьэщ,
Къуалэбзууэ уэгум итым,
Яхэт хъункъым нэхъ лейзехьэ.

I э д и и х у

КъуанщIэр бзукъэ?

I э м ы р б и й

КъуанщIэр, бзуми,
Пщыхэм, уэркъхэм ящхьыркъабзэщ,

Дамэ яIэу лъатэ пэтми,
ЦIыхум и лъыр яфIэкъабзэщ.

А д э м е й р э А ф э ш у р э хуеймхолъадэ, мыдрейхэри щолъэт, фочи фокIэщIи яIыгъыр напIэзыпIэм зэрызэ мауэ, I э д и и х у мэджалэ. I э м ы р б и й тIум япэщIэту джатэкIэ мэзауэ.

А д э м е й

ГъэтIылъ Iэщэр, хьэхэм я къуэ!

Зозауэ.

I э м ы р б и й

Къауэ, къауэ, Мэз адакъэ!

Зозауэ.

А д э м е й

*(Афэшу щIэкIиеу)*

Ущымыту къеуэ зэ, жьэрыплъэ!

I э м ы р б и й

Лъым и уасэр лъыщи — нокIуэ!

Зэзауэурэ тIури лъэныкъуэ зырызкIэ ирегъэщI, А д э м е й зэуэ зречри, мэзым холъадэ, I э м ы р б и й абы кIэлъожэ.

А ф э ш у

*(хуэму зыкъеIэтри якIэлъоплъ)*

Тэмэм дыдэ хъуат си Iуэхур,
Мы цIапитIыр зэрыукIыжым,
Лей техьами, Iэдиихур,
Сысей дыдэу къысхуэнэжым.

*(Мэтэджри, Iэдиихуи дежкIэ макIуэ.)*

КъакIуэ, дахэ, IэплIэ закъуэ
ЗыхуэзгъэщIи, сыгъэгуфIэ,
ЦIыху щымыIэу дэ ди закъуэщ.

Сыхъуащ нобэ насыпыфIэ.
КъакIуэ, си псэ, блапцIэм хуэдэу,
КъызэшэкIыт Iэдиихухэр.
УмыукIытэу, зумыхъунщIэу
Хуит сыхуэщIыт бгъафэ хужьхэм.

*(Зытредзэри къеIэбэрэбыхь, тIэкIу къыщIеIэтэ.)*

Сыт мы слъагъур?.. Мыр пэж дыдэ?..
Хьэуэ, хьэуэ, си псэм хуэдэ!
Си фIэщ хъуркъым уэ улIауэ,
Уэ улIакъым — зэ къэбауэ!..
Сыт зэхэсхыр?.. Iэуэлъауэщ.
Мэз адакъэр къэкIуэж сфIощIыр...
УкъэмыкIуэ! Сэ сыщауэщ!
Мурад быдэ нобэ сощIыр,
Си псэр пыту Iэдиихур
Нэгъуэщ! гуэрым езмытыну!
Си гум IэфIу щызущэхур
Сэ тхьэ соIуэ згъэзэщIэну!



Къещтэри, и IэплIэм илъу хьэдэр мэзым хехьэ, сценэр тIэкIурэ нэщIу щытщ, итIанэ Iэуэлъауэ мащIэ къоIури, К ъ а р э м ы з э р э  П а к ъ э р э къохьэ.

К ъ а р э м ы з э

... Мы хуей цIыкIур сэ соцIыху.

П а к ъ э

НтIэ дэнэ ар здэщыIэр?

К ъ а р э м ы з э

Мис аракъэ сымыцIыхур,
Сыт мыбдежым щIыщымыIэр...
Мис и щIакIуэр. ТIысыт дадэ,
Псафэ кIуами, къэкIуэжынщ,
Пхъэщхьэмыщхьэ е мэзыдэ
Къащыпами къытхуахьынщ.

П а к ъ э

*(щIакIуэм тотIысхьэ. Къэщтауэ)*

Мыр, си щIалэ, щхьэ лъы защIэ?!

К ъ а р э м ы з э

*(гужьеяуэ)*

Сыт а жыпIэр?.. Уоу, дэ ди тхьэ!
Дэ къыдащIэр щхьэ пфIэмащIэ?!

П а к ъ э

*(и нэпсыр щIилъэщIыкIыу)*

Сыт сыусыну сэ си жьыщхьэ?..

*(Хуабжьу зыхищIэу.)*

Махуэ мыгъуэ и гъуэгуанэщ
Илъэсищэм къэзгъэщIар,
Слъэгъуа псоми я нэхъ гуауэщ
Нобэ гуэрым къысщыщIар...
Ди тхьэу тхьэшхуэ, тхьэуэ лъапIэ,
Сыту пIэрэт сэ уэсщIар?..
ГъащIэу сиIэм согъэбампIэ,
Сыт аргуэру къызэпщIар?..

*(И бгъэр еубыдыжри зэщIодие, икIи зэуэ мэджалэ.)*

К ъ а р э м ы з э

*(щхьэщолъадэри, къигъэтIысыну)*

Дадэ, дадэ, къэтIыс, дадэ!
Щхьэ апхуэдэу угумэщIрэ?
ЩIакIуэр зи лъым ицIэлари
Iэмырбийуэ щхьэ къыпфIэщIрэ?
Дадэ, дадэ, зэтех уи нэр,
Зэ къэбауи къызэпсалъэт.

*(КъыщIеIэтэ, егъэтIылъыж.)*

Арат гъащIэм и кIэкъинэр?
Ажал ябгэм мыр и пIалъэт?..

*(Лъэчу зэфIоувэри.)*

Уи хьэдащхьэм сыщхьэщыту
Тхьэ пхузоIуэ уилъ сщIэжыну!
Си Iэпкълъэпкъым си псэр хэту
Пщыми уэркъми семыкIуну!

Iэмырбий

*(хуабжьу ешауэ, джатэр и башу мэзым къыпхокI.)*

Къарэмызэ ар зи макъыр?

*(Къохьэ, зеплъыхь.)*

Дэнэ щыIэ Iэдииху?..
Сыт уэ зыри щIыжумыIэр?

Къарэмызэ

*(щхьэмыIэту)*

Сыхуэзакъым Iэдииху.

Iэмырбий

*(Пакъэ елъагъури)*

О, дэ ди тхьэ! Сыт мы слъагъур?!
Хэт си дадэ къэзыхьар?

*(ЩхьэщотIысхьэ, тоIэбэ, йоплъ, къотэджыж.)*

ЩIэхыу жыIэт, Къарэмызэ,
Хэт и Iэщэ мыр зыхьар?

Къарэмызэ

*(нэщхъейуэ, лъэчу)*

Зиусхьэнхэр згъэбэяури,
Дадэ щхьэкIэ згъэзэжат,
Езыр гуфIэу къэзгъэшэсри,
ФIым дыпэплъэу дыкъэкIуат.

Ауэ щIакIуэм лъы кIэрылъу
Къыщилъагъум хуэшэчакъым,
И гур къекIуэу зэрыгъуэлъу
Зэуэзэпсэр къэплъэжакъым.

И э м ы р б и й

*(щIакIуэр зэпиплъыхьу)*

Благъуэ Iейхэр къызэрысу
Сэ зысIэтри сахэуащ,
Абы щыгъуэ щIакIуэм тесу
Iэдиихур къэзгъэнащ.
Хэту пIэрэ щIакIуэ фIыцIэр
Плъыжьу лъыкIэ изыIар?
Сэ хуэмыхум сыт щIэзмыщIэр
Iэдиихур зыдэкIуар.



Лъы лъэужьым еплъурэ мэзым хохьэ, К ъ а р э м ы з э лIыжьым и хьэдэр щIакIуэм кIуэцIешыхь, I э м ы р б и й и уэрэд-гъыбзэр зэпыу-къыщIидзэжурэ мэзым къыхоIукI.

ДызэрыцIыкIурэ дызэпылъти,
Уэр, си Iэдииху,
ДызэрыцIыкIурэ фIыуэ услъагъути,
Уэр, си дуней нэху.
И чэзуми дыщынэсым,
Уэр, си Iэдииху,
Илъэс пIалъэр уэ къызотыр,
Уэр, си дуней нэху.

Гъыбзэр зэпоу, къыщIедзэж, мэзым и лъэныкъуэ псомкIи къыщоIу, К ъ а р э м ы з э зэщIэдияуэ абы йодаIуэ.

К ъ а р э м ы з э

А уи гъыбзэр Шэрджэс хэкум
Зыдэсхьынщи щысIуэтэнщ,
Iэдиихур залымыгъэм
Зэрижьагъэр наIуэ сщIынщ.

I э м ы р б и й

*(гъыбзэу)*

Илъэс пIалъэр зэфIэкIауэ,
Уэр, си Iэдииху,
Си шыкъарэр щIызокъузэ,
Уэр, си дуней нэху.

Гъыбзэр нэхъ цIыкIу мэхъу.

К ъ а р э м ы з э

Ди зэшыгъэр си тхьэлъанэщ,
Уи бзылъхугъэм илъ тщIэжынкIэ!
Ди зэшыгъэр си тхьэлъанэщ,
Ар тлъэмыкIым, гъащIэр ттынкIэ!

К ъ а р э м ы з э и Iэщэ-фащэм кIэлъоплъ, I э м ы р б и й гъыбзэр жиIэурэ мэзым къыхокIыж.

I э м ы р б и й

ЩIакIуэ фIыцIэр узошэкIыр,
Уэр, си Iэдииху,
ЗызэтшэкIри дежьэжати,
Уэр, си дуней нэху.
Мэзыжь быдэр ди гъуэгуанэт,
Уэр, си Iэдииху,
Мэз адакъэр къыхолъэтыр,
Уэр, си дуней нэху.

К ъ а р э м ы з э

Гъыбзэр ухи къызэдаIуэ.

I э м ы р б и й щым мэхъу.

Уилъ пщIэжыну тхьэ къысхуэIуэ!

I э м ы р б и й

*(лъэчу)*

Щхьэ гу махэ схужумыIэ.
Силъ сщIэжыну тхьэ пхузоIуэ!

Хьэдэр къащтэри йокI.
Iупхъуэр зэхуащI.

# ЕЩАНЭ ЕДЗЫГЪУЭ
# ЯПЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Iупхъуэм и гупэкIэ Ч э р и м къохьэ.

Ч э р и м

Афэшууэ тхьэр зэбгынуэ
Ем хуэлажьэр тIэкIу щIогъуэж,
Iэдиихур мыхъужыну
И фIэщ щыхъум хыфIедзэж.
Мы щIэщхъу бзаджэм гу лъатауэ
Iэхъуэ-шыхъуэр зэроIэт,
Iэдиихур диижауэ
Пабжьэ гуэрым къыщагъуэт.
Пакъэ дадэ мэзыбг задэм
И щыгу дыдэм щыщIалъхьащ,
Мывэ Iуащхьэр а бгы задэм
Сын фэеплъу щагъэуващ.
Iэдиихур кхъэм яхьыну
Махуэр кIуэхукIэ дзыхь ящIакъым,
Жэщ мазэгъуэм ар щIалъхьэну
Зиусхьэнхэм ягу къэкIакъым.
Iэмырбийри Къарэмызи
Iуэху екIуэкIым щымыгъуазэ,
Хьэдэ щIалъхьэм къащхьэщытщи,
Иус хуэдэщ гъыбзэр — мазэм.



I э д и и х у и гъыбзэм къыщIедзэ, Ч э р и м йокI, Iупхъуэр зэIуах, сын зыдэт кхъэрщ, I э д и и х у щIалъхьэ, ар зэфIэкIыху гъыбзэр йокIуэкI, макъамэм зэзэмызэ къыхощ I э м ы р б и й и псалъэхэр, сыныр ягъэуври, псори къыдокIыж, абы екIуу Iупхъуэр хуэм дыдэу зэхуащI.

# ЕТIУАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Iупхъуэм и гупэкIэ Ч э р и м къохьэ.

Ч э р и м

Iэмырбийри Къарэмызи
Хьэдэ щIалъхьэу, хьэдэ лъыхъуэу,

Къуак‌Iи, тафи, къурши, мэзи
Зы къэмынэу зэщагъакъуэу
Къызэрытрэ зы тхьэмахуэ
И зэхуакуи дэкIыжат.
Мыщыркъанми ахэр джатэм
ЩIигъэкIауэ игъэIуат.

Ч э р и м йокI, Iупхъуэр зэIуах, Мыщыркъанхэ я унэ кIуэцIырщ, жэщщи, пхъэхуей уэздыгъэхэри иджыри маблэ, А д э м е й хэлъщ, зыбжанэр бгъэдэсщ, нэхъ щIалэхэр щхьэгъэрытщ.

Н а щ х ъ у э

*(тригъалэу)*

Си псэ, дотэ, мы зы тIэкIум
Дарий джанэ сэ естакIэ!
Си псэ, дотэ, къумыкъу фызым
Армыгъуейуэ къызищакIэ!
Хущхъуэ псоми я нэхъыфIщи,
Ауэ сытми щIэгъэуэнкъым.
ЛIэужьыгъуибгъуу мыр зэхэлъщи,
Зы уIэгъи IэщIэкIынкъым.



А д э м е й

Си фIэщ хъуркъым си уIэгъэм
ЩIэгъэуэныр и сэбэпу.

Н а щ х ъ у э

Си тхьэ, дотэ, сэ си гугъэм
Мыр уз псоми я сэбэпу!
Цацэ, фалъэм яжьэ илъу,
Яжьэм дэпыр куэду хэлъу,
И щхьэр пIауэ къысхуэхь мыдэ!
Адрей псори фыщIэкI адэ!

А д э м е й

*(гужьеигъуэу мэкIийри, зыщIеуфэ)*

Е-ей, феуэ!.. КъэвмыгъакIуэ...

*(ТепIар зытредз.)*

Дэнэ щыIэ си фокIэщIхэр?!

I э д и и х у фIыцIэ защIэкIэ хуэпауэ блыным къызэпхокIри, унэм къыщIохьэ, А д э м е й хужькIэ хуэпауэ къыщолъэтри, унэ кIуэцIыр къызэхежыхь, адэкIэмыдэкIэ зыкъуедзэ, мэкIий.

Сыт фэ къомыр фыщIыщытыр?!
Феуэ, феуэ, хьэдэджадэм!

*(Зедзри, и пIэщхьагъ щIагъым фокIэщI куэд къыщIех.)*

А ф э ш у

*(гужьеяуэ)*



ДымылъагъукIэ сэ тхьэ соIуэ!
Хэт жыхуэпIэр, зиусхьэн?

I э д и и х у дыхьэшх нэкIуу, хуэму пщым къытокIуатэ, пщыр зэпымычу йокIуэт, мэкIэзыз, мэкIий.

А д э м е й

ЩIэкI, щIэкI!.. ЩIэкI, жызоIэ!
Шэр уи гущхьэм хэзгъэсхьэнщ!

Еуэну фокIэщIыр треубыдэ, I э д и и х у мэкIуэдыж.

Г у а щ э

*(къыщIохьэ)*

Сыт, сэрмыгъуэ, къыфщыщIар?

А д э м е й

Уэ плъэгъуакъэ, Гуащэ, ар?

Г у а щ э

Хэт слъагъунур? Хэт жыхуэпӀэр?

А ф э ш у

Зиусхьэныр мэгушыӀэр.

Н а щ х ъ у э

Фымышынэ абы щхьэкӀи,
Зи уз гуащӀэхэр хопсэлъыхь,
НэкъыфӀэщӀхэр гъусэ хуохъури,
Нэгум щӀэту къыдекӀухь,
Хэту пӀэрэ, дотэ, нетӀэ
Уэ уи нэгум къыщӀыхьар?
УмыбзыщӀу сэ къызжыӀэ
Зи гум фӀыкӀэ укъэкӀар.

А д э м е й

*(и акъылым къихьэжа хуэдэу)*

Пэжкъым жыпӀэр, хьэдэджадэм
И гум фӀыкӀэ сыкъэкӀакъым.
Ныбжьу слъагъуу махуищ лъандэм
Ӏэдиихур скӀэрыкӀакъым!

А д э м е й  зэфӀэдияуэ блыным йоплъ, адрейхэри зоӀущащэ.

Н а щ х ъ у э

Дауэ, дотэ, зэрыплъагъур?

А д э м е й

КъыпхокӀ занщӀэу унэ блыным,
ФӀыкъым, дауи, хьэдэ егъур...
Сыт спихынур унэӀутым?!

Н а щ х ъ у э

*(хуабжьу хэгупсысыхьу)*

Хэт щIэпхъаджэ илэжьыну
Мурад ищIми щIырегъуэж,
Тхьэм и нэфIыр зыщыхуэну
Iэдиихум илъ ещIэж.

А ф э ш у

Щыгъэт, фызыжь!

Н а щ х ъ у э

Сытым щхьэкIэ?

А ф э ш у

УзэIэзэр Iэдиихукъым.

Н а щ х ъ у э



Зиусхьэным и хьэтыркIи
Iэдиихум себгыфынкъым.
Ауэ нобэ ди кхъэм дыкIуэу
ЩIы Iэмыщ1э къэтхьын хуейщ,
Арыншауэ зиусхьэным
И узыфэр хъужыгъуейщ.

А д э м е й

Сыту сщIыну щIы IэмыщIэр?

Н а щ х ъ у э

Ар псым хэлъу зыбгъэпскIынущ.
ЗыгъэпскIэпсыр тхузэхэщIэм,
Уи гуэныхьхэр итхьэщIынущ.

Г у а щ э

*(ебзэджэкIыу)*

Сыт гуэныхьу дотэ телъыр?

Н а щ х ъ у э

*(и фIэщ хуэдэу, ауэ ауан ищIу)*

ПщIэну щыткъым, ди гуащэ,
ТIэкIу зылъэкIыу дунейм тетыр
ТIэкIу мэхъуапсэ, тIэкIу мэгъуащэ.

*(Афэшу зыхуегъазэри.)*

Мис мыр дыдэр, си щхьэгъусэр,
ЖэщкIэ гъуащэу къыщыт щыIэщ.
Нэчыхь зиIэ цIыхум и псэр
Хъуапсэу щытым, гуэныхь яIэщ.

А д э м е й

*(хэкъузауэ)*

Гуащэр гъусэ зэрысхуэхъурэ
Сэ нэгъуэщIым сехъуэпсакъым!
Балигъ дыдэ сызэрыхъурэ
Зы гуэныхьи къэзлэжьакъым!

I э д и и х у

*(къохутэ)*

Пэжкъым жыпIэр, зиусхьэн.

А д э м е й

*(зичэтхъэжу)*

Мис, аргуэру къэджэдащ!

Псоми заплъыхь.

ЩIэкI, щIэкI адэ! Сыноуэнщ!
Си фIокIэщIыр узэдащ!

I э д и и х у

*(къыпыгуфIыкIыу)*



7 Заказ №120

Сэ уэ пэжыр бжезмыIэн
СхулъэкIынкъым, зиусхьэн,
Жэнэт гъуэгум сытехьащ,
Уздэсшэнуи сыкъэкIуащ.

А д э м е й

*(зэщIэкIэзызэу)*

Уэ сыпхуейкъым, Iэдииху!

I э д и и х у

Уэ апхуэдэу ухуэмыху?
Сэ си гъусэу унэкIуэнщ,
Гуащэр мыдэ къэдгъэнэнщ.
Зыдэтшэнкъым Iэмырбий,
Сыхуисыжккъым сэ абы,
Гурэ псэкIэ уэ уи бийщ,
Къэдгъэгъанэ ар мыбы...



А д э м е й

*(и щхьэр щIэIуауэ къижыхьу)*

Абы жиIэр зэхэфха?
Хьэмэ псори дэгу фыхъуа?

Н а щ х ъ у э

*(бзаджагъэ хилъхьэу)*

Си тхьэ, ныбжьу сэ си нэгуми
Iэдиихур къыщIыхьакIэ!
Си тхьэлъанэщ, Iейми фIыми,
Хьэдэджадэ ар хъужакIэ!

ЦIыхухэр зэрыгъэгужьеяуэ зоIущащэ, А д э м е й зэфIодие, I э д и и х у абы гъунэгъуу къыщхьэщохьэ. Н а щ х ъ у э утыкур еубыд.

ЦIыхууэ щыIэм захуэвгъази,
А хъыбарыр ину вгъэIу,
Зы къэмынэу кхъэм фынакIуи,
ФIым хуишэну тхьэм фелъэIу.

Н а щ х ъ у э йож, г у а щ э р и А ф э ш у и абы кIэлъыщIокI.

А д э м е й

*(худэплъейуэ)*

ТекIуэт адэ! СыноуэнкIэ
Тхьэ пхузоIуэ, щIэкIуэтэн!

I э д и и х у

*(нэхъри тегуплIэу)*

Уэ уи Iэщэр иджы сэркIэ
Шынагъуэжкъым, зиусхьэн.
Си насыпыр къыптекIуащи,
Мурад фIейхэр къызумыку,
Илъэс минкIэ упсэуами,
Сыхъужынкъым уи уэншэку.
ЩIым и щIагъым сыкIуэжами,
Ейщ сэ си псэр Iэмырбий,
А сэ си псэр зэгъэжами,
Сэ си хьэдэр уэ уи бийщ.

А д э м е й зы фокIэщI къепхъуатэри йоуэ, цIыхухэр зэрогъэкIий, хьэжэпхъажэ мэхъу, зоIущащэ, I э д и и х у зэкIэ тIэкIу мэгуфIэри, нэхъри йобгъэрыкIуэ.

Дунеижьым утетыхукIэ,
СыщIэкIынкъым уэ уи нэгу,
ИкIэм нэсым уэ уи лIэкIэр
Ихужынкъым цIыхухэм ягу.

А д э м е й аргуэру зы фокIэщI къепхъуатэри йоуэ, цIыхухэр зэрогъэпIейтей, I э д и и х у йобгъэрыкIуэ.

ЦIыхухэр куэдрэ бгъэгуIэну,
Ялъ бгъэжэну уэ уи фIэфIщ,
Ауэ, дотэ дыхьэшхэну
Къанэм нэхърэ лIар нэхъыфIщ.
Сыт уи гъащIэ, насыпыншэ?
Уэ уи мащэр уэ къэтIыж,
ЛIы губжьахэм запумышэу
Шэ уиIэжым, зыукIыж!

А д э м е й аргуэру зы фокIэщI къещтэри йоуэ, цIыхухэр иджыри тIэкIу мэпIейтей, I э д и и х у нэхъри тогуплIэ.

Блэм и бзаджэр щаукI махуэр
Уэ мыгувэу къыпхуэкIуэнущ!
Щымэхъашэу уи хьэдащхьэр
ПунэлаткIэ щIатIэжынущ.

А д э м е й

*(фокIэщIыр Iэдииху триубыдэурэ трегъауэ, ауэ зыри уэркъым, Iэдиихуми зигъэхъейркъым)*

О, сэ си тхьэ, Мыщыркъанхэ
Пщыгъуэ дахэр яухыну?
ГъащIэ уардэу сэ сиIахэр
УнэIутым текIуэдэну?!

Зредзыхри, тэхътэбаным и къуагъ къуопщхьэ, I э д и и х у мэкIуэдыж, А ф э ш у къыщIолъадэ.

А ф э ш у

*(бауэбапщэу)*

Зиусхьэныр дэнэ щыIэ?
Ей, жьэмщхьэмхэ, щIэхыу жыфIэ!

*(МакIуэри щхьэщоувэ.)*

Iуэхууэ щыIэр зэIыхьауэ
Тхьэ пхузоIуэ, Адэмей!
Уи биитIыр къыдыхьауэ
КъакIуэу жаIэ уэ уи дей.

А д э м е й

*(зыкъищIэжу)*

Хэт а къакIуэр?

А ф э ш у

ИужьреитIыр...

А д э м е й

Къащтэ щIэхыу си хьэзырхэр,
Узэд псынщIэу си фочитIыр!
Къыумыгъанэ фокIэщIыжьхэр.

*(ЕпIэщIэкIыу, Iэрпхъуэру зехуапэ.)*

Лъапсэрыхыр яхэзмылъхьэм,
Сэ сызикъуэр Мыщыркъанкъым!
Хьэдэджадэр къыщIэмыхьэм,
СыщIэшынэ дунейм теткъым!

А ф э ш у

*(фочхэр, фокIэщIхэр иузэдурэ)*

Унэгуащэм къуажэм дэсыр
Кхъэм ишэну зэхуегъэсыр.

А д э м е й

Абы дэри дыкIуэн хуейкъэ?

А ф э ш у

УагъэпскIыну къыбжиIакъэ.

Х ь э м ы з э

*(гъуо джэуэ жыжьэу къыщыщIедзэ, гъунэгъу къохъу, жыжьэу IукIуэтыжурэ мэкIуэдыж)*

Уэй, жылэ махуэ хъун!
Зи лъэкIэ зекIуэр
Кхъужьей гуэрэным фыщызэхуэс!
КъыкIэрыхуахэр ипщэ кхъэм нокIуэр,
КъемыкIуэлIахэм тезыр къалъос!

*(Хьэмызэ апхуэдэу тIэу-щэ маджэри мэкIуэдыж.)*

А ф э ш у

Зэрыкъуажэу ди кхъэм макIуэ.

А д э м е й

*(иджыри зэпхыдэIукIыу)*

Iэдиихурэ сэрэ щхьэкIэ?

А ф э ш у

АтIэ. НакIуэ.

А д э м е й

НакIуэ, накIуэ!

ЕпIэщIэкIыу тIури щIокI.
Iупхъуэр зэхуащI.

## ЕЩАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ



Кхъэ кIуэцIырщ, I э м ы р б и й р э К ъ а р э м ы з э р э сынхэм еплъурэ къакIухь, зэзэмызэ зопсалъэ, зэхуозэ, зэбгъэдокIыж, Iэмырбий зэпымычу гъыбзэр жеIэ

I э м ы р б и й

Дэнэ, дэнэ, уэ ущыIэ,
Уэр, си Iэдииху,
Уэ сыплъохъуэ сымыувыIэу,
Уэр, си дуней нэху.

*(Псалъэр хэмыту макъамэр жеIэ.)*

Уэ уи напэр щыслъагъунум,
Уэр, си Iэдииху,
Хьэдрыхэм сынэкIуэнут,
Уэр, си дуней нэху.

Макъамэр жеIэ. К ъ а р э м ы з э къыбгъэдохьэ.

К ъ а р э м ы з э

Сын щIэрыпсу, псори зэщхьу,
КуэдIей мэхъур мы кхъэм дэтыр,
ЗыцIыху гуэри димыгъусэу —
Мыхьэнэншэщ дызыхэтыр.

Iэмырбий

Псоми жаIэ ныбжь хъужауэ
Iэдиихур сэ къыслъыхъуэу,
Хьэдэджадэ къыфIищауэ,
Зиусхьэным куэдрэ хуэзэу.
Ахэр пэжкъым. ШейтIан узу,
Мэз адакъэм ар йофыкI,
ИукIахэр къыхуэзэжу,
Къедэуэжу и нэгу щIокI.

Къарэмызэ

УIэгъэшхуэ абы телъар?

Iэмырбий

Инми цIыкIуми слъагъужакъым,
Бгым щхьэщохьэ, бгым йохуэхыр,
Сыт сымыщIэм сыщIыхьакъым.
ИкъукIэ лъагэт зэхуэхари
Си гугъакъым ар къелауэ,
Си фIэщ хъуакъым и Iэпкълъэпкъри
Хьэбэсабэу мыщэщауэ.

Къарэмызэ

Мыщыркъаным и узыфэр
КъызыхэкIыр мис аращ.
Ныбжьри фэбжьри щызэхыхьэр
Удын цIыхум щылъысарщ.

Iэмырбий

Ныбжьу щытми, и сурэтыр
Сэ си нэгум къыщIыхьащэрэт,
Е и кхъащхьэр къысхуэгъуэту
Зэ и сыным Iэ дэслъащэрэт.
Дэнэ, дэнэ уэ ущыIэ,
Уэр, си Iэдииху, уэр, си дуней нэху?
Ныбжьуэ щытми, зэ къыщIыхьэ
Уэ си нэгуми, сыгъэпсэху.

*(Уэрэду.)*

Дызэрыц̧IыкIурэ дызэпылъти,
Уэр, си Iэдииху,
Дызэрыц̧IыкIурэ фIыу услъагъути,
Уэр, си дуней нэху.

*(Уэрэдыр жиIэурэ, сынхэм Iэ дилъэурэ жыжьэу IуокI.)*

И чэзуми дыщынэсым,
Уэр, си Iэдииху,
Илъэс пIалъэр уэ къызотыр,
Уэр, си дуней нэху.

Кхъэм и щIыбкIэ хъури бзыри зэхэтхъуауэ зэхоувыIэ, Н а щ х ъ у э жиIэр псоми жаIэжурэ тхьэ йолъэIу.

П с о м и

Я, дэ ди тхьэ, кIуэдыкIейуэ
ТфIэкIуэдахэм фIы къахуэщIэ!
НыбжькIэ игъуэ нэмысауэ
КIуэдыжахэм хуэгумащIэ!



I э м ы р б и й

*(уэрэду)*

Мэзыжь быдэр ди гъуэгуанэт,
Уэр, си Iэдииху,
Мэз адакъэр къыхолъэтыр,
Уэр, си дуней нэху.

I э м ы р б и й  макъамэр жеIэ, ц̧Ыхухэр абы топсэлъыхь.

Н а щ х ъ у э

Лъагъуныгъэр къилъыхъуэжу,
Къурши мэзи зэпичащ,
Хъыбарыжьу яIуэтэжу
Къэнэжахэр кхъэм къишащ.

I э м ы р б и й

ГурыфIыгъуэу сиIа закъуэм
Си адэшхуэр щIызгъужащ,

Лъэпкъыу сиIэр щызэщIакъуэм
Сэ зы закъуэр сыкъэнащ.

Абы къедаIуэурэ К ъ а р э м ы з э къыбгъэдохьэ.

К ъ а р э м ы з э

СыткIэ пщIэрэ уакъелауэ?
Модэ еплъыт мо къытхуэкIуэм,
Сэ тхьэ соIуэ ар губжьауэ,
Укъелынкъым ар къыптекIуэм.
Ауэ, си къуэш, сэ сыщыIэщ,
Зэрыплъагъуущи, Iэщи сиIэщ.
УхэкIуадэм, уилъ сщIэжынщ,
СыхэкIуадэм, силъ пщIэжынщ.

I э м ы р б и й

ЗэгуэкIуахэр зэрагъашэу,
Ди насыпыр сыт щIэмыхъур?
Лъагъуныгъэм лъы хуагъажэу
Зэкъым, тIэукъым къызэрыхъур.
Иджыгуэрым лъы дгъэжэну?
Сыхуеякъым ар злэжьыну.

К ъ а р э м ы з э

*(къыздикIамкIэ плъэурэ)*

Сыт къыщIэкIуэр еIуящIэр?
ЗыдгъэгъэпщкIуи дегъэплъ ящIэм.

Лъэныкъуэ зрагъэз. Кхъэм къыдохьэ А д э м е й, А ф э ш у, Х ь э м ы з э, Х ь э ш ы р сымэ, Х ь э м ы з э зы сын бгъэдохьэ.

Х ь э м ы з э

Мис, мы плъагъум щIэлъкIэ соIуэ
Iэдиихур, зиусхьэн!

А д э м е й

*(зэщIэкIэзызэу)*

ЩIэлъми, гъуамэр си деж нокIуэ!
Къэтэджыжк Iэ тхьэ щысIуэнщ!

*(Афэшу жриIэу.)*

ПсынщIэу къащтэ щIы IэмыщIи,
Уэ уи Нащхъуэ сыхуэшэж.

*(Хьэмызэрэ Хьэшыррэ захуегъазэри.)*

Фэ тIум мащэр къэвунэщIи,
ЩIэлъ-щIэмылъми къызжефIэж.

А ф э ш у

*(щIы IэмыщIэ къещтэ)*

НакIуэ.

А д э м е й



НакIуэ.

I э м ы р б и й

*(къыкъуокIри)*

Зэ къэвгъазэт!

ЗэкIэ псори зы напIэзыпIэм зэщIодие.

А д э м е й

Iэдиихукъым ар зи макъыр.

А ф э ш у

Сыхьэтмыгъуэм дыкъыхуэзащ,
Iэмырбийращ ар зи макъыр.

I э м ы р б и й

*(лъэщу)*

Зыкъэвгъазэ нывжесIакъэ?

ТIуми зэуэ загъазэ, А ф э ш у хуэм зищIурэ зыкъыкIэрегъэхури, хуабжьу сакъыурэ мэкIуасэ, Х ь э м ы з э р э Х ь э ш ы р р э мэгузавэ.

К ъ а р э м ы з э

Сеуэн, си къуэш?

I э м ы р б и й

Уезгъэуэнкъым.
ФIыуэ слъагъур сфIиукIакъэ!
СымыукIыжым сигу зэгъэнкъым.

Гъунэгъу дыдэ зэхуохъухэр.

Къэслъыхъуэжыр Iэдиихути,
Мис, и мащэр къэзгъуэтащ,
Си адэшхуэм тхьэ хуэсIуати,
Илъ сщIэжыну хуит сыхъуащ...
Си гугъакъым лъы гъэжэныр
Бгыщхьэ мэзым щызмыухауэ,
Си гугъакъым пщы залымыр
Бгыщыху лъапэм къэмынауэ...
Къащтэ Iэщэр, пщы псэ быдэ!
Куэдым я лъыр сэ сщIэжынущ,
ПхузэфIэкIым, къысхуумыдэ,
Бэга си гур згъэтIысынущ.

А д э м е й

*(фокIэщIыр Iэ зырызкIэ иIыгъыу)*

Сэ аракъым си мурадыр,
Iэмырбийуэ ди лIыхъужь,
УсщIын сфIощIыр уэ щIалэфIыр
Уэркъыу щыIэм я нэхъыжь.
Ар пфIэмащIэм...

*(ФокIэщIитIымкIи зэуэ зэдоуэ, Iэмырбий мэщэнауэ.)*

К ъ а р э м ы з э

Хуит сыкъэщIи...

I э м ы р б и й

Хьэуэ, хьэуэ! ФемыIусэ!
Уи фокIэщIхэр узэдыжи,
Къауэ плъэкIым, хьэщхьэрыIуэ!

Зедзри къамэр хехуэ, А д э м е й зэ мэкIийри мэджалэ.

ФхузэфIэкIым, сэ си хьэдэр
Iэдиихум бгъурыфлъхьэж,
Ар флъэмыкIым, сэ си дадэр
ЗыдэщыIэм сэ сыфхьыж.

I э м ы р б и й мэджалэ, «Iэмырбий» жаIэу псори йожалIэ, кхъэ щIыбымкIэ щытхэр зэрызохьэ.



Iупхъуэр зэхуащI.

*Литературэдж, филологие щIэныгъэхэм я доктор*
*Бэчыжь Лейлэ илъэс 90 ирокъу*

# ЩIЫХЬ ЗЫХУЭФАЩЭ



Ди лъэпкъым и япэ бзылъхугъэ еджагъэшхуэ, лъэпкъ литературэмрэ абы ехьэлIа къэхутэныгъэхэмрэ егъэкIуэкIыным хуэлажьэ, щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и вице-президент Бэчыжь Лейлэ къызыхэкIа лъэпкъым бгъэдэлъ хъугъуэфIыгъуэм хуищIа хэлъхьэныгъэр къыпхуэмылъытэным хуэдизщ.

Шэрджэс литературэм и тхыдэдж, критик цIэрыIуэ, Къандурым и цIэкIэ щыIэ дунейпсо саугъэтым и лауреат Бэчыжь Лейлэ Iэбубэчыр и пхъур Хьэбэз районым хыхьэ ПсэукIэ Дахэ къуажэм къыщалъхуащ. КъШР-м и къалащхьэ Черкесск дэт лъэпкъ еджапIэ-интернатыр къиуха иужь, Лейлэ Ленинград дэт къэрал университетым филологиемкIэ и факультетым щеджащ. Абы щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэту къызэригъэзэжрэ, Къэрэшей-Шэрджэс щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щылэжьащ, IуэрыIуатэмрэ литературэмкIэ къудамэм и унафэщIу. Абы къыдэкIуэу 1983 гъэм къыщыщIэдзауэ КъШКъУ-м литературэмкIэ и кафедрэм и профессорщ, КъШР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIщ.

Унагъуэ къызэрыгуэкIым къыщалъхуа пщащэ цIыкIум и адэ Iэбубэчыр щIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыхут. Лейлэ игу къегъэкIыж и адэр урыс усакIуэшхуэ Пушкиным и тхыгъэхэм къахуеджэу зэрыщытар. Мис абы щыгъуэм щегъэжьауэ литературэм фIылъагъуныгъэ ин хуищIат абы.

Ауэ абы нэхъ лъабжьэ куу иIэу хуэбгъэфащэ хъунущ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Лейлэ и щIэныгъэ лэжьыгъэм Москва щыщелэжьым, зэрымыщIэкIэ къыIэрыхьауэ щытащ и адэшхуэ Индрис еджагъэшхуэу зэрыщытам щыхьэт техъуэ дэфтэрхэр. Индрис Ереван академиер къиухауэ къыщIэкIащ. Лейлэ хуабжьу ирогушхуэ абы и къекIуэкIыкIам. И адэшхуэри, и адэри зыхущIэкъуар – быным щIэныгъэ ябгъэдэлъу къэгъэтэджыныр арати, езым ар игъэпэжащ.

Зэрынэрылъагъущи, Лейлэ и гъащIэ псор щIэныгъэм, литературэм щIытриухуам къежьапIэ, лъабжьэшхуэ иIэщ.

Хьилмы зыбгъэдэлъ, урысыбзэр зыгъэшэрыуэ адэм и сабийхэр щIэныгъэм хуэпабгъэу къигъэтэджащ. Пэжщ, ахэр тыншу къэпсэ-

уа унагъуэкъым. Хэку зауэшхуэр екIуэкIыу, нэмыцэхэм ПсэукIэ Дахэ къуажэм и Iэгъуэблагъэм телъ лъэмыжыр къагъэуэн я мураду лагъым къыщрадзыхым, Бэчыжьхэ я унэм къытехуэри, псэупIэр щIым щIивэжат.

1937 - 1938 гъэхэм Лейлэ и анэм урысыбзэкIэ тхауэ яIа дэфтэрхэр щIитIауэ щытати, лагъымыр къахэхуа нэужь, быным зы дэфтэри яIэщIэмылъыжу къэнащ.

Iэбубэчыр Инжыдж лъэныкъуэмкIэ пхъэ щызыгъэхьэзырхэм, «лесосплав»-м епхауэ лажьэхэм яхыхьащ. АтIэ, унагъуэр зыгуэркIэ бгъэпсэун хуейтэкъэ. Унэншэу къэна бынри абыкIэ здишауэ щыIэт. Бэчыжьхэ фэтэру урыс унагъуэ гуэрым я деж щIэст.

Курыт еджапIэм щIэс Лейлэ радиомкIэ зы махуэ гуэрым къызэхех Черкесск къалэм деж лъэпкъ интернат къызэрыщызэIуахам, абы зауэм къела сабийхэр зэрыщрагъэджэнум, IуэхущIапIэр къэралым и нэIэм зэрыщIэтынум теухуа хъыбар. Япэ дыдэ а интернатым щIэтIысхьахэм ящыщщ Лейли.

– Зыми зыри жезмыIэу, си бэхуцейр жьым зэрихьэу, самосвал гуэр къэзгъэувыIэщ, ситIысхьэри, ахъши сIэщIэмылъу, Черкесск сыкIуэну гъуэгу сытехьащ. Сыгузавэрт. Пщэдей хуэдэм экзамен ятти, Iэмал иIэтэкъым абы сыкъыкIэрыхуну. Интернатым и унафэщIыр зауэр зи нэгу щIэкIа, зауэлI фащэр екIуу зыщыгъ Хърачэ Хьэмидт. КъехьэкIнехьэкI хэмыту, унафэщIым сыбгъэдыхьащ.



– Сыт, си хъыджэбз цIыкIу, узыхуейIа? – къызэупщIащ Хърачэр.

– Седжэну сыхуейщ, – жэуап естыжащ сэ.

– Къащтэт уи дэфтэрхэр...

– Зыри сиIэкъым, псори тфIэкIуэдащ зауэр щекIуэкIым, – си макъыр зэфIэнэу жэуап естыжащ лIым.

Игу къысщIэгъуагъэнщ. АтIэ, дауи, езыми къыгурыIуэрт зауэм цIыхухэм къахуихьа тхьэмыщкIагъэмрэ зригъэува щытыкIэхэмрэ.

– Пщэдей урысыбзэкIэ сочиненэр фIыуэ птхымэ, укъэтщтэнщ, дэфтэр уимыIэми, – дакъикъэ зыбжанэкIэ щыму щыта нэужь, къызжиIащ интернатым и унафэщIым.

Сочиненэр 5-кIэ стхыри, гуфIэгъуэм сызэщIиIэтэу сыщIэтIысхьауэ щытащ щIэныгъэ нэс къыздыщIэсха егъэджэныгъэ IуэхущIапIэм, – игу къегъэкIыж Лейлэ.

Пщащэ гурыхуэм еджапIэ-интернатыр фIы дыдэу къиухащ. Зыхуеджэну IэщIагъэр къыщыхихын пIалъэри къэсащ.

– Зэдеджэхэм хэт дэнэ кIуэнуми жаIэти, сэ къыщызэупщIым, «Ленинград къэрал университетым сунэтIынущ» жысIащ. СыкъэкIуэжри, «Ленинград еджакIуэ сыкIуэнущ» яжесIащ дыдейхэми. Си тхылъхэр Ленинград езгъэхьагъэххэти, тхылъ къысхуагъакIуэри, сраджащ, экзамен щыттыну пIалъэм секIуэлIэн хуейуэ. Гъуэгу сыщытехьам, си шумэданым дэлъыр тхъу тIэкIурэ хъуржын цIыкIукIэ си анэм къызита нартыху хьэжыгъэмрэт. ЩыстIэгъэн къудей сиIэтэкъым. ЖыхуэсIа ерыскъыхэр шумэдан нэщIым дэслъхьащ. Интернатым къызатауэ бостей щхъуантIэ гуэр сиIэти, си анэм дахэ цIыкIуу схузэригъэзэхуэж-

ри, ар сщыгъыу гъуэгу жыжьэ сытехьащ. Сегупсыстэкъым щIыIэ хъумэ, бэлъто сиIэн зэрыхуейм, ар къыздисхынури гурыIуэгъуэтэкъым. Сэ дамэ къыстезыгъакIэр си гуращэм, си псэр зыщIэхъуэпсым сызэрыхуэкIуэрат, – къыпещэ адэкIэ Лейлэ.

Бгырыс бзылъхугъэхэм ящыщу япэ дыдэу университет щIэныгъэ зэзыгъэгъуэта Лейлэ еджапIэ нэхъыщхьэр къиуха нэужь, илъэситI хуэдизкIэ и щхьэгъусэм щIыгъуу Польшэм щыпсэуащ. И щхьэгъусэр полякт. Ауэ Лейлэ и анэ-адэм ялъэмыкIыж щыхъум, ахэр гугъу иримыгъэхьын папщIэ, адыгэ хабзэм щIапIыкIа пщащэм, Варшавэ къалэм зэфIэкI, лъэкIыныгъэшхуэ иIэу дэс пэтми, и хэкужьым къегъэзэж. АдэкIи щIэныгъэм хуэлэжьэн щIедзэ...

– Университетым сыщыщIэсым полякхэм я бзэм сыхуеджат, фIыуэ сщIэрт. Тебэрды къалэм конференц щекIуэкIыу, Польшэм къикIри, хьэщIэ гуп ди хэгъэгум къеблэгъауэ щытащ. Сэ абыхэм «КъШР-м щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэхэр» темэмкIэ лекцэ сакъыхуеджэну срагъэблэгъат. Си лекцэр зэуэ польскэбзэкIэ, зы тхылъымпIи къэзмыгъэсэбэпу езгъэкIуэкIауэ щытащ. Абы щыгъуэм хьэщIэхэм ящыщ зы къэтэджри жиIэгъат: «Полякхэр лекцэ къыщеджэкIэ, тхылъымпIэ яIэщIэлъу, еплъурэ къоджэ. Мыбдеж адыгэ бзылъхугъэр польскэбзэкIэ, зыми емыплъу лекцэ ди пащхьэ кърилъхьащ. Телъыджэкъэ ар!» жиIэри...

Лейлэ и гукъэкIыжхэмрэ и гъащIэм и къекIуэкIыкIамрэ уедаIуэу, утемызашэу жэщи махуи убгъэдэсыфынущ, абы и гупсысэр, и акъылым и къэухьыр апхуэдизкIэ гъэщIэгъуэныщэщи, зыми емыщхьу гъэпсащи. Езым зэрыжиIэщи, яукIынуми, пэжым и телъхьэщ ар.



Бэчыжь Лейлэ адыгэ щIыналъэищми, нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми фIыуэ къыщацIыху. Абы и щхьэусыгъэр адыгэ IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ джынымкIэ, ди лъэпкъ усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ я IэдакъэщIэкI тхыгъэхэм уасэ тэрэз яхуэщIынымкIэ, литературэм зезытыну зи гугъэ щIэблэщIэр гъуэгу щыпкъэ тегъэхьэнымкIэ мы бзылъхугъэм куэд дыдэ зэрилэжьарщ. А псори Лейлэ щIыхузэфIэкIар анэдэлъхуу иIэ зэчиймрэ сыт хуэдэ гугъуехь хуэмызами къимыкIуэтурэ зригъэгъуэта щIэныгъэшхуэмрэ я фIыгъэщ.

Бэчыжьым и Iэдакъэм къыщIэкIыу япэ дыдэу дунейм къытехьауэ щытар «Шэрджэс литературэм и тхыдэм и напэкIуэцIхэр» зыфIища тхыгъэрщ. Ауэ тхылъ щхьэхуэу къыдэкIыным и пэкIэ, Лейлэ ар къыщигъэсэбэпауэ щытащ адыгэ литературэмрэ гъуазджэмрэ я махуэхэу 1957 гъэм Москва къалэм щекIуэкIам щищIыгъа докладым.

Университетыр къэзыухагъащIэ бзылъхугъэ ныбжьыщIэм ди литературэм теухуауэ абдеж къыщипсэлъам къыхэща щIэныгъэр, акъылыр, зэчийр нэгъэсауэ гъэщIэгъуэн ящыхъуауэ щытащ урыс тхакIуэ цIэрыIуэхэу Михалков Сергейрэ Сартаков Сергейрэ.

НапэкIуэцI плIыщI нэхъ мыхъу япэ тхылъ пIащIэ цIыкIур Бэчыжь Лейлэ угъурлыуэ къыхущIэкIри, абыкIэ щIэныгъэм щыхиша лъагъуэр иужькIэ еджагъэшхуэм и гъуэгу бгъуфIэ, хуит хъуащ. Иужьрей илъэс 54-м къриубыдэу ди литературэм и тхыдэмрэ адыгэ, абазэ, нэгъуей, къэ-

рэшей тхакIуэхэм я Iэдакъэщ IэкI тхыгъэхэмрэ ятеухуауэ лэжьыгъэшхуэ зыбжанэ итхащ икIи къыдигъэкIащ Лейлэ.

Абыхэм ящыщщ «Шэрджэс усакIуэ Гъуэщокъуэ Хъусин» (1962), «Шэрджэс совет литературэр» (1964), «Адыгэ литературэм и прозаическэ жанрхэм я зыужьыкIэмрэ ахэр зытет лъэпкъ дахэгъэпс хабзэхэмрэ» (1972), «ЛIыхъужь эпосым къыщыщIэдзауэ романым нэс» (1974), «Псалъэм и жэуаплыгъэр» (1978), нэгъуэщIхэри. Абыхэм нэмыщI, Бэчыжьыр ящыщщ 80 гъэхэм Москва къыщыдэкIауэ щыта «Совет лъэпкъыбэ литературэм и тхыдэр» (томитху мэхъу), «Совет романыр» тхылъхэр зытха еджагъэшхуэхэм.

ЩIэныгъэ лэжьыгъэ 200-м нызэрыхьэс и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Ахэр адыгэхэм, абыхэм лъыкIэ къахыхьэ, КъШР-м, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэм я литературэхэр зэрызэфIэувам, зэрызиужьам теухуащ. ЩIэныгъэрылажьэр холэжьыхь мыхьэнэшхуэ зиIэ къэхутэныгъэхэм. Зэхуехьэс, къехутэ, Урысейм къыщыдэкI газет, журнал зэхуэмыдэхэм къытрырегъадзэ адыгэхэм я IуэрыIуатэм ехьэлIа тхыгъэ купщIафIэхэр.

Бэчыжь Лейлэ и гуащIэшхуэ хэлъщ Кавказ зауэжьым и зэранкIэ къэрал щэ никъуэм щIигъум щикъухьа хъуа ди лъэпкъэгъухэм къахэкIа тхакIуэхэм, усакIуэ цIэрыIуэхэм я творчествэр хэкужьым щыпсэухэм ягъэцIыхуным хуэгъэзауэ ди щIэныгъэлIхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэ иным. Псалъэм папщIэ, Инджылызым щыпсэу адыгэ тхакIуэ Къандур Мухьэдин и «Кавказ» роман-трилогиер къыщыдэкIам япэ дыдэ ар зэпкърызыхыу, и рецензэ убгъуа ди къэралым къыщытрезыгъэдзахэм ящыщщ Бэчыжьыр.

Апхуэдэ къабзэу, хэхэсу псэу адыгэхэм ятеухуащ Лейлэ жэрдэмщIакIуэ зыхуэхъуу 1991 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Черкесск къалэм щрагъэкIуэкIауэ щыта «Кавказ лъэпкъхэм хамэщIхэм щаIэ щэнхабзэр» щIэныгъэ конференцыр. Апхуэдэ конференц бжыгъэу Бэчыжьыр зыхэлэжьыхьар куэд мэхъу. Дэтхэнэми абы хелъхьэ лъэпкъым хуэгъэза и гупсысэ куур, хамэ къэрал куэдым щыпсэу адыгэхэм къагъэщI литературэм ди лъэпкъ IуэрыIуатэр зэришхэпсым и гугъу ищI зэпытщ.

ИщхьэкIэ зэрыщыжытIащи, Бэчыжь Лейлэ къаруушхуэ тригъэкIуэдащ адыгэ IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжауэ къыдэгъэкIыным. Апхуэдэ лэжьыгъэм и мызакъуэу, Лейлэ жыджэру хэтщ адыгэхэм ятеухуауэ къэрахьэжьэ сыт хуэдэ Iуэхуми. Абы хузэфIокI лъэпкъым и Iуэхухэм и гуащIэ Iыхьэ хилъхьэн.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**



## *Лейлэ теухуа усэхэр*

### АПХУЭДАЩ СЭТЭНЕИ

Сыт пэпщI хъуну Iущыгъэ
ГъащIэм хуэхъум и шхэпс,

ЦIыху, зыгуэшу щIэныгъэ,
Дыгъэм ещхьу хъуам къепс?

Акъыл хейр уи лодану,
Уэ уохьэф хэти игу,
Щымытар лIы къудану,
Уогъэшэс алъп уанэгу.

Жэщ уэгу бзыгъэм къиплъ вагъуэу,
Гугъэр щIэблэм ибот,
Гъуэгу нэху пшэщIым шыхулъагъуэу
Гукъыдэж къыщагъуэт.

Уигу къикI нур зытемыпсэр
Гъэгъа псыншэу мэгъуж,
Зылъыса, зыхуэупсэр,
Гъужыпами, къощIэж.

Апхуэдащ Сэтэнеи,
IуэрыIуатэм жеIэж,
Ар къелащ хэт и неи,
Зи IуэхуфI хъуащ мылIэж.

Уэри гъащIэгъэдахэу
Утхуэхъуащ ди щIыхьIэт,
Зигу мыкIуэдхэм псэмахэу
Дэрэжэгъуэ зыщагъуэт.

Тет дунейм умыужэгъуу
Гъуэгу техьам лъыкъуэтын,
Зи гугъуехь Тхьэм къилъагъуу,
ГъащIэ кIыхькIэ зэтэн!

**ГЪУКIЭКЪУЛ Даут,**
*Черкесск къалэ*

## ЗЭМАН ХЪЫЖЬЭМ ЯПЭ ИТ

Дунейр, гъащIэр къытхуэупсэу,
Лъэпкъым уэ укъыдитащ.
Си адыгэм и цIэр нэхъри
Уэ пIэтыну укъэхъуащ.
Лейлэ, Лилэ,
Ди шыпхъу лъапIэ!
Лейлэ, Лилэ,
Лъэпкъым ипхъу!



8 Заказ №120

Ди гуфIэгъуэ,
Ди гушхуапIэ,
Нэхъри бжьыфIэ
Уэ дыбдохъу.
Ди Адыгэм и дахагъэр
Уэ уи деж щынэрылъагъущ.
Ди Адыгэм къыхуащI щIыхьыр
УэркIэ нэхъри лъагэ мэхъу.
Уи гурылъхэр псынэ къабзэщ,
Уи щIэныгъэр хы пэлъытщ.
Зиужь уихьэр къыбдэхуарзэу,
Зэман хъыжьэм япэ уитщ.
Дыгъэ нуру ухуопс хэти,
Уи гу къуэпсхэр жыжьэ нос –
Лъэпкъыу исым Кавказ лъахэм
Анэгу щабэу уалъоIэс.
Лейлэ, Лилэ,
Ди шыпхъу лъапIэ!
Лейлэ, Лилэ,
Лъэпкъым ипхъу!
Ди гуфIэгъуэ,
Ди гушхуапIэ,
Нэхъри бжьыфIэ
Уэ дыбдохъу.



**ШОРЭ Ахьмэд,**
*КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ*

МЭКЪУАУЭ Амир

# МАСИРЭТ И ЖЫГ ХАДЭХЭР

*Повесть*



Зытригъэун хьисэпкIэ зэгуэр къигупсысауэ щытами, мы Iэмалыр Масирэт хуэхъуат псалъэмакъ гурымыхьхэм къезыгъэл зыгъэпщкIупIэ. Псалъэ жагъуэхэм я джэрпэджэжыр абы зыжьэхигъауэртэкъым, – къызыфIигъэщI къэп цIыкIум ахэр щигъэпщкIурти, шыгуным къыхэщIыкIа пхъуантэ хьэлъэр тригъэукIуриежырт, псалъэмакъым и къарур дигъэкIуэщIу. Зэми, псалъэ жагъуэу къраутIыпщыр гъущI пхъуантэ цIыкIум дилъхьэ хуэдэу ищIырти, мэзылъэ Iуащхьэм и лъабжьэм щежэх псым хидзэжырт. НаIуэ дыдэу и нэгу къыщIыхьэрт пшахъуэмрэ ятIэмрэ зыхэзэрыхьа псы щIыIэр зыщIафурэ хьэлъэ хъуауэ, къару ямыIэжу зэрыхитхьэлыхьыр.

Хьэмэрэ иджыпсту: мы пэшым щIэсу хъуам – гуащэ-тхьэмадэмрэ Iыхьлыхэмрэ – къажьэдэкIыр пэшым къыщызылъэтыхь сабыныпс гъэпща зэпэлыдым и кIуэцIым занщIэу къихутэрт. ПсалъэкIэ из хъуа шэрыбхэр жыг хадэмкIэ кIуэ щхьэгъубжэ зэIухам дэлъэтыкIыурэ, зы макъ ямыщIу къэлыдырти, напIэдэхьеигъуэм зэхисхьэрт.

Уэршэрэгъу набдзэгубдзаплъэ гуэр иIамэ, Масирэт абы иригъэлъагъуфынут а къэлыдам къыхиху Iугъуэ хьэлэмэтыр. КъыгуригъэIуэфынут, мафIэм щискIэ, дэтхэнэ псалъэми езым еиж плъыфэ щхьэхуэ къызэрищтэр, ар гурыщIэ гуэр къызыхэщ жыIэгъуэмэ, узыпэмыплъэххэ плъыфэхэр зэрагъуэтыр. Псалъэм папщIэ, «къэдаIуэт, сипхъу цIыкIу», е «уэ дызэхэпщIыкIын хуейщ», е «уэри насып бгъуэтыжынщ» жыхуиIэ псалъэхэр мафIэм щискIэ, гъуатIафэу, къащхъуэу е дыжьыныфэу Iугъуэ цIыкIу къахихумэ, «илъэситху ен мэхъу», е «пщIэн хуейщ: унагъуэ тэмэм хуэмей цIыхухъу щыIэкъым», е «къыпхуиухар арамэ, зыри пхуещIэнукъым» жыхуиIэхэм ящI Iугъуэр гъуабжафэу, удзыфэ-сырыхуфэу, плъыжь-морафэу зэхэшыхьащ.

Мис, аргуэру и щхьэщыгум къызыфIигъэщIхэм ящыщ зы шэрыб къиувэри изи хъуащ: «уи анэм и махуэ плIыщIыр зэращIрэ зыкъом щIащ, фи унэр нэщIу щытщ, дэри дыцIыхугъэншэу уи мыгугъэ, дыбдэIэпыкъунущ» – псалъэхэмкIэ къыдэщIеяуэ Масирэт и лъэныкъуэмкIэ къежьащ. Шэрыбым и джабэр гъуджэм хуэдэу къабзэщи, абы къищ и теплъэр игъэщIагъуэу зэпеплъыхьыж: ар щIалэщ икIи дахэ дыдэщ. И ныбжьэгъу хъыджэбзхэм жаIэ: лъагъуныгъэ щIэзрэ куэд лъандэрэ къыпхуэзэша хуэдэу гуапэу къоплъ и нитIым уа-

хьэхури, ущIокIуадэ, щхьэц кIыхьыр ухуэнауэ и плIэм илъщ, и нэпкъпэпкъ зэхэлъыкIэр апхуэдэщи, цIыхубз дыдэхэми куэд яхэткъым зыфIэмытелъыджэн, и макъри къызыхуигъэщIар лъагъуныгъэ псалъэхэр аркъудейщ. Ар езыми ещIэж.

Сыту пIэрэ-тIэ къэзыгъэщIам абы псом ящхьэр къыщIримытар? Мы дунейм хъуапсэу тет цIыхубзу хъуам я лейуэ ар зыщIэхъуэпсыр къыщIыхуимыгъэфэщар? Шэрыбри щхьэ щыдия абы и щхьэщыгу дыдэм деж? Iулъэт адэ, гур зыгъэузыр жыжьэу Iух, зэи афIэкIа къимыгъэзэжыну. Абы и насыпыр зэпаудыфын мы къуажэдэс зэхэщIыкIыншэхэм, щхьэгъусэм и Iыхьлыхэм? Хэт зыщIэр ар зыщIэхъуэпс сабийр къыщыкIэрыпщIэнур сыт щыгъуэми? Мыхэракъым абы и гъащIэр зыубзыхунур.

Ауэ абы и гъащIэр зыубзыхуфынур икIи ар зи къалэныр, Iуэху пIэщIэгъуэкIэ районым кIуэн хуейуэ дыгъуасэ лъандэрэ жиIэми, иджы гукъыхэщт имыIэу и машинэм йопэщэщри щIыбым дэтщ. УкIэлъыплъмэ, къыбгуроIуэ Адэлбий ищIэм зэремыгупсысыр. ЗыкIи хуэмейуэ свечам и щхьэтелъыр къытрегъэпкI, трегъэпкIэж, зэм Iэдэ къищтэнщи, абыхэм ящыщ зыр къриIуэнтIыкIынщ, жыгхэм щхьэпрыплъу нэщхъейуэ жыжьэ плъэнщи, кIэрисхьа тIэкIу кIэрылъми гу лъимытэу икIи кIэримылъэщIыкIыу, ириIуэнтIэжынщ, зэIусэр и нэм имылъагъуххэу. Сытым щхьэкIэ машинэ уэздыгъэми кIэрыхъыжьа иджы, абы щыгъуэми зэрытегъэубыда Iунэм Iэдэр кIэщIигъэлъадэри, абджыр къигъэчащ – ари мо сытым теухуауи сакъ зыхэлъ цIыхум. Хьэуэ, абыи и псэм бэлыхь телъу къыщIэкIынущ иджыпсту. Нобэ пщIантIэм дамыгъэкIауэ аращ, Масирэт псалъэмакъ къиIэтмэ, арэзы къадэмыхъуу никъуэкъуэну хуежьэмэ е гущIыхьэу лъэIуэн щIидзэмэ, зэуэ псоми кIэ иритын хуейуэ. Апхуэдэ лъэпкъ къэхъунукъым, сыт, къамыцIыхужу ара? Нэрылъагъущ мыхэм Iуэхур ябз, яду зэрагъэтIылъыжар. Зэкъуэлъэдэжри, Масирэт тепщIэ хъуну унафэмкIэ зэгурыIуащ, мо пщIантIэм дэтри зыпэплъэр Iуэхур тэмэму зэрызэфIахам и хъыбарщ, езым и унафэр ищIыжагъэхххэщ.

Ныжэбэти зэгъусэу щыхэлъар, Iурихыу гъуэгу тет Масирэт и щхьэгъусэм къыкIэрих мэ гуакIуэ адрей цIыхухъу псори зыхуэхейуэ къыщIэкIынур зыжьэдишэу. Адэлбий псалъэртэкъым, и Iуэху гуэрхэр гукIэ зэригъэзахуэрт, къулыкъущIэ пэрыхьащи, иджыпсту абы къалэн Iэджи иIэщ. Нэху щымэ къэхъунум теухуауи зы псалъэ къыжьэдэкIатэкъым. БгъэщIэгъуэни хэлъкъым, абы зэи фIэфIакъым игу илъ иIуэтэну: зэрызэдэпсэуа илъэситхум и кIуэцIкIэ гукъанэ хэлъу зы псалъэ къыжриIакъым, уеблэмэ хэгъэзыхьауэ а тIур зы Iуэху гуэр щытепсэлъыхьа къэхъуакъым. Губзыгъэу забжыжырт, жыIэн хуэмейуэ псори къагурыIуэу. Ауэ пэжыр жыпIэмэ, Адэлбий сытым щыгъуи цIыху таучэлыншэу щытащ, унафэ зытещIэн хуей Iуэхумрэ езымрэ къызэхуэнэ нэхърэ, зыпыIуидзмэ нэхъ къищтэрт, – зэманым къигъэлъэгъуэнщ щIэн хуейр. Мис иджыпстуи Масирэт къепсалъэр и Iыхьлыхэращ.

Ар цIыху сабырщ, щхьэгъусэ гуапи хуэдэщ, адэ-анэм яхуэжыIэщIэ къуэщ. Я унагъуэр адрей унагъуэ псоми хуэдэщ – Iейкъым икIи фIыкъым, бынитIым къуэр нэхъыжьщ, пхъур нэхъыщIэщ. Ауэ я пхъум

и щIыкIэр нэгъуэщIщ, дэлъхум зыкIи емыщхьу: жыджэрщ икIи нэжэгужэщ, и гур зэIухащ, къабзэщ, Масирэт дежкIэ ныбжьэгъуфI хъуну щытат. АрщхьэкIэ кIэщIу дэкIуэри, щхьэгъусэ хуэхъуар дзэм хэтти, къэралым къулыкъу хуищIэну ищхъэрэ щIыналъэ жыжьэм ягъэкIуащи, хъыджэбз цIыкIуитI яIэу щопсэу. Абы и Iыхьлыхэм яхуидэнтэкъым мыпхуэдэу пуду Масирэт лъэныкъуэ ирагъэзыну. Мыдрейм къепсэлъэн къудейуи лIыгъэ къылъыкъуэкIакъым.

«Къыхуэтшэни къэдгъуэтащ, дыгурыIуащ» псалъэхэм я ужькIэ Масирэт ахэм жаIэр зэхихыжтэкъым, жыг хадэм щхьэщыт пшэ зэмыфэгъухэм егупсысурэ, абыкIэ зытригъэуурэ, хъуху зиIыгъащ. Мы пудыныгъэр дауэ игъэвыну? ЗанщIэу зыкъиIэту зэрыщIэкIын къару дэнэ кърихыну? И акъылыр зэIымыхьэу мы сыхьэтыр дауэ къипсэуа хъуну? Мыбдежым абы IупщI дыдэу и нэгу къыщIыхьащ псэ зыхыхьа псалъэхэр зэгулIауэ зэрыс шэрыбхэр зыщIэз пэшыр. Ахэр ещхьт Iэпкълъэпкъ теплъэ зимыIэж цIыху уэдыкъуа дэIэпыкъуныгъэ щIэлъэIум. Шэрыбым и фэ быдэ зэхэшыр къыпхратхъыу дунейм къытехьэну ныкъуакъуэурэ, ахэр плъыжь-фIыцIафэу ткIурти, шэрыб джабэм ежэбзэхыжырт. Асыхьэтым абы къыщIихьащ хьэщIэ щрагъэблагъэ хабзэ пэш пхыдзамкIэ къикI мэ гурымыхьыр. Абы щIэт гъущI пхъуантэ хьэлъэм и лъабжьэм япэм щIигъэпщкIуауэ щыта псалъэхэр зы дакъикъэм кърибыдэм щIэфыхьауэ, арат а мэ Iей дыдэр къыздикIыр. КъызыхэкIар имыщIэу, Iуащхьэ лъапэм щежэх псыри и гупсысэхэм къыхыхьащ, ари псыIэрышэ гуащIэмащIэ цIыкIум хуэкIуэжа хуэдэт, и псыжапIэу щытар иджы къамылым зэщIащтарэ хьэндыркъуакъуэхэр щыкуэду.

Масирэт IупщIу хузэхэгъэкIыжтэкъым мы псалъэхэр пэжу иджыпсту зэхихыу арами, и акъыл тещхьэрыукIам ипэкIэ зэхиха псалъэмакъым пищэми: «Уи анэм и жэм Мурэ здэпшэжынщ, Iуси уэттынущ, къедгъэшэнур къэдгъуэтакIэщ, уэри пцIыхуу къыщIэкIынущ ар, пщIэрэ, нобэ Iэщыр дэдгъэкIыркъым, къуажэ псом Iэхъуэу лэжьэну зы цIыху дэбгъуатэркъым, – псори губзыгъэ хъуащ, уи щхьэгъусэм щхьа угуфIэнкIи хъунщ, фэ зэгъусэуи феджащ, фызэсащ, ауэ зэман дэкIмэ пщыгъупщэжынущ, хуэнщIеи, хьэгъуэлIыгъуэм укъэмыкIуэу къыумыгъанэ, мэкъу ныпхуэтшэнущ, ари дэри дауэ дыхъуну сабий димыIэмэ, нартыху зэтеудаи, цIыхубзыр арэзыщ, и адэ-анэри хъарзынэщ, къуэ закъуэр дауэ насыпыншэу къэдгъэнэну, джэд, тепIэнщIэлъын, щхьэнтэ, унэлъащIэхэр узэрыхуейуэ къащтэ, бабыщи, къази, гуэгуши къребгъэшыну уэттынщ, Тхьэшхуэм иухар арат, сыт пщIэнур, лей къыптедгъэхьэнкъым, дэ дыапхуэдэ цIыхукъым...»

Зэман дэкIри, а пэш дыдэр аргуэру и нэгу къыщIыхьащ. Iэнэм тетт псы зэрыт абдж джырафинэ, вакъэ зэрылъа тхылъымпIэ пхъуантэ цIыкIу хущхъуэхэр илъу, напэIэлъэщI псыфи телът, езы пэшым уимыгъэбауэу щIэтт жьыкIэфэкIэм къаIурих хабзэ мэ гурымыхь нобэр къэсыху къыщIимыхьар. Мазэныкъуэу зэгулIауэ абы къыщхьэщытщ и тхьэмадэ Хьэмид, лIы тыкъыр нэкIуплъыр, хужь хъурей цIыкIухэр зыхэпхъа я шейныч удзыфэ ныбэкъым ещхь и гуащэ Бабыху, нэгъуэщI зэхэуфаитIи, аращи, Масирэт и нэхэм лъаIуэу заплъыхь щхьэкIэ, абыхэм яку къикIыу здэкIуэн иIэкъым. И Iэпкълъэпкъыр апхуэдизкIэ щIэлIащи, шэч къытрехьэ къэтэджын къэгъэнауэ, зигъэхъеифыным.

ИтIани нэкIэ къегъуэт щхьэгъубжэр, абы удэплъмэ, машинэр здэщыта удзыпцIэр плъагъурт, ауэ ар абдеж щытыжтэкъым. Абы нэкIэ къилъыхъуэр и тхьэмадэм къыгурыIуати, зызэригъэкъуэншэжыр и макъым къыхэщу къыжриIащ езы Масирэт и псалъэкIэ Адэлбий зэрыдэкIар, и гугъу лъэпкъ къимыщIу, Iуэху здиIэм кIуэну зэрыпиубыдар. Щрелъ Масирэт, зрегъэпсэху, гумащIэу псалъэмакъым къыхохьэ шейныч удзыфэр, зыкъреужьыж, игъащIэкIэ хуумыгъэфэщэнт апхуэдизу ар къарууншэу. Адэлбий щIэх дыдэ къэкIуэжынущ, Iей лъэпкъ игу къыхуремыкI. И Iуэху зэрызэфIэкIыу, къэкIуэжынущ.

ДэкIауэ къыщIокI. Абы, дауи, къигъэзэжынущ, ар зэи зэрыщытыпхъэм текIкъым. Дыгъуасэ дыдэти щегупсысар жеижын и пэ къихуэу: Адэлбий и напэпкъми, уеблэмэ Iэпкълъэпкъми зы дагъуэ иIэкъым, зэзгъэзэхуэжащэрэт жыхуэпIэн зыри хэлъкъым. Адэ-анэм яку къыдэкIат ар зэпэщ гуэру, гуфIэгъуи щхьэпэныгъи зыми къахуимыхьу.

Хьэмидрэ Бабыхурэ иджыри зыгуэрхэр жаIэрт, ауэ Масирэт ахэр зэхихыжыртэкъым. Иджы ар зыгъэпIейтейр и нэгу щIэкIа къудей пщIыхьэпIэм и зы теплъэгъуэт, хьэмэрэ – фIищынур ищIэркъым – нахуапIэт ар? ЗикI хузэфIэгъэувэжыркъым а теплъэгъуэр. И анэм теухуауэ къыщIэкIынут. Хьэуэ, а зыгъэпIейтей теплъэгъуэр абы и нэгу щыщIэкIар къыщыушыну дыдэращ, икIи ар лъэтэным пыщIат. Ауэ, дауэ имыщIми, и нэгу зэрыщIэкIам хуэдэу къыхуэгубзыгъыжкъым, зы фIэгъэнапIи щыIэкъым. Сыт щхьэкIэ, и дамэр-щэ? Абы щыгъуэ и дамэ сэмэгур хуабжьу узт. И Iэщхьэр дригъэкIуэтейри, уфIыцIа хъуреишхуэр къыщIэщащ. Дэни къикIа? Джэлакъым, диваным къикIыхакъым, зэман кIэщIкIэ зимыщIэжу зэрыщылъам теухуауэ мыхэм еупщIынукъым. Арыншами уафэм къехуэха гуэрым хуэдэущ ахэр къызэреплъыр. Уи дамэм къыщыщIар сыт, жаIэ, Iейуэ ущэIурт. ЗыкIи къемыупщIыну арат зыхуейр. Мыпхуэдэ дакъикъэм абы зыгуэркIэ уеупщIыныр сыту делагъэ. Псори щIэкIыу, и закъуэу къагъэнарэт. Ауэ а пщIыхьэпIэм щыщ теплъэгъуэр щхьэ хузэфIэмыгъэувэжрэ, ар зыгуэркIэ и дамэм епхауэ щытмэ? ИкIи епхащ, абы зы шэч хэлъкъым. АрщхьэкIэ хъуркъым, къыхуэщIэжыркъым. Сыту псэ лэжьыгъэшхуэ хуей и нэгу щIэкIар зэфIигъэувэжыну зэрелIалIэ къудейм, ауэ къарур хурикъуркъым.

Аргуэру макъхэр зэхих мэхъуж: уэ щылъ, Масирэт, щылъ мамыру, ди къуэр сытым хуэдэу къытфIэна, зэи тлъэгъуатэкъым апхуэдэ щытыкIэм иту. Мы дунейм теткъым адэ-анэм я гурыгъузыр къызыгурыIуэн, уеблэмэ уи бын дыдэми – тэмэму фепсэлъакъым, тэмэму фепсэлъакъым! Дауэ-тIэ дызэрыпсэлъэнур? Мэт, еIубыт удз хущхъуэм и псым, хьэмэрэ шху нэхъ къэпщтэну? Шху щIыIэ, ы? Масирэт и Iупэм къыхуахьа кIрушкIэ щхъуантIэр Iуегъэкlуэтри, щэху, ауэ ерыщагъ хэлъу жеIэ: «Сыфшэж си анэм и унэм. Сыфшэж, Iейуэ сынывольэIу. Нэхъ псынщIэу».

И щхьэгъусэр къэкIуэжыху пэплъэн идакъым Масирэт, къару зыщIэмылъыж и макъымкIэ къытригъэзэжурэ лъаIуэрт: псынщIэу унэм сыфшэж, си анэм и унэм, жэмри, Iэхъуэм щыдэвмыгъэкIакIэ, занщIэу здэсшэжынущ. Къару гуэр зыщIыпIэ къикIри къэтэджащ, ауэ и щхьэр мэуназэ, и къэжьын къакIуэу къызэрыдохьейри и тэма-

къым къыщIогъуалъхьэ. Iэмалыншэу зыхуеину хьэпшыпхэр зыгуэрурэ зэхуихьэсащ, ауэ сумкэшхуэм иримылъхьэу, пIэтепхъуэ къуэлэным кIуэцIилъхьэри, и кIапэхэр зэридзэжащ, пасэм зэращIу щытам хуэдэу.

Масирэт тригъэчыныхьти, гузавэри укIытэри хузэхэту Хьэмид шыгур зэщIищIэт, дыгъэвэхым псыр къыпыжу къигъэпщIэнтIарэ и щхьэ хуэпсэлъэжу: машинэр къэсыжыху пэплъэн идэркъым, къуажэр къыщIэплъу шыгукIэ дауэ зэрыпшэжынур, абы щыгъуэм жэмри кIэрыщIауэ – цIыхум сыт жаIэнур? Дэтхэнэм и жьэр бубыдын, уатеIуэнущи – абы нэхъ шынагъуэ къыпхуэгупсысынкъым. Хэти хуэпIуэтэн уи гум щыщIэр... Езыхэр къыптепсэлъыхьмэ, къыпщыдыхьэшхмэ аращ зыхуейр, нэгъуэщIхэм къащыщI Iейм егъэгуфIэ зэрыкъуажэу.

Хьэмид Iус, нартыху гъэлъэлъа, хуэнщIей къэп зырыз губжьауэ гум ирилъхьэри, я щIыIум нышэдибэ пиупщIа удз цIынэм щыщ тридзэжащ. Iэщыр гъэшхэн хуейщ, и гугъэщ ар и закъуэ хузэфIэкIыну – анэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэм! Ауэ иджыпсту Хьэмид тегушхуэртэкъым абы пэрыуэну. Зэхэзэрыхьыжауэ гурыщIитI къеныкъуэкъурт: и щхьэгъусэмрэ езымрэ псом нэхъ Iейуэ зыщышына псалъэмакъыр дэгъуэу зэфIэкIащ, я къуэр щхьэхуитщ, гъащIэщIэ иухуэжынумэ, зыри зэран къыхуэхъуркъым, ауэ а псалъэмакъым апхуэдизкIэ гущIагъщIэлъ дыдж къыхуигъэнащи, щымыIэгъарэт, езыхэм зэхагъэкIыжынт я Iуэхур.

Бабыху гъынанэрэ щэхуу гъыбзэ кърищу шызакъуэгу зэщIэщIар пщIантIэм къыдигъэкIыжащ. Масирэт и лъакъуэр зеиншафэу едзыхауэ гупкIэм пытIысхьащ, гъуэгум къащыхуэзэу кърагъэтIысхьа гъуэгурыкIуэ тхьэмыщкIэ гуэр хуэдэу. И хьэпшып зэкIуэцIыпхар, игъэлъагъуэ хуэдэу, и лъэгуажьэм телъу иIыгът, езыми апхуэдизкIэ гуауэ и нэгум къиищу зигъэшати, къэхъуар къыумыщIэнкIэ Iэмал зимыIэт. Хьэмид зэгуэзыгъэуд псом я щIыIужу, Мурэ гум кIэрыщIауэ яшэрт, къигъэбэмпIэну зищI хуэдэ, зэи имыIа псынщIагъэр къылъыкъуэкIауэ, и псэущхьэ къарум зыкъызэрыщIиIэтамрэ зы жэм гуфIэгъуэ гуэррэ къигъэлъагъуэу.

Дыщ унэр къуажэкIэ дыдэрат зыхуэзэр. Дагъэ щыщIаху заводым блэкI уэрам щэху цIыкIум техьэри, Хьэмид къуажэбгъум зритащ – дауэ щымытми, мыбыкIэ цIыхур нэхъ щымащIэщ. Махуищ ипэ къешха уэшхым иужькIэ ятIагъуэр дыгъэм игъэгъущыжри мывэм хуэдэу жати, гъуэгур быдэ, быркъуэшыркъуэ хъуат. Хьэуа хуабэм хэзт зи щIэрэщIэгъуэ тхьэмпэхэмрэ зи хъугъуэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ я мэ гуакIуэр, абы хохьэж пщэдджыжьым паупщIу ягъэгъущыну гуэщыщхьэхэм драдзея мэкъум кърагъэхь мэ хьэлэмэтыр. ПIалъэ-пIалъэкIэрэ а псом къахэзэрыхьырт нэрымылъагъу бахъэу бэкхъхэм къыщIэсыкI куэншыбымэ зэсэжар. Уэрамхэр цIыхуншэт, зэзэмызэт зыгуэр тетIысхьэпIэм тесу щыплъагъур: хэт къаз шыр, гуэгуш ширхэм кIэлъыплъырт, хэти къуэрылъху пкъымызагъэм и нэIэ тетт, хэти ауэ сытми щыст, блэкI закъуэтIакъуэм щхьэхынафэу ерагъкIэ зыкъыхутраIэтыкIрэ зыри къызэрымыкI плъэкIэкIэ якIэлъыплъыжу. Хуэмурэ уни, жыги, цIыхуи узытхьэлэ, узыгъэмэх щытыкIэ гуэрым хыхьэрти зэщIэдиежырт.

Масирэт нышэдибэ лъандэрэ нэгъуэщI цIыху хъуауэ зыкъыщыхъужырт, къэхъуар иджыри нэсу къыгурымыIуами, ауэ шэч къызытримыхьэр зыщ – зэуэ зыри къыфIэмыIуэхуж хъуащ. НапIэзыпIэм къыпкърыхьа узыра и зыхэщIэныгъэхэр зыгъэкIуэдар, е и гуащIэр зэрыкIуэщIара и псэр зыгъэдияр, ауэ зэкIэ и нэгу къыщIыхьэжыртэкъым зыр адрейм яужь иту къыхуэкIуэурэ хъыжьпIыжь зыщIу щыта теплъэгъуэ хьэлъэхэр, зэхихыжтэкъым увыIэгъуэ ямыIэу къытрагъэзэжурэ и псэр зыуIэ псалъэ гуауэхэри. Пэжщ, иджыпсту абы къыфIэIуэхукъым зыри: цIыхугъи, благъи, къуажэм дэсхэри, абыхэм жаIэнури, уеблэмэ зэрыдунейуэ зыуи къридзэркъым. ЗиупцIэну къуажэм и кIыхьагъкIэ ирикIуэфыну къыщохъу, цIыхум жаIэнуми емыплъу, ауэ апхуэдэ щытыкIэм зэриувам зыкIи игъэгузавэркъым. И мыарэзыныгъэр къигъэлъэгъуэн папщIэ апхуэдэ егъэлея ищIэну – къемыкIу теплъэ иIэу къуажэм дыхьэну – къезыгъэзэгъ щытыкIэм трегъэу ар. Псом нэхърэ нэхъ хьэлэмэтыращи, апхуэдэ къызэрыхъуфынум пIейтеягъ хэмылъу егупсысырт, абы щыгъуэми делэу зимыбжыжу. Ауэ дэтхэнэ делэра, егупсысырт Масирэт, делэу зызылъытэжыр.

Масирэт и анэр зэрылIэрэ тхьэмахуэ къэс къыдыхьэжурэ щытат мы унэжьым, ауэ иджыпсту нэгъуэщIынэкIэ еплът – и сабиигъуэм иIа зыхэщIэныгъэхэр къэщIэрэщIэжат. Япэм абы тIысыпIэу иIат, сатыр занщIэурэ еувэкIа мыIэрысэ жыгхэм пэжыжьэу, и закъуэу хадэ ихьэпIэ дыдэм деж щыт кхъужь жыгым и щIагъыр. Асыхьэту жыг хадэм псэщIэ къыхилъхьэжат и адэр иту къызэрыщыхъуам. Ар цIыху дахэу зэрыщытар иджыщ Масирэт къыщыгурыIуэр – къамылыфэу, лъынтхуэбэу, къуажэм цIыхухъуу дэсым нэрылъагъуу къахэщырт. Сытым щыгъуи нэжэгужэт, гушыIэрейт, и хьэлт игъэIущын мурадкIэ Iуэху ищIэмрэ щIищIэмрэ быным къагуригъаIуэу – ар жыгым трикIэну хущхъуэм и зэхэщIэкIэрауэ ирехъу е пхъэщхьэмыщхьэр къызэрыпычыжын, зэрыхъумэн хуейрауэ щрырет. Фыкъеплъ, зывгъасэ, жыхуиIэт, ар псоми ящIэн хуейщ: жыг хадэр мыин дыдэми, унагъуэр дегъашхэ. Щизакъуэми укIэлъыплъыну хьэлэмэтт абы – и щхьэм хуэпсэлъэжырт, пьесэ гуэрым щыщ Iыхьэ къеджэу фIэкIа умыщIэну. Анэр – сытым щыгъуи и гушыIалъэр – хадэм къызэрихьэу, жьэнахуагъэрэ хъуэр псалъэкIэ зэпеуэн щIадзэрт, зым адрейм и тIасхъапIэ гуэр къигъуэтурэ, гумащIагъэри къыхэщу ауан зэрыщIыжырт. Ауэ куэд дэмыкIыу анэм ар къыIэщIэужагъуэрти, хадэм икIыжырт – унагъуэ Iуэхур и пщэм кьос. Адэр и текIуэныгъэм щыгуфIыкIырт, сыт-тIэ иджы дэIэпыкъуэгъуншэу къэнамэ – ипхъу цIыкIуитIыр сэбэп хъун къэгъэнауэ, зэран къыхуэхъурт, – ауэ анэр ирагъэкIуэтыныр абы дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэти, ар къызэрехъулIам, сабийм хуэдэу, гукъыдэж къритырт. Адрей адэхэм я зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр ныбжьэгъухэм я гъусэу ягъэкIуэн папщIэ унагъуэр зрадзэкIмэ, мыр апхуэдэтэкъым – дэнэ кIуэми, и пхъуитIыр гъуэрыгъуэурэ здишэрт. Ар и Iыхьлыхэм ящыщ гуэр къыщалъхуа махуэу е зэлэжьэгъухэм махуэшхуэ гуэр зэдагъэлъапIэу арауэ щрырет, е щыхьэрым къикIа артистхэм я концерт ирехъу. Ерыскъы щIэщыгъуэ яIыгъыу, мэз лъапэм е псы Iуфэм зыгъэпсэхуакIуэ щыкIуэм дежи арат. Апхуэдэ гуфIэгъуэр нэхъыбэрэ къызылъысыр

шыпхъу нэхъыжьырт, ар къызыхэкIри зэрынэхъыжьым и закъуэтэкъым, атIэ Масирэт елъытауэ куэдкIэ зэрынэхъ жыIэдаIуэрат.

Гъэмахуэм и зы махуэ хуабэ гуэл Iуфэм къыщыхъуат мыр. И ныбжьэгъу, лэжьэгъухэм зыщагъэпсэху хабзэт мыбдеж: куэзыр, шахмат джэгурт, ефэ-ешхэрт. Сытым щыгъуэ адэм и гур къыщыхэузыкIар – хэчэфа и цIыхугъэм и хъуэхъу купщIэншэм щедаIуэра хьэмэрэ дихьэхауэ джэгуу щыщысара – хэт ищIэн, абы теухуауэ езым зэи зы псалъи къыжьэдэкIыжынутэкъым, – ауэ зыгуэр зыхищIат. Зи нэгу щIэкIахэм къызэраIуэтэжамкIэ, ар псынщIэу къэтэджри, пIащIэу гуэлымкIэ иунэтIащ. Псы Iуфэм лъагапIэ IэрыщI иIэти, абы зэрыдэкIуейуэ, къилъэгъуащ къулыкъущIэхэм я зыгъэпсэхупIэ абдежхэм мыжыжьэу щыIэм и хъумакIуэр къызэрыхуэкIуэр. Абы, и нэпсыр хуэмыубыду къежэхыу, IэплIэкIэ къихьырт псэ зыхэмытыж хъыджэбз цIыкIур: сыт, зинэкIэ къалъхуа, уи быным ущIыкIэлъымыплъыр, сэ зыри хуэсщIэжыфакъым, сыкъажэурэ... Нэхъ илъабжьэкIэ псы нэзым деж лIэным хуэдэу зэщIэдияуэ щызэхэтт илъэсибгъу хъуа хъыджэбз цIыкIур псым зэрыщIилъэфам и чэзум гу лъызымыта сабий гупыр. А гуауэм и ужькIэ адэм и псалъэ зыми зэхихыжакъым, Масирэти къыхуэщIэжкъым абы и макъ къэIужауэ. Адэр пхъум зэрыкIэлъыпсэужар мазих къудейщ. Куэдым зэрыжаIащи, ар дунейм щIехыжар езым лIэныгъэр къыхихати аращ, ерыскъыи, хущхъуи, гъащIи хуэмеижу.

А гуауэр, илъэс дапщэ дэкIами, Масирэт игу илъ зэпытт, ауэ нобэ дыщ пщIантIэм къызэрыдыхьэжу псэр ичатхъэу нэхъри къызэщIэхъеежащ. И лъакъуитIым яIыгъыжтэкъыми, унэм щIыхьэжщ, бжэр къигъэбыдэри, анэм и гъуэлъыпIэм зыщигъэукIуриящ.



Хьэмид гур иунэщIщ, жэмыр бэкхъым щIигъэхьэщ, и пIэр иригъэгъуэтыжри, къыздиша удз цIынэр шхалъэм худилъхьащ, таскIэ Iус гъущэр хуигъэувщ, псы пэгуни бгъэдигъэувэжри, езым пщIантIэмкIэ къигъэзэжащ. Унэм и щIыхьэпIэбжэм екъуати, щыIумыкIым, гъэмахуэ пщэфIапIэмкIэ плъащ, котельнэми щIэплъащ – Масирэт зыщIыпIи щыIэтэкъым. ГъунэгъумкIэ екIуэкIагъэнщ, жери, тутын щIигъанэри, дэкIуеипIэм тетIысхьащ. Дыгъэм хэлъа тутыным (нышэдибэ щхьэгъубжащхьэм къытринэри трижьыхьащ) и Iугъуэ дыджыр иришэхыурэ, къыпкърыхьэу хуежьащ нобэ ялэжьа Iуэхум емыкIуу хэлъыр. Псори зыгуэрт, ауэ сытым щхьэкIэ къыхаIуат къашэжыну нысэр къызэрагъуэтар, дауэ къыпщыхъурэ иджыри унэм щIэс нысэм апхуэдэр зэхебгъэхыну?! Псори зи лажьэр мис а и щхьэгъусэ акъылыншэращ. Сыту укIытэгъуэшхуэ!..

Иджыпсту Масирэт псалъэ дахэ жеIэн хуейт, дауэ щымытми, апхуэдиз илъэсым къриубыдэу «сипхъу цIыкIукIэ» фIэкIа еджатэкъым, бын пэлъытэ хуэхъуат. Езыхэм дежкIи тыншт апхуэдэ унафэм уеувэлIэныр? Масирэт и насыпыншагъэм, дауи, езым и къуаншагъэ хэлъкъым. УщIыхуэмыарэзын гуэри бгъэдэлъкъым, къабзэлъабзэщ, зэпIэзэрытщ, кIэщIу жыпIэмэ – егъэджакIуэщ. Ауэ языныкъуэхэм деж хьэлэмэту хъурт. ХъуэпсапIэ куэд и щхьэм къыщыхъейрт, унагъуэ щыпкIэрыщIам деж ар къезэгъыркъым, уигури уи щхьэри Iуэхум етауэ щытын хуейщи. ЕджапIэ, тетрадь, тхылъ, тхылъ – сыт-тIэ тхы-

лъым и пэрмэныр? Уегъэхьэулей, гъащIэм пэIэщIэ уещI. Арагъэнщ алыхьым бын къыщIримытари. ЗгъэIущ мыгъуэрти си къуэр, фызабэпхъу щхьэгъусэ пщIыну уигу къыумыгъэкI, жысIэурэ. Тхьэм щхьа, Масирэт цIыхубз хъарзынэу къыщIэкIат, гъэсэныгъи шыIэныгъи хэлът, зыри дэбгъуэфынутэкъым. Ауэ зымкIэ тэмэмми, нэгъуэщIкIэ дагъуэ иIэщ... Алыхьым къысхуигъэгъу апхуэдэу зэрыжысIэр. Пэжыр жыпIэмэ, къулеигъэу бгъэдэлъари жэмыжь закъуэращ. Апхуэдэ нысэт ахэр зыхуейр? Къуажэ унафэщIым, район мылицэм и Iэтащхьэм, фермэшхуэ зиIэ и ныбжьэгъум – псоми гуфIэжу малъхъэ ящIынут и къуэр, ауэ езыр акъылыншэу къыщIэкIащ. Сыт иджы абы утепсэлъыхьыжкIэ... Хьэмид уэрамым къыдэкIри зиплъыхьащ, къигъэзэжри бжэм аргуэру екъуащ – гъэбыдат. ТеуIуащ. Абы щыгъуэщ Масирэт и туфлъитIыр дэкIуеипIэм зэрытетым гу щылъитар. Хьэмид нэщхъейуэ хэщэтыкIащ: аращ-тIэ, а къэхъуам и ужькIэ сыт щхьэкIэ къыфIэлIыкIыжын... КъыбгурыIуэ хъунущ абы и Iуэхур... Ар пщIантIэм къыдэкIыжащ пщэдей къылъыгъуэзэн мурад иIэу.

Зэманыр кIуэурэ унэр Масирэт и анэм ещхь хъужат, Iэхуитлъэхуиту, псэм зыщигъэпсэхуу. Зы пэши хэттэкъым Iушэнашагъ е дзакIэ папцIэ уи нэм къыщыфIэнэу – псори тепхъуэ хэдыкIарэ IупхъуэкIэ щIэхъумащ, псори гурыхьщ, псэм фIэфIщ. УэрамымкIэ гъэза щхьэгъубжитIри, зэрыла лэч щхъуантIэр къэпIэнкIыжу зи щхьэфэр пхъашэ хъуа унэ натIэри, пырхъуэ лъахъшэри – псори анэм и гуакIуагъэ хуабагъкIэ гъэнщIа хуэдэщ. Унэр щэхущи, гупсэхугъуэ къыует, ар сыт щыгъуи сыткIи арэзы къыбдэхъу хуэдэщ. Мис иджыпстуи абы и щхьэгъубжэ IупIэхэр зэIуихакъым, уэздыгъи щIигъэнакъым, атIэ Масирэт занщIэу анэм и пIэм иригъэгъуалъхьэри, июль махуэ хуабейм иужькIэ щIыIэтыIагъэкIэ къиуфыхьыжащ: зыгъэукIурий, си хъыджэбз, зыгъэпсэху, зыщумыгъэгъупщэ уэ мыбдеж фIыуэ укъызэрыщалъагъур, сытым щыгъуи узэрыщызахуэр, мыбдеж закъуэращ уэ тыншыгъуэрэ насыпрэ щыбгъуэтыну щыIэр.

Масирэт зыкIи фIэхьэлэмэтакъым и пIэщхьагъым деж и анэр къызэрыщыхутар. Тхьэвымэ гурыхьыр къызыкIэрих и Iэгу пхъашэмкIэ ар и пхъум и нэкIум къеIусэри, езым и анэ шыпхъум и гугъу къыхуищIу щIидзащ – Масирэт щысабийм зэ илъэгъуауэ щытат а цIыхубз тIорысэр, – абы и унагъуэм, къалэ зырызым щыпсэу и бын жыIэмыдаIуэхэм, Масирэт теплъэкIэ а цIыхубзым Iейуэ зэрещхьым. Анэм жиIэхэр тэмэму зэпыщIатэкъым, мыхьэнэ хилъагъуэртэкъыми, Масирэт къыгурыIуэртэкъым: ар ситкIэ хуей игъащIэм зэ фIэкIа имылъэгъуа я Iыхьлы цIыхубзым теухуа хъыбарым. Ауэ иужькIэ къыкъуэкIащ а и анэ шыпхъур, хугу хьэнтхъупс фалъэ иIыгъыу – аращ, ар дыдэращ, шатэ зыхэкIа хугу хьэнтхъупст абы ирифыр Масирэт и сабиигъуэу ар япэу щилъэгъуам. IупщI дыдэу и нэгум къыщIэнат а теплъэгъуэ гурымыхьыр – анэ шыпхъум дзэ Iутыжтэкъыми, хьэнтхъупсыр и жьэм къыжьэдэжыжырт, икIи зы бжэмыших ирифыху (пцIы хэмылъу, ар кууэIуэти, уришхэну гугъут), зэманым зи фэр трихуа напэIэлъэщI гъуэжь-плъыжьыфэкIэ и Iупэр илъэщIыжырт. Фызыжьым Масирэт и анэр къигъэIущырт: а уи пхъум жеIэт а щIыпIэр езым и IэпкълъэпкъымкъыхигъуэтэнУ, псоми яIэщ ар, абдежщ гъащIэр зэрыщыту щызэхыхьэжыр...

АдэкIэ гурыIуэгъуей хъуащ абы и псалъэхэр, анэмрэ анэшхуэ шыпхъумрэ я макъхэр зэхыхьэжри, зы макъ зэпыша мыгурыIуэгъуэ гуэрым хуэкIуащ, а жаIэм зыгуэр къикIыуи къыпхуэмыщIэу. Фызыжьым пхъэ бжэмыш лар аргуэру и жьэм дрихьеящ, аргуэруи и жьэпкъыпэм къытецIуукIащ хугу хьэнтхъупс къыIурыжыжыр. Зы дакъикъэкIэ зэхэщIыкIыгъуэ хъуащ анэм и псалъэхэр: аращ, сипхъу цIыкIу, апхуэдэ дыдэущ зэрыщытыр, абдеж ущыту, уи гум жыхуиIэу хъуам улъэIэсыфынущ, абдежщ псори щызэхыхьэри щызэхэкIыжри... Мурэ къурмэн щIыи, гъуэгу теувэ. АдэкIэ псалъэ зэпха гуэрхэр къыхэбубыдыкIыфу арат: «гукIэ уэрэд жыпIэу пежьэ», «IупщI хъунущ», «тIысауэ, псэкIэ къэщтэн», «сэ жан гущIэгъуншэкIэ». Ауэ ахэр зэпыбгъэувэну ухуежьэмэ, зыри къызэрымыкI зэхэзэрыхьа гуэрт къыщIидзыр. Абы ар къигъэпIейтейуэ хуежьащ.

ФIыуэ къагъэплъа сэхуран дагъэм и мэр пщэфIапIэмкIэ къиIукIри, анэр пIащIэу къэтэджащ: сыкIуэнщи, уэ пфIэфI лэкъумым хуэдэ пхухэздзэнщ. Масирэтрэ езымрэ я закъуэу къыщынэм, анэ шыпхъум адэкIэ пещэ псалъэмакъым: абы щыгъуэм уи щIэлъэныкъуитIри зэгурыIуэжынурэ, зэхыхьэжынущ... Дапщэрэ сыхэтат сэ ар си бынхэм къагурызгъэIуэну – зыри къикIакъым.

Абыхэм жаIэр къызэрыгурымыIуэм къыхэкIыу, Масирэт жьыр къыпиубыду, мыбэуэфу хъурт. Зэхэпхт адрей пэшым анэм лэкъумыр зэрыщызэригъэдзэкIыр, къызэрыхихыжыр, аргуэру нэгъуэщI зэрыхидзэр, ауэ а игъэжьам щыщ къыхуихьыртэкъым, езыми къигъэзэжыртэкъым. Масирэт хуэмышэчыжу мэжалIэрт, ауэ е и анэм еджэну, е къэтэджу абы и деж кIуэну лъэкIыртэкъым.

Пэшыр зэуэ нуру къаблэри, Масирэт и дамэ сэмэгум къытетIысхьащ щIалэ хьэлэмэт цIыкIу. Мис ар, нышэдибэ и нэгу щIэкIам къыхуэт Iыхьэ иджыри къэс къилъыхъуэр. ЩIалэ цIыкIур ещхьт щхьэци, нэи, набдзи, жьэи IупщIу зиIэ пшэ яжьафэ цIыкIум. НатIэм ищхьэкIэ и щхьэц пIащIэ тIэкIум къыхэлыдыкIырт езы цIыкIум и IэштIымым хуэдиз хъун дамыгъэ хужь. Уеплъамэ, хьэлъагъ лъэпкъ зимыIэу къыпщыхъу а пшэр Масирэт и дамэм къытетIысхьэри, щIым щыземыкIуэ къару инкIэ апхуэдизу иришэхати, гъущI гъуэлъыпIэм ибза хъарыр игъэтхьэусыхащ, зэфIэдзапIэхэр егъэлеяуэ игъэкIыргъащ. Хьэлъагъ хуэмыхьыжым бэуэгъуэ къызэрыримытым щхьэкIэ Масирэт шынэрт иджыпсту и акъылыр фIэкIуэдынкIэ, ауэ езы щIалэ цIыкIур къыщыгуфIыкIырт, мы дунейм гуфIэгъуэу тетыр абы и сабиинэм къыщIихыу къыщигъэхъуу. Узымрэ жьыр къызэрыпиубыдымрэ сыт хуэдизу къытемыхьэлъэми, Масирэт егупсысащ: мыбы и нитIым къыщIих лъагъуныгъэм хуэдэ абы зэи зыми дилъэгъуакъым.

ЩIалэ цIыкIум напIэзыпIэм унащхьэм нэс зиIэтри, люстрэм и хъуреягъкIэ къилъэтыхьу щIидзащ, ар зэрызэхэлъым фIэхьэлэмэту еплъу. Ауэрэ блыным фIэлъ сурэтхэм гъунэгъу захуищIри, сытым къыхэкIами, сабий дыхьэшхыкIэ дыдэу къэдыхьэшхащ, псалъэ гуэрхэр жиIэну зэрыхэтыр къапщIэу, макъ гуэрхэр къыжьэдэIукIри, Масирэт и дамэм аргуэру тетIысхьэжащ, абы зыщимыгъэнщIу еплъу. Абдежым Масирэт узри насыпри зэгъусэу зыхищIэри, хузэфIэмыкIыу къыхэкIиикIащ...

Масирэт къыщхьэщытт и гъунэгъу икIи и ныбжьэгъу Нэжан, тхьэвымэ гуакIуэ къызыкIэрих и Iэр и нэкIум къыдилъэу. Сытым щхьэкIэ Масирэт унэбжэр къигъэбыда?.. IункIыбзэ къищтэну игъэзэжын хуей хъури, и лэкъумхэри упщIыIужащ. Масирэт сымэ унэм къыщыIухьэжам, абы лэкъум игъажьэу кIэрытти, мыр мэжалIэу къэкIуэжа хъунщ, жиIэри къыхуихьауэ арат. Бжэм IункIыбзэ етауэ къыщрихьэлIэм, ар къэгузэващ – Масирэт зэрыхуа щытыкIэм ит цIыхум и щхьэм къихьэну псор пщIэнукъым. ИремыгъэщIагъуэ, ауэ абы Iуэхур зыIутыр псори ещIэ. Сыту Iейуэ гужьеят, уеблэмэ IункIыбзэхьэ зэрыжар ищIэжыркъым. ИтIанэ къелъагъу: и Масирэт Iурихауэ IэфI дыдэу мэжей. Тэмэмщ, аращ яхуэфащэри – я щхьэ зэрыхьщ псоми. Къигъэушыну хуеякъым, и нэкIум Iэ дилъа къудейщ, – Масирэт зыхищIауэ пIэрэ абы и Iэхэр? AIей, и Iэм иджыри къэс тхьэвым и мэр къыкIэрех, егугъупэу итхьэщIа пэтми. Иужьым адрей пэшым щIэтIысхьэри, Масирэт и жейр ихъумэу щIэсащ – си тхьэмыщкIэ цIыкIу. Ауэ ар сытым хуэдэу игъэшынат абы и кIий макъым! Сыт Масирэт апхуэдизу щIэкIияр? ПщIыхьэпIэ гуэр илъэгъуауэ ара?.. ФIы дыдэщ, езыхэращ иужькIэ щIегъуэжынур. А я къуэм къыхуагъуэтам яригъэлъагъунщ абыхэм дуней. Сэ ар фIыуэ соцIыху. ИIэт, къэтэджи Iэнэм нэтIысыт, сощIэ нэху зэрыщрэ ерыскъы зэрыпIумыхуар. Апхуэдэ гуихпсэихым и ужькIэ тэмакъми зыгуэр фIэкIын. Ауэ умышхэу хъунукъым, мис лэкъуми, кхъуеи, шати, джэд гъэваи, бэдрэжани, нащи къыпхуэсхьащ, Масирэт. Уэ уи унэр зэкIэ нэщIщ.



Сыту фIыт Нэжан къызэрыкIуар, и ныбжьэгъу лъагъугъуафIэ дыхьэшхрилэр. Зэримылъэгъуа тхьэмахуэм и кIуэцIкIэ абы и щхьэцыр кIэщIу пригъэупщIащ – мыIейуэ йокIу. Иджы нэхъ гу лъыботэ Нэжан и Iупэ пIащэм, и нэ щхъуафэхэм, мазэ ныкъуэм ещхь и набдзэ псыгъуэм. Зы сабий иIэу, и щхьэгъусэм къыбгъэдэкIыжат – е ефэрейт, е къыхуэт щымыIэу делэт, – абы щхьэусыгъуэ хуэхъуа дыдэм Масирэт щыгъуазэтэкъым. Нэжан зэрыжиIэмкIэ, абы тIури хузэхэтт (имыщIэххэу яхьат ар, щауэм и унагъуэр къуажэ еплъыкIэкIэ къулейти, лъэныкъуитIри зэгурыIуэри, къыщIагъэкIыжатэкъым). Я деж къызэригъэзэжрэ, и адэмрэ и дэлъхумрэ яфIэфI шхыныгъуэхэр яхуипщэфIурэ, езыри абы есэжащ: махуэ къэс лы, джэдлыбжьэ, дэлэн, унагъуэ щIакхъуэ, кхъуей, тхьэмщIыгъуныбэ. Ауэ мохэр махуэ псом е мэкъуауэ щыIэщ, е щхьэлым къэпхэр щызэрахьэ, е джэдэщ яухуэ – сыт щыгъуи къарукIэ мэлажьэхэр. Езыр сыт?.. Школым медсестрауэ щыIэщи, махуэр зи кIыхьагъым кабинетым къыщIэкIыркъым. ЗыкIэлъыплъыжыркъым, зэпэхъурей хъуащ, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, пшэр гуакIуэщ – къуажэдэс лIыхэм ягу ирохь апхуэдэхэр. Масирэт абы сытым хуэдэу хуэарэзы, и анэм къыхуищIу щыта гулъытэм щхьэкIэ – сыт щыгъуи и гъусащ, анэр хуеихуи кIэлъыджэ хъуащ.

Масирэт хуэмурэ шхэрт, ишх ерыскъым и IэфIыр зыхищIэу, фIэгъэщIэгъуэнт зэса шхыныгъуэхэм я IэфIыр зы махуэм и кIуэцIкIэ зэрыщыгъупщар, иджы, фIэфIыпсу, щIэрыщIэу къищIэжырт. Ар шынэ зэпытт Нэжан, псэ къабзэ цIыкIур, езым къыдэщIыну хуежьэу, нобэрей Iуэхум тепсэлъыхьынкIэ. Апхуэдэущ ныбжьэгъур зэрыщытын хуейри – армырамэ, сыт ар зэрыпщIынур? Ауэ Масирэт иджыпсту

абы зыкIи хуейкъым. Ар къызыхэкIыр зэ и фэм дэкIар щIэрыщIэу ишэчыжынкIэ шынэу хьэмэрэ езым хуэдэ цIыхубз и зэхэщIыкI хуэмыныкъуэу аракъым, игу фIы къыхуащIыну пыхьэнырщ зыхуэмейр, фIэщ хъугъуейуэ щытми, нобэ къэхъуар абы къыфIэIуэхужкъым.

Нобэ абы и нэгу щIэкIахэм къикIыр зыгуригъэIуэфын щыIэу пIэрэ? Зэплъытмэ, езым и гуныкъуэгъуэхэм я мызакъуэу, мы щIым цIыхум Iуэхуу щызэрахуэр фагъуэ щIохъукIыр абыхэм.

А къыкIэрыхъыжьауэ щIэмычэу къытезыгъэзэж пщIыхьэпIэрщэ?! Апхуэди зэи игъэунэхуатэкъым. Масирэт пщIыхьэпIэу илъэгъуа щIалэ цIыкIу къэзылъэтыхьри, абы щызэхиха псалъэхэри зыхуихыныр имыщIэ щхьэкIэ, абыхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэм шэч къытрихьэртэкъым.

Пщыхьэщхьэшхэ нэужьым Масирэт жейм хилъафэу хуежьати, псалъэмакъ кIыхь хуегъэкIуэкIынутэкъым. Нэжан и гулъытэм папщIэ фIыщIэ хуищIри, елъэIуащ аргуэру гъуэлъыпIэм иригъэгъуэлъхьэжу, и закъуэу къигъэнэну – унэ кIыфI даущыншэм ар иджы зыкъомрэ щыжеифынущ. Хъарзынэт бжэр IункIыбзэкIэ къигъэбыдамэ. Уи жагъуэ умыщI, Нэжан.

Жейр къакIуэртэкъым, Масирэт мыхьэнэ зримытыж гукъэкIыж пычахуэхэр зэхэзэрыхьыжауэ и гупсысэхэм къыхэпшахъуэрт. Нышэдибэрей Iуэхум зыкъызэрыщыхъужымкIэ, нэхъ кууэ къытепсэлъыхьауэ, лъэныкъуэ псомкIи зэпкърахауэ щытынырщ тэмэмри, цIыхубзым къыкIэрыхъыжьэ зэпытщ, ауэ мыдрейм лъэныкъуэкIэ IуигъэкIуэтащ, зэи афIэкIа и гугъу имыщIыжыну. Масирэт хуейт и псэм пэгъунэгъу цIыхухэм егупсысыну: гъащIэ дахэ яухуэн мурад яIэу къэралым щызэбгрыкIа и ныбжьэгъухэм, къыдеджахэм, – дэнэ щыхэт иджы ахэр, дауэ хъуа я Iуэхухэр, я теплъэм зихъуэжа? Е я къуажэм иIа псэукIэр игу къигъэкIыжыну: цIыхухэр зэкIэлъыкIуэу, гуапэу зэхущыту зэрыщытар, и адэ-анэр щIалэу, и шыпхъу цIыкIумрэ езымрэ сабийуэ щыщытар. Ауэ а и нэгу къыщIыхьэ теплъэгъуэу хъуам ерыщу къыхыхьэрт нобэрей пщIыхьэпIэм и кIапэлъапэхэр. Мыхьэнэр IупщI хъуным щхьэкIэ гулъытэ зыхуэщIын хуей гуэр хэлъу пIэрэ абыхэм, хьэмэрэ щхьэкуцI бэгам къыпкърыкI нэкъыфIэщIу ара?..

Япэхэм щыгъуэ абы и пщIыхьэпIэхэм унафэ зыщI, зыгуэрым ухуезыджэ къыхыхьэртэкъым, къэхъунур къэзыщIи щыпсалъэртэкъым, хэт цIыхухэри а пщIыхьым къызэрыхэхутар пфIэхьэлэмэтын хуэдэу щыттэкъым. Абы и нэгу щIэкIыжыр я псэукIэм щыщ теплъэгъуэ гуэрхэрт, щекIуэкIри къадэгъуэгурыкIуэ псэлъэкIэрат. Ауэ мы иужьрей пщIыхьэпIэм анэмрэ абы и анэ шыпхъумрэ щыжаIам, шэч хэмылъу, зы щэху гуэр хэлът. А псалъэхэм я мыхьэнэр къэхутэныр хьэлэмэт къудейм къыщынэртэкъым, атIэ, езым къызэрыщыхъумкIэ, ар къызэрихутэм къикIырт Масирэт ущэхуа гуэрым пыщIэныгъэ хуиIэу.

Ипхъу нэхъыжьымрэ и щхьэгъусэмрэ IэщIэкIа нэужь, анэр динщIэкъу зэрыхъуар апхуэдиз илъэсым и кIуэцIкIэ Масирэт зыкIи къыжьэхэуатэкъым. Къытримыкъузащэми, анэр иужь итат фIыцIагъэ лъапIэхэр зэрыт тхылъхэм и пхъур дригъэхьэхыну, ауэ къыщIидзар нэгъуэщIщ: Масирэт и фIэщу къилъытэ хъуащ апхуэдэ Iуэхум мыхьэ-

нэ имыIэр къэгъэнауэ, ар икIи делагъэу. ЩыIэкъым икIи щыIэнкIэ хъунукъым нэгъуэщI дуней, езыр иджыпсту зытетым фIэкIа, икIи а тхылъ лъапIэу жыхуаIэм итхэр цIыхухэм зыри зыхамыщIыкIыр къызэрызыфIагъэщIу ятхыжауэ аркъудейщ. Пэжу, щысабийм щыгъуэ зэныбжьэгъу хъыджэбз цIыкIухэр, я гухэлъхэр къехъулIэным щIэлъэIуу, балиейм и лъабжьэм щIэх-щIэхыурэ щызэхуэсырти, ямыцIыху тхьэ гуэрым зыхуагъазэрт. Ауэ абы лъандэрэ куэд щIащ, икIи ар джэгукIэ къудейуэ арат. Иджы, къэхъугъэ гурыIуэгъуейхэр тхьэ Iэмыру къалъытэу, цIыхухэр абы тепсэлъыхьу ирихьэлIэмэ, апхуэдэ гупсысэкIэхэр къызэрыщыхъур удэзыхьэх сюжет зиIэ художественнэ тхыгъэ гуэрущ.

Масирэт и дуней еплъыкIэм иджы зихъуэжауэ пхужыIэнукъым, ауэ нобэ абы и щхьэм езы дыдэр къэзыгъэуIэбжьыжа зы гупсысэ гуэр къыщыхъуэпскIащ, фIэбзэхыжынми зы тIэкIущ иIэжар. И зэхэщIыкIым и курыкупсэм бдзэжьей IэубыдыпIэншэу зыкъыщиIэтри, зыкъыдридзеящ, дыжьыным ещхь и фэ зэщIэцIууэм хъуапсэнэкIэ уригъэплъу. Масирэт япэщIыкIэ ириукIытэжат а и гупсысэм, ауэ иужькIэ абы зыкIэрищIащ: ар зэуэ хуей хъуащ цIыхухэм гъащIэр зэрагъэщIэращIэ таурыхъыфэ хъыбархэр пэж дыдэу къыщIэкIыну! Мис ар захуагъэт езым ехьэлIауэ! Армыхъумэ, къыхуэныкъуэ щымыIэу, псыхэкIуадэ хъурт и гуакIуагъри, и псэ къабзагъри, и губзыгъагъэри. КъызэрыщIэкIымкIэ, тыншт апхуэдэ щыIэнкIэ хъуну хуэбгъэфащэу гурэ псэкIи къэпщтэныр, абдеж занщIэу гурыIуэгъуэ щыхъурт пщIыхьэпIэм хэта «гукIэ уэрэд жыпIэу пежьэ» псалъэхэм къарыкIыр. Мыпхуэдэу фIэкIа ар нэгъуэщIу къыбгурыIуэфынутэкъым: пэжыр къэпщтэн щхьэкIэ уи гур зэIухауэ щытыпхъэщ, икIи абы узэрыхуэкIуэн хуейр угуфIэущ. Ар зэщхьыр гум уэрэд щыжиIэрщ.

Апхуэдэ къэхутэныгъэм и ужькIэ Масирэт къэтэджащ, уэздыгъэр пигъанэри, пэшыр къызэхикIухьащ, лъэбакъуэ къэс, къаруущIэ къыхыхьэжу къыщигъэхъуу, и лыпцIэналъэхэм зашэщIу. Адрей пэшым щIыхьэри, Iэнэм иджыри ерыскъы къытенати, фIэIэфI дыдэу ишхыу хуежьащ. И щхьэм хуикIыртэкъым мыхьэнэшхуэ зиIэ зы гупсысэ. «ТIысауэ, псэкIэ къэщтэн», – къытригъэзэжурэ жиIэрт абы. Дэнэми, зыщIыпIэ щызэхихащ мы псалъэхэр... А-а-а, къищIэжащ...

Ар къыщыхъуар илъэситху ипэкIэт: абы и нэчыхьыр щатха махуэм, зи къалэныр зыгъэзэщIа молэм зэпеуэу упщIэ ирату щIадзащ щIалэм и адэ-анэм. КъурIэным уи щIыб хуэбгъазэ хъуну, щIэупщIэрт ахэр. ЗыгуэркIэ утегупсысыкIрэ зыбгъазэмэ, абы гуэныхь пылъ? КъурIэным уеджэу ущысу, уи гъунэгъур къэджамэ, ар зэпыбгъэу хъуну? Апхуэдэ зыгуэрхэт зыщIэупщIэр. Ахэр гъунэгъу пэшым щIэст, я зэхуакур Iупхъуэ къепхъухарат. А псоми апхуэдэу мыхьэнэшхуэ яIэкъым, – жиIэрт молэм нэщхъеягъэ хэIэтыкIа къызыхэщ макъкIэ. Нэхъыщхьэр Алыхьыр уи фIэщ хъунырщ, абы щыгъуэм сыт хуэдэ щытыкIэ уиIэн хуейми, езырезыру зэпэщынущ. Дауэ ди фIэщ зэрытщIынур, увыIэжыххэртэкъым Масирэт и благъэщIэхэр, уэ дыгъэIущ, дауэ къэдгъуэтыну, къэтлъагъуну, къэтщтэну? Мыпхуэдэ дауэдапщэм молэм уаз щитыну къримыгъэзэгърэт, е упщIэ мыхьэнэншэхэм ирагъэшат, ауэ абы и жэуап кIэщIым Масирэт къигъэуIэбжьат. Абы, – жиIащ молэм, – хуебгъэсэфынукъым.

Ар зищIысри псалъэкIэ къыпхуэIуэтэнукъым. Абы ухуэзышэ гъуэгури пхуэгъэлъэгъуэнукъым. Ар, утIысу, уи фIэщ пщIын хуейуэ аращ.

Щхьэи занщIэу игу къэмыкIыжарэ ар? Араи пщIыхьэпIэм жыхуиIэр! Абы щызэхиха адрей псалъэхэми, дауи, мыхьэнэ гуэр яIэщ, къэпщIэфын хуейуэ аркъудейщ. Къэтщтэни «IупщI хъунущ» жыхуиIэр – гупсысэ пыухыкIа гуэри хэмылъ хуэдэщ, псалъэухам и пычахуэущ къызэрыпщыхъури. Ауэ абы къикIыр мыраує къыщIэкIынущ: псори IупщI щыхъунур Масирэт адрей псалъэхэми къарыкIыр зэхигъэкIмэщ. Хьэмэрэ мы псалъэхэр: «сэ жан гущIэгъуншэкIэ» – мыбыи зыри наIуэ ищIыркъым, Масирэти зыри гурыIуэгъуэ щищIыркъым. Хьэуэ, апхуэдэкIэ зыри къыпхуэщIэнукъым.

Сыт щхьэкIэ, зэхэщIыкIыгъуэ дыдэ псалъэхэри хэтаи абы, уеблэмэ псалъэуха псо нэгъунэ. И анэшхуэ шыпхъум жиIат Масирэт Iэмал имыIэу щIыпIэ гуэр къигъуэтын хуейуэ – абдеж щызэхуэзэжынут абы и щIэлъэныкъуэхэр. И анэри щыхьэт техъуат а псалъэхэм икIи къыщIигъуат а щIыпIэм щыIэмэ, и пхъум и гур зыхуеIэ псоми зэрылъэIэсынур. Ар псалъэжьщ, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, хъуэхъум хэту жаIэ: «Фи гур зыхуеIэм фи Iэр лъэIэсу тхьэм фигъэпсэу!» ПщIыхьэпIэм иджыри къыщыжраIат а щIыпIэм деж псори щызэхуэсу икIи щызэкIэщIэкIыжу – мис ар дауэ къызэрыбгурыIуэнур? Унафэ белджылы дыди щыIащ: «Мурэ къурмэн щIыи, гъуэгу теувэ». Пэжу, Масирэт гъуэгу къыщIэлъу пIэрэ-тIэ? Нобэрей махуэм и ужькIэ ари къэхъункIэ хъунущ. Ауэ сыту пIэрэ анэр къыщIелъэIуар Мурэ къурмэн ищIыну? Езыр зэрылIэрэ илъэс щрикъум ирихьэлIэу иригъэукIыну арауэ пIэрэ? Хьэуэ, Мурэ щхьэкIэ абы апхуэдэу жиIэфынкъым, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, жиIэфын хуейкъым, анэм дежкIэ ар цIыху пэлъытэу щытат. Е жэмым къыхуэзэшауэ арагъэнщ апхуэдэу щIэлъэIуар – хэт зыщIэр хьэдрыхэ щызекIуэ хабзэхэр? А псор уи фIэщ пщIымэ, зыгуэр къыбгурыIуэжыну?..

Аракъэ-тIэ: уи фIэщ пщIымэ... Масирэт зэуэ къыщыхъуащ и пщIыхьэпIэм кърихa псори делагъэу, уеблэмэ дыхьэшхэну. Сыт «гукIэ уэрэд жыпIэу пежьэ», жыхуиIам къикIыр, хьэмэрэ абы езым кърихыр? – делагъэ къудейщ. «ТIысауэ, псэкIэ къэщтэн» жыхуиIэр-щэ? Ари Масирэт зэ зэхихат молэм жиIэуи, и пщIыхьэпIэм къыхэщыжауэ аращ – хьэлэмэту, мыгурыIуэгъуэу зыри хэлъкъым. А гъуэгу зэхыхьэжхэри, Мури, сэ жан гущIэгъуншэри, хугу хьэнтхъупс ефэ и анэшхуэ шыпхъури – псори блэкIа илъэсхэм къыщыхъуар зэхэзыдзыж акъыл жейбащхъуэм и лэжьэкIэу аращ. АтIэ иджы езыр сыткIэ къащхьэщыкIрэ пщIыхьэпIэрэ гороскопкIэ я насыпыр зэтрагъэувэну зэрыхэтым щхьэкIэ зыщыдыхьэшхыу щыта и ныбжьэгъу хъыджэбзхэм?

Ауэ дауэ хъуну а щIалэ хьэлэмэт цIыкIу къэзылъэтыхьыр? И дамэм зыхищIа узыр, щIалэ цIыкIум къигъэна лъэужь нэрылъагъур, нурыр къызыхих и гуфIэкIэр, псом ящхьэращи, а цIыкIур зэримыхамэр зэрызыхищIар – ахэр щыхьэт техъуэркъэ мы къэхъу псор зэрыпэжым? А гупсысэм кърита гупсэхугъуэм, зыгуэр къыщахутам къишэ гукъыдэжым хуэдэ хэмылъми, и къарум къигъазэмэ, псори зэхигъэкIыну мурад иригъэщIт. Масирэт зэуэ зыхищIащ мы иужь дакъикъэхэм хуаб-

жьу къару куэд зэригъэкIуэдар. Абы аргуэру зигъэукIуриящ, занщIэуи Iурихащ.

Пщэдджыжьым жьыуэ Адэлбий машинэмкIэ къыIулъэдащ Масирэт и унэм. Унэ щхьэгъубжэм пэзанщIэу къикIри, тIэу-щэ мыину къэхухьам теуIуащ, иджы и макъым зримыгъэIэтыщэу Масирэт еджэу щытт, Нэжан жыхапхъэ иIыгъыу къыщыдэкIам. И гъунэгъум и куэбжэпэм къикIукI-никIукIыу, зэгуэпу Iут пщэдджыжь хьэщIэр имылъагъу хуэдэ, абы пхъанкIэу щIидзащ. Уузыншэм, Нэжан, мы уи ныбжьэгъур зикI пIащIэркъым куэбжэр схуIуихыну, жей хъунщ иджыри. Дауэ къыIуихын, жи Нэжан зэпIэзэрыту, нышэдибэ жьыуэ къалэм кIуамэ. Ауэ езыр мыпхуэдэу йогупсыс: аращ уэ пхуэфащэр, бзаджэнаджэ! Пэжуи? Ар имыщIа, дэнэ дыдэ къалэм здэкIуар? Нэжан ар дэнэ щищIэн, хуейти кIуащ. МащIэ цIыхур къалэм щIэкIуэн щхьэусыгъуэу щыIэр, псалъэм папщIэ, – мыбдежым зиплъэфыхьу тIэкIу зэбгъэжьэныр къозэгъ – дохутырым. Сыт дохутыр? Зыгуэрым щIэупщIэнуи? Хьэуэ, езым и узыншагъэкIэ гуныкъуэгъуэ иIэу... Дыгъуасэ и щхьэм лъы дэуеиным тIэкIущ иIэжар. Сэ ерагъкIэ зыкъезгъэщIэжауэ аращ. Зыгуэрым и жагъуэ къищIауэ пIэрэ? Уэ пщIэнкIэ хъуну ар хэтми? Дауэ щымытми, урищхьэгъусэщ.

Адэлбий афIэкIа зыми щIэмыупщIэу, занщIэу ежьэжащ. Асыхьэту унэбжэр зэIукIри, Масирэт пырхъуэ цIыкIум къытеуващ: къакIуэт, Нэжан, къыщIыхьэт, сыту угубзыгъэ уэ. Иджыпсту абы сепсэлъэным нэхъ дыдж зыри щыIэнтэкъым. Нэжан имыщIэ абы зыри хэлъкъым: занщIэу къыгурыIуащ Iуэхур зыIутыр, икIи, пэжыр аращи, Адэлбий мы унэм щищIэн щыIэкъым, Масирэт игъэзэжынкIи кърemылъэIу. Хьэуэ, Нэжан, аракъым ар къыщIэкIуар – и нэм къыщIэплъэу, зэримыгъэкъуаншэр щIилъэгъуэну хуеяуэ аркъудейщ. Адэлбий дежкIэ ар мыхьэнэшхуэ зиIэщ, Масирэт ицIыхужккъэ абы и хьэлыр. Уоу, сыту гъэщIэгъуэн!.. Абы теухуауэ псори ищIэну хуейщ Нэжан, ауэ иджыпсту хуиту уэршэрыну зэман иIэкъым, и адэм къалэм егъакIуэ, Iэщхэм щхьэкIэ хущхъуэ къищэхуну. Ауэ, къызэрысыжу къекIуэкIынщи, ирикъуху зэдэуэршэрынхэщ.

КъызэрыщIэкIымкIэ, Масирэт махуэ псом и закъуэнущ. Апхуэдэу щыхъуакIэ, псом япэу унэр зэщIикъуэнщ, ауэ мыр зэщIэкъуагъэхэщ – махуэшхуэ гуэрым хуагъэхьэзырауэ, хьэщIэхэм пагъаплъэ фIэкIа умыщIэну, пэшитхури дагъуэншэу къабзэщ. Сабэр телъэщIыкIын хуейуэ аркъудейщ, хьэпшып къэси еIусэн хуейщ, псэ къахыхьэжын, езы Масирэти унэм зэрыщIэсыр ягу къинэн щхьэкIэ. Анэм и пэшым зэрыщIыхьэу, Масирэт хьэлэмэту зыгуэр зыхищIащ: я нэр къытраубыдауэ зыгуэрхэр къеплъу къыфIэщIащ. Зэми ар и адэ-анэра хуэдэт, зэми япэжыжьэ хъуа я сабиигъуэм и шыпхъу цIыкIур къиплъыкIыу къыщыхъурт, зэми и пщIыхьэпIэм хэта щIалэ цIыкIу къэзылъэтыхьым хуэкIуэжырт, ауэ иджы ар къеплъырт губзыгъэу, щэныфIэу, уеблэмэ зыгуэркIэ игъэунэху хуэдэт, зэми, зыхуейри мыгурыIуэгъуэу, аргуэру и гъащIэм къыхыхьэ и анэшхуэ шыпхъу псэхугъуэ зимыIэра хуэдэт. Дэтхэнэ зыри нэхъ IупщIу и нэгу къыщIигъэхьэну хэтт Масирэт, икIи, ахэр здэщыIэ дунейм укъиплъыкIмэ, дауэ сакъыщыхъуу пIэрэ, жиIэу егупсысырт. Абы зэи къыхуихуатэкъым лъэныкъуэкIэ къэу-

ву нэгъуэщIынэкIэ зэплъыжыну – апхуэдэр япэ дыдэу къэхъуу арат. Дауэ хъуну ар зыгуэркIэ ягъэкъуаншэу арамэ? Ахэр Масирэт и гъащIэм кIэлъыплъу, ар ягъэунэхуу, къытегузэвыхьу икIи и насыпыр зэтрагъэувэжыну хэту арамэ-щэ? Зэгупсысми ищIэми щыгъуазэхэмэ-щэ? Шэч хэмылъу, ахэр псори Масирэт и гум къыдыхьэ, фIэлъапIэ цIыхухэщ, ауэ хэт дежкIи гуапэкъым апхуэдэу сыт щыгъуи зыгуэр къыпкIэлъыплъыныр. Хьэлэмэтыракъэ, абыхэм ехьэлIа гупсысэу хъуар гъэщIэгъуэн гуэру пыщIащ я жэмыжь Мурэ. Язызыхэзыр игу къызэрыкIыу, абы и нэгум къыщIохьэ фIэмыфI гуэр къэхъуным пэплъэу бэкхъ кIыфIым щIэт Мурэ. Ар къыщеплъкIэ, Масирэт къыхигъэскIыкIыу зыхищIэрт щIыIэмей къызыщIих абы и нэхэм я лыдыкIэр. И щхьэм хуигъэкIыркъым зы гупсысэ: езым дежкIэ гурыIуэгъуейуэ щыт зы щэху бэлыхь гуэрым пыщIащ Мурэ.

Масирэт и гурыщхъуэхэм пэж зэрахэлъыр наIуэ къэхъуу хуежьащ, Мурэ зэрыт IуэмкIэ игъэза нэужь. Пхъэбгъу Iуэбжэм и зэгуэзыпIэм щыдэплъам, Масирэт къилъэгъуар жэмым и джабэ хужьымрэ лъэ макъымкIэ къыщеплъэкIам кIыфIым къыхэцIуукIа нитIымрэщ, и фэм хэт фIыцIагъэхэр кIыфIым хэзэрыхьат. ТIэкIу дэкIри, пшапэм мащIэу упхырыплъыф хъуащ: нышэдибэ жьыуэ шхалъэм худалъхьа удзым ар еIусатэкъым, Iусыр зэрыта алюмин тасыр щхьэпрыдзат, – гурымыкъыгъэрэ мыкIуэмытагъэрэ зэи хэлъатэкъым абы. Сэлам кърих фIэкIа умыщIэну, Мурэ и пщэр хишри, Масирэт къеплъащ, и теплъэ псомкIи къыжриIэ хуэдэу: «Уэ си псэм ухуэдэщ, уэ зыращ сиIэххэри!» Масирэт жэмым и пщэм зришэкIри, куэдрэ щытащ Iэ дилъэу. Къэмысымэджауэ пIэрэ анэм и гъэфIэныр? Псэлъэфу щытамэ, сытым хуэдэу куэд къыжриIэнут абы Масирэт. Ауэ сыту пIэрэ а пщIыхьэпIэ мыгурыIуэгъуэм хэту и анэм къыщIыжриIар Мурэ къурмэн щIын хуейуэ? Абы и щхьэусыгъуэр зи къыхуэщIэркъым.

Шэджагъуэ хъуати, Масирэт мурад ищIащ пщыхьэщхьэшхэ пщIондэ хадэм щыпэщэщэну. Ар зэщIэкIэжат удз пхъашэрэ тхьэрыкъуэфкIэ, жыгхэм хъущауэ къапыхужа пхъэщхьэмыщхьэхэр, чэфымэ IэфIыр къахихыу, пабжьэм щынэхъусыжт. Чыцэхэм, удз гъэгъахэм, тхьэмпэхэм бжьэхэр епщIауэ, фо дыщафэ зэхуахьэс. Мэз чыцэм къызэрыхэIукIым ещхьу, дэнэ лъэныкъуэкIи щызэхыбох нэм имылъагъу бзухэм я макъ хьэлэмэтхэр. Балий жыгым и лъабжьэм иджыри кIэщIэтщ зэманым игъэуфIыцIа тетIысхьэпIэмрэ Iэнэ хъуреймрэ, удз ежьужь лъэдиифIэхэр къекIэкIыжауэ – мыбдежт хъыджэбз цIыкIухэм я гурылъ щызэхуаIуатэр, удыгъэм зыщыхуагъасэр. Удыгъэ хъужыр зэныбжьэгъу цIыкIухэм езыхэм зэхалъхьэжауэ тхьэм зэрызыхуагъазэ яIэти арат. Iэ ижьыр телъхьэн хуейт тхыпхъэ гъуэжь-кхъуэщыныфэ хъурейхэр къыхэщу жыгым тет быркъуэ цIыкIум. Я гурылъ нэхъ лъапIэ дыдэхэр а жыгым дзыхь хуащIырт, абы къыпэкIуэуи узыхуей дыдэмкIэ уелъэIу хъунут. Зэман кIэщIым кърибубыдэу узэрелъэIуар къыпхуищIэрт.

Масирэт жыгым куэдрэ бгъэдэтащ, и мэгъугъэм зыIэпишауэ. Уеблэмэ, студент щыхъуами, зы къэпщытэныгъэ зэфIэкIакъым мы жыгым деж къакIуэу удыгъэ тIэкIу щызэрамыхьауэ. Ауэ иджы ар сабиигъуэм пыщIа псори зэрыфIэлъапIэм крикIуэ пщIэ тIэкIут.



9 Заказ №120

Мыбдеж игу къокIыж Iэмал имыIэу щIыпIэ гуэр къигъуэтын хуейуэ анэшхуэ шыпхъум къыщцыжриIа пщIыхьэпIэр. ЩIыху къэс езым и щIыпIэ иIэжщи, и гъащIэр зэрыщыту абдеж щызэхохьэж, икIи, Масирэт къызэрыгурагъэIуамкIэ, абдеж ущыIэмэ, узыхуейуэ хъуам улъэIэсынущ. ИтIани гурыIуэгъуэкъым: дауэ гъащIэ псор зы щIыпIэм деж зэрыщызэхыхьэжынур икIи сыт узылъэIэсыфынур абы укъиIэбыкIыу? ЗэхэгъэкIыгъуейщ. Хьэуэ, а псори, шэч хэмылъу, зыри къызэрымыкIщ – мэгъугъэ зыхэлъ удз гуэрхэр бгъэвэным е джэш бдзыным хуэдэу аращ. И ныбжьэгъухэмрэ къыдэлажьэхэмрэ ар иджыпсту къалъэгъуамэ, сытым хуэдэу къыщыдыхьэшхынут. Ауэ, зэрыгъэщIэгъуэным къыхэкIыу, зы дакъикъэ закъуэкIэ а псоми мыхьэнэ гуэр яIэу, Масирэт и щIыпIэри мы балий жыгым кIэщIэт тIысыпIэрауэ къызыщыбгъэхъумэ – сыт итIанэ? Мыбдеж дыдэрати а зэманым абы и гъащIэм телъыджэ куэд къыщыхыхьар. Мы щIыпIэм щаIэтурэт и хъыджэбз хъуэпсапIэхэм ар таурыхъ хэкухэм, пщыгъуэ телъыджэхэм зэрахьар. НтIэ, иджыри жыгым бгъэдэувэу, и Iэ ижьыр тхыпхъэ хъурейхэр зыхэт быркъуэ цIыкIум трилъхьэу, зыгуэркIэ зыкърагъэщIэным е зы зыхэщIэныгъэ къызэрымыкIуэ гуэр къыпкърыхьэным пэплъэ хъунукъэ? Ар пщIэну гугъукъым, абы ухуэзышэ гъуэгур гъэкъэбзэн хуейуэ аркъудейщ.

Сыт-тIэ? Балигъ хъуа цIыхум къызэрехъулIэфын хуэдизкIэ щысабийм иIа дунейхэтыкIэр фIэфIыпсу иджыри зэ и нэгу щIэкIыжащ жумыIэмэ, щIэуэ зыри зыхищIакъым, пIейтеиныгъэ лъэпкъ къыпкърыхьакъым. Хъуакъым ар, игу ирихьат пщIыхьэпIэм къыхиха теплъэхэр, апхуэдэ щIыпIэ щыIэнкIэ хъуныр игу ирихьат. Гугъу ущехь зы сыхьэт гуэр укъакIуэрэ а щIыпIэ щэхум деж уиврэ, уи блэкIари уи къэкIуэнри къэплъагъуу, уи щIэлъэныкъуитI зэфIэкIуэдахэр зупхыжу, уи гум телъ уIэгъэр бгъэхъужу, икIи гъащIэр щызу зыхэпщIэжу.

Уи гъащIэ псом, еш умыщIэу, къэплъыхьуэн хуейуэ къыщIэкIынщ а щIыпIэр, мис итIанэ хъунщ уи ерыщагъымрэ бэшэчагъымрэ тыгъэ къыщыпэкIуэнур. ПщIэну щыткъым, нэхъапэхэми а дамыгъэхэм зыгуэру зыкърагъэщIэну хэтагъэнкIи мэхъу, ауэ къахуэныкъуэIауэ гу щылъамытэм, бзэхыжагъэнщ. Е ар щIыпIэ гуэру щымыту, атIэ, Масирэт ехьэлIауэ къапщтэмэ, гъащIэм къыщыхъуа Iуэхугъуэ пыухыкIа гуэрым пыщIауэ къыщIэкIынкIи хъунщ. И гупсысэхэр зэхэзэрыхьыжащ, жэуап зумытыжыф упщIэ делагъэхэм уи закъуэу уакъыхуэнэн нэхъ Iей сыт щыIэ... И гур пыIэркъым, Нэжани пщыхьэщхьэ хъуху къэтыну къыщIэкIынщ, и адэ къуэшым ипхъу сабий зыгъуэтам ехъуэхъуну жиIащ, щежьари гувауэщ, шэджагъуэращ.

ГуэлымкIэ кIуэн-тIэ... Псым зыхуэзыгъэщхъа дзэлхэм Iэ ядилъэнщ, псынэ цIыкIум къыхэж псы щIыIэм и лъакъуэр хигъэувэнщи щысынщ. Сыту куэд лъандэрэ хуиту къыщимыкIухьыжарэ абы мы къуажэ гъунэм, – школыр къыщаухым ирагъэкIуэкIа дауэдапщэм лъандэрэ. ИтIанэ Iуащхьэм и щыгум дэкIуеинщ, кхъэм ихьэнщи, Iыхьлыхэм я кхъащхьэм бгъэдэсынщ. Ауэ япэщIыкIэ велюр халат плъыжьыр щитIэгъэн хуейщ, ар адрейхэм нэхърэ нэхъ йокIу икIи нэхъ щIэращIэщ. Губгъуэм зэхэзекIуэшхуэ щыIэкъым, ауэ зыгуэрым ухуэмызэуи къанэркъым.

Унагъуищ къэбгъанэмэ, я хьэблэр еух, зи ву макъ зэхэпх щхьэлри абдеж дыдэщ, адэкIэ занщIэу уи нэм къыIуедзэ къуажэм хъупIэу къагъэсэбэп губгъуэр. Ар зэпыбупщIмэ, гуэлым уокIуалIэ, абы пэмыжыжьэу щыIэ къуэм удыхьэмэ, псынэ къыщыщIож, адкIэжкIэ – Iуащхьэ щыгум кхъэ тетщ. Аддэ нэхъ ищхьэIуэкIэ, бгы мэзылъэхэм я щхьэщыгум, уафэр щызэщIоуфIыцIэ. Жьым зыкъыщызэкъуихри мыпхуэдэ щIыпIэ Iэхуитлъэхуитыращи, тхъуий, нартыху, сэхуран хьэсэхэм ящхьэщыт мэ гуакIуэр къыбжьэхехьэ. Къезыгъэгъэзэн Iэхъуи зыщхьэщымыт, тхъэжыгъуэр зиIэ жэмхэм я зэхуаку щызоуэ къэпIейтея пцIащхъуэхэр.

Зы гуп, цIыхухъуиплIрэ цIыхубзищрэ, я жэмхэр нэкIэ ягъэхъуу, мамыру мэуэршэрри зэхэтщ. Уабгъэдэмыхьэныр къемызэгъщи, Масирэт абыхэм яхуеунэтI. Гъунэгъу зэрахуэхъуу, абы къыгурыIуащ езым къызэрытепсэлъыхьар, и къуажэгъухэм я плъэкIэм псори къыбжиIэрт: абы щызэщIэлът щIэ гуэр къащIэну я нэ къызэрикIри, къемыкIу гуэр ялэжьу къаубыда нэхъей, Iэнкун зэрыхъуари. Сыт ищIэн, ар иджы кърагъэкIыжа цIыхубзщ, пхуэбзыщIынукъым, зэрыкъуажэу, дауи, ящIэу къыщIэкIынщ. ФIэхъус ярихащ, Iэхъуэ тэмэм къэбгъуэтыну зэрыгугъум тепсэлъыхьахэщ, гъунэгъу къуажэм щыщ гуэр пщэдей щыщIэдзауэ яхуэIэхъуэну хъыбар зэрыщыIэри къыжраIащ. Аращи, Масирэти пщэдджыжь къыдигъэкI хъунущ и Мурэ. Еплъыт абыхэм, Мурэ къызэришэжари ящIэ. НтIэ, апхуэдэу щыщыткIэ, дауи, къыдигъэкIынщ езым и жэмри, иджы нэхъыбэрэ зэрылъагъунухэщ, псори тхьэм игъэузыншэ. Къежьэжащи, фызхэр къыкIэлъопсалъэ: сыту угуакIуащэ, ди Масирэт тхьэIухуд, сытуи фэфI птет. Тхьэм фигъэпсэу! Дауи, шэч хэлъкъым, и щIыбагъ къызэригъазэу, Масирэт теухуа псалъэмакъым адэкIи зэрыпащэнум.

Мис фIыуэ ицIыху дзэлхэри, мыбдежт, мо псы Iуфэ дыдэм Iут жыгым и лъабжьэрат щхьэгъусэ хуэхъунумрэ езымрэ япэ дыдэ я закъуэу щызэхуэзар. Пшапэ зэхэуэуэгъуэм щIэпхъаджагъэ илэжьыну къежьа хуэдэ, ар щтэIэщтаблэт, и Iэпкълъэпкъыр зэщIэкIэзызэрт. Гуапагъэрэ гулъытэрэ зыхэлъ щIалэр мыбдеж бэшэчу къыщыпэплъат, икIи а жыг лъабжьэм фIищат я лъагъуныгъэм и лъахэ. Жыг лъэдийм дакъэ дыдэм деж зыкъыщиукъуэншри, апхуэдизкIэ псы Iуфэм къыщхьэщыгъуэлъхьати, а къэгъэшыпIэм деж тIури тыншу тетIысхьэфынут. Адэлбий губзыгъэт, куэди жиIэрт, икIи зэхуэзэху макъ щабэмкIэ къыжриIэм нэхъ чэф ищI зэпытт. Масирэт и Iэм къылъэIэсыну зэ закъуэщ щIалэр зэрытегушхуар – щхьэгъусэ хуэхъуну къыщелъэIуарщ.

НтIэ, аргуэру а дзэлым кIэщIэтIысхьэу, и гъащIэм хэта лъагъуныгъэ закъуэм зыхригъэщIауэ щытахэр игу къигъэкIыжын?.. Ар иджы имыIэжми, афIэкIа зэи и гъащIэм апхуэдэм къыщытримыгъэзэжынуми, иджыпсту, Iэмал иIэххэмэ, абы зы меданкIэ зыхищIэжыну хуейщ фIыуэ къыщалъагъум, езым фIыуэ щилъагъум щыгъуэ пкърыта гурыщIэр. Хэт ищIэрэ, мыбдежырауэ къыщIэкIынкIи хъунщ а щIыпIэ зыщIэхъуэпсыр здэщыIэр, мы жыг щIагъ дыдэращ абы пщыхьэщхьэ насыпыфIэ куэд щигъэкIуар.

Ауэ абы аргуэру зыри зыхищIэркъым. Зэманым дэуфIыцIа гухэщIым щIыIагъэу и гущIэм зыкъыщиIэтри, кIэщIу бзэхыжащ, и гур зэщыуарэ нэщIу къигъанэри. А псом ищIыIужкIэ жьыр жыг

къудамэмкIэ и нэкIум къеуащ, аддэ кIуэ, мыбы уи Iуэху зыхэлъу зыри щыIэжкъым, фэ псоми фепцIыжащ, вгъэпудащ, вгъэкIуэдащ, икIи гугъэхэр псори куэд щIащ зэрылIэжрэ, жыхуиIэу.

Масирэт Iуащхьэм дэкIуеящ, уафэр къызэрызэщIэуфIыщIами, и халатыкIэм къепхъуэ жьым щIыIагъ къызэрыщIэувами гу лъимытэу. Псынэм щынэс дыдэм щыблэ уащ, абы и уафэхъуэпскIым ар зытет щIыри, удз лъэдакъэхэри, абыхэм я лъабжьэм щIэщэщэжа жылэ цIыкIу нэгъуни къигъэнэхуу. Щыблэм и ужькIэ, тIэкIу зиIэжьэри, уафэр зыуэ къэгъуэгъуати, Масирэт къащтэри, лъэгуажьэ лъэныкъуэу щIым етIысэхащ. Зы тэлайкIэ щысащ шынэу икIи игъэщIагъуэу, и гур къызэреуэм щIэдэIуу – мы къысщыщIыр сыт? Псынэм зэ нэсамэ, лъэбакъуэ зытIущщ къэнэжар, и нэкIум псы щIыIэ тIэкIу щIикIэнти, псынщIэу унэм кIуэжынт. АрщхьэкIэ щIым къыщIэж псынэм деж къыщыунэхуа гуэл цIыкIум зэрызыхуригъэзыхыу къэщтащ: абы хэзт хьэпIацIэ хужь бжыгъэншэхэр. Дауэ апхуэдэ къызэрыхъунур: псы къабзэ щIыIэм, псынэ ягъэлъапIэм хьэпIацIэ хищIэу. МыпщIыхьэпIэу пIэрэ мыр?

Масирэт къуэм къыдэкIыжри, жэрыгъэкIэ игъэзащ и унэр здэщыIэ лъэныкъуэмкIэ. Ар зыхур уэшхышхуэм хиубыдэнкIэ зэрышынэратэкъым, ублэмэ игъащIэ лъандэрэ зыщыщтэ щыблэмрэ уафэгъуагъуэмри аратэкъым, – дауэ щымытми, ахэр зэсэжа икIи укъызэлын шынагъуэт, – атIэ хьэпIацIэ хужьхэм зыхрагъэщIа гущыкIымрэ гузавэмрэт. ПсынщIэу кIыфI хъууэ хуежьащ, зы сыхьэтым къриубыдэу бзэхащ цIыхухэри, пцIащхъуэхэри, мамыру хъуакIуэу губгъуэм ита Iэщхэри. МыбыкIэ къыщыкIуэм щхьэлыр лажьэрт, ауэ иджы уэздыгъэ къудей пызыгъэнэн зы цIыху къыщIэнагъэнкъым абы, арщхьэкIэ унэ гъунэгъухэм я зы щхьэгъубжи нэху къыдидзыркъым. Токыр электростанцым деж щыпаупщIауэ къыщIэкIынщ, мы дунейкъутэжым мафIэс къэмыхъун щхьэкIэ.

Зы цIыху закъуэ нэхъ мыхъуми хуэзарэт. Я пщIантIэхэм Iэуэлъауэ гуэр къыдэIукIын хуейтэкъэ, пIащIэу джэдкъазыр, Iэщыр гъущапIэм щыщIагъэхьэкIэ. Мы дунейкъутэж къакIуэм игъэгужьеяуэ жэрыгъэкIэ унэм кIуэж гуэри хуэзэн хуейкъэ, и закъуэу къыщIина сабий шынэкъэрабгъэм деж нэсыжу тригъэуну, щхьэгъубжэхэр игъэбыдэу фэтыджэн уэздыгъэр пигъэнэну пIащIэу. Уэшхым хэту къажыхьыныр зыхалъхьэ щымыIэ хьэблэ сабийхэри е ахэр езышэлIэжыну хэт анэ гумащIэхэри дэнэ щыIэ?..

ЗыщIыпIи зыри щыплъагъуркъым, псори зэгурыIуа хуэдэщ мы дунеижьым и закъуэпцIийуэ къытранэну. Уэрамым и адрей лъэныкъуэмкIэ шу закъуэ къыкъуэкIа хуэдэ... Шууейри ар зытес шыри мыпхуэдиз зэхэзэрыхьам къызэрыхэщыр дыгъэ нэбзийр зытридза дыщэм къытелыдыкIа нэхуущ. ПэгункIэ кърaкIых фIэкIа умыщIэну къешх уэшхым сыту псынщIэу хэткIухьыжа абыхэм я ныбжьыр. Къарууэ иIэмкIэ жыгхэм егъэрыкIуэ жьым Масирэт и пащхьэм къыщрищIыкIэхащ гъунэгъум я кIарц борэн куэдым къелам и къудамэ зэрамыщIэжыр. Жьыр унэхэм я къэнжалыщхьэм, псыжапIэ бжьамийхэм губжьауэ йоныкъуэкъу, кхъахэ хъуа бэкхъхэм я щхьэр тречри, хамэ хадэхэм иредзэж.

Масирэт я пщIантIэм дыхьэжащ, кIэкуакуэрэ и ныбэр игъэхуэбэн хьисэпкIэ и Iэгур абы телъу. И щыгъыным зыщIимыфыж псыр ежэхырт. Нобэ тхьэIухуду щыта цIыхубзырауэ пщIэжынтэкъым иджыпсту сымаджафэу зызэхуэзышэр. ЛъэныкъуэкIэ ущыту укъеплъмэ, ар пфIэщIынт е чэфу, е набгъэу. Шэдыпс зыхэтым темыгушхуащэурэ лъэбакъуэхэр зэрыщичым къыхэкIкIэ, ар бгъукIэ ещIэрт. Унэм къыщысыжами, Iэбэрабэурэ къилъыхъуэ бжэкъур щIэх къыхуэгъуэтакъым. ЩхьэгъубжэIупIэхэр игъэхыщIэу жьым зэрызэридзэми пырхъуэм къызэпрыж уэшхыпсым лъэгум илъ алэрыбгъур псыф зэрищIами гу лъитакъым. Зыхуейри имыщIэжу, пэшхэр къызэхикIухьащ, итIанэ щыжей пэшым и абджынэхэм еIусэурэ къутарэ мыкъутарэ зригъащIэри, и щыгъын псыфыр зэрихъуэкIыу щIидзащ. И Iэпкълъэпкъ пцIанэр игъэпщкIуу, и анэм и халат тхьэмбылыфэр зыщитIэгъащ, и щхьэцыр къиутIыпщри игъэгъущащ, итIанэ пIэм итIысхьэри, и щхьэр къыщIэмыщу пIэипхъуэм зыщIигъэпщкIуащ, – апхуэдэу пщIымэ, уи Iу бахъэм нэхъ псынщIэу укъегъэхуэбэж.

Дакъикъэ бжыгъэкIэ апхуэдэу щысауэ, зы сурэт гъэщIэгъуэн и нэгу къыщIыхьащ, ауэ ар абы зыкIи фIэхьэлэмэтакъым, атIэ куэд щIауэ пэплъэ хуэдэу IущIащ. Масирэт япэхэми хуеяуэ къыщIэкIынт мы дунейм лъэныкъуэкIэ къыщыт хуэдэу къеплъыну, мис иджыпсту хуэдэу: ЩIыр IэкIэ иIыгъыу, вагъуэбэ уафэм и курыкупсэм итщ. Хуэму игъэкIэрахъуэурэ, абы ар лъэныкъуэ псомкIи зэпеплъыхь. Псэуалъэхэм зэран хуэмыхъун хуэдэу, ЩIы хъурейр и бгъуитIымкIэ хуэсакъыу зэщIеIыгъэ: зэм зыри зыщымыпсэу бгылъэ щIыпIэхэмрэ къум пщтырхэмрэ деж, зэми и зы Iэр мэз Iув бзаджэм хегъэлъадэ, адрейр хещIэ Дунейпсо хым и псы щIыIэхэм. Мис, къигъуэтащ я къуажэр здэщыIэр. Мыбдежщ дыгъуасэ пудыныгъэ кърахыу, ягъэикIэу унэм къыщыщIагъэувыкIар. ЯпэщIыкIэ абы къыщыхъуат гъащIэр иухауэ, ауэ зы къару гуэр къыдэIэпыкъуащ къэхъуар игъэвынымкIэ. Масирэт и фIыгъэ хэлъкъым абы, дэIэпыкъуэгъу щхьэкIэ лъэIуатэкъым – а къарур езыр къыкъуэкIри, и псэ ешауэ зыри хуэмеижым, зэIухати, дыхьащ.

Зэуэ белджылы хъуащ иджыри къэс ар зыхущIэкъуамрэ дэзыхьэхамрэ зыри зэрамыуасэр, зыгуэр зригъэхъулIэ и гугъэжами, ахэр псори нэпцIу къызэрыщIэкIар. КъигъэщIар зэрыкупщIэншэр иджы наIуэ хъуащ, ехьэкIи щысхьи хэмылъу. Сыту псэ лэжьыгъэшхуэ ирихьэлIа абы зыри къызэрымыкI гурыгъузхэм, нэпси щIегъуэжи хэмыту иутIыпщын хуеяхэм. Псалъэхэм ириджэгун хуэмеяуэ аркъудейщ, атIэ, мис иджыпсту мы ЩIы сурэтыр зэрыIуигъэкIуэтым ещхьыркъабзэу, езы гъащIэр, щызэтрихьа дуней еплъыкIэ къемыкIу къомри и гъусэу, еIэдэкъэуэнти Iуидзынт. СкIэрыкIи екIэрэхъуэкI уи къэухьым уитыжу, джэрэз, цIыху къызэрыгуэкIхэм яхуэзэблэхъу нэхумрэ кIыфIыгъэмрэ, жэщым вагъуэхэм къапих нэху щIыIэмылым зыхэгъэпскIыхь, – ауэ сэ си Iуэху къызумыхуэ закъуэ. Арати, екIурабгъуншэ къарукIэ зыщIэрыIа ЩIыр, дунеижьыр макъкIэ къыхуэвурэ хьэлъэу и гурыгъым къекIэрэхъуэкIыу, пыIукIуэту хуежьащ.

ЛъагапIэм къелъэм е зэрымыщIэкIэ драгъэлъэтейм шынэри гухэхъуэри зэгъусэу зэрызыхищIэм хуэдэ хъуат Масирэт. ШхыIэныр зытридзри, и лъакъуэхэр кърихьэхащ, икIи унэ лъэгу псыф щIыIэм къыфIэмыIуэхуу теуващ. Сыт хьэлэмэт абы иджыпсту зыхищIэхэр?

Сыт абы, икIэм-икIэжым, къыщыщIыр? Ауэ уи щхьэ Iуэху дауэ узэрегупсысынур, лIэщIыгъуэ зыбжанэ ипэкIэ псэуа усакIуэшхуэм и пшынэбзэр плъагъуу зэпычамэ, икIи а пшынэбзэм, илъэсищэхэм я хьэзабымрэ бэлыхьымрэ зэкIуэцIикъузэу, езым къыдеджа щIалэщIэм и гур хиупщIарэ ар, нэгъуэщI хэкIыпIэ имыIэжу, унэ зэтет лъагэм къебэкъуэхамэ. НапIэзыпIэм Масирэт щыхьэт хуэхъуащ пасэрей усакIуэмрэ щIалэщIэ насыпыншэмрэ я гъащIэ псом, къилъэгъуащ а тIум яку дэлъ зэпыщIэныгъэ щэхур. Ауэ сыт а хъыбархэр Масирэт зэрищIынур икIи дауэ ахэр абы къызэрыхуэкIуар? А нэкъыфIэщI хьэлэмэтхэр зыгуригъэIуэну хунэмысауэ, нэгъуэщI гуэрхэр къыкъуэкIащ зэкIэлъхьэужьу.

ЗыкIи зэпымыщIа пщIыхьэпIэ пычыгъуэхэм ещхьу, ахэр зыр адрейм емыпхауэ къэхутэрт. Масирэт илъагъурт зэманым фIэбла къэхъукъащIэхэмрэ цIыху гъащIэхэмрэ, ахэри зэкIэлъыкIуэкIэ гуэрми темытрэ, зэм нэхъ гъунэгъуу, зэми нэхъ жыжьэу. Къыдеджа щIалэм и гъащIэр гуауэу щIиухам и щхьэусыгъуэр IупщIу и нэгу къыщIыхьами, дауэ къыбгурыIуэ хъуну курыт лIэщIыгъуэхэм щыIа къалэм щыпсэуа хъыджэбз щIалэр къыщIыхуэкIуар. Масирэт ищIэркъым ар къызыхэкIар. Абы зыхищIэр хъыджэбзыр зыгуэрым зэригъэпIейтейрщ, икIи, дакъикъэ зэрыдэкIыу, ар къыщIэжу удзыпцIэм хэт удз гъэгъа плъыжь гуэрэным ежалIэу, а удзым тет банэр и Iэпэм игъэузу къызэрыхэуэнурщ. Илъэс дэкIмэ, ар лIэнущ, и гурылъхэр зритха дневникыр фIыуэ илъагъум къыхуигъэнэнурэ – дунейр къызэриухуэрэ нэхъ дахэу зи лъагъуныгъэм тепсэлъыхьа къэмыхъуауэ. Хъыджэбзыр адрей дунейм къикIыу къыщIыхуэкIуамрэ Масирэт абы и Iуэхуу хэлъымрэ мыгурыIуэгъуэу къэнащ. Ауэ абы къыкIэлъыкIуа нэкъыфIэщIым и ужькIэ Масирэт абыхэм я купщIэр къэлъыхъуэным пыкIри, лъэныкъуэкIэ къыщыту къэхъум кIэлъыплъу щIидзащ. ЗыкIи хуэмейуэ, ар щыхьэт техъуэрт унафэ къащтэхэм, гузэвэгъуэ гуэрхэм, зыгуэрым и бийуэ ирагъэкIуэкI зэгурыIуэныгъэ щэхухэм, зыумысыжыныгъэхэм, епцIыжыныгъэхэм, щIэныгъэ къэхутэныгъэхэм, икIи дэтхэнэ зы цIыхуми и гурыщIэхэр дигуэшырт. Гурыгъу-гурыщIэу, гугъэу, гурыгъузу яIэхэр утыку къэхъуауэ, цIыху цIыкIур къихутащ Масирэт и пащхьэм. Ауэ зэуэзэпсэу кIуэдыжащ и нэкъыфIэщIхэр – ахэр лъэныкъуэ иригъэзащ гупсысэ лIэужьыгъуэщIэм. Зы Iуэхугъуэшхуэ гуэрым и мыхьэнэр занщIэу гурыIуэгъуэ хъуауэ, унафэ пыухыкIам хуэкIуа хуэдэт.

ПщэфIапIэм щIэт сырэм доIэбэрэбыхьри, мафIэдзыр къегъуэт, блыным кIэрыгъэбыда гъущI уэрдыхъум фэтыджэн уэздыгъэр зэритри къелъагъу. И Iэпэхэр кIэзызу, ар пегъанэ, иужькIэ кIыфIыгъэ зыхэтым къыхокIри, лъапцIэу унэм къыщIокI, уэшхыпскIэ гъэнщIа удзым хэту, гуэщымкIэ еунэтI. НтIэ, нтIэ, мыбдеж дыдэращ: щысабийм хуадауэ щыта кIэм къыдэхуа бзыхьэхуэм кIуэцIылъу, шиферымрэ бгыкъумрэ я зэхуакум дэгъэлъэдауэ адэм и сэ жаныр щихъумэрт. А сэр абы апхуэдизкIэ фIэлъапIэти, уеблэмэ и щхьэгъусэми щигъэпщкIурт, езыр дэмысу гъунэгъухэр къелъэIумэ, яритынкIэ хъунути. УвыIэгъуэ ямыIэу Iахырт пхъэхыр, джыдэр, пхъэпсыр, нэгъуэщI Iэмэпсымэхэр. Адэм а сэр хьэхуу итыфынутэкъым, езыми къыщищтэр, дауэдапщэ яIэу, Iэщ дукIынущи къыддэIэпыкъу, жаIэу къыкIэлъыджа

нэужьт. Зыри фезгъэIусэнукъым, ауэ фыкъеплъ, – яжриIэрт сэр зыфIэгъэщIэгъуэнхэм. – Мыбы, зыуи къыщымыхъуу, мыщэр тIууэ зэгуигъэхунущ.

Мис мыбдеж, пкIэунэм и сэмэгурабгъумкIэ, адэм щигъэпщкIут и Iэмэпсымэ нэхъ зыщысхьхэр. Масирэт зэтэкъым ар зэрилъэгъуар. Сыт щхьэкIэ ахэр хъыджэбз цIыкIуитIым ящигъэпщкIунт, хуеипэу щытми, лъэIэсынухэтэкъым, апхуэдэ хьэпшыпхэр абыхэм икIи яфIэхьэлэмэттэкъым. Ауэ сыту цIыкIу ящIа мы гуэщыр илъэсхэм, иджы Масирэт хуиту лъоIэс гуэщыщхьэм... Мес, бзыхьэхуэ кIапэр къыдощ, мис сэкIыр, къыщIопIиикI – тобэ, иджыри къэс ар мыбдежым дэлъащ, зы цIыху емыIусэу. Хьэлэмэткъэ: апхуэдиз илъэсым и кIуэцIкIэ зэ игу къэкIыжакъым мы сэр.

Масирэт бзыхьэхуэ кIапэр зэкIуэцIихри (ари лъапIэт абы дежкIэ), сэм и кIыр иубыдащ. Сэдзэр кIыфIыгъэм къыхэхъуэпскIыкIт, и дахагъым узыIэпишэу. Апхуэдэ муради имыIауэ, Масирэт и Iэпхъуамбэшхуэм и щабапIэр сэдзэм иригъэжащ, зэрылъэIэсуи, Iэфэ пIащIэр зэгуипхъуащ. ЗанщIэу лъы къижати, ар къэуIэбжьауэ дэпхъуейри, и тхьэкIумакIэм еIусэжащ, и нэкIущхьэми и пщэми лъэужь плъыжь къыкIэринэу. УIэгъэр и Iупэм кIэрикъузат, лъыр къигъэувыIэн и гугъэу, ауэ зыри къикIакъым, лъыр гурымыхьу и жьэ кIуэцIым нэса мыхъумэ. Сэ жан гущIэгъуншэ – уэрмырауэ пIэрэ си ныжэбэрей пщIыхьэпIэм зи гугъу щащIар? А псалъэхэр игукIэ здыжиIэм Масирэт зыхищIэрт фIэкIыпIэ зимыIэ Iуэху щэху гуэр абы иджы къызэрыпэщылъыр.

Уэшхым щIичэртэкъым. Масирэт иджыпстущ щызэхихар абы и Iэуэлъауэ макъ хадэмкIэ къиIукIыр, щIэмыхуабжьэу икIи кIэримыгъэхуу зытешхэ тхьэмпэхэр игъэщхъыщхът. И гум и къеуэкIэм щIэдэIужурэ, ар гуэщым къыщIэкIыжащ, псыф хъуа бжэеIулIхэм макъыншэу ирашэлIэжащ пхъэбгъубжэр. Жыг хадэм хыхьэну ежьати, псыр кIуэцIыхьэу зыкъэзыIэта лъагъуэр зекIуэурэ и лъэгум кIэщIэкIыну хэтщ. ЛъэныкъуитIымкIи къыщхьэщыгъуэлъхьа удз лъагэм гъуэгур зэхуищIауэ, кIуапIэ кърититыркъым, халатыкIэри псыф хъуащи, и лъакъуэхэм щIыIэ мылыр зыхащIэ. И Iэпэ уIам къиж лъыр зикI увыIэртэкъым, лъымэри и жьэм жьэдэз хъуат. Уэздыгъэр уэшхым игъэункIыфIынкIэ шынэри, абджым къыхэщIыкIа уэздыгъащхьэм иIэ гъуанэм и Iэр трилъхьэну хуежьати, сэкIыр зэриIыгъ и Iэпэхэр зыхищIэу къисащ.

Сыт ар жыг хадэ кIыфIым щIыхыхьэр? Хохьэ, Мурэ зэрыт IуэмкIэ мыплъэн щхьэкIэ. А гупсысэм и кIуэцIыр къисащ. Шынэ къыпкърыхьам игъэкIэзызащи, и лъакъуитIым ерагъыущ зэраIыгъыр. Къарууэ иIэр зэхуихьэсщ, и лъакъуэ ижьыр щIыгулъ цIанлъэм быдэу щигъэуври, зыкъигъэзащ. Зыгуэрурэ абы къыхэкIыжа нэужь, уэздыгъэр щIым иригъэувэхри, жэщ даущыншэм щIэдэIуу зы дакъикъэ хуэдэкIэ мыхъейуэ щытащ. Абы къыщыхъурт мо бжэм адэкIэ, Мурэ зыщIэтым, тегушхуэныгъэ къылъыкъуэкIынкIэ къыщыгугъ гуэрхэр щызэщIэдэIукIыу. Япэ ича лъэбакъуэм и Iи и лъи дэкIэзызами, абы хьэкъыу пхыкIат шынэу унэм зэрыщIэмылъэдэжынур, атIэ къыхуиухар зэригъэзэщIэнур.

Масирэт и Iэпкълъэпкъыр езым имеиж хуэдэт, зы къару гуэрым ар бжэмкIэ хуэму ихьырт, езыми нэкIэ къипщырт абы нэсыным иIэжыр зыхуэдизыр. Хьэуэ, ар афIэкIа пхъэбгъу зэгуэзам дэплъынукъым, иджыпсту шынагъуэщ кIыфIым мыхъейуэ хэт хужь IэпапIэхэм я къэу-хьыр плъагъуныр. Аращ, зэригугъам хуэдэ дыдэщ: Мурэ тIысыжакъым, атIэ дияуэ зэфIэтщ, икIи, псори къыгурыIуэ фIэкIа умыщIэну, цIыхум ещхьу къоплъ. Мыбдежыр кIыфIыбзэщ, ауей, уэздыгъэр модэкIэ къэнащ. Мурэ и пщэр хеш, икIи тхьэкIумэм къиIуэ хуэдэщ: си псэм хуэдэ, уэ зыращ сэ сиIэр. Масирэт жэмыр къеIэбэрэбыхь: мис и бжьакъуэхэр, и натIэри мис, толъэщIыхь, Iэгум къыщIоцIуукI абы и нэджыджыр. КхъыIэ, укъызэмыплъ, Мурэ, Iейуэ сынолъэIу. Сэр зыIэщIэлъ и Iэ ижьыр жэмым и пщэм кIэщIоIэбэ, абы хэту куэбжэмкIэ джэ макъ къоIукI: «Масирэт, уа Масирэт!» – Ар Нэжанщ, сытым къи-хуа иджыпсту? Махуэ псом щыIакъым, иджы къэсащ. Куэбжэр гъэбы-дащ. Мы сэмкIэ мыщэр тIууэ пхузэгуэгъэхунущ. Сэ жан гущIэгъуншэ! Iэ ижьыр икIэм-икIэжым жьэхэуащ зылъыхъуам. ИгъащIэм зыхуа-мыгъэса Iуэхущ Масирэт иджы ищIэн хуейуэ къыпэщылъыр, итIани ауэ сытми тыншу зэфIигъэкIрэ ар абы. Зыщыгъуазэ гуэрщ Масирэт иджыпсту зыхищIэр, тхьэв зэпигъэж хуэдэщ, абы къызэрыщхьэ-щыкIыр иримыупщIэтэхыу, къызэрыдриупщIэтейращ. Ыхьы, зэ-фIэкIащ, къызэрыщIэкIымкIэ, гугъуххэтэкъым ар пщIэныр. Сыт-тIэ мы Iуэхум цIыхухъуиблыр ерагъыу фIэкIа щIыпэмылъэщыр?! КIий-гуоуэ, псалъэмакъыу къаIэтыр-щэ!.. «Быдэу пхэ, уэ мо лъэныкъуэмкIэ къэубыд, уэ си ижьырабгъумкIэ къэуви, кIапсэм уи дежкIэ екъу, лъакъуэр езым дежкIэ ешэкI, и щхьэр, ар дауэ щхьэ IыгъыкIэ, уэ сэ слъагъум джэд нэхъыщхьэ фIэбгъэжагъэнкъым!..» Сыт сэ зи гугъу сщIыр? Си бгъэри, си ныбэри мэуз, блынкъутэкIэ къызэуа фIэкIа умыщIэну. Апхуэдэ Iуэхум  сызэремысарагъэнщ ар къызыхэкIыр, хьэмэрэ уэра, Мурэ, ар зи лажьэр? Жэмым и пщэм лъыр кърекIыкI – ухуеймэ тас кIэщIэгъэувэ, ауэ езыр зэфIэтщ, къытехуа хьэзабыр бэ-шэчу егъэври. СощIэ – псори сэ си хьэтыркIэщ. Сыт пщIэн-тIэ, аращ Iэщым къыхуиухар. Ауэ сэ си дежкIэ шэчыгъуейщ мыр слъагъуныр. Дэнэ схьа ди адэм и сэр, ар кIуэдмэ, къызэшхыдэнкъэ итIанэ. Сыт сэ мы фIейм сыщIыхэлъыр, уэшхым си нэкIум зыкъриухуанщIэу?.. Мыб-дежым щIыIэщ икIи гурымыхьщ. Зи пщэр ныкъуэпыупщI хъуа Мурэ си хъуреягъкIэ къежыхь, и лъэбжьанэхэр зэрэ-тIэурэ блэлъэташ си щхьэщыгумкIэ, къыстемыувамэ арат. Мурэ къызбгъуроджалэри, хуэ-мурэ и псэр ет, иуж дыдэу мэхъырхъыж и къурмакъей зэпыупщIар. «Масирэт, а Масирэт!» – аргуэру къоджэ Нэжан. Сыт узыхуейр, си псэм хуэдэ си ныбжьэгъу, уи унэ укIуэжамэ нэхъыфIт, иджыпсту сэ уэ узиIуэхукъым. Умылъагъуура си хъуреягъкIэ къекIэрэхъуэкI щIым къыдэхъуа кумбыгъэшхуэм псэуалъэхэр зэрихуэр, си жыг хадэри къызэрыздеджэрэзэкIыр. Уэ сызэхыумыхми, сэлам узохыж, си ныб-жьэгъу гуапэ! ПщIантIэм дэту хъуар си гъусэу гъуэжькуийм кърехьэкI, апхуэдизкIэ псынщIэу докIэрахъуэри, зэтекъутахэр си гум къеуэ-ну сыхунэскъым. Пхъэ тыкъырхэм, шифер къутахуэхэм, гъущI Iунэ къызыхэпIиикI пхъэбгъухэм си лыр ягъэузу къауIэ, куэншыбыпсыр си халатым зыщIифащ. Мурэ сэрэ дызэшэкIауэ дыкърехьэкI, и фэм къыкIэрих мэм  си пэ кIуэцIыр кърисыкI, и Iупэ псыфхэм си пщэр

Iупс защIэ ящI, ди дзэхэм зызэщахъуэ, ицхэр си жьэм къыжьэдехьэ. Ди гъусэу кърехьэкI уэших хьэмбылухэр, къэкIыгъэхэм я лъабжьэр, фоч улъияхэр, шабзэпэхэр, лIэщIыгъуэ блэкIахэм щыIа къамэхэр, цIыхубзхэм зызэрагъэдахэ хьэпшыпхэр, щIым щIатIауэ щыта ахъшэхэр, цIыху къупщхьэхэр, щIыщIагъыпсхэр, ауэрэ адэкIэ уэм дыхохьэ.

Псэм фIэфI псынщIагъщ зыхэтщIэр. Мурэрэ сэрэ цIыхум и нэм имылъэгъуа щхъуантIагъэ дахэм дыхэтщ. Iэуэлъауэншагъэ, гупсэхугъуэ, нэщIыгъэ. Сэ инышхуэ сыхъуауэ зыкъысщохъуж, аддэ жыжьэу, нэхъ илъабжьэIуэкIэ, гъуэз псыпсым къыхэщу, Iэщхэр щохъуакIуэ, сэри согупсыс: абдежыр Мурэ увыIэпIэ хуэхъуащ. ИжьырабгъумкIи сэмэгурабгъумкIи къыщолъагъуэ иджыри пшагъуэр зыщхьэщыт псыхъуэхэр, мэзхэр, мэкъупIэ зэщIэгъэгъахэр. Махуэ шэджагъуэм си щхьэщыгум къитщ вагъуэбэ уафэ гъунэншэр. Iуащхьэ гъунэгъу гуэрым и лъапэм деж ди унэр къыщызогъуэтыж, мес, си анэр къыспежьащ, абы и ужьым итщ си адэмрэ балигъыпIэ иува си шыпхъумрэ. Зы псалъи зэжетIэркъым, псори зыуэ дызэхолъэдэж – сыту фIыIуэ! Уэ укъакIуэри, мыбдеж уи унэр щыбухуащ, – жеIэ мамэ. – Мыбдеж уэ узыхуейм уи Iэр щылъэIэсынущ. ПщIэрэ, фи адэм сыхуэзэным куэд иIэжу, уи шыпхъумрэ уэрэ фыкъысхуэкIуат... Сэ бжесIатэкъэ, – жери, къыздикIар сымыщIэу, псалъэмакъым къыхохьэ си анэшхуэ шыпхъур. – Мес ар, щытщ, уэ къыппоплъэри. ГурыщIэ хуэпщIыфыну, упсэухуи уи щхьэгъусэну а зырат уэ уи натIэм къритхар. Модрей дунейм, сыт щхьэкIэми, фэ фыщызэрыгъуэткъым. Фи адэр мыбы къыщыхутат ди лъэпкъыр, и хэкур ирагъэбгынауэ, тенджызым щызэпрашым. Куэд щIащ абы лъандэрэ, адрейхэм я гъусэу ари псы щIагъым щIыхьащ. Плъагъурэ, ар уи унэм щIохьэ – щIыхьэж уэри. Щхьэпэлъагэщ, къуэгъущ, пащIэ екIу тетщ, адыгэ фащэ щыгъщ. Шыр пырхъуэм деж щрипхауэ, ар дэкIуеипIэмкIэ докIуей – сеплъри къэсцIыхужащ борэным щыгъуэ уэших блыным къыхэслъагъукIауэ щыта шур. Ауэ куэд дэмыкIыу бзэхыжащ сыкъэзыухъуреихь псори, цIыхум имылъэгъуа щхъуантIагъэ дахэ нэр щызысыкIыр, нэщIыгъэр, Iэуэлъауэншагъэр, гупсэхугъуэр къанэри.

«Масирэт, а Масирэт!» – ещанэу къоджэ Нэжан. Зыгуэрурэ куэбжэм и пхъэрыгъажэр иригъэкIуэтри, ар къыдыхьащ, иджы Масирэт дежкIэ макIуэ. Сыт къэхъуар, сыт уи лажьэр, си псэм хуэдэ, зэрыщыту улъызащIэщ. Мы сэри щхьэ пIэщIэлъ? Мыдэ къэхьыт ар, абы уэ зыкIи ухуейкъым. Си псэм ищIэрт уэ уи закъуэ укъэзгъанэ зэрымыхъунур, сыту Iейуэ сыдела. Нэжан Масирэт и нэкIум кIэрыпщIа щхьэцыр къыкIэрехыжри, ар къиIэтыжыну хуожьэ, езыр лъэгуажьэмыщхьэу мэтIысри, и ныбжьэгъур зыкIэрекъузэ, магъ. Ар дауэ, апхуэдэр зэпщIэж хъурэ? Масирэт ерыщу йоIэри, и ныбжьэгъум и IэплIэм зыкърехыж. И нэр Iуэбжэ Iухам триубыдауэ плъэурэ, унэ лъабжьэм хуэмурэ щIыбагъкIэ йопщылIэри, и гур псэхужауэ, абы зыкIэрекъузэ. Лажьи-хъати имыIэу, Мурэ Iуэм итщи, ахэр здэщыт лъэныкъуэмкIэ гузавэу къоплъэ. Уэ, Нэжан, иджы си закъуэу сыкъэгъанэ, жеIэ Масирэт зэхэпх къудейуэ. Сэ сыщIыхьэжынщи, зызгъэкъэбзэжынщ, уэ унысkIэлъымыкIуэ, сыхуейкъым. Ауэ Нэжан дауэ ар иджыпсту и закъуэу къызэригъэнэнур, ауи игу кърemыгъэкIыххэ – къысхуеплъыт абы, къигъэнэн хуейщ

и закъуэу. НакIуэ, накIуэ, сэ псори зэфIэзгъэкIынщ, узгъэпскIынщи, узгъэгъуэлъыжынщ, пщэдджыжь пщIонди сыпщIыгъунщ, мы дунейм теткъым сэ иджыпсту уэ уи закъуэу укъызэрызгъэнэн, уемыгупсысыххэ абы. ЕрагъкIэ я лъакъуэр зэблахыу, абыхэм зэгъусэу унэмкIэ яунэтI. Бжэм зэрынэсу, Масирэт бжэблыпкъым деж зыщрегъанэ, икIи лъаIуэу и ныбжьэгъум къоплъ: Нэжан ар нобэ къигъэнэн хуейщ и закъуэу, пщэдей езым псори къыжриIэжынщ. Масирэт и нитI езэшаифэхэм къапэрыуэнIауэ пэплъэркъым – е ар абы и ныбжьэгъукъым. ХъунщтIэ, апхуэдэу нэхъ къыщыпщтэкIэ, гуитIщхьитI къэхъуауэ жеIэ Нэжан, кIуэжыну зыкъигъазэурэ. КIуэ, сынолъэIу, кIуэж.

Зэрызэгуры Iуам тету, Нэжан пщэдджыжьым къекIуэкIащ и гъунэгъум деж, зы сыхьэт хуэдэкIэ щысри, екIуэкIыжащ. Зыгуэрым зэрытегузэвыхьыр и нэгум къищу, унэм къызэрыщIыхьэжу, Iэрпхъуэру и щыгъыныр зэрихъуэкIри, шоссе гъуэгумкIэ пIащIэу игъэзащ. Куэд дэмыкIыуи къигъэзэжащ зэпкърыхуным нэса машинэжь гуэрым ису. Масирэт куэбжэр Iуихри, шофёрым унафэ хуищIащ машинэр пщIантIэм дигъэхьэну. Зы сыхьэт хуэдэкIэ дэтауэ, ар къыдэжыжащ, и кIуэцIым исхэр уимыгъэлъагъужу, къуажэ уэрам сабэр зэщIигъэхъаеу, бзэхыжащ. Нэжан пщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ къигъэзэжри, езэшауэ диваным зыщригъэщIащ, икIи, унагъуэ Iуэхухэм теухуауэ и анэм жиIэхэм жэуап яритыж хуэдэурэ, Iурихащ, и нэгум зы гуфIэгъуэ щэху гуэр къищу.



Илъэсищ дэкIауэ, и щхьэгъусэм къыхыфIидзэжа Масирэт напIэзыпIэу зэрежьам и хъыбарыр цIыхухэм яIэщIэхужауэ, зы дыгъэпс бжьыхьэ махуэ гуэрым пощтзехьэм Нэжан телеграммэ къыхуехь. Абы къыщыгъэлъэгъуа махуэм ирихьэлIэу Нэжан зигъэхьэзырри, зыми закъримыгъащIэу, райцентрым иIэ  гъущI гъуэгу вокзалым кIуащ. МафIэгур мыбдеж дакъикъитху къудейт къызэрыщыувыIэр. Зэрыгузавэм къыхэкIыу, зыпэмылъэщыжу цIыхухэм къалъагъуу къэгъынкIэ шынэрти, мурад ищIащ и зэманыр нэмысыпауэ мафIэгу къэувыIэпIэм темыхьэну. Сумкэкъур иIуэту, ар итт гъущI хъаркIэ къэгъэбыдыхьа хадэ цIыкIум. Мес, поездри къэсащ. Ауэ ар зыпэплъэхэр зыщIыпIи щилъагъуркъым. КъызэрыщIэкIамкIэ, езым нэхъ и пэгъунэгъу етIуанэ вагоным къикIат ахэр. Дауи гу лъимытарэ?.. Я хьэлъэхэри кърахауэ, мыпIащIэурэ заплъыхьырт абыхэм. Масирэт плащ сырыхуфэ кIыхь щыгът, и щхьэц кIыхь ухуэнар абы къытелът – ди тхьэ, иджы нэхъ дахэж хъуащ! Абы къыбгъурытщ пащIэ дахэ зытет цIыхухъу лъагъугъуафIэ. ЗекIуагъащIэу зы щIалэ цIыкIуи я гъусэщи, блэкIхэм я лъакъуэ лъабжьэм щIоджэразэ. Абы и натIэм ищхьэкIэ, и щхьэцым къыхолыдыкI езы цIыкIум и IэштIымым хуэдиз хъун щхьэц тхъуа Iэрамэ. Нэжан, и гур зэригъэмамырыжыным хущIэкъуу, жьыр фIыуэ зыжьэдишащ. И Iэхэр и бгъэгум кIэрикъузауэ, ар мэIущащэ: ди Тхьэ, сыту фIыт! Сэ сымис, Масирэт, сымис. Сэ сыкъыкIэрыхуакъым, куэд щIащ сыкъызэрысрэ, мис, сынывбгъэдохьэ. Ауэ, адэкIэ зэрыбэкъуэн къару имыIэжу, Нэжан занщIэу унэ лъабжьэ гъэжам и джабэм гуэтIысхьащ, и сумкэр и нэкIум Iуилъхьэри, афIэкIа зыхуэмыIыгъыжу, станцыр къигъэдаIуэу гъыуэ щIидзащ.

*ЗэзыдзэкIар* **ХЬЭЦIЫКIУ Раещ**



*Усэхэр* ХЬЭТУ Пётр

## ДЭРЭЖЭГЪУЭ

КъуэкIыпIэр налмэс бзиийм егъэщIэращIэ,
хъуэпсапIэ уригъахуэу, псэр ехьэху...
Гъуэгушхуэу, лъагъуэу иджы щыIэр мащIэ, —
дэтхэнэми иIэжщ езым и щэху.

Насыпкъэ-тIэ дунейм и щэхухэр пщIэну, —
узэIуса-узэпэмар ууейщ,
мыбзаджэ цыри щIэпри зэхэбджэну, —
зыбужьыжауэ псэкIэ уэ убейщ.

Плъэгъуа-къэпщIари мытелъыджэу жыIэ
зыхэпщIэу гурэ псэкIэ бгъэвыжыну,
абы и ужькIэ, щэ дэбдзейуэ пыIэр,
гухэхъуэм узэщIищтэу ар птхыжыну.

## ТХЬЭМПЭХЭР

Пытахэщ жыгым ахэр щхъуантIэу,
зыпыт къудамэхэм хуимыту
къыпылъэтыну — ар я натIэу,
ар мызахуагъэуи къалъытэу, —
екIуэкIт я гъащIэр щхьэхуимыту.

Мис, щIэхъуэпсахэр хуитыныгъэм,
гупсысэм я пкъыр гъуэжь ищIауэ,
иджы щIым хэлъхэщ ижьэу дыгъэм,
япс тIэкIур щIэкIрэ жьэ ущIауэ.

АтIэми я псыхуэлIэр ахэм
изыгъэкIын уэгу щIагъым щIэткъым,
ялъагъуэжынкъым махуэфIахэр
епщIыхь-ныхуэплъэхэм ахърэтым.

Иджы я натIэщ махуэ къэскIэ
Iей хъу зэпытурэ гъуэжыну,
зы махуэ гуэрми, гъуар щагъэскIэ,
щIым щыщ — яубэурэ — хъуэжыну.
Яхэткъэ цIыхуми хуитыныгъэр
зэрепту — къэсу я ухыгъэр...

* * *



Насыпыншэ махуэм дыкъалъхуауэ,
тщIы мурадхэм дэ дылъэмыIэс,
хуэдэу теуэ-тепкIи дыхэхуауэ,
ди зэманыр щхьэншэу дэ догъэс.

Ди адэжьхэм хабзэу яхэлъахэр,
гын къытщыхъуу, уей, догъэкIуэдыж,
Iухи банэ тепIэ, жаIэу, лъахэм,
бын сэхъуари дэ тхуэмыубыдыж...

ГукъэкIыжырщ дэ къытхуэнэжынур,
хуэдэу кхъащхьэдэсэ тхуагъэжам,
псэр ихузу дигуми къеуэжынур
Iэгу илъауэ дэ тIэщIэкIыжарщ...

## ЗЭГЪАЩIЭ

ТутынхэкIым екъу, хэгъэщI,
фадэр щIы нэрыгъ,
«лIы хуэдэлIхэм» закъыдэщI,
умыбэлэрыгъ!..

ЗыщӀ хьэмтет, «авторитет»,
зи ӀутӀыжу гъахъэ,
къыхэпха уи гъуэгум тет,
уи лъэр умылъахъэ...

Ауэ мыри уигу игъэлъ,
умыщӀам — зэгъащӀэ:
цӀыхум дэ уахъты къытщӀэлъщ,
къыдитар зы гъащӀэщ,
ди жьы хъунри — къытлъихьам —
ди псэм къыщыщӀедзэ,
жыру зипкъри псыхьар
тафэм къытредзэ...

## ӀУЩХЬЭХЭР

Ӏущхьэ къыщыкӀым си псэр сфӀокӀуэжыр,
си сабиигъуэр си нэгу къыщӀохьэж:
губгъуэр хуитышхуэщ — жьым сыкъыдожэ,
дамэхэр стетуи сэ си гугъэжщ...

МафӀэ бзэгу цӀыкӀухэр сэ къызоубзэ,
яубла джэгум сыхашэу къысфӀощӀ, —
Ӏущхьэхэр къофэ — губгъуэ щэхубзэм
си макъ щызгъэӀуу — абы задызощӀ.

СщӀэжыркъым зыри, сщӀыжкъым си жагъуэ, —
къахузогъэгъур хьэӀупс сызыщӀам...
Си псэри Ӏущхьэ пфӀэщӀынщ хъужауэ, —
дуней гъадэщӀыдэм сыхыхьэжащ...

## ГЪАТХЭКУ

Уафэр гъуагъуэм, кӀарцыр гъагъэм,
къыдокӀуей бдзэжьейр,
сызэщӀещтэ щӀэращӀагъэм,
симыӀэжу жей;
псэр мэхъуапсэ, йокӀыр лъапсэм,
псыхъуэм щоджэрэз,

зэми уащхъуэм ар щохасэ,
зимыIэжым нэз;
зэми мэзым, бзу зыщIэзым,
зыщегъэкъэбзэж, —
здэщыIахэм, щытыншахэм
гуфIэу егъэзэж;
сэри слъокIыр, лъэри щIокIыр,
мы дунейр пкIэгъуитIщ,
уи даущми уи зэгъуэкIми —
дэни сыщыхуитщ.

## СИ ДОТЭУ СИ ПКIЕЙ

*Клен ты мой опавший...*

Блэлъэтаи гъэмахуэр, пцIэгъуэплъу,
Iэуэлъауэр си пкIейм щигъэтащ,
седжэ хуэдэ мы бжьыхьэм жэщгъуэлъу,
къытеуIуэу щхьэгъубжэм щIидзащ...



Бжэр Iусхынщи, щIэсшэнщ ар хьэщIэщми,
Iэнэ екIу къыхуэсщтэнщи, згъэтхъэнщ, —
сэ иджыкIэ си жей сыполъэщри,
си гъусэжмэ — нэхулъэфI къыттещхьэнщ.

Ауэ — сыт? — сэ иджы гу лъызотэ
щхьэцым тхъугъэу къыхидзэхэм, ей...
Гур ихузу къогъыхыр си дотэ,
пэжу жыпIэм, абы сыхуэмейт, —

къэудж щIыкIэу, Iэдэбу къохуэхыр
и тхьэмпабгъуэхэр, щэхуу мэгъуэлъ,
щызэхуосыр хуэм-хуэмурэ уэхым —
гъадэщIыдэр гъуэгуанэу къащIэлъщ...

Гур хигъахъуэу, мы си псэм щызгъафIэу
лъагъуныгъэ-гугъапIэу сиIар
сызэмыджэ уэсукхъуэм мыгувэу
исеинщи, си пкIейр къысхуэнащ...

## ГЪУЭЛЪЫЖЫГЪУЭ

Си губгъуэ мафIэр мэужьыхыжыр,
къыпеху щIыхуфэу Iугъуэ тIэкIу,
нэщхъейуэ хьэршым псэр ехьыжыр,
си гугъэ IэфIхэм хуэдэу мэткIу;

щIыхуфэщ къищтэр дэнкIи си нэм,
сыщощIэ уафэм — сэ сыжинщ, —
тIэкIу сисыжынщи си хъыринэм,
си нэкъыфIэщIым пысщэжынщ.

## СИГУ КЪОКIЫЖ

Сигу къокIыж мазэгъуэ жэщыр:
кхъужьей хадэм къыщыткIухьт,
ди гум къеуэрт нэху зэрыщыр,
тлъагъуу вагъуэхэр хэткIухьт...
Нэм щIэIэбэр умылъагъуу,
жэщ мазэхи сигу къокIыж:
зэжедмыIэу псалъэ щIагъуэ,
кхъужьей хадэм дыхэкIыжт...

ПщIащэпыхум кIэ имыIэт, —
гум щIыхьат къызэпIуэкIар...
Абы щыгъуэ псэгъу симыIэт
сегуэкIуауэ, уэр фIэкIа...

Сигу къокIыж си нэгу щIэкIар —
лъагъуныгъэ сIэщIэкIар.

* * *

Иджыри тхьэмпэр пыхужакъым,
атIэми жэщкIэ щIыIэ хъуащ,
си вагъуэ закъуэри ижакъым,
цIуужу исщ — къысщымыхъуа.

Иджы нэ жану сыжыжьаплъэщ,
гъэ куэд блэкIам сащIакъым нэф,
мо мазэ изу зи нэр гъуаплъэм
акъыл тIысакIэ сопсэлъэф.

Си гъащIэм куэдкIэ сыгугъами,
и ныкъуи лъэр нэзмыхуса,
атIэми псэр щымыгъэгъами,
уэрэд нэщхъыфIэхэр сусащ.

Зэран сыхъунуи сигу къэкIакъым,
гужьгъэжьи си гум имылъа,
си махуи пщIэншэу сфIисыкIакъым,
IуэхуфIхэм гъунэхэр ислъащ.

## ЦIЫХУМРЭ ЩIЫМРЭ

Сэ, пшахъуэ хьэдзэу, дунейм сыщымащIэщ,
ауэ ди дыгъэм и нэхуи къысхэтщ,
сэ сыткIуфынущ, щIэрыщIэу си гъащIэм
къытригъэзэжу, сэ ЩIым сриIумэтщ, —
си псэм ар хэлъу, гулъытэ зыхуэсщIу,
сэ гурыфIыгъуэу сиIэри аращ, —
зынапIэзыпIэкIэ Тхьэм сыкъигъэщIри,
ар схъумэжынуи сэ дзыхь къысхуищIащ.



## СИ НЭ КЪОКI

Дотэ нэхуу Уащхъуэ лъапIэ,
Ину щыIэм я нэхъ ин,
Уэ зы закъуэрщ сиIэр плъапIэу,
Уи гулъытэ сыхыумын;
Си гукъеуэхэр гъэIэсэ,
Си гукъанэр схуэгъэупщIыIу,
Сыпсэуфу сыщегъасэ
Мы ЩIы пхъашэм и гущIыIу;
ЦIыху напэншэм сытегъакIуэ —
Зезгъэщ Iэжу бзэ къызэт,
КъысфIэлIыкIыу сызегъакIуэ...
Армырамэ — сэ сыхэт?..
Пшахъуэ цIыкIуу сытебдзауэ
Сэ сытетми мы дунейм,
Мывэ быдэ сэ сыхъуауэ
ПщIыхь солъагъу — сытекIуэу ем!

## МАКЪ ЖЫГЪЫРУХЭР

ЩIыбым сэ сыкъыщIэкIащи,
дэнкIи щоIур: зу-зу-зу!..
Ди нурыбэр, къыкъуэкIащи,
уэгум жыгъыруэ къыщозу.

Дэпщыжащ къуэкIийхэм щIыIэр,
и зэманыр исыкIащ,
къэсыжащ бжэндэхъуу щыIэр,
жыгъыруэ ушэу нэху къекIащ.

Ди унащхьэм ткIуэпс къыпыткIухэм
къыпфIагъэщIыр къешхыу уэшх,
нэфIэгуфIэ сабий цIыкIухэу,
псыжэ жыгъырухэр мэдыхьэшх.

ЩIэзукъуанцIэу сэри си нэр,
мы дунейм сыщогуфIыкI,
къызэджами щIэсыр унэм,
макъ жыгъырухэр сигу пымыкI...

## УЭШХ

Си псэм нобэ уэшх къыщошхыр,
Псалъэ хьэлъэ гум къегъэщI,
Хьэ къарэжьхэр щызэрошхыр, —
Пшэм яIуатэ я гухэщI.

Уэшхым инщи и гукъанэр,
ТкIуэпсхэр щIыIэу къощэщэх,
Нэщхъей дыдэщ и макъамэр...
УвыIэну пIэрэ щIэх?

Уэшхыр — ди фIылъагъуныгъэрщ,
ТкIуэпс къэсыхукIи дэ ди щэхущ,
Псэр зыпэплъэр махуэ бзыгъэщ,
ЗыщIэхъуэпсри уэ уи нэхущ.



10 Заказ №120

## ГЪАЩІЭМ И БЖЬЫХЬЭ

Бжьыхьэр аргуэру мэщатэ, мэзу...
ФІэлъщ тІыгъуэжауэ шыгъуэгум жызум,
Хъуауэ кхъужь кІасэри, гъуэжьу мэлыд,
Бжыхьым адкІэжкІэ щолъагъур зы шыд:
Щытщ, увыІауэ, тхьэкІумэр гуолэл,
Псыфу теплъаджэщ (ар зейр мыхьэлэл).
Тхьэмпэ гъужахэр мэхъужыр щІым щыщ,
Нобэ дэр дыдэри зым дыщымыщ.
Уигу къэкІыжынуи зэманыр къэсащ
Уэ езы дыдэм уи ныбжь здынэсар...
Зым къимыгъазэ — щыІати, блэкІащ, —
Дыщэзэрылэу абы упыкІащ!
... КІуэхукІэ уохущхьэ — дыгъэр хожае,
Мес, къыпхуопсыхыр уафэми уаер.
Уи псэр нэхугъэм зэщІещтэ... Иджы
Игъуэщ жыпІэну: «Уи махуэхэр джыж!»
Уигу темыхуэжуи дунейр афІэкІа,
ГъащІэм уоупщІыр: «Ара?.. ЗэфІэкІа?..»



* * *

Сэ къызоцІыху къысхуэгущІыІэ егъур,
КъысхуэбзэІэфІми, нэпцІыр хэтщ и макъ,
СощІэж здынэсыр и фІыр, и гущІэгъур,
Апхуэдэм сытым щыгъуи сыхуосакъ.

Сэ къызоцІыху гъэсауэ цІыху псэ къабзэр,
Апхуэдэм и гум илъыр къощ и нэгу,
Щытхъупс абы игъажэу и мыхабзэ,
Зыгуэр щаубкІи гупым — мэхъур дэгу.

## ДЗЭЛ

ЩІегъэкІ и нэпс, и щІагъ ущІимыгъэс,
Щэнауэу ар къытощ гуэлыщхьэ гъуджэм.
МэбампІэ уафэр, вагъуэ куэд егъэс,
Хэхуахэр гуэлым жьыбгъэм къегъэуджыр.

Игу къеуэр дзэлым хэт къыгурыІуэн,
И щэхур и нэпс къабзэм ехъумэжыр.

ЩIэбампIэр уафэр зым къыхуэмыщIэн,
Ар къахутауэ куэдым я гугъэжми.

ГурыщIэ IэфIхэр кууэ хэгъэпщкIуащ
Хъэрэмэхъыищэу зэхэджа псэ лъахэм...
Мы дзэлым деж ещанэу сыкъэкIуащ, —
Мыбдеж си дахэм сыщыIущIэрт щэхуу.

Сыт сыкъыщIэкIуэр-тIэ иджы мыбдеж?
ЗэрыдэкIуар си щIасэр хъунт сымыщIэу.
Иджы сэ гугъэ лъэпкъи симыIэж...
АтIэми дзэлым сфIощIыр сызыхищIэу.

## ДЫХЬЭГЪ

Си къуэш-ныбжьэгъухэр слъагъуну
Си нэр къахуикIыу сопсэу...
Си бжьыхьэ тхъуам сигъэгъунущ —
Хэт зыхищIэну а псор?

Си гур мэгъуэгыр, мэузыр —
Си псэм зы «уэху» имыгъуэт,
Сэ сызыхэт щхьэгъэузым
СезыхулIа мыгъуэр хэт?

Къыпысысыхьу си жьэпкъыр,
ГъащIэм и гъунэм сыIусщ, —
СызыхуэлIыщIэ си лъэпкъым
КъысхупебжыкI мылIэIус.

## ЩIЫМАХУЭ ХАДЭ

Налшык жыг хадэ сызыхэтым
Си псэр егъэнщI нэхугъэ щIэтым,
Гухэхъуэу зызоплъыхь, согъагъэ,
ГумащIэ сищIу и къабзагъэм.

Жыг хадэ уэсым щIихъумам
Сигу къегъэкIыж зы гъатхэ,
Сигу къегъэкIыжыр ди блэкIар,
Зы жэщ нэхутхьэху дэ идгъэкIар:

Хуэрэджей хадэ къэгъэгъам
Дзапэ уэрэдкIэ дыкъыщыфэрт,
Дзапэ уэрэдкIэ дыкъыщыфэрт
Къафи уджи нэху щыхукIэ.

Зы нэщхъей ныбжьи сигу къэмыкIыу,
Зызогъэпсэхур псэкIи пкъыкIи,
Си нэгу ущIэтщи, гур мэусэ...
Дэ дыкъоуджыр — дызэгъусэщ.

Дзапэ уэрэд къызошыр сэри,
Дзапэ уэрэд къыбошыр уэри,
Жьэ пшынэ макъыр мэIур ину...
Ди гъатхэр тфIощI имыухыну.

* * *



Гъуэплъщ мэзыщхьэр...
Сыт хисхьэжмэ бжьыхьэр?
Ар гуауэшхуэу къэзмылъытэ сэ.
Къепхъуэу си щхьэм, сыт етамэ жьыбгъэр?
Армыра зыгъэгулэзыр псэр...

Сыт, щIымахуэр къэсу, уэс къесамэ?
Айсберг пэтрэ — ари зэ мэткIуж.
Си щхьэр сыт-тIэ уэсым ириIамэ?
Ар си ныбжьым, плъагъуркъэ, йокIуж.

Гъатхэращ здэсхьынур сэ сымыщIэр, —
Къыщогъагъэ удз дахэхэр куейм...
КъэщIэгъуейуи щыткъым си гум щыщIэр, —
Къыслъитэну гу гъэгъар хуэмей...

# ЛЪЭПКЪЫПСЭ ЗЫIУТ УСЫГЪЭ



ЦIыху къэскIэ зэрызэхуэмыдэм ещхьу, усакIуэхэри, абы къагъэщIа тхыгъэхэри зэщхьынкIэ Iэмал зимыIэщ. Ар зытещIыхьари усакIуэ (е тхакIуэ) нэсым езым и хъэтI е гупсысэ къэIуэтэкIэ хэха зэриIэм и закъуэкъым, атIэ и дуней лъагъукIэми куэд елъытащ: абы къыпкърокI Iуэхугъуэ, темэ убзыхуахэр усакIуэм и тхыгъэ щхьэхуэхэм лъабжьэ яхуэхъуным и мызакъуэу, и творчествэ псом тепщэ щыхъунри. Языныкъуэ усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм къыхощ я творчествэм щытепщэ темэхэри, езыхэм я дуней еплъыкIэри. ЩыIэщ усакIуи и творчествэм и мотив нэхъыщхьэр къыпхуэмыхутэу, «лейтмотив»-кIэ дызэджэр хыумылъагъуэу. Ар усакIуэм езым и усыгъэ дуней къызэримыгъэщIыжыфам и зы нэщэнэщ. Зи гугъу тщIым и лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, шэрджэс усакIуэ, тхакIуэ Бемырзэ Зураб къигъэщIа художественнэ дунейм лъэпкъыпсэ Iутщ, лъэпкъ гупсысэкIэ псыхьащ: абы и IэдакъэщIэкIхэм адыгэм и тхыдэр, хабзэ дахэхэр, хьэл-щэн быдэр, Iэщэ-фащэр къызыхэмыщыж яхэгъуэтэгъуейщ. Аращ ар лъэпкъ щIэджыкIакIуэми гунэс щIащыхъур, лъэпкъ литературэми и хэлъхьэныгъэ зыщIыр.

* * *

Бемырзэ Зураб Мухьэдин и къуэр 1976 гъэм декабрым и 27-м Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Хьэбэз куейм хыхьэ Али-Бэрдыкъуэ (Хьэгъундыкъуей) къуажэм къыщалъхуащ – шэрджэс тхакIуэщ, усакIуэщ, зэдзэкIакIуэщ, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналистщ, 2013 гъэм къыщыщIэдзауэ Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. 1998 гъэм КъБКъУ-м и филологие факультетыр къиухащ. 1998 - 2005 гъэхэм Али-Бэрдыкъуэ дэт курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щригъэджащ. 2005 - 2007 гъэхэм курыт еджапIэм и унафэщIым гъэсэныгъэ-ущиинымкIэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэу, 2007 - 2009 гъэхэм а еджапIэм и унафэщIу лэжьащ. 2009 гъэм къыщыщIэдзауэ КъШР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я «Черкес хэку» газетым егъэджэныгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и отделым и редакторщ.

2014 гъэм Бемырзэм къыхуагъэфэщащ «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр. Иужьрей илъэс зыбжанэм Къэрэшей-Шэрджэс къэрал педуниверситетым и аспиранту щытащ, пасэрей лъэпкъыбзэр къэзыхутэж икIи зыджыж бзэщIэныгъэ лэжьыгъэ куу иригъэкIуэкIащ.

Бемырзэ Зураб ныбжьыщIэ дыдэу тхэн щIидзащ, адыгэбзэкIи урысыбзэкIи матхэ. Абы и усэхэр КъШР-м, КъБР-м, Абхъазым, Шэшэн республикэм, нэгъуэщI щIыпIэ куэдми къыщыдэкI газетхэмрэ

журналхэмрэ къытехуащ, и усыгъэкIэ, тхыгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ езыр щалъхуа Къэрэшей-Шэрджэсым и мызакъуэу, Урысейпсо утыкуми йохьэ. Ар хэтащ СЭИП фондым къызэригъэпэщурэ Кавказ Ищхъэрэм и тхакIуэ-усакIуэ щIалэгъуалэр щызэхуашэса зэIущIэ зыбжанэм. Апхуэдэуи, Пастернак Борис къызэралъхурэ илъэси 125-рэ щрикъум траухуа литературэ зэхьэзэхуэм и лауреат хъуащ (Воронеж, 2015 гъ.), Бунин Иван къызэралъхурэ илъэси 145-рэ щрикъум траухуа литературэ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыубыдахэм ящыщщ (Мэзкуу, 2015 гъ.), Григорьев Игорь и щIыхькIэ ирагъэкIуэкIа Урысейпсо литературэ зэпеуэм и лауреат хъуащ (Бытырбыху, 2015 гъ.), Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкIыу фIыщIэ тхылъ щхьэхуэ къыхуагъэфэщащ (Воронеж, 2015 гъ.).

Бемырзэ З. и IэдакъэщIэкIхэр хагъэхьащ Кавказ Ищхъэрэм и тхакIуэхэм я тхыгъэхэр щызэхуахьэса «Вкус айвы» зыфIаща тхылъым (Мэзкуу, 2012 гъ.), Урысейм и тхакIуэхэм я тхыгъэ къыхэхахэр зэрыт «Новые писатели России» тхылъхэу Мэзкуу къалэм 2013, 2014 гъэхэм къыщцыдэкIахэм. 2016 гъэм «Зы щIымахуэм и плъыфитI» («Два цвета одной зимы») фIэщыгъэм щIэту Черкесск къалэм къыщыдэкIащ Бемырзэм и усыгъэ нэхъыфIхэр (адыгэбзэкIи урысыбзэкIи) щызэхуэхьэса тхылъ щхьэхуэр. 2017 гъэм дунейм къытехьа «Современная литература народов России» усыгъэм и антологие инми усакIуэм и IэдакъэщIэкI зыбжанэ хагъэхьащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым, 2018 гъэм, а фIэщыгъэ дыдэм щIэту къыдэкIа, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я иджырей прозэм и антологием Бемырзэм и «Хьэжрэтхэр» («Хаджреты») повестым щыщ Iыхьэ итщ. Апхуэдэуи, зи гугъу тщIы тхылъхэм пызыщэу (ещанэ тхылъу) дызэрыт илъэсым къыдэкIа сабий литературэм и антологием усакIуэм цIыкIухэм яхуигъэпса усэ зыбжанэ хыхьащ.

Зураб хэлъхьэныгъэ хуищIащ егъэджэныгъэ Iуэхуми. Абы и закъуэуи, нэгъуэщI авторхэм я гъусэуи, анэдэлъхубзэр курыт еджапIэхэм зэрыщрагъэдж тхылъ зыбжанэ зэхилъхьащ.

Усыгъэм нэмыщI, Бемырзэм и Iэдакъэ къыщIокI прозэ тхыгъэхэр – повестхэр, новеллэхэр, рассказхэр. ИщхьэкIэ къэдгъэлъэгъуа «Зы щIымахуэм и плъыфитI» тхылъым хыхьащ урысыбзэкIэ тхауэ «Хьэжрэтхэр» («Хаджреты») повестыр, «Пасэрей таурыхъ» («Старая сказка») новеллэр, «ХыщIыб удз гъэгъахэр» («Цветы диаспоры»), «Зы лIакъуэм я ухыгъитI» («Две судьбы одного рода») очеркхэр; адыгэбзэкIэ тхауэ «Гуауэм и шэпэIудзыр» очеркыр, «Нысхьэбэ псэхэр къокIуэлIэж» новеллэр (езы тхакIуэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, «къэхъуам къытещIыкIа новеллэщ»). Апхуэдэуи зи гугъу тщIы тхылъым и кIэм къыщыхьащ тхакIуэм зи жанрыр имыгъэнаIуэ тхыгъитI – «Хьэгъундокъуэхэ я хьэжрэт жылэхэр», «Граждан зауэмрэ адыгэхэмрэ». Я купщIэм щыгъуазэ зыхуэпщIа нэужь, наIуэ мэхъу мыхэр тхыдэр зи лъабжьэ, абы и напэкIуэцI щхьэхуэхэр зыджыж, къэхутэныгъэ убгъуаи зыхэлъ статьяуэ зэрыгъэпсар.

Куэд дыдэ мыхъуми, Бемырзэ З. и Iэдакъэ къыщIэкIащ сабийхэм папщIэ тхыгъэ цIыкIухэри. «Зы щIымахуэм и плъыфитI» тхылъым итщ усакIуэм «Сабий уситху» фIэщыгъэм щIэту цикл щIыкIэу зэрипха усэхэр: «Джэду», «Мыщэ», «Топ», «Хьэ цIыкIу», «Адакъэ».

Бемырзэ З. зэдзэкIыныгъэ Iуэхури фIыуэ къохъулIэ. Къэдгъэлъэгъуа тхыгъэхэм нэмыщI, абы и тхылъым хыхьащ усэ зэдзэкIахэр – Лермонтов Михаил и «Гъусэ сщIыуэ есшэжьа си гъуэгур» («Выхожу один я на дорогу...»), Пушкин Александр и «Слъэгъуащ сэ Азием и губгъуэ унэщIахэр» («Я видел Азии бесплодные пределы...»), Есенин Сергей и «Анэм и деж письмо» («Письмо матери»), Григорьев Игорь и «Жьыбгъэри дымащ, ешащ щIымахуэр...» («Выдохлась метель, зима устала...»). Апхуэдэуи Зураб адыгэбзэкIэ тха усэхэр урысыбзэм щригъэзагъэ щыIэщ, псалъэм папщIэ, абы зэридзэкIащ и адэ Бемырзэ Мухьэдин и IэдакъэщIэкI тхыгъэ зыбжанэ, езым и языныкъуэ усэхэри адыгэбзэкIи урысыбзэкIи тхауэ щыIэщ.

Зураб и усэ куэдым макъамэ щIалъхьауэ уэрэду ягъэзащIэ, языныкъуэхэми езы усакIуэм макъамэ ящIилъхьэжащ, езым игъэзащIи яхэтщ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Хьэжрэт насып» (зыгъэзащIэр Бемырзэ Зурабщ), «Абрэдж Нухь Инжыджей жыIэкIэкIэ» («Черкесия» ансамблым игъэзащIэу), «Ухэт уэ?» (зыгъэзащIэр Бемырзэ Зурабщ), «ЗекIуэ уэрэд» (урысыбзэкIэ; зыгъэзащIэр Токъубей Къэхъунщ), «Цыганка» (урысыбзэкIэ; зыгъэзащIэр ТхьэкIумащIэ Расулщ), «Абрэджу сыщIэтщ уи нэгум» (зыгъэзащIэр Бемырзэ Зурабщ), нэгъуэщIхэри.

Бемырзэ З. и IэдакъэщIэкIхэр лъэпкъ зэхэщIыкIкIэ псыхьа творчествэщ, лъэпкъыпсэ зыIут усыгъэщ. Абы щытепщэр лъэпкъ гупсысэрщ, адыгэм и дунейрщ, гъащIэм и «дэкIыгъуэ» задэхэрщ, езыр зыхэпсэукI зэман зэIумыбзырщ, цIыхухэм я зэхущытыкIэхэрщ, гурыгъугурыщIэхэрщ. УсакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм щызэхэухуэнащ лъэпкъ тхыдэри, хабзэри, гурыщIэ нэхухэмкIэ псыхьа лирикэ щабэри. Сыт хуэдэ Iуэхугъуэ темытхыхьми, сыт хуэдэ гурыщIэхэр и IэдакъэщIэкIхэм лъабжьэ яхуэмыхъуми, а псоми лъэпкъым и нэпкъыжьэ ятелъщ, адыгэ цIыхум, хэхауэ жыпIэмэ, адыгэлI нэсым я образ къапкърощ. А псом къыдэкIуэуи, пасэрей адыгэм и гупсысэ къэIуэтэкIэ шэрыуэри Зураб и усэхэм япкърышыпсыхьауэ япкърытщ. Псалъэм папщIэ, «ЛъынтхуэрыкIуэ» усэм абы щетх:

*Сыт хуэбусыр уэ нобэ лъэпкъым,*
*ШыкIэпшынэу дыжьын макъыжь?*
*Адыгэпсэм и дыщэ жэпкъым*
*Къытенари дунейм етхъыж.*

*Сыт пшыналъэ уэ нобэ хэпшыр,*
*Лъынтхуэу сиIэр пщIыжауэ гъуэгу?*
*КъехъэлIэжи уи гъыбзэ мэшыр,*
*Уэредадэр щыгъэIу ди жьэгу.*

Зураб и усэхэр IуэрыIуатэ мотивхэмкIэ, диным пыщIа гупсысэхэмкIэ псыхьащ, и усэбзэри пасэрей жыIэкIэм тетщ. Абы и усыгъэм куэд дыдэрэ ущрохьэлIэ Нарт эпосым щыщ персонажхэм – Сэтэней, Сосрыкъуэ, Iэдииху, апхуэдэуи мэжусиитхьэ образхэм – Мэзытхьэ, Созэрэщ, Тхьэгъэлэдж, Псатхьэ, н.

Языныкъуэхэм деж усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм лъэпкъ нэщэнэхэр къапкърощ. «Арджэн» усэм дыкъыщоджэ:

*ПщIэрэ: гъубж махуэр си лъэпкъым и дей –*
*Iуэху къемыхъэжъэщ, гъуэгуанэ темыхъэщ.*

Бемырзэ З. и усыгъэм лъагъуныгъэ мотивхэми щIыпIэ хэха щаубыд. Мыбыхэм «мотив»-кIэ (егъапщэ «лейтмотив»-м) дыщIеджэм щхьэусыгъуэ иIэщ: гухэлъым къигъэщIа гупсысэхэр Зураб и усыгъэм зэIухауэ наIуэ къыщищI хабзэкъым, лъагъуныгъэ къудейр я лъабжьэу и усэхэр щыгъэпсари мащIэ дыдэрэщ: лирикэ лIыхъужьым и гурыщIэ къабзэр гъащIэм и плъыфэ, теплъэгъуэ щхьэхуэхэм е лъэпкъым и тхыдэр къэгъэлъэгъуэжэным хэухуэнауэ усэхэм къыщокIуэ. Зи гугъу тщIыр «Махуэм зегъазэ, жэщым зегъазэ» усэм щынэрылъагъущ. Мыбдежым усакIуэм дунейм и хабзэхэр, гъащIэм и зэхэлъыкIэр, езыр а гъащIэм хэкIэрэхъуауэ зэрыхэпсэукIыр къыщретхэкI: «щIыр мэджэрэз», «зым сриIэжкъым, зыр сэ сиIэжкъым», «хэплъэ-хэдэжу гъэхэр сщхьэщокI»... Усэм пэжу къызэрыхэщщи, мыращ игъащIэ лъандэрэ дунейр къызэрекIуэкIыр – емрэ фIымрэ абы щызэлъэпагъщ:

*Зым сэ сопщIыхьыр, зыр къызопщIыхьыр,*
*ГъащIэри цIыхури зэхэзедзэнщ.*
*Пэжымрэ пцIымрэ щIыр къауджыхьри,*
*IэпхъуамбэжьакIэр я зэрыдзэнщ.*



Мыпхуэдэ защIэурэ екIуэкI усэр, зэ еплъыгъуэкIэ, гъащIэм хуэгъэпсауэ, ар къызэкIуэцIызых философиер и лъабжьэу къыпфIэщIынущ, ауэ тхыгъэм и кIэм деж къыщыхьа зы сатырым – «Уи цIэм и закъуэщ си гур изыIэр» – жыхуиIэм абы и пэм къита сатырхэм щызэхэухуэна гупсысэ псори нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ треIуэнтIэж. Ауэ, нэхъ гъэщIэгъуэнращи, а зы сатырымкIэ кууэ икIи образ гъэпсыкIэ иIэу усакIуэм гухэлъыр къиIуэтэн хузэфIэкIащ.

Бемырзэм къызэрилъытэмкIэ, гухэлъыр апхуэдизкIэ «гъэпщкIуауэ» хъумэн хуейщи, уеблэмэ, нэгъуэщI и зы усэм деж лъагъуныгъэм зэрытеусыхьа къудейм щхьэкIэ «тобэ къехыж». «Гу» зыфIища усэм мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ усакIуэм лъэпкъым зыхуегъазэ:

*Си лъэпкъ, дыгъуасэр къысхуэгъэгъу,*
*схуэгъэгъу си нобэр,*
*Си лъагъуныгъэ усэу стхам*
*тызолъхъэ тобэр...*

Бемырзэ Зураб и усыгъэм и адэ Мухьэдин хуигъэпса усэхэм увыпIэ хэха щаубыд. Ахэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи тхауэ дунейм къытохьэ. «Ахърэт бзу» зыфIища усэр адэр дунейм щехыжа махуэм тригъэпсыхьащ. Усэм гупсысэ куу щIэлъщ, гунэсщ, ауэ, дунейм ехыжам зэрыхуагъэпс щIыкIэу, гъыбзэ мыухыжкIэ е щытхъу кIэншэкIэ кудакъым, уеблэмэ, зэ еплъыгъуэкIи къыбгурыIуэркъым абы къыщыIэта гупсысэр зыхуэунэтIар. УсакIуэм жэщ-махуэу зэблихъуурэ дунейм и щытыкIэхэр, ихъуреягъкIэ зэрыфагъуэр, итха уэрэдри гъыбзэкIэ гъащIэм зэрызэрихъуэкIыр къретхэкI... Усэм щIэлъ гупсысэр гущIыхьэщ икIи гукъинэщ, ауэ гукъутэкъым, сыту жыпIэмэ абы щыхъумащ

адэм и псэ къабзэр, и усакIуэпсэ нэхур. Псом хуэмыдэу ар щынаIуэщ усэм и кIэух едзыгъуэм:

*Шыугъэу жьыбгъэм къегъэзэж,*
*Дыжьын уэзджынэу.*
*Сабийуэ, дыгъэр йотIысхьэж уафэку хъыринэм.*
*Дунейм щетIагъэ джанэ хужь, зэм – джанэ фIыцIэр.*
*Гъэмахуэ бзууэ, йогъуэщыхь мы си гум уи цIэр.*

«Сабийуэ, дыгъэр йотIысхьэж уафэку хъыринэм» жыхуиIэ сатырым и закъуэкIи гурыIуэгъуэ мэхъу усакIуэр сабиигъуэм, адэр щыпсэуа лъэхъэнэ насыпыфIэм зэрыхуэзэшыр, куэд дыдэрэ абы псэкIэ зэригъэзэжыр.

Мы усэм и образ ухуэкIэмрэ и поэтикэмрэ щхьэхуэу къытеувыIэпхъэщ. Абы и пэщIэдзэ сатырхэм къыщегъэжьауэ, ритмикэ шэщIар макъамэм хуэдэу тхьэкIумэм къоIуэ. Ар зэлъытар усэр зэрытха ямб жыпхъэр зэрынэщIысарщ, ар усакIуэм Iэзэу къызэригъэсэбэпарщ. Псалъэм папщIэ, ищхьэкIэ къыщытхьа едзыгъуэм мыпхуэдэ ухуэкIэ иIэщ:

U – / U – / U U / U –
U U / U – / U
U – / U – / U U / U – / U U / U – / U
U – / U – / U U / U – / U U / U – / U
U U / U – / U U / U – / U – / U – / U



Усэм щIэлъ макъамэр къэзыгъэщIхэм ящыщщ усакIуэм стопахэр, абыхэм я бжыгъэхэмрэ увыпIэхэмрэ зэриубзыху щIыкIэр. Япэ сатырыр стопаиплIу зэхэтщ, етIуанэр тIу къудейщ зэрыхъур, ещанэ, еплIанэ, етхуанэхэр стопа хырыхыу ухуащ.

Усэм и строфикэми хэхауэ гу лъытапхъэщ: адыгэ усыгъэм щытепщэ сатыриплI строфам къыщхьэщыкIыу, «Ахърэт бзур» сатыритхуу зэхэт строфакIэ тхащ.

Усэм и стопахэр зэхуэмыдэурэ зэхэгъэувэныр Бемырзэ З. и усыгъэ псом хьэл хуэхъуащ. Язынықъуэхэм деж абыхэм я бжыгъэхэм хэхъуэурэ усэ сатырхэр зэкIэлъокIуэ («Ахърэт бзу» усэр зэрыухуам хуэдэу), адрейхэм деж стопа бжыгъэхэм хощI. Апхуэдэ ухуэкIэ зиIэ тхыгъэм и щапхъэщ «Саур» фIэщыгъэм щIэт усэр. Абы щыщу къэтхьынщ зы едзыгъуэ, и гъэпсыкIэ схемэр щIыгъуу.

*Уи лъэужь къанэм си лъэр иувэу,*
*Къысхуэмыушу, псэм сигъэгувэу,*
*Къэсщыпыжар, сыпсэуху, абрэмывэу –*
*Сщыгъупщэжа махуэм хэтщ.*

U U / U – / U – / U U / – U
U U / U – / U – / U U / – U
U U / U – / U U / – U / U – / U
U U / U U / – U / –

Мыбдежым стопа тхурытхуурэ зэхэт япэ сатырищыр еплIанэм деж стопаиплIым хуокIуэ. Ауэ мы едзыгъуэм нэгъуэщI гъэщIэгъуэнагъи хыболъагъуэ: япэ сатырищым IупщIу къыхощхьэхукI ямб жыпхъэмрэ хореймрэ я стопахэр щызэдзылIа логаэд гъэпсыкIэр.

Бемырзэ З. и усэбзэри и усыгъэм и образ дунейри къулейщ. УсакIуэм и гупсысэ къэIуэтэкIэр гъэщIэгъуэнщ икIи щIэщыгъуэщ. Мис, псалъэм папщIэ, усэ зэхуэмыдэхэм къыхэтха щапхъэ зыбжанэ: «ШыкIэпшынэм етхъунщIыр си гур / Макъ тхъунщIакIэ пшыналъэр хеш», «ШыкIэпшынэм и лъынтхуэр псалъэу, / Уэредадэ Iэтар зэблех» («ЛъынтхуэрыкIуэ»); «IугъуэкIэ пшагъуэм и кIэр едыжри, / Унэхэм тесщ» («ЩIымахуэ»); «Си уафэр аргуэру цырыцу мэщащэ, / Гъэм и щхьэр щIищауэ, цы хужьыр епхъыж» («Тхьэ къуагъ»), нэгъуэщIхэри.

Зураб и усыгъэ фащэр къыщигъэщIкIэ, языныкъуэ усакIуэхэм къазэрыIэщIэщIэм хуэдэу, купщIэр фIэкIуэдыркъым. «Хъугъэ» усэм гъэщIэгъуэну къыщыгъэщIащ «щ», «хъу», «р» макъхэм я зэщIэжьыуэр (аллитерацэр): «ЩIымахуэ щыхъуР – зыРи щымыхъужыРщ...»

Лъэпкъ усыгъэм, прозэм, журналистикэм лъапэ махуэ хэзычэ адыгэ щIэблэм ящыщщ Бемырзэ Зураб. И адэм – КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ Бемырзэ Мухьэдин – и лъэужьым пищэу, Зураб зэрылъэкIкIэ адыгэ лъэпкъым, къыщыхъуа жылэжьым, къызыхэкIа унагъуэм я цIэр фIыкIэ егъэIу. Литературэм къызэрыхыхьэрэ пIалъэ кIыхь дэмыкIами, абы хэлъхьэныгъэ пыухыкIахэр хуищIыну хунэсащ.



**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

*Усэхэр* БЕМЫРЗЭ Зураб

## ГЪАЩIЭ

Си адэр къоджэж и усэм,
Зэманым къыхопсэлъыкI.
ЛIэщIыгъуэхэр мэхъур псысэ,
Илъэсхэр дунейм пощIыкI.

ЦIыху псатхьэм псэхэх и гъусэу
ЦIыхупкъыр ящIыжыр нэд.
Си адэр къоджэж и усэм,
Къысщыхъуу си щIыб къыдэт.

Зэблахыр дуней чэзури,
Зыр джалэм — нэгъуэщI къоув.
Гугъуехьхэмкlэ яшыури,
ЦIыхуфэр тфIохъужыр Iув.

Факъырэм къаший Iэгуфэм
Досэжри, дыблокI зэпыт.
Ди лъэпкъыр иджы къыздэсым
Хы Iуфэм щыгъуэлэу Iутщ.

Шу закъуэу дыкъонэ губгъуэм,
Хьэ джафэр тщIыжауэ бзэгъу.
Гупсысэм иухмэ лыпцIэр,
Ди къупщхьэхэм жэщкIэ йогъу.

Лъэпкъ Iуэхур къулыкъу ящIыжри,
Лъэпкъыгум хуащIыж бжэIух.
Лъэпкъыбзэ джэлам йосэжри,
Зэгуэрым щхьэдобэкъух.

ФокIэщIыр си псэкъум ечэу,
Си напэм хузощIыр хьэж.
Си адэр и усэм къеджэу
Зэманым сфIыходжэлэж.

Абы и лъэужьым мащэу
Зэгуэрым сибэкъуэжынщ,
ЩIыху напэ схъумар си фащэу
Си усэм сыкъеджэжынщ.

## УЭ УАДЫГЭЩ!

Лъым и гуащIагъыр Iэпщэм щынэскIэ,
Нытым и щIагъым дыщызэхуэскIэ,
Хэку тхъумэжам ди лъэр быдэу щытеткIэ,
ЛъыкIэ къытхыхьэхэр къыщыдбгъэдэткIэ,

Еуэ! Шабзищым уэгур пхиуду,
Вагъуэ пщыкIутIыр яхуимыуду,
Дяпэ ищахэм тхъумэу я напэр.
Псэр ди Iэдэжми, дихьэми лIапIэм,

Еуэ, адыгэ, къахуумыгъазэ!
Тхыдэ къэткIуам ди щIэблэщIэр и уасэщ,
Нобэ уи нытыр лъагэу къэзыхьхэр,
ЦеикIэ кIыхьу, лъэпкъым и лыхьхэр.



Адыгэ уей-уей, си лъэпкъ дахащэ!
Гур зэрыбзаджэщ, лъыр зэрыгуащIэщ,
Нобэр къыздэсым уэ узижагъуэр
Жейм къыхощтыкI, зы ухъужу ялъагъумэ.

Уэ уIеям — зэрахьэнут уи фащэр?!
Зэбграхынут уи тхыдэ лъащIэр?!
Уи пщы дамыгъэхэр ныт ящIыжауэ,
ЩIэувэжынут абыхэм я жьауэ?!

Тхьэр къысхуэупсэт — сыщыадыгэм!
Сыщрипэсым адэжьхэм я лIыгъэм!
Гущэм сыхэлъу, тхыщIэр си Iэнэу,
«Уэ уадыгэщ!» — щыжиIэм си анэм!

## АДЫГЭР ЩIЭМАЩIЭР

Адыгэр щIэмащIэр — щысхьакъыми гъащIэм.
Адыгэр щIэмащIэр — ищIакъыми псэгъу

И мылъкур, тыншыгъуэр. КъигъащӀэр фӀэмащӀэу,
И лъэпкъыр кӀуэдыпӀэм хуищӀакъым гъунэгъу.

Лъэпкъыжь, уэ узиӀэщ сэ, сыт симыӀами,
ПхуэсщӀа лъагъуныгъэр сфӀэхъужми гууз,
Илъэсхэм си бгъэгум пхъашагъэр хаями,
Уи тхыдэм седжэжмэ, гу къуэпсхэр сфӀекъуз.

Уемыплъ зи тыншыгъуэкӀэ гугъэр зыщахэм,
Уэ ноби уи мащӀэкъым псэр пщӀэзытын.
Мы щӀылъэм, мы Хэкум, мы псыхъуэм къинахэм
Я гугъэкъым зыми яхуикӀуэтын.

Си лъэпкъыр шу закъуэу къинащ и щӀыналъэм,
Си лъэпкъыр щхьэзакъуэу пэщӀэтщ мы дунейм.
Си лъэпкъыр и закъуэ къэнами, йопсалъэр
И лӀыгъэм, и дыгъэм, и фӀыгъэм, и Ӏейм.

## АДЫГЭЛЪ

КъысфӀэщ «Убых», си Хэкум сиукӀыхьи,
Си хьэдэ къупщхьэр яжьэу ипхъыхьыж,
Хы ФӀыцӀэ Ӏуфэм си лъыр ӀугъэпцӀыхьи,
Псы фӀыцӀэ щӀагъым си дунейр сфӀэхьыж.

КъысфӀэщ «Жаней», «Шапсыгъ» е «Абэзэхэ»,
ЕкӀуэлӀапӀэншэу къуэхэм сыдэгъэт,
Былъ къэзмылъхуахэм я кӀий макъ зэхэсхыу,
Си лӀэкӀэр яхуэщӀыж гущэкъу уэрэд.

КъысфӀэщи «Къэбэрдей», сыпхуимыкӀуэтмэ,
ТопышэкӀэ си къупщхьэр икъутыхь,
Лъэпкъ сыпфӀэхъужу, си щхьэр къыпфӀэсӀэтмэ,
Си быным я лъыр Хэкум игъэжыхь.

КъысфӀэщ «Хэхэс», блэкӀар си жьы Ӏубыгъуэу,
Кавказым сыхуеплъэкӀыу сыгъэпсэу.
Си гуауэ фӀыцӀэм жылэр къыхуэщыгъуэу,
Хьэжыгъэу сыхэхьэжэ дуней псом.

Къысфlэщ «Хьэжрэт», абрэджу сехужьэжи,
Шэгыныр лъым хэмыкlыу сыгъэкуэш,
Си щlэблэ щхьэмыгъазэр пхуэмыгъэшым,
Мывалъэ къуакlэбгыкlэм сыдэхуэж.

Уи зауэми, уи гуауэми сыкъелмэ,
Нып плъыжьхэм я нэхъуейм сыдэгъэгыз,
Нэф къэплъэжахэр си хьэдащхьэм елъэу,
Пщы-уэркъхэр егъэщlыж факъырэм lус.

Хэхьэж зэманым, диным, гъащlэм, цlыхум,
А псом къыхэкlыжа си лъэпкъыжь гуейр,
Сыт къысфlумыщми, ди Тхьэ, Адыгэлъым
Егъэткlури ер, къытонэ мы дунейм.

Я щlыгум lэбжьанипщlкlэ зыхащlауэ
Хуопсэури Хэкум, щхьэр хуагъэтlылъыж.
Уи гъейми, еми, гъаблэми къелауэ,
Адыгэ ныпыр уафэм хуаlэтыж.



## ХЭХЭС

Кlыфlыгъэм ухэплъамэ, пщогъупщэжыр
Уи дыгъэм и сурэтыр. Къэвгъэзэж,
Мы щlыгум хэкужьыпсу нобэ хэжым
Я lуфэм мывэ щылъми зыхадзэж.

Тхьэщlагъ дыщlэувэну дрикъужкъым,
Щlыгупцlэм щогъупщэжыр ди хьэлъагъ.
Адыгэм и къэкlуэнур илъагъужкъым,
Лъэпкъ гуауэр lузэрыхьмэ и тэмакъ.

Ди къуэпс здэмыкlуэдынур мы щlыгу закъуэрщ.
Лъэпкъылъ здэмыжэпхъынур ди жьэгужьщ.
Алыхьым зы уищlыж, си лъэпкъыжь мащlэ,
Алыхьым усхуихъумэ, си Хэкужь.

## ГУКЪАНЭ

Пшынэм и макъым си гур докъабзэ,
Мы Дунеижьми зэрихьэр Хабзэщ:

ЩIыIэм е хуабэм игъуэу хуэпэжу,
Къигъэщ Iу хъуари зэгуэр иштэжу.
Арщхьа цIыхупсэм пIалъэр фIэмащIэщ,
Арщхьа мы гъащIэм и ухыр гуащIэщ,
Лыгъэм и мафIэм хэпкIэ шууейри
Зэ хуоплъэкIыжыр игъэн дунейм.
Гур къоIусапэр си бгъэгум хьэпэу,
Узэрыушыр солъагъу пщIыхьэпIэу.
ЗэуапIэ губгъуэм си шыр ипкIами,
КъысхаIуа къамэм абгъуэ ищIами,
ЩIыр зыгъэхуабэу, псэр зыгъэщIыIэм
Гукъанэ закъуэщ нобэ хузиIэр:
Жьыгъэр щымыIэу жыпIати, маржэ, —
Илъэсхэр шууэ къыздыбогъажэ...

## АХЪРЭТ БЗУ

КъоувыIэр си гур, зэм йожьэж,
Йожьэж — къоувыIэ.
Гъэмахуэм хуабэ имыIэж, щIымахуэм — щIыIэ.
ЦIыхугъэр ящэу здащэхуж дуней гъейрэтыр
ЩIодэIури, гъыбзэу еусыж пхуэстха уэрэдыр.



Къоушри щIылъэр, мэжеиж.
Мэжей — къоушыр.
Зэблахыр махуэм щыгъуэщIыж, гупсысэм — жэщыр.
КъуэкIыпIэр дыгъэм егъэбий, зэримыпэсу,
Уэлбанэу, гуауэм хуоулъий уи кхъащхьэдэсэр.

Сыт уасэу иIэр къэзгъэщIам?
Сыт уасэу иIэр?
Си псалъэ, бжьэуэ къыпхуэпщIар, ихьыжмэ щIыIэм;
ЩIымахуэ дыгъэм идия сызыщIэпщэжым;
Си фэеплъ матэ пхуесхьэжьам гупсысэ щIэжым.

Шыугъэу жьыбгъэм къегъэзэж,
Дыжьын уэзджынэу.
Сабийуэ дыгъэр йотIысхьэж уафэку хъыринэм.
Дунейм щетIагъэ джанэ хужь, зэм — джанэ фIыцIэр.
Гъэмахуэ бзууэ йогъуэщыхь мы си гум уи цIэр.

## ХЬЭПШЫР

Нэгъуэщӏу сыпсэуфкъым. Нэгъуэщӏу сахэтыфкъым
Щхьэзакъуэныгъэр пщӏыхьу зэжезыӏэж цӏыху ӏувым.
Сопсэу, гуфӏэгъуэ мащӏэм си ӏупэр зэблезгъэшу,
Акъылыр си жьэгужьу, гу хабзэр си анэшу.
Лэжьапӏэ, унэ, зекӏуэ, сыдокӏ-сыдохьэ пщӏантӏэм,
Машинэ шэрхъ кӏэрахъуэм гупсысэхэр тесӏуантӏэу.
Чэнджэщхэр упщэфӏауэ къысхуахьми пщыхьэщхьэшхэу,
Дыгъуасэрей си пэжыр аргуэру згъэхуэбэжу.
Зы хабзэ, зы псэукӏэ, зы лъэпкъ, зы лъагъуныгъэ,
Тӏууанэ тесщӏыхьыжкъым къысхукъуэкӏа си дыгъэм.
Си гъуэгу тезыӏуэнтӏыкӏым и ужь сыхуеплъэкӏыжкъым,
Къудамэр, сыщымысхьу, пызоупщӏыжыр, гъужым.
Жэщтеуэу, закъуэныгъэм си жейм сыхитхьэлыхьми,
Сопсэу дзэзэтекъузэу, жысӏэжкъым бисмыллахьри.
Налом и къру закъуэу, сохьэжыр уафэ нэщӏым,
Я кӏэпкъ дезгъэупщӏэжу, къысхуагъэтӏылъ чэнджэщхэр.
Си гъащӏэр, хьэпшыр нэфу, кӏыфӏыгъэм здыхохьэжыр,
Дезэшмэ, и щхьэ хуабэр си куэщӏым кърелъхьэжыр.
Щхьэ закъуэныгъэр пщӏыхьу зэжезыӏэж цӏыху ӏувым
Дахокӏ, зэм дыгъэм дижьэу, зэм уэшхым дигъэпсыфу.



* * *

Уемыӏэм къамэм — еӏэ уи гум —
Гум имыуӏэр — сэудзэгущ.
Адэжьу хэгъуэлъхьам мы щӏыгум
Я кхъэншэ ныбэхэр — къандзэгущ.
Зы лъэпкъым къелъхур хабзи, хьэбзи,
Зыр мэхъу къупщхьэжь, адрейр — щӏэлъхуэн;
Зым и псэр лъыкӏэ егъэкъабзэ,
Адрейр — псэуху ӏужажэ щэнщ.

## ЖЫIЭТ

Дыгъэр,
Махъшэ щхьэзакъуэу,
Уэгу пшахъуэщӏым къинащ,

Гугъэм
ИIэр зы лъагъуэщ,
Ар уи деж накIуэращ.

ГъащIэм
Си нэр тозашэ,
Псэр гупсысэм текIуащ.
Усэм
Псалъэр я пашэу
Хьэж тхылъымпIэм къыщащI.

ЖыIэт,
Хьэршым имыхуэу,
Си дунейм къылъыхъуар?
Къамэм
Си Iэр схуэмыкIуэу
ШыкIэпшынэм щIепхъуар.

Махуэм
Махуэ и гъусэщ,
Жэщым – жэщыр дэщIыгъущ.
Жыгхэм
Поху мыIэрысэр,
Бжьыхьэм хуэкIуэурэ лъыхъу.

МащIэр
Куэдым ебэкIри,
Къылъысам хэуэкъуащ.
ГъащIэр
Си бжэм къыблэкIри,
Си гум къытеуIуащ.

## КХЪУХЬ

Хэт,
КъызжеIэт, хэт
Уи нитIым хыр езыгъэщхьар?
Хэтщ,
Абы сфIыхэтщ
Си гъащIэ кхъухь щIэгъуэщыхьар.

Жейр,
Си жэщ мыжейр,
Хыджейуэ, уи псым къыхосыкI.
Мес,
Дуней хыуейр,
ЩIэмыхуэу уи нэм, къыщIекIыкI.

Гум,
ИIэжкъым гум
ИпщIа уи мафIэм щIэгъэстэн.
Хэт
ЖызыIэр щIым
ИмыIэу гъунэ узэлъэн?

Ар,
Хъурейми ар,
Зэхуэплъэ дапщэ зэблэкIа...
Уэ
Уи гъусэу псэр,
Щхьэ си гум нобэ укъэкIа?..

*Нарт хъыбархэм щыщщ*

## ДЫГУЛЫПХЪУ И ПСЭЛЪЫХЪУХЭР

Сосрыкъуэ нартхэ я Дыгулыпхъу лъыхъуащ. Сосрыкъуэ дэкIуэн идакъым Дыгулыпхъу, мыр жери къыщIэнэкIащ:

И Тхъуэжьей цIыкIур лъэбышэ мащIэщ,
Езы цIыкIур жырщи, Iэщэ хуэфIкъэ!
Нартхэ Сосрыкъуэ си псэлъыхъукъэ,
Бэрэ къыслъыхъуами, сыхуэмейкъэ!
ЛъапэкIэрыхъщ, жэмыхъуэрылъхущ,
Фызым я нэхъ псэжьым къилъхуагъэххэщ.
Нартхэ Сосрыкъуэ си псэлъыхъукъэ,
Бэрэ къыслъыхъуами, сыхуэмейкъэ!

Бэдынокъуи лъыхъуащ Дыгулыпхъу. Бэдынокъуи къыщIэнэкIащ Дыгулыпхъу, дэкIуэн идакъым:

Афэбгыщхьэ уохъэри укъыщоуэ,
ТIуащIэм дыхьэжари еблыгъуэхи!
Нартхэ Бэдынокъуэ си псэлъыхъукъэ,
Бэрэ къыслъыхъуами, сыхуэмейкъэ!
Гъуэгыгъуащэри бадзэуэгъуэ щакIуэри зэдыбохьыр,
Губгъуэм уит зэпытщи, сыпхуэмейкъэ.
Нартхэ Бэдынокъуэ си псэлъыхъукъэ,
Бэрэ къыслъыхъуами, сыхуэмейкъэ!

Къанж и къуэ Щэуеи хэзэгъакъым нартхэ я Дыгулыпхъу, абыи дзы къыхуигъуэтащ:

Шы джэмыдэжьыр хым нытрехуэ,
Кхъуэ къуэлэн щийр и зы къэхугъуэщ.
Къанж и къуэ Щэуей си псэлъыхукъэ,
Бэрэ къыслъыхъуами, сыхуэмейкъэ:
И анэр нэрыбгейщи, сезэгъынкъым.

Нартхэ я гъукIэжьри къылъыхъуащ Дыгулыпхъу, къылъыхъуа щхьэкIэ, дэкIуэн идакъым:

МафIэр и Iэгум къолыдыкIыр,
ЗэпэлыдыкIыр и IэщIагъэщ.

Нартхэ я гъукIэжьыр си псэлъыхъукъэ,
Бэрэ къыслъыхъуами, сыдэкIуэнкъым.

Амыщи лъыхъуащ Дыгулыпхъу. ДэкIуэн идакъым Амыщи, абыи къыщIэнэкIащ:

И бжьамиижьыр жьыуэ къегъаджэ,
И мэл гуартэшхуэр джабэм кIэрехуэ.
Нартхэ Амыщыжьыр си псэлъыхъукъэ,
Бэрэ къыслъыхъуами, сыдэкIуэнкъым.
Дагъэр и нэкIум къревыкIыр,
И пщэм мэлхьэпIатIэр кIэрымыкI.
Нартхэ Амыщыжьыр си псэлъыхъукъэ,
Бэрэ къыслъыхъуами, сыхуэмейкъэ!

Лъэбыцэжьеи къыдихьэхыфакъым Дыгулыпхъу, къыщIэнакIэри къыдигъэкIыжащ ари:

ТIуащIэм дэсри си псэлъыхъукъэ,
Бэрэ укъыслъыхъу щхьа сыпхуэмейкIэ!
Шыпсыранэ жэпкъым ухэкIуадэм,
Пхъэ вакъэ шууэ дэнэ укъисхыжын?



Арыкъщауи яхудэкIуакъым нартхэ я Дыгулыпхъу:

Цей IэфракIэ щэщIыр лъэпэд пхуримыкъу,
Уэ цей пхурикъуни хэтым езгъэджын?
Нартхэ Арыкъщауэ си псэлъыхъукъэ,
Бэрэ къыслъыхъуами, сыхуэмейкIэ!

Ехъутэныджыжьи дэкIуэн идакъым Дыгулыпхъу, абыи къыхуигъуэтащ дзы:

Афэ гъуэншэджиблыр къегъэлажьэ,
И къаугъэ лажьэм дэ димыкIи.
Нарт Ехъутэныджыжьыр си псэлъыхъукъэ,
Бэрэ къыслъыхъуами, сыхуэмейкъэ!

Ашэмэз щIалэр къылъыхъуамэ, абы дэкIуэнут Дыгулыпхъу. Ар ириIуэкIащ Ашэмэз щIалэм:

И шы пэхушхуэр нэсэпасэщ,
Езы цIыкIур есщи, Iэщэ хуэфIкъэ!

Ашэ и къуэ щIалэм сыт и лажьэ:
Зы шу къыслъигъэхъутэм, сыдэкIуэнут.

Сосрыкъуи, Бэдынокъуи, Къанж и къуэ Щэуеи, Лъэпщи, Амыщи, Лъэбыцэжьеи, Арыкъщауи, Ехъутэныджи къащIэнэкIа пщащэр къишэн идакъым Ашэ и къуэ Ашэмэз:

ЕмыщIэхэ гуащэм уэ урипхъу кIасэт,
Удиблым я кум ущагъасэт.
Нарт щауэфIу исым уахуоусэ,
Бэрэ укъысхуэусэми, сыпхуэмейкъэ!
Уи Iуданэ-мастэ зэкIэлъымыкIуэщ,
Уи жьэ къемыкIуэ къэнэжакъым.

Ашэмэз щIалэм къыщигъэикIэм, Дыгулыпхъу абыи къыщIэнэкIэжащ:

Тэджэлей цIыкIур дыщэ мэIущи,
ЛIыгъэкIэ зыбгъэIу щхьэкIэ, улIымыхъукъэ!
Ашэ и къуэ Ашэмэзыр си псэлъыхъукъэ,
Бэрэ укъыслъыхъуми, сыпхуэмейкъэ!

# ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ






*ЕкIуэкIыу:* **3.** ЗэдэпщIэ ..., зэдэпшх IэфIщ *(псалъэжь)*. **5.** КIыщокъуэ Алим и роман. **10.** ... и абгъуэ щытепщэщ *(псалъэжь)*. **11.** Хамэ щIыпIэ къыщыхута, дэхуэха цIыху. **13.** Адыгэ цIыхубз усакIуэ. **14.** ПщылIыпIэм ирагъэкIа мэкъумэшыщIэ. **15.** Къыдалъхуауэ, цIыхум и щIыфэм хэт фIыцIагъэ. **19.** Зыгуэрым щхьэкIэ щхьэпэ, мыхьэнэ зиIэ. **21.** IуэрыIуатэм и жанр. **23.** Тэмэм, къызыхуэтыншэ, къызэгъэпэща. **24.** ... щынэсым, жьырытэджыр къосыж *(псалъэжь)*. **25.** Адыгэ тхакIуэ. **27.** «... зимыфIыщIэм, куэдри зыц щымыхъу» —

Жаным Борис и «КIэпхъымрэ Номинымрэ» басням щыщщ. **34.** Бжыгъэцlэ. **35.** Муслъымэн диныр зезыхьэм Алыхьым щелъэIукIэ хьэрыпыбзэкIэ къибж нэмэзыбзэ. **36.** Уи япэкIэ мывэ хъурей бгъажэмэ, ... *(псалъэжь)*. 38. Анэ и ... пхъум и бзыпхъэщ *(псалъэжь)*. **39.** Джэдкъаз. **40.** Нартхэм я гъукIэ. **41.** Къэрэшей-Шэрджэсым щежэх псы.

*Къехыу:* **1.** Зи нитIри нэф, зыри зымылъагъу. **2.** Литературэм и жанр. **4.** ФIыуэ зызылъагъуж, зи щхьэм хуэфIэрэфIэж цIыху. **6.** «... къэувыIэпIэм деж» — Гъубжокъуэ Лиуан и усэ. **7.** Бицу Анатолэ и усэ. **8.** УФ-ми КъБР-ми я цIыхубэ сурэтыщI. **9.** ЩIыпIэ хуабэхэм къыщыкI, хьэдзэ хужь зиIэ хьэцэпэцэ. **10.** Шэрджэс тхакIуэ. **12.** Адыгэ композитор. **16.** Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ къуажэ. **17.** «СыкIуэнт нэхъ ...» — КIыщокъуэ Алим и усэ. **18.** ... лъэужьыншэ хъуркъым *(псалъэжь)*. **20.** «Жьэгу ...» — Мыкъуэжь Анатолэ и усэ тхылъ. **21.** ... нэр ирещI *(псалъэжь)*. **22.** Акъыл жан зиIэ, зэхихар илъэгъуар зи гум изыубыдэф. **26.** Iуплъэгъуей, теплъэ Iей зиIэ. **28.** ЦIыхубзыцIэ. **29.** Шинкубэ Бэгърат и «ЖылакIэ» романыр зытеухуа адыгэ лъэпкъ. **30.** ... пшэрыхь хущанэ *(псалъэжь)*. **31.** Пщым и унэм, и пщIантIэм дэлэжьыхьу щыта цIыху. **32.** «Уэзы ...» — ПащIэ Бэчмырзэ и усэ. **33.** ФызыфI и ... хьэзырщ *(псалъэжь)*. **36.** Адыгэ уэрэджыIакIуэ. **37.** ПIэипхъуэ.



---

**ЕтIуанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**

*ЕкIуэкIыу:* **1.** Умэ. **3.** ДахэкIей. **6.** Пхъэ. **10.** Арджэн. **11.** Нэгъуджэ. **12.** Гум. **13.** «Мамэ». **14.** Фырэ. **15.** Бгъу. **16.** Сосмакъ. **18.** Бэлагъы. **21.** «Нур». **22.** Пхъур. **23.** Бын. **26.** Ахэмын. **27.** Пшэрыхь. **28.** КIэ. **29.** «Нэпс». **31.** Къауц. **33.** Гъэ. **34.** Жаннэ. **35.** Iупэлэ. **36.** Мэз. **37.** Сэтэней. **38.** Гъуджэ.

*Къехыу:* **2.** Мырамысэ. **4.** Хабзэ. **5.** КIэрэф. **7.** Хъыджэбзым. 8. Лэкъум. **9.** КIуэкIуэ. **17.** Мэрем. **19.** Лыбжьэ. **20.** Пхъужь. **24.** «Дахэнагъуэ». **25.** Тхьэгъэлэдж. **29.** «Нанэ». **30.** Софят. **31.** Къэзан. **32.** Цыпх.

**ІУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№3**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов,
Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Истепанова Залина (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 13.06.19. Выход в свет 28.06.19
Формат 70x108$^{1}/_{16}$ Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 14,7.Уч-изд. л. 12,0. Тираж 1.950 экз. Заказ №120
Подписная цена на 2 месяца 33р. 28к.
Подписная цена на 6 месяцев 99р. 84к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано ООО «Печатный двор»
360000, КБР, г. Нальчик, ул. Калюжного, 1

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

## АВТОРХЭМ ПАПЩІЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыIэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркIэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэмэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-95-72 (жэуап зыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 40-94-71 (оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Калюжнэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 1, ООО «Печатный двор».